Dina mimiti mah meureun oerang teh moal oedjoeg-oedjoeg bisa ngadjempol teh, tapi nadjan kitoe moal djadi kahesean, lantaran Postspaarbank geus nangtoekeun pagawe noe diwadjibkeun koedoe ngabantoe dina oeroesan eta.

Lamoen tjap djempol oerang hajang tetela, ramo oerang koedoe toehoer djeung koedoe bérésih heula; ari ngabérésihanana koedoe disoesoet koe lamak bérésih noe beunang ngabaseuhan koe bensin. Pikeun ieu kapérloean salawasna disadiakeun. Sanggeusna ramo oerang dibérésihan, tangtoe oerang dititah nangtoeng hareupeun medja atawa loket sarta di gigireun oerang

disadiakeun mangsi noe diwadahan koe kai. Pagawe anoe baris mantoe oerang tea nangtoeng di katoehoeëun oerang bari njëkël leungeun katoehoe. Leungeun oerang koedoe disodorkeun djeung ramona dibëntikkeun.

Ramo noe tiloe, noe dirapëtkeun tea (tjoeroek, djadjangkoeng djeung djaridji) koedoe diantëlkeun heula kana mangsi, sanggeusna kakara ditjapkeun kana kërëtas lëbah anoe koedoe ditjap-djempolan tea sarta sanggeusna koedoe toeloej didjoeng-djoengkeun sangkan wangsina teu ngalembereh.

Tjënah eta noe matak oerang ëmboeng ngadjëmpol teh lantaran sangeuk kotor leungeun, atoe da gampang ieu, soesoet bae koe lamak bërësih noe meunang ngabensinan tea, tangtoe bërësih deui.

Sadjaba ti eta Postspaarbank geus nëtëpkeun katangtoean, jen lamoen aja kadjadian salah saorang ti antara anoe njarengtjelengan tea aja noe maot, doeit tjengtjelenganana baris dipoelangkeun ka *ahli warisna atawa waku-wakilna*.

Oepama ahli waris-ahli waris tea arek njarokot doeit tjengtjelenganana ti Postspaarbank, koedoe daratang barëngan eta doeit tjengtjelengan tea dibikeun. Rëmën kadjadian loba ahli waris anoe imahna padjaoeh, malah aja oge anoe teu kanjahoan lëmboer pamatoehanana, nëpi ka katjida matak soesalna oepama rek moelangkeun tjengtjelengan teh.

Postspaarbank ajerua ngajakeun atoeran pikeun ngadjaga sangkan oelah aja kadjadian anoe roepa kitoe, nja eta koe djaian *nangtoekeun djalma anoe dipapantjenan ngoeroeskeun titinggalna* (executeur), dimana noe njarengtjelengan pondok oemoerna.

Ari ngangkatna eta executeur koedoe ditangtoekeun koe soerat noe saperti tjonto di handap ieu ka Directeur Postspaarbank.

Lamoen oerang taja oemoer, Postspaarbank baris moelangkeun doeit tjengtjelengan oerang tea ka executeur kalawan gampang, kitoe soteh oepama Directeur Postspaarbank geus nampa soerat katërangan noe netelakeun jen djalma noe njengtjelengan tea geus maot.

Biasana noe diarangkat executeur teh moenggoehing koe djalma noe geus barogaeun anak-pamadjikan mah sok pamadjikanana bae, nja kitoe deui sabalikna noe diarangkat executeur koe awewe noe geus barogaeun salaki, sok salakina; ari koe

djalma noe tatjan barogaeun salaki atawa pamadjikan mah biasana noe sok diarangkat executeur teh bapana, indoengna atawa doeloer-doeloerna boh noe lalaki boh noe awewe.

Soerat-soerat pikeun ngangkat executeur tea koedoe ditoelis koe oerang sorangan sarta henteu koedoe dina segel, lantaran koe kertas biasa oge geus tjoekoep djeung koedoe ditanda deuih.

Kade poho jen soerat-soerat anoe nangtoekeun djaima anoe rek didjadikeun executeur tea koedoe ditoelis koe sorangan! Sanggeusna eta soerat koedoe toeloej dibawa ka Plaatselijk Bestuur boh ka Boepati, ka Burgemeester atawa Notaris, sangkan eta soerat ditanda di handapna, ari ongkosna ngan f 1.— Lamoen oerang teu bisa noelis, oerang tangtoe moal bisa nangtoekeun djalma anoe baris djadi executeur koe djalan kitoe, tapi ieu mah koedoe menta pitoeloeng notaris sina njeun soerat noe saroepa kitoe. Djalan noe saroepa kieu ongkosna leuwih mahal batan noe tauj, koe sabab eta leuwih hade lamoen oerang diadjar noelis heula bae, keun bae oerang teh masing geus kolot oge, da moen dileukeunan mah mo bocroeng bisa.


Eta soerat-soerat tea koedoe diamplopan sarta toeloej dikirimkeun ka Directeur Postspaarbank di Weltevreden, teu koedoe make parangko deui.

Lamoen oerang hajang meunang katérangan noe leuwih panjang, leuwih hade nanja ka gegeden Postspaarbank bae, lantaran arandjeunna oge tangtoe kersaeun maparin katérangan sakoemaha anoe dipikahajang koe oerang.

TJONTO SOERAT NANGTOEKEUN DJALMA ANOE DIPAPANTJENAN NGADJALANKEUN TITINGGAL (EXECUTEUR) PIKEUN OERANG PRIBOEMI.

(Soerat anoe saroepa kieu koedoe ditoelis koe noe boga simpėnan sorangan dina kertas biasa — *teu koedoe make segel* — asal make titimangsa djeung ditanda bae).

Ieu noe nanda tangan di handap
pegawean tempat matoehna
..... geus njimpėn doeit di Postspaarbank
make boekoe spaarbank kantor Serie



Oepami toko BAYER — noe kamashoer koe Aspirin-tabletna tea — ngadamél salép landong koelit, tangtos salépna oge *langkoeng* deui bae ti noe sanes teh!

MITIGAL-CREME

salép noe pangsaena koelit soepados *sae* salangkoeng mandjoer saniskantén panjawat doeg, borok, rarahcut,




kanggo ngalandongan réng *limit*. Teu aja noe kanggo ngalandongan: koelit, oepamina: boe-arateul dj.s.t., kadjabi ti

MITIGAL-CREME

Geura moendoet barang-barang reclame noe sarac, ka

Importeurs: N.V. „IMPLA” WFLTEVREDEN . SOERABAJA






P. j. m. t. P. J. Gerke, Algemeene Secretaris.




J. m. t. Dr. G. W. J. Drewes, Hoofdambtenaar Balai Poestaka.

TRD



KARETA MĚSIN

RALEIGH



MOENG MERĚK IEU-IEUNA
NOE DIDAMĚLNA
WOENGKOEL KOE WADJA
TOELEN TEH

KAKIATANANA DITANGGĚLI
MOEGI DIEMOETKEUN

IMPORTEURS:

N. V. BORNEO-SUMATRA HANDEL MIJ.

No.; nĕrangkeun, jen noeroetkeun atoeran Artikel 935 dina Boekoe Oendang-oendang Hoekoem Sipil (Burgerlijk Wetboek) tanah Hindia-Nederland, geus noedoehkeun hidji djalma noe dipapantjenan ngoeroeskeun titinggalna (exécuteur), ngaranna pagaweanana saajeuna tjitjingna di djeung bisi manehna hĕnteu kapanggih atawa indit kaloeur Hindia-Nederland, pikeun ganti manehna ngaran pagaweanana saajeuna tjitjing di Manehna bogaeun hak pikeun njokot doeit simpĕnan noe nanda tangan di handap ieu noe disimpĕn di Postspaarbank, boh tina boekoe anoe kasĕboet di loehoer, boh boekoe noe sedjen sakoer anoe make ngaran noe nanda tangan katoet rentĕn-rentĕnna, nja kitoe deui tina pĕrkara soerat-soerat hoetang anoe disimpĕn di Postspaarbank Hindia-Nederland kalawan ngaran noe nanda tangan, nja eta: soerat-soerat hoetang katoet talon djeung couponna anoe dilampirkeun kana eta soerat-soerat hoetang tea; djadi ĕngke, ieu djalma anoe diangkat djadi exécuteur atawa gantina tea, sanggeusna anoe nanda tangan di handap ieu maot, aja hakna pikeun menta djeung narima doeit anoe kasĕboet di loehoer katoet rentĕnna nja kitoe deui sakabeh soerat hoetang anoe ditĕrangkeun di loehoer bieu katoet talon djeun couponna anoe dilampirkeun dina soerat-soerat hoetangna.

Noe nanda tangan di handap djangdji ka Directeur Postspaarbank, jen ieu djalma anoe diangkat djadi exécuteur teh moal dileungitkeun hakna atawa hĕnteu disahkeun lamoen teu kalawan mere njaho heula ka Directeur Postspaarbank.

Oepama djalma anoe didjadikeun exécuteur katoet gantina tea maraot ti heula, ninggalkeun Hindia-Nederland, atawa leungit hakna kana ngalakoekeun wasiat samemehna noe nanda tangan di handap ieu maot, anoe nanda tangan di handap ieu djangdji ka Directeur Postspaarbank, jen baris ngangkat deui exécuteur sedjen sarta hal ieu baris dibedjakeun deui ka Directeur Postspaarbank.

Dimana Postspaarbank geus moelangkeun doeit simpĕnan noe nanda tangan di handap ieu katoet rentĕnna, djeung moelangkeun soerat-soerat hoetang katoet talon djeung couponna ka exécuteur anoe ditoedoehkeun pangpandeurina, hoetangna Post-

spaarkbank ka ahli waris noe nanda tangan di handap ieu dja-
di loenas sarta moal aja gantar kakaitanana.

Noe nanda tangan di handap ieu nĕrangkeun, jen manehna
kawĕngkoe koe atoeran Oendang-oendang Hoekoem Sipil pi-
keun oerang Eropa di Hindia-Nederland, tina pĕrkara angkatan
executeur anoe kasĕboet diloehoer.

Sakabeh anoe kasĕboet di loehoer, dititimangsaan sarta di-
tanda koe noe nanda tangan di handap ieu.

Didjieunna di
tanggal boelan 19...

1) De ondergeteekende verklaart, dat de
onderteekenaar dezer executeurstelling hem bekend is, dat hij
den onderteekenaar den inhoud dezer akte duidelijk heeft voor-
gehouden en dat de onderteekening der akte *in zijn tegenvoor-
digheid* heeft plaats gehad.

..... 19

1) Deze verklaring dient te geschieden door een notaris,
het Hoofd van Plaatselijk Bestuur, den Burgemeester of den
Regent (Stbl. 1917 No. 12; No. 529. 1919 No. 650, 1924 No.
383) en is *vrijgesteld* van zegelrecht krachtens brieven van den
Hisp. van Financiën Weltevreden aan de Postspaarbank ddo.
14 en 22 November 1929 Nos. D. Bl. 4/48/21 en D. Bl. 4/50/6.

*Djĕlĕma noe boga pamilih, moal ngadjenan ka noe lain
adjenaneun.*

SĒDIH PATOERAJ *)

S i n o m.

1. Pileuleujan para mitra, sĕpoe-anom noe lalinggih, kantoen di tanah Pasoendan, nagri rĕsik loh dĭnawi, moegia Mahasoetji, ngĕrsakeun loeloes rahajoe, sadaja para mitra, pinaringan loeloes-loeis, kitoe deui Pasoendan sing tambah djĕmbar.

2. Patoeraj sanes koe iklas, sanes hĕnteu sĕdih pikir, beurat abot estoe tĭatĭap, njĕri peurih kana ati, ngantoenkeun lĕmah tĭai, keur moengkoer ti dajauh Banĕoeng, katĭipta roepa-roepa, anoe sami narik ati, koemalangkang teu ingkah tina paningal.

3. Moeng emoet kana bagian, titis toelis ti adjali, djalma lir oepama wajang, boga lalakon pribadi, noeroet ka dalang kodim, anoe molah moeng teu woedjoed, ngadalangan mahloekna, kitoe paripaos tadi, tĭek babasan hiroep darma wawajangan.

4. Kapal anoe ditoempakan, djiga anoe soengkan ati, waktos nilar Tanah Djawa, estoe matak sĕdih pikir, kapal madjoe njiriwik, waktos keur mios ti Tandjoeng, barang dongkap ka tĕngah, kapal madjoe woewoeh tarik, beuki tĕngah tambah beuki ngagantĭangan.

5. Loeas soteh koe kapaksa, kapaksa bagian diri, ngoengsi milik ngoedag bagdja, maksad neangan rĕdjĕki, keur napkah anak-rabi, dina salaming hiroep, sangkan hoerip djadina, boeboenan gĕlar di tahir, moal ngakeul lamoen oerang hĕnteu ngakal.

6. *Tambora* dina sagara, djeg walik dina wiati, ngaliwatan Sĕlat Soenda, soemiriwik meulah tĭai, madjoena estoe tarik, ngalangkoengan Tĕloek Bĕtoeng, liwat Balitoeng Bangka, Tanah Djawa moesna leungit, noe katingal. Soematra ti palih wetan.

*) Kintoenan djoeragan M. S. Wirapradja, Pangkalan Brandan.

7. Barang ningal palih wetan, aja poelo rada alit, Bangka wetaneun Soematra, katingalna estoe rĕsmi, wĕning ngahoedang sari, lir ngomong ka noe ngalangkoeng, wiloedjĕng noe arangkat, mangga enggalan saeutik, geura liren eta di Mĕntok sakĕdap.

8. Tambora seg oeloek salam, nabeuh poeloelit sakali, ngahormat ka priboemina, dibalĕs koe hormat deui, sĕmoe bingah priboemi, riboet moeroe koe parahoe, eusina roepa-roepa, sawarnaning hasil boemi, tilam sono patjorok silih asaan.

9. Hĕnteu lami antarana, djait djangkar mios deui, priboemi geus ngawidian, mere tanda langkoeng rĕsmi, koe bandera tri warni, ngĕboet estoe sĕmoé loetjoe, koemĕrab kaanginan, djiga noe goegoepaj badis, njalamĕtkeun kapal noe tĕroes balajar.

10. Mĕntok geus meh teu katingal, kapal njĕmpoeng lir djamparing, tjĕpĕt ka kaler madjoena, soemiriwik langkoeng tarik, dibarĕngan koe angin, njoeroewoek djeg meulah laoet, motah kateumbag lambak, beuki lami beuki tĕbih, lapat-lapat beh kaler noe ngagoepajan.

11. Riouw anoe kalangkoengan, Tambora mengkol saeutik, rada ngoelon sarta gantjang, seg ngaler deui saeutik, sim koe-ring kĕlar pikir, ningal palaboean loetjoe, toengtoeng tanah Malaka, kota agĕng rame rĕsmi, Singapoera Inggris karadjanana.

12. Harideung koeli-koelina, bangsa Tambi sarĕng Kĕling, kapalna mangpirang-pirang, noe dongkap ti oenggal nagri, tjetna ge roepi-roepi, beureum, bodas, hideung biroe, sadaja sami sirna, ngaso ditĕmpat noe rĕsmi, pada moeat djeung bari ngabongkar barang.

13. Pirang-pirang sĕtoem-bargas, pating solojong di tjai, moeroe kapĕrloeanana, nja kitoe parahoe alit, raboel patarik-tarik, estoe tarabah di laoet, noe dagang, pĕlĕsiran, tĕbih tina risi gimir, soekan-soekan koemalajang di sagara.

14. Opat ujam kapal lamina, ti Singapoer indit deui, mapaj di Sĕlat Malaka, ngĕmbat taja aling-aling, njĕmpoeng kadya djamparing, njoeroewoek di laet biroe, neumbag lambak djeung oempal, lir anoe keur meulah tjai, kapal madjoe ngaler-ngoelon ti Malaka.

D a n g d a n g g o e l a.

1. Estoe rĕsmi raraosan pikir, ningal ombak riakna sagara, ana ningal ka beh koelon, poelo pandjang ngalamoek, manahoreng Soematra geuning, majakpak katingalna, estoe matak loetjoe, djeg taman tĕngah laetan, kasorotan koe soerja goemĕbjar koening, lir taman Kahiangan.

2. Indoeng peuting katingal ngadingding, djiga anoe mere kila-kila, totonden jen wantji sore, goenoeng sĕmoe ngarioeng, tinglalindjing katĕbak angin, ngalangkang di sagara, awor sarĕng lajoeng, djiga anoe ngabedjaan, jen Sang Soerja arek ngantoenkeun sawĕngi, minangka sosoan.

3. Siang ĕnggeus kasilih koe wĕngi, rĕmĕng-rĕmĕng tjāhajana boelan, oeloek salam tawis sono, pokna anoe di laet, oerang sarĕng na ieu wĕngi, andjeun ngambah sagara, pribados 'mo kantoen, njaangan ka sadajana, kitoe deui bentang anoe tingkarĕtip, ngomong ka noe di kapal.

4. Laoek tjai estoe roepi-roepi, soeka boengah hiroep di sagara, pepetek pating alasrek, hioe noe tingsoeroewoek, himihimi djiga noe bakti, sĕlar lir lalajaran, tjoetjoetna sarĕgoet, galak ka batoer-batoerna, bĕngis pisan gawena teh ngan bibintih, kapiting tingkorondang.

5. Wĕngi ĕnggeus kasilir koe endjing, mengkol ngoelon madjoena Tambora, tapi sĕmoe rada ngaler, moeroe noe ngaroenggoenoek, tambah tjakĕt woewoeh nja sidik, katingal banderana, warna tiloe loetjoe, pael, beureum sarĕng bodas, koelab-kĕlab katĕbak koe angin leutik, djiga noe ngagoepajan.

6. Palaboean loetjoe liwat saking, ngĕmbat pandjang horeng masih anjar, barakbak estoening sae, rea kapal balaboeh,

malah woewoeh katingal sidik, palaboean Balawan, tēmpat noe didjoegdjoeg; Soematra sabeulah wetan, noe kasēbat Medan Deli koetan rēsik, soelaja ti panjipta.

7. Kapal njisi adēk ka basisir, oeloek salam patarema tangan, djiga pisan anoe sono, sim koering toeloelj toeroen, estoe bēngong di djēro pikir, Medan bēt djadi beda, tikēl poeloeh loetjoe, sedjen deui djeung baheula, kiwari mah tikēl kēti ti bihari, 'endahna kota Medan.

8. Waktoe koering indit ti basisir, nēmbē emoet ka Tanah Pasoendan, anoe oenggoel hamo kawon, toenggoel rahajoe, loetjoe, moekti hēnteu kirang koe sari, tangkalna karahardjan, toegoe goenoeng wahjoe, noe ngaoeban kabeh bangsa, moeng sim koering djati kasilih koe djoenti, kasingsal ti Pasoendan.

Lolobana djělēma teh, sok gantjang kairoet koe pangwoedjock, tapi arang langka anoe gantjang waspada kana jaktina.

Kahadean anoe teu mērēnah, taja bedana ti kateu-adilan.

9. DAPTAR RENTĒN-DIRENTĒNAN.

Poko f 100.— rentĕn-direntĕnan:

3%		4%		5%		6%		7%		8%		9%		10%		Djadi
f 103	—	f 104	—	f 105	—	f 106	—	f 107	—	f 108	—	f 109	—	f 110	—	sang-geusna.
„ 106	09	„ 108	16	„ 110	25	„ 112	36	„ 114	49	„ 116	64	„ 118	81	„ 121	—	1 th.
„ 109	27	„ 112	49	„ 115	76	„ 119	10	„ 122	50	„ 125	97	„ 129	51	„ 133	11	2 „
„ 112	55	„ 116	99	„ 121	55	„ 126	25	„ 131	04	„ 136	04	„ 140	16	„ 146	41	3 „
„ 115	93	„ 121	67	„ 127	63	„ 133	83	„ 140	25	„ 146	93	„ 153	87	„ 161	04	4 „
„ 119	41	„ 126	53	„ 134	01	„ 141	84	„ 150	07	„ 158	68	„ 167	72	„ 177	15	5 „
„ 122	99	„ 131	59	„ 140	71	„ 150	37	„ 160	56	„ 171	67	„ 182	81	„ 194	86	6 „
„ 126	68	„ 136	86	„ 147	75	„ 159	39	„ 171	81	„ 185	04	„ 199	26	„ 214	35	7 „
„ 130	48	„ 142	33	„ 155	13	„ 168	96	„ 183	83	„ 199	89	„ 217	20	„ 235	78	8 „
„ 134	39	„ 148	02	„ 162	89	„ 179	10	„ 196	60	„ 215	87	„ 236	75	„ 259	36	9 „
„ 155	80	„ 180	09	„ 207	89	„ 239	69	„ 275	87	„ 317	18	„ 364	28	„ 417	69	10 „
„ 180	61	„ 219	11	„ 265	33	„ 320	78	„ 386	90	„ 466	01	„ 560	53	„ 672	66	15 „
„ 209	38	„ 266	58	„ 338	64	„ 429	29	„ 542	62	„ 684	70	„ 862	44	„ 1083	30	20 „
„ 242	73	„ 324	34	„ 432	19	„ 574	51	„ 761	30	„ 1006	—	„ 1327	10	„ 1744	60	25 „
„ 281	39	„ 394	61	„ 551	60	„ 768	87	„ 1067	30	„ 1478	10	„ 2014	90	„ 2809	60	30 „
„ 326	20	„ 480	10	„ 704	—	„ 1028	90	„ 1496	90	„ 2171	70	„ 3141	90	„ 4521	80	35 „
„ 378	16	„ 584	12	„ 898	50	„ 1377	10	„ 2099	50	„ 3190	80	„ 4834	40	„ 7287	—	40 „
„ 438	39	„ 710	67	„ 1146	74	„ 1842	90	„ 2944	40	„ 4688	10	„ 7438	80	„ 11735	—	45 „
																50 „

Bakatna djĕlĕma hina: ngalampahkeun kadorakaan, ari djalma moelja: ngahampoera dosa deungeun.

10. TARIP PAGADEAN BAB 7.

Gadean	Ongkosna	Diitoengna panglilana
50 sen nëpi ka f 25.—	2 sen tina saroe pia atawa sabagian tina saroe pia dina oenggal 15 poë	135 poë
leuwih ti f 25 nëpi ka f 50	5% saboelan	6 boelan
„ „ f 50 „ „ f 75	4% „	9 „
„ „ f 75 „ „ f 100	3% „	12 „
„ „ f 100	1% „	12 „
		saboelanna diitoeng 30 poë

*Moending parabna koe djoekoet,
djalma bodo tjoekoep koe kedjo,
ari djalma boediman koe boekoe.*

Djëlëma anoe ngaladjoer napsoe hënteu boga pangadjén kana dirina.

Daptar pikeun nerangkeun gedena taksiran djeung doeit
noe diindjeumkeun.

tak- siran	doeit noe diin- djeum- keun	tak- siran	doeit noe diin- djeum- keun	tak- siran	doeit noe diin- djeum- kenn	tak- siran	doeit noe diin- djeum- keun
f 0.10	f 0.01	f 8.15	f 6.75	f 44. —	f 35. —	f 99. —	f 88. —
„ 0.20	„ 0.10	„ 8.40	„ 7. —	„ 45. —	„ 36. —	„ 100. —	„ 89. —
„ 0.30	„ 0.20	„ 8.75	„ 7.25	„ 46. —	„ 37. —	„ 101. —	„ 90. —
„ 0.40	„ 0.30	„ 9. —	„ 7.50	„ 47. —	„ 38. —	„ 102. —	„ 91. —
„ 0.50	„ 0.40	„ 9.25	„ 7.75	„ 48. —	„ 39. —	„ 104. —	„ 92. —
„ 0.60	„ 0.50	„ 9.50	„ 8. —	„ 50. —	„ 40. —	„ 105. —	„ 93. —
„ 0.80	„ 0.60	„ 9.75	„ 8.25	„ 52. —	„ 41. —	„ 106. —	„ 94. —
„ 0.90	„ 0.70	„ 10. —	„ 8.50	„ 53. —	„ 42. —	„ 107. —	„ 95. —
„ 1. —	„ 0.80	„ 10.25	„ 8.75	„ 54. —	„ 43. —	„ 108. —	„ 96. —
„ 1.10	„ 0.90	„ 10.50	„ 9. —	„ 55. —	„ 44. —	„ 109. —	„ 97. —
„ 1.20	„ 1. —	„ 10.75	„ 9.25	„ 56. —	„ 45. —	„ 110. —	„ 98. —
„ 1.50	„ 1.20	„ 11. —	„ 9.50	„ 57. —	„ 46. —	„ 111. —	„ 99. —
„ 1.60	„ 1.30	„ 11.25	„ 9.75	„ 58. —	„ 47. —	„ 112. —	„ 100. —
„ 1.70	„ 1.40	„ 11.50	„ 10. —	„ 59. —	„ 48. —	„ 118. —	„ 105. —
„ 1.80	„ 1.50	„ 12.50	„ 10.50	„ 60. —	„ 49. —	„ 124. —	„ 110. —
„ 2. —	„ 1.60	„ 13. —	„ 11. —	„ 61. —	„ 50. —	„ 129. —	„ 115. —
„ 2.10	„ 1.70	„ 13.70	„ 11.50	„ 62. —	„ 51. —	„ 135. —	„ 120. —
„ 2.20	„ 1.80	„ 14.20	„ 12. —	„ 63. —	„ 52. —	„ 140. —	„ 125. —
„ 2.30	„ 1.90	„ 14.90	„ 12.50	„ 64. —	„ 53. —	„ 146. —	„ 130. —
„ 2.40	„ 2. —	„ 15.40	„ 13. —	„ 65. —	„ 54. —	„ 153. —	„ 135. —
„ 2.80	„ 2.20	„ 16. —	„ 13.50	„ 66. —	„ 55. —	„ 157. —	„ 140. —
„ 2.90	„ 2.30	„ 16.60	„ 14. —	„ 67. —	„ 56. —	„ 163. —	„ 145. —
„ 3. —	„ 2.40	„ 17.20	„ 14.50	„ 68. —	„ 57. —	„ 168. —	„ 150. —
„ 3.10	„ 2.50	„ 17.70	„ 15. —	„ 69. —	„ 58. —	„ 174. —	„ 155. —
„ 3.20	„ 2.60	„ 18.40	„ 15.50	„ 70. —	„ 59. —	„ 180. —	„ 160. —
„ 3.30	„ 2.70	„ 18.90	„ 16. —	„ 71. —	„ 60. —	„ 185. —	„ 165. —
„ 3.40	„ 2.80	„ 19.60	„ 16.50	„ 72. —	„ 61. —	„ 191. —	„ 170. —
„ 3.50	„ 2.90	„ 20. —	„ 17. —	„ 73. —	„ 62. —	„ 196. —	„ 175. —
„ 3.60	„ 3. —	„ 20.75	„ 17.50	„ 74. —	„ 63. —	„ 202. —	„ 180. —
„ 4. —	„ 3.20	„ 21.25	„ 18. —	„ 75. —	„ 64. —	„ 208. —	„ 185. —
„ 4.10	„ 3.30	„ 22. —	„ 18.50	„ 76. —	„ 65. —	„ 213. —	„ 190. —
„ 4.20	„ 3.40	„ 22.50	„ 19. —	„ 77. —	„ 66. —	„ 219. —	„ 195. —

Lampiran B. (Toeloejna)

tak- siran	doeit noe diin- djeum- keun	tak- siran	doeit noe diin- djeum- keun	tak- siran	doeit noe diin- djeum- keun	tak- siran	doeit noe diin- djeum- keun
f 4.30	f 3.50	f 23.—	f 19.50	f 78.—	f 67.—	f 224.—	f 200.—
" 4.40	" 3.60	" 23.50	" 20.—	" 79.—	" 68.—	" 230.—	" 205.—
" 4.50	" 3.70	" 24.—	" 20.50	" 80.—	" 69.—	" 236.—	" 210.—
" 4.60	" 3.80	" 24.50	" 21.—	" 81.—	" 70.—	" 241.—	" 215.—
" 4.70	" 3.90	" 25.—	" 21.50	" 82.—	" 71.—	" 247.—	" 220.—
" 4.80	" 4.—	" 25.50	" 22.—	" 83.—	" 72.—	" 252.—	" 225.—
" 5.20	" 4.20	" 26.—	" 22.50	" 84.—	" 73.—	" 258.—	" 230.—
" 5.30	" 4.30	" 26.50	" 23.—	" 85.—	" 74.—	" 264.—	" 235.—
" 5.40	" 4.40	" 27.—	" 23.50	" 86.—	" 75.—	" 269.—	" 240.—
" 5.50	" 4.50	" 27.50	" 24.—	" 87.—	" 76.—	" 275.—	" 245.—
" 5.60	" 4.60	" 28.—	" 24.50	" 88.—	" 77.—	" 280.—	" 250.—
" 5.70	" 4.70	" 29.—	" 25.—	" 89.—	" 78.—	" 286.—	" 255.—
" 5.80	" 4.80	" 30.—	" 26.—	" 90.—	" 79.—	" 292.—	" 260.—
" 5.90	" 4.90	" 31.—	" 27.—	" 91.—	" 80.—	" 297.—	" 265.—
" 6.—	" 5.—	" 32.—	" 28.—	" 92.—	" 81.—	" 303.—	" 270.—
" 6.45	" 5.25	" 33.—	" 29.—	" 93.—	" 82.—	" 308.—	" 275.—
" 6.70	" 5.50	" 34.—	" 30.—	" 94.—	" 83.—	" 314.—	" 280.—
" 6.95	" 5.75	" 39.—	" 31.—	" 95.—	" 84.—	" 320.—	" 285.—
" 7.20	" 6.—	" 40.—	" 32.—	" 96.—	" 85.—	" 325.—	" 290.—
" 7.65	" 6.25	" 41.—	" 33.—	" 97.—	" 86.—	" 331.—	" 295.—
" 7.90	" 6.50	" 43.—	" 34.—	" 98.—	" 87.—	" 336.—	" 300.—

Děmi barang-barang anoe harga taksiranana aja di antara angka anoe kasěboet dina ieu daptar, doeit anoe 'diindjeumkeunana koedoe noeroetkeun harga-taksiran anoe pangleutikna.

Harga-harga taksiran anoe leuwih ti f 25.—, eta diboeleudkeun bae.

Ngitoengna rentěn tina doeit noe diindjeumkeun, pikeun barang anoe harga taksiranana leuwih ti f 100.—, gědena doeit \times lilana $\times \frac{1}{30}$.

LAMPIRAN C.

Tempo lelang tĕgĕsna barang-barang-gadean A anoe diasoepeun
dina taoen 1930, beunang dilelangkeun:

Januari 1930	31 Juli 1930
Februari „	5 Moeloed 1349
Maart „	31 Augustus 1930
April „	6 Silih Moeloed 1349
Mei „	30 September 1930
Juni „	7 Djoemadiläwal 1349
Juli „	31 October 1930
Augustus „	8 Djoemadilähir 1349
September „	30 November 1930
October „	9 Radjab 1349
November „	31 December 1930
December „	10 Rĕwah 1349
	31 Januari 1931
	12 Poeasa 1349
	28 Februari 1931
	10 Sawal 1349
	31 Maart 1930
	12 Hapit 1. 49
	30 April 1931
	12 Rajagoeng 1349
	31 Mei 1931
	13 Moeharam 1350
	30 Juni 1931
	13 Sapar 1350

11. OEKOERAN DJEUNG TIMBANGAN.

d. OEKOERAN PANDJANGNA.

kilometer	= km	= 1000	metěr *)
hectometer	= hm	= 100	metěr
decameter	= dam	= 10	metěr
meter	= m	=	babon
decimeter	= dm	= 0,1	metěr
centimeter	= cm	= 0,01	metěr
milimeter	= mm	= 0,001	metěr
mikron	= μ	= 0,000001	metěr

1 m = 3.1853 kaki (3.2 kaki).

1 kaki = 0.313947 m (0.31 m) = 12 dim.

1 toembak = 12 kaki = 3.767364 m (3.77 m).

1 elo (Amst.) = 0.68781 m. (= 0.688 m).

1 djar yard) = \pm 3 kaki = 0.9144 m (= 0.915 m).

1 deupa = 1.7 m.

= 4 hasta (1 hasta = 0.42 m).

= 8 kilan (1 kilan = 0.21 m).

1 pal Djawa = 400 toembak = 1506.94 m.

1 pal Soematra (mel laoet) = 1851.85 m.

1 mel Djerman (geogr. mijl) = 7407.4 m.

b. OEKOERAN LĚGANA.

kilometer pasagi	= km ² *)	= 1000000	metěr pasagi
hectare	= ha	} = 10000	metěr pasagi
atawa hectometer pasagi	= hm ²		
are	= a	} = 100	metěr pasagi
atawa decameter pasagi	= dam ²		
centiare	= ca	} = 1	metěr pasagi
atawa meter pasagi	= m ²		
decimeter pasagi	= dm ²	= 0,01	metěr pasagi
centimeter pasagi	= cm ²	= 0,0001	metěr pasagi
milimeter pasagi	= mm ²	= 0,000001	metěr pasagi

*) Pepeling — Mitoeroet atoeran Departement Landbouw, ajeuna ngaran ngaran oekoeran, nja kitoe deui ngaran ringkĕsanana oge, ditoelis koe aksara leutik bae.

- 1 mel Djerman \square = 24.2475 pal \square = 7759. 2 bahoe.
 1 km². = 100 ha 140. 9147 bahoe.
 1 ha = 1409147 bahoe.
 1 bahoe = 500 toebak \square (bata) = 7096.5 m² = 1.7537 acre.
 1 acre (oekoeran Inggris) = 4046.71 m². = 0.57023 bahoe
 1 bata (toembak ¹) = 14, 19 m².
 1 kaki \square = 0.0985627 m².
 1 djoeng (di Pasoendan) = 2 bahoe.
 1 pantjar (di Djawa-Wetan = 4 bahoe.
 1 patok (Priangan) = 5×5 toemb. = ¹/₂₀ bahoe.
 1 Pal \square = 320 bahoe.

c. OEKOERAN EUSINA

decastère	= das	=	10 metër kibik
stère	= s	=	} 1 metër kibik
atawa meter kibik	= m ³	=	
decistère	= ds	=	} 0,1 metër kibik
atawa hectoliter	= hl	=	
dekaliter	= dal	=	0,01 metër kibik
liter	= l	=	} 0,001 metër kibik
dicimeter kibik	= dm ³	=	
deciliter	= dl	=	0,0001 metër kibik
centiliter	= cl	=	0,00001 metër kibik
centimeter kibik	= cm ³	=	0,000001 metër kibik
milimeter kibik	= mm ³	=	0,000000001 metër kibik

- 1 kan = 1,51580 litër (= 1,52 l).
 1 ton Batawi = 0,9283 hl.
 1 ton rëgistër = 2,83 m³.
 1 legër = 388 kan = 588.15 litër
 1 kojan = 32 pikoel = 1976, 36 kg.
 1 „ Batawi = 27 pikoel (timbangan beas). *)
 1 „ Samarang, = 28 „ („ „).
 1 „ Soerabaja = 30 „ („ „).
 1 toembak soeloeh = 6.683 m³
 1 pikoel = 8 gantang = 61.75 kg. = 100 kati.

*) 1 kojan oejah = 30 pikoel = 240 gantang = 18 karoeng = 2011,258 l.

- 1 gantang = 8 batok.
- 1 batok = 1.07 litër.
- 1 takër = 17 kan = 25,77 litër.
- 1 kati = 0,6 kg.
- 1 kati = 16 tail = 617,6 g.
- 1 gallon = 4,45 litër.
- 1 pon = 0,5 kg.
- 1 pon Inggris = 0,45 kg.
- 1 ons = $\frac{1}{10}$ kg. = 1 hg.
- 1 kodi bako = 20 pon.
- 1 rim kertas = 20 boekoe.
- 1 boekoe = 24 lëmbar..
- 1 pëti minjak tanah = 2 blek = 10 gallon = 37,8 litër.

d. OEKOERAN BEURATNA.

- ton = t = 1000 kilogram
- quintal = q = 100 kilogram
- kilogram = kg = babon
- hectogram = hg = 0.1 kilogram
- decagram = dag = 0.01 kilogram
- gram = g = 0.001 kilogram
- decigram = dg = 0.0001 kilogram
- centigram = cg = 0.00001 kilogram
- miligram = mg = 0.000001 kilogram

- 1 pikoel = 61.761302 kg. (= 61.761 kg.) = 125 pon Amsterdam.
- 1 pikoel Djawa = 136 pon Inggris.
- 1 kati = $\frac{1}{100}$ pikoel = $1\frac{1}{4}$ pon = 0.61761 kg.
- 1 gantang = 10 kati (Djawa-Wetan).

e. OEKOERAN BILANGAN.

Di Pasoendan djeung di tanah-tanah partikoelir.

- 1 potjong = 5 kati.
- 1 gedeng = 2 potjong.
- 1 sangga = 5 gedeng = \pm 50 kati atawa \pm 60 pon.
- 1 madea = 100 gedeng:
- 1 tjaeng = 200 gedeng = \pm 2500 pon.
- 1 amët = 10—40 sangga (beda-beda).

EMOETKEUNEUN!

Aspirin noe sapertos POEJÉR. di sakoeliah Hindia mah sanaos di toko mana bae oge, parantos teu aja noe ngagingsirkeun. Anoe sok didjaroealan saréng disarébat „Poejér-aspirin”, eta teh aspirin TIROEAN. teu aja damélna, noe kanténan mah aja matakna kana kawarasan!

Aspirin noe toelen moeng noe mangroepi tablet bae, nganggo sératan Bayer ditjakrakeun.

TABLET ASPIRIN



nja eta noe pang-senn kanggo ngalandongan:


Njénjépan, poejéng saréng njéri waos, karaos toelang (intjok) s.s.t.


Geura moendoet barang² reclame noe sarae, ka

Importeurs:

N. V. „IMPLA”

Soerabaja — Weltevreden





Pemandangan jang indah petang hari digoenoeng Soembing.



P. j. m. t. Mr. J. J. Schrieke, Directeur van Justitie.



*Djaman ajeuna kawadji-
ban oemoem noe nga-
ripochkeun teh.*



NGALAKOEKEUN kawadjiban hi-
roep koemboeh kalawan talitina
djeung ngoeroes perkara roemah
tangga teh katjida pisan perloena
make tanaga loba.

Koe sebab eta kabeh kaoem iboe
dimana mana oge njarioskeun, Quaker
Oats teh hidji katoeangan noe hade
djeung matak djadi poelih deui tanaga,
ngilangkeun tjape djeung ngoeatkeun
oerat sandi.

Noe matak Quaker Oats aloes goe-
nana njégerkeun badan teh, lantaran
tjampoeranana aloes pisan.

Pendekna bae ieu teh katoeangan asli
ngeunah djeung seger. Quaker Oats
babari diasakanana, gampang ledjoerna
djeung ngoentoengkeun.

Quaker Oats

30-21A

f. TIMBANGAN TJANDOE.

1 kati	=	$\frac{1}{100}$ pikoel	=	16 tail	=	617.613 gram.
1 tail	=	$\frac{1}{16}$ kati	=	10 tji	=	38,601 gram
1 tji	=	$\frac{1}{16}$ tail	=	10 timbang	=	3,860 gram.
1 karat	=	0,205 gram.				

g. OEKOERAN GANTJANGNA.

1 djam lalampahan.	8 à 3 $\frac{1}{2}$ pal
1 „ leumpang koeda.	2 „
1 „ kareta.	7 „
1 „ mobil.	20 à 25 „
1 „ kareta api	20 „
1 „ „ „ expres	40 „
1 sèkon djalanna sora	337 m.
1 „ „ tjahja	298000 km.
1 „ „ pelor bédil.	600 m.
1 „ hiberna kapinis	50 à 75 „
1 „ „ titiran	17 „

Leuwih oetama era koe polah sorangan, ti batan mangërakeun polah batoer.

Lamoen barang bere oelah era doemeh saeutik, sabab barang bere saeutik teh leuwih gëde pahlana ti batan djeung hënteu pisan.

TEU PEGAT SATIA.

karangan

M. A. SALMOEN

Rangkasbitoeng.

*Awewe anoe satia
moal poendoeng doemeh boetoe
moal njingkah doemeh soesah*

A s m a r a n a.

Moenggoeh pikir anoe gilig, moal gëdag koe dihoelag, keukeuh mantëng moal monteng, sanadjan pada moentangan, moal nolih hahalang, batan tjatjad kalah tjoetjoed, keukeuh ka-koekoehanana.

Jakin ka diri pribadi, teu ngagoegoe ka gogoda, tëtëp përtjaja jen hade, moal loempat koe dioepat, moal soesoeloempoetan, teu kapintjoet koe noe aloes, teu ngarah seubeuh harita.

Kitoe deui ati soetji, moenggoeh hate noe satia, moal lesot koe dibëtot, moal laas koe kaelas, tëtëp dina aloesna, teu koedoe diëloes-ëloes, da geus poegoe pangsaena.

Sakitoe pamanggih koering, anoe mawi wantoen ngarang, nembongkeun lëmpëng djeung serong, noe serong tinangtoe wirang, boeboehan lampah tjoerang, awal-ahir moal boeroeng. ka oerang tembong gorengna.

Doepi noe awit digoerit, aja hidji hadji beunghar, Hadji Karoen ngaranna teh, sadistrik Paroengkoedjang mah, manehna pangsoegihna, djëgoedna poendjoel ti batoer, hënteu aja sasamana.

Tjarek djëlëma noe sirik, soegihna teh doemeh njoepang, tapi ari tjek sawareh, doemeh titinggal kolotna, noe taja di kieuna, roepa² noe njarëboet, noe sirik babakoena mah.

Tapi ari anoe boekti, adat Hadji Karoen tea, anoe tetela mah ngopet, keur koret teh pangarahan, moen njieun kahadean, beunang disëboet geus tangtoe, aja anoe dipandangna.

Ari hadji Karoen tau, geus teu boga pamadjikan, hiroep djeung anakna bae, djoemblah anakna teh opat, ari anoe tjikalna, lalaki ngaran Ki Saroen, boedak noe salah atikan.

Boedak ogo ti leuleutik, geus gëde beukas njalahan, teu ka-

asoep djalma hade, sok maen djeung lalatjoeran, tjarang aja di imah, djaba ti moen potol ngadoe, ngadjoeal-gade pakaja.

Tapi make djalan rikip, teu katangen koe bapana, ari adina Saroen teh, awewe ngaran Karinah, soeroep kana adatna, sok rësép ngarinah batoer, goemède bari tjëtaan.

Pangrasa anak noe soegih, djeung sapedah salakina, djadi Mantri-goedang karet, atoeh asa aing menak, adatna sok tjëgoekan, ka noe loehoer sok tjoelangoeng, ka noe handap sok ngahoeap.

Salaki Karinah tadi, beunang disëboetkeun djahat, sok salingkoeh daek ngeret, kawin soteh ka Karinah, lain doemeh bogohna, ngarah njalindoeng ka gëloeng, aja goenoeng pananggeuhan.

Karinah teh boga adi, lalaki djalma kapalang, Ki Sariman ngaranna teh, ari noe matak kapalang, sabab Sariman tea, moen disëboet adat aloes, da teu beda djeung doeloerna.

Ngan doemeh boga pangarti, ti sakola kèlas doea, sakolana tamat ogé, malah harita Sariman, geus boga pagawean, djadi Heuleup asa oentoeng, basana teh asa menak.

Noe boengsoe anak Ki Hadji, awewe hade roepana, Nji Patimah ngaranna teh, moen nilik kana roepana, pantës moen poetra menak, teu soeroep aja di kampoeng, teu pantës aja di desa.

Patimah teh ti leuleutik, hënteu saba pilëmboeran, matoehna di dajeuh bae, da dikoekeot koe bibina, djadi Nji Mantri-pasar, sababna noe matak kitoe, Patimah teh keur boedakna.

Ririwit sok sëring gëring, tjarek doekoen pakampoengan, noe toekoeh tahajoel keneh, boedak teh pondok oemoerna, moen deukeut djeung kolotna, lamoen hajang pandjang oemoer, koe-doe bikeun ka noe lian.

Nja toeloej miloe ka bibi, heman gëten dirawatan, disakola-keun nanaon, malah tjatjampoeranana, sëring djeung poetra menak, djadi leungit oelat kampoeng, timboel geulis djeung sonagar.

S i n o m

Waktoe harita Patimah, sëdëngna roemadja poetri, sëdëng loetjoe satingkahna, geus djadi sabiwir hidji, noe nendjo pada moedji, tina bawaning panoedjoe, dasar hade lelewa, satingkahpolahna manis, rea boedjang landjang-lindjing koe noe lëndjang.

Boeboehan hade asoehan, lain asihan noe matih, dasar boedi noe diasah, noe djadi pangiroet asih, someah teu koemaki, koe ieu-itoe ka akoe, përtjeka djeung djatnika, pikarësëpeun lalaki, tingkah-lakoe teu pisan make weweka.

Dasar ka noe hade roepa, aloes lakoe boedi manis, rea anoe mikawēlas, malah Den Mantri-Poelisi, noe kasep Den Sanoesi, aja manah ka noe loetjoe, kawoewoehan djinisna, kawas anoe tēroes pikir, tjek sindir mah 'këmbang majang kalangkangan.

Sanggeus sidik pakaitna, teu lila deui Sanoesi, datang ka Mas Mantri-Pasar, menta Patimah noe geulis, pamentana teh hasil, djinis poeroen sēpoe roedjoek, tapi tjek Mantri-Pasar: „Pamoegi Raden tingali, reh ěmang mah moeng oekoer noe djadi paman.

Toer ninggang di lēbah ěmang, doesoen saopami nampik, tjindĕkna taja pambĕngan, moeng sangkan langkoeng oetami, sae poendoet sakali, ka bapana Hadji Karoen, anoe di Paroengkoedjang, tah eta noe gadoeh wadjib,” Saoer Raden: „Përka-wis gampil eta mah.”

Gantjangna noe ditjarita, teu lila deui Sanoesi, ka Hadji Karoen njoeratan, sakalian menta wali, da moal lila deui, arek nikah bae toeloej, soeratna geus katampa, bangĕt boengahna ki Hadji, da eukeur mah hajang minantoean menak.

Rĕmĕn njileuk sĕring njipta, dina pikirna Ki Hadji, sok tada teuing sĕnangna, meureun aing tambah soegih, moen parĕng boga milik, aing tĕh boga minantoe, ka menak sarta pangkat, tambah mashoer bae aing, djalma-djalma tangtoe tambah mi-kaserab.

Noe ditjipta ti baheula, ajeuna arek ngadjadi, meunangkeun poetra wadana, toer djĕnĕng mantri poelisi, Ki Hadji soera-seuri, malĕs soerat boeroe², nĕrangkeun jen moepakat, ti dinja teu lila deui, Den Sanoesi toeloej nikah ka Patimah.

Dina keur waktoenā nikah, ondangan ti mana-mĕndi, sabab Hadji pakaoelan, doemeh hasil maksod ati, noe sasarina mĕdit, ajeuna rojal teu woedoe, make hajang najoeban, tapi ngibingna teh wakil, ari pōkna meakkeun kapanasaran.

Tapi Djoeragan Wadana, iboe-ramana Sanoesi, teu kintĕn bae bĕndoena, seseepan ka Sanoesi, njeukseukan doemeh kawin, siga dapon bae gaproek, da ari kahojongna, koedoe sawadja-sabeusi, ngan Sanoesi hĕnteu gĕdag kaanginan.

Teu noliĥ panjeuseul rama, tina kĕntjĕng maksoed ati, hate beurat ka Patimah, doeriat noe bangĕt moehit, nadjan diseuit-seuit, Raden teu obah saramboet, nĕpi ka prakna pisan, noe ngoepat hĕnteu ditoliĥ, ngan sirikna iboe-rama teu njoepata.

Waktōe nikah geus kaliwat, Raden loeloes laki-rabi, tambah noe djadi mitoha, Ki Hadji noe soeka-ati, bĕt bisa meuli-meuli, sasatna Raden disamboeng, sĕring disoembang-soembang, adat Ki Hadji noe mĕdit, djadi leungit ajeuna mah djadi rojal.

Sanoesi kari sĕnangna, doeit loba bodjo geulis, estoening sawarga-doenja, rĕsĕp njandang rĕsĕp njanding, Patimah kitoe deui, ngawoela toehoe soemoedjoed, taja tjarekeunana, laki-rabi hiroep manis, paribasa kaseundeuhan koe daradjat.

Ngan sakapeung sok nalangsa, tapi teu pisan katjiri, sok katoewon koe mitoha, iboe-ramana Sanoesi, sok matak nja-roengkĕlit, dina saer reudjeung lakoe, katjiri jen teu doa, sakapeung sok matak sĕdih, ngan hadena teu sĕring doemeh paanggang.

Tambah aja panjombona, Sanoesi noe hade ati, teu ngon-tjewang satiana, estoening tĕroes djeung ati, deudeuhna djeung goemati, miheman soehoed mitohoe, lain arek loemajan, taja bangoen lantja-lintji, sabab kitoe Patimah teh katambaan.

P a n g k o e r

Kadar teu beunang disinglar, lamoen takdir hĕnteu beunang dipoengkir, moenggoeh papasten Jang Agoeng, manoesa woengkoel darma, hade-goreng geus dipasti ti Lohmahfoed, mahloek darma ngalakanan, anoe toemiba ka diri.

Parĕng dina hidji mangsa, oesoem ngidjih ti peuting hoedjan-angin, tinggĕlĕgĕr sora goegoer, matak keueung katjida, Den Sanoesi mantri-poelisi noe soehoed, kapaksa koe kawad-jiban, koedoe ronda tĕngah peuting.

Harita oge geus dangdan, didjas-hoedjan, mawa pestol teu kari, teu noliĥ hoedjan djeung goegoer, Raden ngantoenkeun garwa, noe dikantoen nganteurkeun ka tĕpas pajoen, tapi bĕt teu poegoeh rasa, pating sarĕblak djeung kĕtir.

Siga mere kila-kila, ngalamatan ka noe kantoen di boemi, karareueung palalaoer, koekoek-bĕloek disada, hoedjan² bĕt sit-oentjoeing diadoe, kawasna rame katjida, Patimah meh bae tjeurik.

Sanoesi indit sorangan, njampeur oepas noe ngaran Bapa Mardi, doean ngaronda toeloelj, ngadjoegdjoeg ka patjinan, barang lëbah toengtoeng dajeuhi rada singkoer, lëbah imah babah Bong Paj, babah kolot anoe soegih.

Ngadenge noe gëgëroan, menta toeloeng kawas anoe keur njëri, koe Raden toeloelj diboeroe, barang nëpi ka lawang, aja djalma ti toekang ka Raden noebroek, hadena Pa Mardi awas, si djalma toeloelj digitik.

Raden malik rikat loentjat, sakëdap ge koe Raden geus ka-harti, jen ieu teh aja ketjoe, Raden tjaringtjing awas, njangking pestol ka babah Bong Paj ngaboeroe, babah goegoep bebedjana: „Awas Raden ada maling.”

Babah tjan anggeus ngomongna, aja djalma ti panto toekang bidjil, karëpna djiga rek maboer, Raden teu antaparah, si djalma teh dibëdil mani ngoedoepoeng, batoerna aja tilëan, njaroempoet toeloelj baridjil.

Kabeh pada matëk gobang, Raden ripoeh dihoeroep pada nabit, djalma dipestolan toeloelj, noe doean ngadjopak, noe saerang teu keuna bari ngababoek, Raden keuna mastakana, roempoejoek roeboeh teu eling.

Geus roeboeh mindo diheumbat, lëbah poendoek tatoe bidjilan gëtih. oepas Mardi bela moeroe, maksakeun maneh hoe-dang, sabab tadi keur ngagitik meunang tatoe, raheut palëban tarangna, ajeuna rek bela pati.

Pikirna ënggeus lahlahan, matëk gobang ka bangsat teh ngababit, lëbah tjangkeng rada loehoer, bangsat sosolojongan, toeloelj roeboeh Pa Mardi oge ngoedoepoeng, wantoe kolot geus teu koeat, ngagoler deukeut Sanoesi.

Katjarita babah Bong Paj, anoe tadi njoesopkeun maneh boeni, ajeuna ka loear toeloelj, harina gëgëroan, kabënëran tangga noe teu djaraoeh, noe ngadenge pestol dordar, ka darinja pada ngoengsi.

Kabeh marawa pakarang, silih tanja bangoen rareuwas teuing, babah njaritakeun goegoep, toeloelj sakabeh djalma, ngarawat Sanoesi anoe ngaloemboek, anoe lian kënteu tinggal sarta kënteu lila deui.

Soemping doktor djeung pëmbësar, tëngah peuting di dajeuib teh paboeis, gendjlong koe lantaran ketjoe, kitoe deui Patimah, barang meunang bedja jen tjaroge tatoe, ngotjeak maratan lëmah, rap dangdan njoesuel salaki.

K i n a n t i

Patimah disamping djangkoeng, make badjoe ge tibalik, teu disaboek-saboek atjan, digéloeng djeung bari tjeurik, teu ditioeng nadjan hoedjan, ngadjoegdjoeg ka roemah-sakit.

Bararg djol gabroeg ngarangkoel, ka raka noe keur teu eling, mani ngagoekgoek tjeurikna, lila henteu lilir-lilir, noe nendjo pada ngahelas, sawareh mariloe tjeurik.

Gantjangna anoe ditjatoer, kira geus saboelan leuwih, Raden Sanoesi geus damang, tapi estoe matak watir, panangan paeh sabeulah, kengkong henteu bisa oesik.

Tambah katoeroeg katoetoh, dasar eukeur tiis diri, liren tina padamelan, lantaran Raden diapkir, doemeh tjatjad salirana, panangan loempoeh sahidji.

Doemadakan noe katoehoe, oeroet dikadek koe maling, ajeuna kantoen sēsahna, Sanoesi sok séring tjeurik, malah sakali mangsa mah, hareupeun Patimah tjeurik.

„Adoeh Eulis koema atoh, diri teh bēt apēs teuing, éngkang djadi tanpa daksa, teu bisa digawe deui, ngan oekoer meunang onderstand, kifoe ge teu matak mahi.

Toeroeg² rama énoeng, ka éngkang geus lain deui, abong éngkang énggeus bédjad, bēt kabina-bina teuing, njatjampah teh bebeakan, kena² anoe soegih.

Aatjeuk Karinah pon kitoe, sigana nendjo ge idjid, malah keur ninggoe toekang mah, njaoerna teh matak peurih, pokna menak ge malarat, awet ge ka roedjit².

Kilangbara daek ngoeroes, ieu mah kalah meupeurih, sasat nitah pipisahan, ari éngkang teh ka Eulis, doeriat mah bangēt beurat, tapi da sakitoe boekti.”

Patimah gabroeg njaloeoh, njarita dibaroeng tjeurik: „Adoeh tobat éngkang tobat, naha bēt kitoe panggalih, oelah seueur noe dimanah, masih aja keneh abdi.

Abdi noe baris satoehoe, boemela lahir djeung batin, sanadjan sēpoh teu doa, sanadjan wargi teu soedi, abdi mo pégat satia, rek bela nepi ka pati.

Moal aja niat moengkoer, bade tētēp hate abdi, wondening geus tanpa daksa, apan aja keneh abdi, sanadjan dagang boe-boedjang, pikeun abdi teu rek isin.

Noe ngomong oelah digoegoe, didangoe kapoesing-poesing, masing djongdjon mamanan, sing tētēg ageung panggalih, satoengtoeng aja abdi mah, oelah aja manah risi."

Sabot keur paoengkoe-oengkoe, djol datang Ki Karoen Hadji, doeaan reudjeung Karinah, bari baeud haseum boedi, Raden ngangken bari hormat, Patimah nja kitoe deui.

Gantjangna anoe ditjatoer, Karinah reudjeung Ki Hadji, sabot Sanoesi teu aja, Karinah harewos leutik, ngarodjokan ka Patimah, sina pisah ti Sanoesi.

Diolo diēloes-ēloes, dibibita koe mamanis, mambrih sina menta talak, sabab pikirna Ki Hadji, awet ge ngan matak soesah, parabaneun matak poesing.

Dasar noe mēditna njoetjoed, ēmboeng kasoro saeutik, bageur soteh keur tadina, basa Raden djadi mantri, asa miloe djadi menak, geus roedin mah api lain.

Tapi Patimah noe toehoe, panggēr hēnteu owah-gingsir, gilig hatena satia, keukeuh pageuh ka salaki, moal rek ganti pikiran, koekoeh-pēngkoch ka Sanoesi.

Karinah djeung Hadji Karoen, bati karareuheul pikir, woe-woch giroek tambah tjoea, handeueul koe Den Sanoesi, doemeh pangolo teu mēntal, doeaan toeloej baralik.

P o e t j o e n g

Saoendoerna Karinah djeung Hadji Karoen, bingoengeun Patimah, nēpi ka ragrag tjipanon, doemeh bapa kawas noe keukeuh teu soeka.

Bari mikir hajang oelah boentoe lakoe, koemaha nja pēta, moen digawe gawe naon, moen rek dagang naon noe rek didjoealna.

Toeloej indit ka Mantri-Pasar ngadjoegdjoeg, menta bongholongan, ari omongna Mantri teh: „Lamoen Empat boga karēp kana dagang.

Soesoenganan mama oge bisa noeloeng, sabab boga sobat, orang Bandoeng toekang kaen, bareto teh ka mama aja omongna.

Njar djalma anoe daek bagi-oentoeng, majoekeun dagangan, roepa ēntjit noe marodel, batik² karembong sarta lianna."

Kaboengahan Patimah meunang pitoedoh, taja papadana, toeloej disanggoepan bae, kira² geus saboelan ti harita.

Patimah teh di pasar enggeus ngabaloek, mētjak² dagang, mimiti mah rada kagok, Sanoesi ge tadina rek ngabatoeran.

Doemeh kēsēl di imah ge boentoe lakoe, tapi koe Patimah, ditjarek kalawan sareh, sabab bisi eraeun noe rek balandja.

Doemeh Raden di dajauh eta kasēboet, menak tilas pangkat, sakoer djalma anoe njaho, bisi kagok oepama arek balandja.

Koe Sanoesi omong Patimah sakitoe, bangēt katarima, moe-dji sadjéroning hate, Patimah teh awewe pandjang pikiran.

Keur geulis teh satia bela soemoedjoed, tambah rea akal, djeung deukeut rēdjékina teh, padahalna manehna anak noe beunghar.

Hēnteu koedoe make tisoesoet-tidoengdoeng, da taja kakoe-rang, sanadjan handap-handap ge, manehna teh H. I. S. bae mah tamat.

Tapi hēnteu era sanadjanna kitoe, sabab tjek pikirna, mana anoe halal bae, rēboet-hiroep dina alam pawēnangan.

Hēnteu koedoe era disēboet „Nji Baloek”, sabab pada-pada, neangan rēdjéki kenéh, hēnteu beda djeung tani atawa pangkat.

Da soesah mah hēnteu karasa koe batoer, komo ajeuna mah, djaman rēboet-hiroep hese, oelah arek ngandélkeun di kaa-goengan.

Ajeuna mah „doeit” noe djadi babakoe, noe aja hargana, oelah hajang „gadjih” bae, laladangan saroea bae ngeunahna.

Koe lantaran Patimah pikirna kitoe, sosen² pisan, enggoning lampah dagang teh, toeroeg² bēt siga noe aja bakat.

Aja topek kana dagang tjari oentoeng, koe lantaran eta, beuki tambah madjoe bae, oenggal minggoe mēsēn ka noe boga barang.

Noe sakira didjoealna gantjang pajoe, lantaran dagangna, gantjang pisan beakna teh, malah djadi katjapangan oerang dinja.

„Njēboet „ēntjit-Patimah” bawaning loetjoe, anoe djadi sabab, keur geulis teh bisa make, sok dibadjoe koe ēntjit noe model anjar.

Dasar awak sampajan toer hade tangtoeng, make model anjar, bēt djadi panarik hate, anoe nendjo loba noe hajang noeroetan.

Noe disēboet „réclame” teh meureun kitoe, toer lain dihadja, dasar geus daradjat bae, pidjalaneun datangna doenja barana.

Megat tjatoer malikan deui ka poengkoer, babah Bon Paj kotjap deui, anakna kabehna tiloe, kawantoe anak noe soegih, noe tjikal mah djaari Doktor.

Noe kamashoer kawëntar Doktor Bong Pin Soen, kasohor pintërna leuwih, barang dina hidji waktoe, Doktor teh parëng pakantji, arek nepoengan ka kolot.

Teu ditjatoer pëta noe sono patëpoeng, kawantoe lawas teu panggih, padjaoeh geus taoen², gantjangna anoe digoerit, hidji waktoe Doktor naros.

Panganggoeran nanjakeun përkara ketjoe, koe bapana pok diwintjik, malah panoetoept tjatjatoer, babah ngomong bari tjeurik, kawas ngahëlas hawatos.

„Djadi sasat ka bapa noe noemboe oemoer, woedjoedna Mantri Sanoesi, eta anoe njamboeng hiroep, dibelaan mandi gëtih, moen teu kitoe bapa maot.

Ajeuna teh manehna leungeunna loempoeh, sabab dikadek koe maling, keur waktoe manehna gëloet, bapa hajang malës boedi, tjing tjoba koe maneh Doktor.

Dioebaran soegan tjageur sakapoengkoer, da matak watir teh teuing, oelah sina nganggoer kitoe,” Doktor ngawalon djeung manis. „Tjing tjoba arek dilongok.”

Doktor Pin Soen noe mashoer daek toetoeloeng, geus amprok reudjeung Sanoesi, badamina teu katjatoer, kotjapkeun bae Sanoesi, geus sanggoepeun rek lalandong.

Malah boengah djëro hate moedji soekoer, noehoen ka Goesti Jang Widi, aja noe daekeun noeloeng, toer teu koedoe majar deui, atoh batan nanahoan.

Hënteu lila noe dërmawan Doktor Pin Soen, geus balik mawa Sanoesi, lajar ka tëmpat noe ojaoh, di bilangan tanah Deli, roemah-sakit anoe Doktor.

Nja di dinja Sanoesi meunang pitoeloeng, koe hidji pakakas listrik, doeka teuing naon atoe, ngaranna mah poho deui, si-geug anoe katjaros.

Kotjap deui Patimah anoe dikantoe, ngan bati kareueung sédih, doemeh kakara padjaoeh, nëpi ka sok radjeun tjeurik, ka raka bangët hawatos.

Tambah² mitoha salah pangakoe, 'noe asih dipoelang sěngit, ka Patimah keukeuh giroek, ajeuna katambah deui, lantaran Raden lalandong.

Tjek mitoha noe djadi lantaran kitoe, oepama Raden teu kawin, ka Patimah mah geus tangtoe, moa pinanggih balai, lantaran teu doa kolot.

Roepa² noe djadi lantaran giroek, doemeh boga besan Hadji, da maksoed mah sanes kitoe, hojong sawadja-sabeusi, anoe satimbang-sabobot.

Anoe sabar Patimah dipikagiroek, teu pisan gědag saeutik, teu lesot satia toehoe, teu nolih noe sindir-sampir, tjěpět bėnėr tonggoj-djondjon.

D a n g d a n g o e l a

Langit lenglang taja aling-aling, mangsa eukeur sědėng wa-waasna, pasosore keur halodo, Patimah keur ngalantoeng, beres dagang anjar tas ngampih, ngalajoeng di boeroean, tapi bangoen aloem, kawas keur ngandoeng pikiran, soemoreang pikir mėlang ka salaki, amblėng taja bedjana.

Sasarina saminggoe sakali, hěnteu kěndat sok aja soeratna, noe noelis sok toean Doktor, ari ieu bět soewoeng, tiloe minggoe teu aja warti, naha naon sababna, anoe matak kitoe, naha Doktor hěnteu kěrsa, mangnjėratkeun noe loempoeh teu bisa noelis, Patimah samar rasa.

Tjoer tjipanon teu karasa deui, sabot kitoe djėboel pasoe-ratan, mawa telėgram ti kantor, Nji Patimah ngarandjoeg, nampa kawat djeung bari tjeurik, hěnteu gantjang diboeka, hate masih ratoeg, palamgsing boa², telėgram teh mopojankeun „kabar-mati”, Patimah sėsėblakan.

Njėboet heula bismillah sakali, barang breh teh nėpi ka ngo-tjeak, ngadjėrit bawaning atoh, barina moedji soekoer, sabab eta telėgram tadi, eusina ngabedjaan, Sanoesi rek tjoendoek, geus tjageur tina kemprenagna, malah waktoe nělėgram teh ti Batawi, peuting arek datangna.

Patimah teh geus teu ngeunah tjitjing, tjiling-tjingtjat estoe samar polah, bawaning sono djeung atoh, geus hajang geura djėboel, hajang panggih reudjeung salaki, doemeh geus lima boelan, teu nJORANG patėpoeng, Patimah sasadiaan, doedoek-dadak njadiakeun noe ti Deli, mani geus tamboeh polah.

Lotjeng anoe nangkod dina bilik, mani asa ngadadak ngëndoran, malah mani siga paeh, sadjam asa sataoen, barang poekoel dalapan leuwih, aja mobil di loear, Patimah ngaboeroe, mapagkeun noe anjar datang, barang nendjo Raden toeroen tina mobil, katjaangan koe boelan.

f 1000.—	"	"	"	f 1200.—	f 24.—	f 15.—	f 13.—	f 10.50	
f 900.—	"	"	"	f 1000.—	f 24.—	f 15.—	f 13.—	f 10.50	
f 800.—	"	"	"	f 900.—	f 21.—	f 13.50	f 11.—	f 9.—	
f 600.—	"	"	"	f 800.—	f 21.—	f 13.50	f 11.—	f 9.—	
f 500.—	"	"	"	f 600.—	f 18.—	f 12.—	f 9.50	f 7.—	
f 400.—	"	"	"	f 500.—	f 18.—	f 12.—	f 9.50	f 7.—	
f 250.—	"	"	"	f 400.—	f 15.—	f 9.50	f 8.—	f 6.50	
f 175.—	"	"	"	f 250.—	f 15.—	f 9.50	f 8.—	f 6.50	
f 150.—	"	"	"	f 175.—	f 15.—	f 9.50	f 8.—	f 6.50	
f 125.—	"	"	"	f 150.—	f 15.—	f 9.50	f 8.—	f 6.50	
f 75.—	"	"	"	f 125.—	f 15.—	f 9.50	f 8.—	f 6.50	
sahandapeun				f 75.—	f 15.—	f 9.50	f 8.—	f 6.50	

(A.M.S. (V. H. O. afd.)

(Stbl. 1926 no. 530); P.H.S. en Techn. Sch.

(Bisloeit Gouv. 13-12-'26 No: 1, Bijblad no. 11213).

f 1500.—	atawa	leuwih		f 26.—	f 14.50	f 10.50	f 7.—	
f 1200.—	něpi	ka	sahandapeun					
				f 1500.—	f 22.—	f 12.—	f 9.—	f 6.50
f 1000.—	"	"	"	f 1200.—	f 22.—	f 12.—	f 9.—	f 6.50
f 900.—	"	"	"	f 1000.—	f 18.—	f 9.50	f 7.—	f 5.50
f 800.—	"	"	"	f 900.—	f 18.—	f 9.50	f 7.—	f 5.50
f 600.—	"	"	"	f 800.—	f 15.50	f 8.—	f 6.50	f 5.—
f 500.—	"	"	"	f 600.—	f 13.—	f 6.50	f 5.50	f 4.75
f 400.—	"	"	"	f 500.—	f 10.50	f 4.75	f 4.—	f 3.25
f 250.—	"	"	"	f 400.—	f 9.—	f 3.50	f 2.75	f 2.—
f 175.—	"	"	"	f 250.—	f 7.50	f 2.75	f 2.—	f 1.25

		anak ka I ka II ka III ka IV				
f 150.—	něpi ka sahandapeun				dj. s. t.	
		f 175.—	f 7.50	f 2.75	f 2.—	f 1,25
f 125.—	” ” ”	f 150.—	f 7.50	f 2.75	f 2.—	f 1.25
f 75.—	” ” ”	f 125.—	f 7.50	f 2.75	f 2.—	f 1.25
	sahandapeun	f 75.—	f 7.50	f 2.75	f 2.—	f 1.25

Mulo afd. der A. M. S. djeung voorbereidende afd. v/d Nias
(Stbl. 1926 No. 530).

Anoe pangasilanana
saboelanna:

f 1500.—	atawa leuwih		f 22.—	f 12.—	f 9.—	f 6.50
f 1200.—	něpi ka sahandapeun					
		f 1500.—	f 22.—	f 12.—	f 9.—	f 6.50
f 1000.—	” ” ”	f 1200.—	f 22.—	f 12.—	f 9.—	f 6.50
f 900.—	” ” ”	f 1000.—	f 18.—	f 9.50	f 7.—	f 5.—
f 800.—	” ” ”	f 900.—	f 18.—	f 9.50	f 7.—	f 5.—
f 600.—	” ” ”	f 800.—	f 14.—	f 7.—	f 5.50	f 4.50
f 500.—	” ” ”	f 600.—	f 10.—	f 5.—	f 4.—	f 3.—
f 400.—	” ” ”	f 500.—	f 10.—	f 5.—	f 4.—	f 3.—
f 250.—	” ” ”	f 400.—	f 7.—	f 4.—	f 3.—	f 2.50
f 175.—	” ” ”	f 250.—	f 5.—	f 3.—	f 2.50	f 1.50
f 150.—	” ” ”	f 175.—	f 5.—	f 3.—	f 2.50	f 1.50
f 125.—	” ” ”	f 150.—	f 5.—	f 3.—	f 2.50	f 1.50
f 75.—	” ” ”	f 125.—	f 5.—	f 3.—	f 2.50	f 1.50
	sahandapeun	f 75.—	f 5.—	f 3.—	f 2.50	f 1.50

Eurp. lagere school (sakola Walanda), H. I. S.
djeung H.C.S.

(Stbl. 1926 No. 530).

f 1500.—	atawa leuwih		f 18.—	f 9.50	f 4.75	f 3.25
f 1200.—	něpi ka sahandapeun					
		f 1500.—	f 18.—	f 9.50	f 4.75	f 3.25
f 1000.—	” ” ”	f 1200.—	f 18.—	f 9.50	f 4.75	f 3.25
f 900.—	” ” ”	f 1000.—	f 14.50	f 8.—	f 4.—	f 2.50
f 800.—	” ” ”	f 900.—	f 14.50	f 8.—	f 4.—	f 2.50

		anak	ka I	ka II	ka III	ka IV	dj. s. t.
f 600.—	něpi ka sahandapeun	f 800.—	f 11.—	f 5.50	f 3.25	f 1.50	
f 500.—	" " "	f 600.—	f 7.50	f 3.50	f 2.50	f 1.25	
f 400.—	" " "	f 500.—	f 7.50	f 3.50	f 2.50	f 1.25	
f 250.—	" " "	f 400.—	f 4.75	f 2.50	f 1.50	f 0.75	
f 175.—	" " "	f 250.—	f 3.—	f 1.50	f 0.75	f 0.50	
f 150.—	" " "	f 175.—	f 3.—	f 1.50	f 0.75	f 0.50	
f 125.—	" " "	f 150.—	f 3.—	f 1.50	f 0.75	f 0.50	
		(f 1.—)	(f 0.40)	(f 0.20)	(f 0.10)		
f 75.—	" " "	f 125.—	f 3.—	f 1.50	f 0.75	f 0.50	
		(f 1.—)	(f 0.40)	(f 0.20)	(f 0.10)		
sahandapeun		f 75.—	f 3.—	f 1.50	f 0.75	f 0.50	
		(f 1.—)	(f 0.40)	(f 0.20)	(f 0.10)		


Schakelscholen

(Stbl. 1926 No. 530).

Anoe pangasilanana
saboelanna:

f 1500.—	atawa leuwih	f 8.—	f 4.60	f 2.40	f 1.60
f 1200.—	něpi ka sahandapeun	f 1500.—	f 8.—	f 4.60	f 2.40
f 1000.—	" " "	f 1200.—	f 8.—	f 4.60	f 2.40
f 900.—	" " "	f 1000.—	f 8.—	f 4.60	f 2.40
f 800.—	" " "	f 900.—	f 8.—	f 4.60	f 2.40
f 600.—	" " "	f 800.—	f 8.—	f 4.60	f 2.40
f 500.—	" " "	f 600.—	f 6.—	f 3.20	f 2.—
f 400.—	" " "	f 500.—	f 6.—	f 3.20	f 2.—
f 250.—	" " "	f 400.—	f 4.—	f 2.—	f 1.60
f 175.—	" " "	f 250.—	f 3.—	f 1.60	f 1.20
f 150.—	" " "	f 175.—	f 2.—	f 1.20	f 0.80
f 125.—	" " "	f 150.—	f 2.—	f 1.20	f 0.80
f 75.—	" " "	f 125.—	f 1.50	f 0.80	f 0.40
sahandapeun		f 75.—	f 1.—	f 0.60	f 0.40

GAMBAR PERHOEBOENGAN-PERI



AN DJAWATAN (VAKONDERWIJS)

O. S. V. I. A.
(Stbl. 1926 No. 530)

f 1500.—	atawa leuwih	f 18.—	f 9.50	f 4.75	f 2.50
„ 1200.—	něpi ka sahandapeun				
	f 1500.—	f 18.—	f 9.50	f 4.75	f 2.50
„ 1000.—	„ „ „ „ 1200.—	„ 18.—	„ 9.50	„ 4.75	„ 2.50
„ 900.—	„ „ „ „ 1000.—	„ 15.—	„ 8.—	„ 4.—	„ 2.—
„ 800.—	„ „ „ „ 900.—	„ 15.—	„ 8.—	„ 4.—	„ 2.—
„ 600.—	„ „ „ „ 800.—	„ 12.—	„ 6.50	„ 3.25	„ 1.50
„ 500.—	„ „ „ „ 600.—	„ 9.—	„ 4.75	„ 2.50	„ 1.25
„ 400.—	„ „ „ „ 500.—	„ 9.—	„ 4.75	„ 2.50	„ 1.25
„ 250.—	„ „ „ „ 400.—	„ 6.—	„ 3.25	„ 1.50	„ 0.75
„ 175.—	„ „ „ „ 250.— ⁽²⁾	„ 3.75	„ 1.75	„ 1.25	„ 0.50
„ 150.—	„ „ „ „ 175.— ⁽²⁾	„ 3.75	„ 1.75	„ 1.25	„ 0.50
„ 125.—	„ „ „ „ 150.— ⁽³⁾	„ 1.50	„ 0.75 ⁽³⁾	„ 0.40	„ 0.20 ⁽³⁾
„ 75.—	„ „ „ „ 125.— ⁽³⁾	„ 1.50	„ 0.75 ⁽³⁾	„ 0.40	„ 0.20 ⁽³⁾
sahandapeun	„ 75.— ⁽³⁾	„ 1.50	„ 0.75 ⁽³⁾	„ 0.40	„ 0.20 ⁽³⁾

b. Bajaran sakola make patokan sedjen.

Depoksche school (Staatsblad 1926 No. 530).

Bajaran noeroetkeun kelas	hidji moerid	doea moerid	tiloe moerid	leuwih ti sakitoe oenggang moerid
kelas 1	f 4.50	f 6.30	f 7.20	f 0.60
kelas 2	„ 3.—	„ 4.20	„ 4.80	„ 0.44
kelas 3	„ 2.25	„ 3.15	„ 3.60	„ 0.30
kelas 4	„ 1.50	„ 2.10	„ 2.40	„ 0.14
kelas 5	„ 0.75	„ 1.05	„ 1.20	„ 0.08
kelas 6	„ 0.38	„ 0.52	„ 0.52	gratis
kelas 7	gratis	gratis	gratis	gratis

⁽²⁾ Pikeun moerid-moerid O.S.V.I.A. Makasar f 3.— Stbl. 1926 (No. 530).

⁽³⁾ Pikeun moerid-moerid anoe katjida madjoena.

Sakola pikeun anak Militair Priboemi noe agama Kristĕn

(Staatsblad 1926 No. 530).

kĕlas 1	f 0.75	f 1.05	f 1.17	f 0.08
kĕlas 2	„ 0.38	„ 0.50	„ 0.60	„ 0.06
kĕlas 3	„ 0.15	„ 0.21	„ 0.27	„ 0.05

Sakola Priboemi kĕlas 2 (Staatsblad 1926 No. 530).

kĕlas 1	f 1.25	f 1.85	f 2.25	f 0.24
kĕlas 2	„ 0.80	„ 1.20	„ 1.44	„ 0.16
kĕlas 3	„ 0.50	„ 0.70	„ 0.82	„ 0.08
kĕlas 4	„ 0.25	„ 0.37	„ 0.45	„ 0.06
kĕlas 5	„ 0.15	„ 0.21	„ 0.27	„ 0.05

Kweekschool voor Inl. onderwijzers di Makasar

(Stbl. 1923 No. 605 jo. Stbl. 1926 No. 530).

f 3.—	f 1.75	f 1.25	f 0.50
-------	--------	--------	--------

Sakola² anoe njadiakeun pamondokan pikeun moerid² (inter-naat) nja eta: Kweekschool, O. S. V. I. A., S. T. O. V. I. A., Normal-school, Van Deventer-school djeung Frobel Kweekschool. Moerid² anoe maradjoe sakolana, tapi kolotna teu koeat ngongkosan, dipaparin piongkoseun (beurs) atawa teu koedoe nga-loearkeun ongkos naon-naon pikeun parabol diadjar. Moerid² anoe dipaparin piongkoseun, anoe sakola di S. T. O. V. I. A., N. I. A. S., Landbouwschool, Veeartsenschool djeung Cultuurschool, koedoe asoep kontrak ka Goepĕrnĕmen, baris digawe sakitoe taoen lilana ngawoela ka Nagara, nja eta 10 taoen pikeun moerid S. T. O. V. I. A., 6 taoen pikeun moerid² sakola noe sedjen, atawa lamoen hajang kaloear tina kontrakna koedoe majar, moelangkeun ongkos diadjar.

Djalan pikeun asoep ka eta sakola², nanja bae ka kapala² atawa directeur eta sakola, atawa ka kapala² sakola di sakola Walanda boh H. I. S.

C. CURSUS MANTRI TJATJAR

Rea keneh bae anoe njëratan ka Bale Poestaka, naroskeun tēmpatna sarēng atoeranana Cursus Mantri Tjatjar. Koe margi eta, ieu di handap dilēbētkeun deui.

Cursus Mantri Tjatjar teh tēmpatna di Instituut Pasteur di Rantjabadak (Bandoeng); diboekana doea kali dina sataoen. Boekaan kahidji sasih Januari, boekaan kadoea sasih Juli, lamina diadjar 4 à 5 sasih.

Anoe ngiring eksamēn ka dinja, sakirang-kirangna kēdah tamat heula sakola kēlas doea; anoe dieksamēnkeunana babakoena tina hal ngetang.

Joeswana kēdah antawis 21 sarēng 25 taoen; badanna kēdah sehat, kalakoeanana sae, sarta kēdah parantos dikoerisan.

Anoe palaj lēbēt ka eta Cursus, kēdah oendjoekan ka Inspecteur anoe ngoeroes hal eta. Salamina diadjar, kenging toelage f 15.—. Oepami parantos tamat, dibēnoem kanidat mantri tjatjar, digadjih sasasihna f 25.—.

Koe ngadengekeun tjaritacn batoer, oerang bisa nambahn kanjaho; koe njaritakeun kaajaan batoer, oerang bisa nambahan dosa.

Djalma beunghar noe dipoeoek koe kasakit, beunang disēboet satēngah tjageur; djalma noe sehat tapi masakat, beunang disēboet satēngah gēring.

17. PANGATOERAN NAGARA.

a. PADJĚG PANGASILAN.

Dĕmi atoeranana ngitoeng padjĕg pangasilan, noeroĕtkeun art'kĕl 18 kieu:

Lamoen djoemlahna pangasilan bĕrĕsih dina satahoen koe-rang t'na f 120.—, eta hĕnteu dikeunaan padjĕg.

Oepama pangasilan bĕrĕsihna djĕdjĕg f 120.— atawa leuwih, diitoengna kieu:

f 120.— nĕpi ka sahandapeun f 1800, f 1.20— diwoewoehan 20 sen oenggal f 10.— tjamplĕng, saloehoereun f 120.—

f 1800 nĕpi ka sahandapeun f 3600, f 34.80 diwoewoehan f 3.— oenggal f 100.— tjamplĕng, saloehoereun f 1800.—

f 3600 nĕpi ka sahandapeun f 5400, f 88.80 diwoewoehan f 4.— oenggal f 100.— tjamplĕng, saloehoereun f 3600.—

f 5400 nĕpi ka sahandapeun f 8400, f 160.80 diwoewoehan f 5.— oenggal f 100.— tjamplĕng, saloehoereun f 5400.—

f 8400 nĕpi ka sahandapeun f 12.000, f 310.80 diwoewoehan f 6.— oenggal f 100.— tjamplĕng, saloehoereun f 8400.—

f 12000 nĕpi ka sahandapeun f 18000, f 526.80 diwoewoehan f 7.— oenggal f 100.— tjamplĕng, saloehoereun f 12 000.—

f 18 000 nĕpi ka sahandapeun f 24 000, f 946.80 diwoewoehan f 8.— oenggal f 100.— tjamplĕng, sa'oehoereun f 18 000.—

f 24 000 nĕpi ka sahandapeun f 30 000, f 1426.80 diwoewoehan f 9.— oenggal f 100.— tjamplĕng, saloehoereun f 24 000.—

f 30 000 nĕpi ka sahandapeun f 36 000, f 1966.80 diwoewoehan f 10 oenggal f 100.— tjamplĕng, saloehoereun f 30 000.—

f 36 000 nĕpi ka sahandapeun f 42 000, f 2566.80 diwoewoehan f 11.— oenggal f 100.— tjamplĕng, saloehoereun f 36 000.—

f 42 000 nĕpi ka sahandapeun f 48 000, f 3226.80 diwoewoehan f 12 — oenggal f 100 — tjamplĕng, saloehoereun f 42 000.—

f 48 000 nĕpi ka sahandapeun f 54 000, f 3946.80 diwoewoehan f 13 oenggal f 100.— tjamplĕng, saloehoereun f 48 000.—

f 54 000 nĕpi ka sahandapeun f 60 000, f 4726.80 diwoewoehan f 14 oenggal f 100.— tjamplĕng, saloehoereun f 54 000.—

f 60 000 nĕpi ka sahandapeun f 70 000, f 5566.80 diwoewoehan f 15 oenggal f 100.— tjamplĕng, saloehoereun f 60 000.—

f 70 000 nëpi ka sahandapeun f 80 000, f 7066.80 diwoewoehan f 16 oenggal f 100.— tjamplëng, saloehoereun f 70 000.—

f 80 000 nëpi ka sahandapeun f 90 000, f 8666.80 diwoewoehan f 17 oenggal f 100.— tjamplëng saloehoereun f 80 000.—

f 90 000 nëpi ka sahandapeun f 100 000, f 10366.80 diwoewoehan f 18 oenggal f 100.— tjamplëng saloehoereun f 90 000.—

f 100 000 nëpi ka sahandapeun f 110 000, f 12166.80 diwoewoehan f 19 oenggal f 100.— tjamplëng, saloehoereun f 100 000.—

f 110 000 nëpi ka sahandapeun f 120 000, f 14066.80 diwoewoehan f 20 oenggal f 100.— tjamplëng, saloehoereun f 110 000.—

f 120 000 nëpi ka sahandapeun f 135 000, f 16066.80 diwoewoehan f 21 oenggal f 100.— tjamplëng, saloehoereun f 120 000.—

f 135 000 nëpi ka sahandapeun f 150 000, f 19216.80 diwoewoehan f 22 oenggal f 100.— tjamplëng, saloehoereun f 135 000.—

f 150 000 nëpi ka sahandapeun f 165 000, f 22516.80 diwoewoehan f 23 oenggal f 100.— tjamplëng, saloehoereun f 150 000.—

f 165 000 nëpi ka sahandapeun f 180 000, f 25966.80 diwoewoehan f 24 oenggal f 100.— tjamplëng, saloehoereun f 165 000.—

f 180 000 djeung leuwih ti sakitoe f 29566.80 diwoewoehan f 25 oenggal f 100.— tjamplëng, saloehoereun f 180 000.—

Eta padjëg dikoerangan 3% oenggal koelawëdët atawa baraja-tikah anoe pantiër anoe sagalana djadi tanggoengan noe keuna padjëg tea. Djoemblah eta panjangkolong pangsaeutikna f 0.10, ari panggëdena 50% djeung nintjakna oenggal koelawëdët atawa baraja-tikah teu meunang leuwih ti f 30.—

Noeroetkeun Stbl. 1928 No. 151, 1929 No. 252 djeung Stbl. 1930 No. 59, djalma anoe padjëgna ti f 11,40 ka loehoer koedoe majar opcenten, gëdena 24% Bedjana dina tahoen 1931 mah opcenten teh baris ditambah djadi 30%.

b. RECLASSEERING.

„Heh, Djoeroetoelis!”

„Kangdjëng.”

„Ieu aja panoehoen Si Anoe, soepaja meunang pagawean di kantor oerang. Wawoeh maneh ka dinja?”

„Si Anoe? Kantënan, wawoeh. Kapoengkoer mah manehna teh djadi Assistent-boekhouder di kontrakan „Boedikëras”. Djëlëmana mah tjakëp eta teh, sarëng pintër, nanging

„Nanging koemaha? Sëboetkeun bae, ari aja kakoerangana mah.”

„Wartosna mah parantos diboei. Roepina ajeuna nëmbe kaloeur.”

„Naha diboei?”

„Kasna tëkor, wartosna mah.”

„Euh, kitoe! Ieu soeratna, djawab bae, di dieu mah euweuh lowongan, kitoeh.”

„Oendjoek soemangga.”

.....
Ieu tjarita minangka tjonto bae, doeka ënja doeka hënteu, tapi tangtoe mindëng oge aja kadjadian kitoe teh, boh noeroetkeun tjarita batoer, boh aja kawawoehan anoe ngarandapan kadar kitoe.

Kadar? Ënja kadar. Kadar sangsara!

Djëlëma anoe ngalampahkeun kadjahatan, eta njimpang tina kapantësan memang koedoe dibawa ka pangadilan, koedoe dihoekoem, sarta manehna koedoe narima kana hoekoeman, bongan geus ngalanggar kana atoeran hiroep koemboeh. Tapi sanggeusing manehna meunang hoekoeman ti hakim, oelah sina dihoekoem deui koe oerang rea, nja eta taja noe ngakoe, teu ditarik teu ditakon koe babatoeran. Manehna teh oelah katoetoeleujan dianggap bangsat, dianggap toekang hianat saemoer hiroep.

Djëlëma anoe ngalampahkeun kadjahatan teh, saënjana tatan beunang ditëtëpkeun djëlëma djahat. Sabalikna teu moestahil, djëlëma djahat hënteu dihoekoem koe hakim.

Oepamana aja djëlëma ngora sakoerën; patjarianana meudjeuhna, kasënananana mokaha; pamadjikanana goemati kana ngoeroes roemah tangga, sarta njaah ka salaki.

Lila-lila salakina bët kataradjang kasakit, nja eta kasakit

ngalanglajoeng, tjek babasan: hiroep teu neut, paeh teu hos, nēpi ka dilēpas tina pagaweanana, da teu bisa walakaja. Atoeh manehna teh katjida kasangsarana, babandaanana noengtoet digade-gadekeun. Pamadjikanana teu bisa pisan oesaha, tina boga anak leutik, meudjehna pikaridoeün.

Ahirna kawas noe geus beak akal, eta djëlēma kalajang-kolojong teu poegoefi anoe didjoegdjoeg, ngarēp-ngarēp pitoe-loeng batoer, tapi teu aja noe noeloeng.

Antekna teh, lat poho di kahormatan dirina, poho kana bē-bēnēran, njokot barang deungeun-deungeun, da teu tega ka anak djeung pamadjikan.

Sanggeus kitoe nja ditangkēp koe poelisi, djeung dihoekoem sababaraha boelan lilana.

Naha pantēs oepama eta djëlēma digolongkeun ka noe dja-rahahat, nēpi ka taja noe ngadeukeutan-deukeutan atjan?

Tēmpat hiroep koemboeh djëlēma, nja eta noe disēboet *nagara* atawa *karadjaan*, memang geus ngajakeun atoeran, soe-paja teu aja noe ngaganggoe kana kasēnangan hiroep sarerea. Eta atoeran-atoeran beunang oge disēboet adat.

Adat tea doea roepa, nja eta adat noe sabēnērna, djeung adat noe diadatkeun. Noeroetkeun kamadjoeanana noe boga adat, adat teh aja anoe diboekoekeun, aja anoe dipasrahkeun bae ti karoehoenna toeroen toemoeroen, sarta dipoesti-poesti di-djaga-djaga. Noe ngadjagana nja sarerea, ari noe ngadjalan-keunana nja eta goeroe agama atawa sēsēpoeuh atawa kapala *nagara* atawa hakim.

Ti abad ganti abad, hiroep koemboeh djëlēma teh robah-robali, noeroetkeun robahan angēn-ngēnna djeung kaadabanana djëlēma.

Djaman baheula, waktōe djëlēma kalasar keneh adatna, saha-anoe ngalanggar atoeran, toeloelj bae dipaehan koe batoerna. Lila-lila noe meunang hoekoem pati teh, ngan anoe dosana katjida gēdena bae, sawareh mah aja anoe diboeang, aja noe didjieun badega, aja noe dirante djst. Eta kabeh goemantoeng kana kaadaban djeung kalēmēsana adat sarta agama djëlēma.

Pasal eta, sadjarahna ngan disēboet ringkēsna bae, ari sadjarah kahirōepan djëlēma mah anoe geus mangābad-abad diliwat, oedjoeg-oedjoeg nēpi bae ka djaman anoe ajeuna, da maksoedna ieu tjarita, ngan rek nērangkeun, jen adat teh lain pēr-kara anoe teu beunang dirobah, tapi sabalikna; hal eta teh

djadina djeung madjoena, noeroetkeun kamadjoean pikiran djeung anggapan djëlëma kana kahiroepanana. Ari djalan kamadjoean teh katjida pisan, këndorna, nēpi ka dina sabaraha abad djiga taja pisan robahna. Katjida pisan lilana, lamoen oerang noenggoe waktōe, soepaja djëlëma bisa ngarasa kana pērkarā anoe teu hade atawa noe koerang hade. Sanggeusing ngarasa oge, nēpi ka tembong hasilna, tēgēsna nēpi ka ieungit pērkarā noe teu hade tea, antarana aja poeloehna taoen.

Di Eropa ge nja kitoe bae. Mimiti tina abad ka 18 katom-
pernakeun nēpi ka awalna abad ka 19, teu eureun-eureun, aja anoe malikiran kana kaajaan djalma hoekoeman. Harita djëlëma teh kakara ngarti, jen oepama aja anoe ngalampahkeun kadjahatan, samemehna dihoekoem teh, djaba ti ditimbang-timbang enteng-beuratna pērkarā, koedoe ditimbang-timbang kaajaanana djëlëma anoe ngalampahkeun eta kadjahatan tea deui. Pendekna harita djëlëma geus ngarti kana *maksoeuna* hoekoeman, nja eta lain mitjeun hidji batoer tina hiroep koemboeh, tapi djëlëma anoe geus ngalampahkeun kadjahatan teh, ditoengtoen, disina ngarasa kana kasalahanana, sina djadi hade adatna, nēpi ka bisa djadi deui lid tina hiroep koemboeh djëlëma pantēs.

Pang djëlëma pikiranana nēpi ka dinja, lantaran ngarti, jen oepama kadjadian aja anoe ngalampahkeun kadjahatan, noe roegi teh lain woengkoel anoe kataradjang koe eta kadjahatan (kajaning noe kapalingan, noe katipoe atawa noe dipaehan djsb.) bae, tapi sakoempoelan oerang rea, pendekna sanagara, pada meunang karoegian.

Koe sabab eta, ajeuna aja hidji pagoejoeban, noe maksoedna rek ngomean kabatinanana djalma hoekoeman.

Di Nederland pagoejoeban anoe kitoe teh geus ti taoen 1823 ngadēgna. Soepaja nēpi kana maksoeuna, roepa-roepa intiarna, kajaning: nalingakeun djeung ngamosawarahkeun kaajaanana si noe dihoekoem saujeroning keur dihoekoem, mere boekoe anoe hade, batjaeun noe keur dihoekoem, atawa mere pagawean anoe beunang dipigawe bari ngadjalankeun hoekoeman, kitoe deui mere kajakinan ka noe dihoekoem, jen bisa ngaharēp oge kana diadjenan deui koe deungeun-deungeun, asal manehna pribadi sarnggoep ngahadean lakoe-lampahna; pendekna sakoer ihtiar noe sakira matak hade ka djëlëma hoekoeman tea, nēpi

ka bisa deui ditarima koe oerang rea, djadi kantja, djadi mitra tjara noe lian.

Eta ihtiar tetela pisan rea noe mikarēsēp, sabab eta pagoejoeban di Nederaland tēroes hiroep sarta hoerip, nēpi ka oemoerna geus nintjak 100 taoen leuwih.

Tapi nadjan teu koerang gētōl ngadjaralankeunana ihtiar, ha silna teu sabaraha.

Naon sababna?

Tadi geus ditjaritakeun, jen djělēma anoe ngalampahkeun kasalahan teh tatjan beunang disēboet djanat, lantaran lampahna sakitoe bae.


Tapi nadjan hēnteu djahat, teu meunang hēnteu eta djělēma lēmbek karēpna, lēmbek kajakinanana, lēmbek kabatinanana, teu bisa nahan napsoena. (Anoe gelo atawa owah atawa noe boga kasakit, nēpi ka lalampahanana beda djeung djělēmah loemrah, teu koedoe ditjaritakeun, koeriak matak koesoet bae kana pērkarā anoe cimaksoed). Ari djělēma anoe lēmbek kabatinanana tea, gampang pisan kagodana koe pangaroeh anoe goreng, hēnteu bisa nahan napsoena, teu bisa ngēreh dirina, toengtoengna tigoebroes, diasoepkeun ka pangberokan.

Saoepama manehna hiroep di doenja teu aja batoer, mangsa bodo rek ngaladjoer napsoe oge, tēgēsing mērdika tea. Tapi kamērdikaan teh, beuki loba batoer di doenja, beuki ngoerangan. Eta kieu oepamana: Noe toempak kareta api, kabēnēran ngan sorangan, ngarasa toendoeh. Teu aja halanganana, oepama manehna ngēdēng dina pangdioekan, nēpi ka sare. Noe ngaganggoe — djaba ti kageudjleug-geudjleug koe kareta api — bisa djadi ngan oekoer dipariksa kartjis koe kondektoer, teu aja deui. Tapi oepama rea panoempang sedjen, pek singkirkeun, soepaja oerang bisa ngēdēng sakama-kama. Moal dāraekeun, lain? Noe sehat pikiranana, meureun mēnding njoba-njoba sare bari dioek bae, kadjeun tidagor kana djandela, lantaran kareta api ngagēdjloeg, kadjeun reuwas lantaran disoeroengkeun koe noe dioek gigireunana, da ēmboengeun didjieun anggēl.

Pendekna, lamoen oerang aja dina hiroep koemboeh, tangtoe oerang teu bisa sakarep-karēp, da koedoe taloek kana kahajangna oerang rea.

Ajeuna tetela pisan, jen djělēma anoe teu bisa mēroehkeun


Angkat-angkatan toenggang kapal
K. P. M.



Balajar ka sakoeliah pelo-pelo
di Hindia-Nederland



Toeang-leuent hēnteu kédah majar
deui, margi parantos kakoeroeng
koe pangaos tiket



Kota Den Haag dilihat dari oedara: 1. Dept. van Koloniën; 2. Ridderzaal, tempat kedoea Kamer bersidang bersama-sama; 3. Binnenhof; 4. Dept. van Binnenlandsche Zaken; 5. Mahkamat Tinggi; 6. Dept. van Justitie; 7. Gedoeng Tweede Kamer dan tentang gedoeng itoe disebelah kemari ditepi air, ialah Gedoeng Eerste Kamer.



J. m. Tjokorde Oka Geg,
Déwa Agoeng Kloeng-
koeng.



J. m. I Goesti Bagoes
Negara, Anak Agoeng
Djembrana



J. m. Goesti Agoeng
Bagoes Djlantik,
Anak Agoeng
Karangasem.



J. m. I Goesti Poetoe
Djlantik, Anak Agoeng
Negara (Boeléleng).




J. m. I Goesti Ngoerah
Ktoet, Tjokorde Tabanan.

OENGGAL DINTĒN

1 KALENG ALIT SOESOE MANIS

TJAP NONNA



TEU SABARAH PANGAOSNA
NANGING ĒNGKE SALIRA TANGTOS DJADI

KOEAT

NESTLÉ AND ANGLO-SWISS CONDENSED MILK Co.

BATAWI — SOERABAJA — SAMARANG

kahajangna, soepaja taloek kana kahajang oemoem, tangtoe dianggap djadi ganggoean koe hiroep koemboeh, nepi ka koe oerang rea, eta djelëma teh didjaraoehan, ditjëla, dimomorekeun, malah teu meunang asoep ka imah, sarta oepama dianggap bahla, so' nepi ka diberokna, dipisahkeun tina pakoeomboehan. Djeung ari noe geus diberok tea, sanggeusing kaloear oge, biasana sok toeloej bae dimomorekeun.

Hal eta teh lain kasalahan hiroep koemboeh woengkoel, tapi djëlëma noe mëntas diberok tea, sok ngarasa era sorangan, teu wameun tjatjampoeran. Salilana di pangberokan, kapaksa manehna noeroetkeun kana atoeran di cinja, hiroep di djero koengkoengan. Babatoeranana pada djëlëma hoekoeman deui, noe aukatna djeung tabe'atna biasana djadjaoeheun kana bisa ngahadean adat noe sedjen. Tjindëkna mah koe pangaroeh pangberokan, djëlëma teh tambah tjuaka, tegësna pangberokan teh hënteu bisa ngahadean adat djëlëma. Aja deui hal hal sedjen anoe goreng baloekarna ka noe dihoekoem, tapi moral diseboetkeun, soepaja ieu tjarita hënteu pandjang teuing.

Sanggeus oerang rea njaho kana eta kaajaan, toeloej ditimbang-timbang soepaja djadi hadena. Antara pangberokan djeung kamërdikaan, koedoe dihtiaran, soepaja gampang robahna, tégësna ngajakeun ihtiar soepaja bisa ngasoepkeun deui djëlëma noe mëntas dihoekoem kana golonganana, kalawan salamëtna, poelih deui daradjatna. Eta ihtiar disëboetna *reclasseeren*.

Minangka ngabaladahna, ngadjalankeun eta reclasseering teh, geus kaoengël dina boekoe oendang² hoekoeman anjar. Bareto oenggal-oenggal kadjahatan aja hoekoemanana, *panghandapna* djeung *pangloehoerna*. Noe maehan, oepamana, panghandapna dihoekoemna lima taoen, pangloehoerna saemoer hiroep. Djadi lamoen hidji djëlëma geus tetela dosana kitoe, sakoerang-koerangna diberokna lima taoen, kadjaba lamoen katimbang koe hakim, jen aja hal noe ngentengkeun kana eta kasalahan, kakara hakim bisa ngaragragkeun hoekoeman koerang tina lima taoen. Dina boekoe oendang-oendang hoekoeman anjar ngan ditëtëpkeun hoekoeman, noe pangloehoerna bae tina oenggal kadjahatan. Ari hoekoeman noe panghandapna, nja eta sapoë pikeun oenggal kadjahatan.

Bareto, anoe didawa, noe geus ngarasa dihoekoem, naujan geus liwat poeloehan taoen, sok djadi beurat dosana.

Ari ajeuna, oepama anoe didawa, geus leuwih ti lima taoen teu oenggah bale watangan, hoekoeman noe bareto teh teu ngabeuratkeun kana hoekoeman anoe pandeuri.

Djadi nagara nerangkeun, jen djëlëma noe geus dihoekoem, sarta geus mērdika deui nēpi ka 5 taoen lilana, eta teu meunang uianggap djëlëma djahat. Koe djalan kitoe, djadi anggapan oerang rea, hēnteu katjida bēngisna ka djëlëma noe geus dihoekoem.

Hal eta teh beunang disēboetkeun hodjah Nagara, minangka ngabaladahna. Soepaja leuwih sampoerna ēnggoning ngarobah boekoe oendang-oendang hoekoeman tea, ajeuna aja atoeran anjar, anoe beunang disēboetkeun, langkah mimiti, noedjoe kana reclasseering. Ihtiarna nja eta ngalēpas djëlëma ti pangberokan kalawan pērdjangdjian, oepama manehna geus ngalakonan sabagian tina hoekoemanana noe geus ditētēpkeun koe oendang-oendang, sarta sadjēroning kitoe, kalakoeanana hade, djeung oepama beunang diharēp pibisaeun tjampoer ueui djeung oerang rea.

Alēsan eta ihtiar, nja eta atikan djeung panjoeroeng, soepaja djëlëma bisa mēngkēk napsoena. Djeung di mana djëlëma asoep ka pangberokan, boga oge pangharēpan bakal gantjang kaloeur tina hoekoeman, asal hade kalakoean. Djadi mimiti diatikna teh di pangberokan, *ditoeloejkeun* koe pērgaoelan oerang rea, bari itoeng-itoeng namatkeun hoekoeman di djēro kamērdikaan. Koe lantaran ihtiar kitoe, djadi gēde pangharēpan, jen djëlëma noe geus dihoekoem bisa deui asoep kana pakoemboehan toer djadi djëlëma hade. Kandana anoe tjoemantel kana eta ihtiar, nja eta oepama eta djëlëma dihoekoem deui, eta hoekoeman anoe ti heula, noe tatjan tamat tea, koedoe ditamatkeun di pangberokan, sanggeus *klloe*, kakara ngalakonan hoekoeman anoe pandeuri. Koe lantaran aja antjaman kitoe, djadi gēde pangharēpan, soepaja eta djëlëma awas kana dirina pribadi sadjēroning tjatjampoeran djeung oerang rea.

Djaba ti eta, eta kalonggaran moal dibikeun, saopama teu katimbang jen eta djëlëma pigantjangeun meunang deui patjarian, djeung oepama noe dikawasakeun hēnteu aja kajakinan, jen eta djëlëma ēnja² kadoehoengna kana kasalahanana toer ēnja-ēnja maksoedna kana ngahadean lampah, oepama geus dibebaskeun.

Eta atoeran oerang sēboet: reclasseering sanggeus diberok. Sabalikna aja deui reclasseering memeh diberok, anoe biasa disēboet: ngahoekoem koe pērdjangdjian. Maksoedna, saopama aja djēlēma kapaksa ngadjalankeun kadjahatan noe pantēs meunang hoekoeman, padahal hakim ngarasa — ngingētkeun kana kahiroepan eta djēlēma, kana kalakoeanana noe ēnggeus-ēnggeus, kana auat-parangina — tatjan meujeuhna misalkeun eta djēlēma tina pērgaoelan, eta djēlēma diragragan hoekoeman bae, tapi kalawan parentah, jen eta hoekoeman hēnteu koedoe dilakonan, saopama di djero sawatara waktōe (noe ditētēpkeun), eta djēlēma hēnteu didawa deui lantaran ngalam-pahkeun kadjahatan (kasalahan) noe lian-lian. Kitoe deui meunang oge ngajakeun pērdjangdjian noe sedjen-sedjen, pikeun eta reclasseering noe doea roepa, kajaning: oelah nginoem inoeman, kēras, oelah njēret, oelah asoep ka tēmpat nginoem inoeman kēras djeung salianna. Oenggal-oenggal pērdjangdjian ditētēpkeun koe hakim noeroetkeun timbanganana.

Atoeran reclasseering teh kaoengēl dina boekoe oendang-oendang hoekoeman artikēl 14 a — f (reclasseering memeh diberok) djeung artikēl 15, 15 a-b, 16 djeung 17 (reclasseering sanggeus diberok).

Eta pasal-pasal tea, kieu oenina:

Artikēl 14a.

(1) Lamoen ngaragragkeun hoekoeman pandjara (gevangenisstraf) pangloehoerna sataoen atawa hoekoeman koeroengan (hechtenis), djaba hoekoeman koeroengan gaganti dēngda, hakim teh meunang marentah, jen eta hoekoeman teu koedoe dilakonan; eta hoekoeman teh koedoe dilampahan lamoen aja parentah sedjen dina poatoesan hakim, sabab memeh liwat waktōe pērtjobaan anoe baris ditangtoekeun dina parentah anoe kahidji, djēlēma anoe dihoekoem ngadjalankeun kasalahan hoekoemeun atawa teu nohonan pērdjangdjian, noe sakira didjangdjikeun dina parentah tea.

(2) Kadjaba tina pērkara patjarian djeung pak Nagara, hakim teh boga keneh kakawasaan noe saroepa kitoe, lamoen ngaragragkeun hoekoeman dēngda, tapi oepama tetela, jen eta hoekoeman dēngda atawa rampasan tea beurat teuing ka

noe dihoekoem. Pikeun ngadjalankeun pasal ieu, kadjahatan djeung palanggaran pėrkara tjandoe ngan dianggap kadjahatan djeung palanggaran kana patjarian Nagara, sakadar geus ditangtoekeun, jen hoekoeman dėngda teh hėnteu ninggang kana katangtoean anoe kaoeni dina pasal 30, alinea kadoea.

(3) Lamoen hakim teu nangtoekeun anoe sedjenna, eta parentah pikeun hoekoeman loeloegoe, keuna oge kana hoekoeman tambahan.

(4) Diragragkeunana eta parentah, ngan lamoen hakim — sanggeus mariksa kalawan titi — jakin, jen bisa ngadjalankeun panitenan noe tjoekoeup pikeun ngalampahkeunana pėrdjangdjian oemoem, jen djėlėma hoekoeman tea moal ngalakonan kasalahan hoekoemeun djeung kana hal ngalampahkeunana djangdji noe sedjen, oepama aja.

(5) Dina poatoesan noe mere parentah noe kasėboet dina alinea kahidji tea, ditėrangkeun oge sabab-sababna atawa halna noe matak bisa njieun poatoesan kitoe.

Artikėl 14b.

(1) Dina pėrkara kadjahatan, nja kitoe deui dina pėrkara palanggaran noe ditėrangkeun dina raticėl 492, 504, 505, 506 djeung 536, waktoe pėrtjobaan teh panglilana tiloe taoen, ari pikeun pėrkara palanggaran noe sedjen panglilana doea taoen.

(2). Ngamimitianana waktoe pėrtjobaan tea, nja eta samangsa poatoesan geus teu beunang dirobah deui sarta geus dibedjakeun ka noe dihoekoem noeroet atoeran noe diparentahkeun koe oendang-oendang.

(3) Waktoe pėrtjobaan teu diitoeng, salilana noe dihoekoem ditahan kalawan sah.

Artikėl 14c.

(1) Kana parentah noe kasėboet dina pasal 14a, iwal tina hoekoeman dėngda, salianna ti pėrdjangdjian oemoem teh — nja eta pėrdjangdjian soepaja anoe dihoekoem moal ngalampahkeun kasalahan hoekoemeun — hakim meunang mere pėrdjangdjian sedjen, jen djėlėma noe dihoekoem koedoe ngagantian karogian lantaran kasalahanana tea, boh sakabehna, boh sabagian, dina waktoe noe ditangtoekeun koe soerat parentahna noe lilana tina waktoe pėrtjobaan tea.

(2) Sadjëroning hakim ngaragragkeun hoekoeman, boh hoekoeman pandjara noe lilana leuwih tina tiloe boelan, boh hoekoeman koeroengan lantaran palanggaran noe ditërangkeun dina artikël 492, 504, 505, 506 djeung 536, hakim teh kawasa mere përdjangdjian sedien tina hal kalakoean anoe dihoekoem tea, anoe koedoe dilampahan dina waktöe përtjobaan atawa dina sabagian tina waktöe eta, noeroerkeun katangtoean dina soerat parentahna.

(3) Sakoer përdjangdjian tea hënteu meunang ngoerangan kana kamërdikaan agama djeung kamërdikaan poelitik.

Artikël 14d.

(1) Panitenan kana ngalakonan përdjangdjian tea djadi tanggoengan amtënar, noe marentah ngalakonan eta hoekoeman, lamoen geus diparentahkeun jen koedoe dilakonan.

(2) Lamoen aja alësanana, hakim teh meunang masrahkeun ka hidji *instelling* anoe boga *rechtspersoonlijkheid* di Hindia-Nederland, atawa ka djëlëma noe njëkël hidji *inrichting*, atawa ka hidji amtënar, pikeun mere pitoeloeng atawa pangbantöe ka noe dihoekoem, ënggoning ngalakonanana përdjangdjian tea.

(3) Atoeranana nitenan djeung pangbantöe dieung pikeun noedöehkeunana *instelling* atawa djëlëma noe njëkël *inrichting* anoe bakal dipentaan pangbantoena, ditëtëpkeun koe ordonansi.

Artikël 14e.

Boh sanggeus aja poeroestel ti amtënar noe kasëboet dina alenia kahidji artikël 14d, boh kalawan panoehoenna noe dihoekoem, dina djëro përtjobaan keneh mah hakim noe mimiti nibanan poatoesan teh meunang ngarobah përdjangdjian noe geus ditëtëpkeun atawa ngarobah lilana përdjangdjian, djeung meunang menta pangbantöe ka djalma sedjen, lian ti noe geus kapapantjenan eta pagawean, atawa nambahan lilana waktöe përtjobaan tea, tapi teu meunang leuwih ti sakali. Ari lilana tambahan teh teu meunang leuwih ti satëngahna tina waktöena përtjobaan noe panglila-lilana bisa dikeunakeun ka eta djalma hoekoeman.

Artikël 14f.

(1) Kalawan teu nroerangan kakoeatanana atoeran anoe kasēhoet dina nasal 14e. sanggeus aja poeroestel ti amtēnar noe ditērangkeun` dina alenia kahidji, artikël 14d, hakim noe mimiti nibanan poatoesan teh meunang marentahkeun soepaja eta kapoatoesan didjalankeun, atawa soepaja mere ingēt ka dialma anoe di djero waktōe pērtjobaan ngalampahkeun hidji hal noe beunang dihoekoem malah nēpi ka dihoekoemna, atawa noe teu njoemponan salah sahidji hal noe sedjen noe geus didjangdiikeun, atawa lamoen di djero pērtjobaan tea meunang deui hoekoeman lantaran ngalampahkeun hidji kalakoean noe beunang dihoekoem. Oepama djalma noe dihoekoem teh pērloe dibere ingēt; atoeranana mere ingēt ditangtoekeun koe hakim.

(2) Sanggeus toetōep waktōe pērtiobaanana, eta dialma teh teu meunang diparentah ngadjalankeun hoekoeman, kadjaba lamoen dina djero pērtjobaan keneh eta djalma meunang deui hoekoeman lantaran pēr-kara sedjen. Oepama kadjadian kitōe meunang diparentahkeun soepaja hoekoemanana didjalankeun, nia eta di djero doea boelan sanggeusna eta djalma meunang deui hoekoeman anjar.

Artikël 15.

(1) Djalma anoe dihoekoem pandjara meunang dileupaskeun, kalawan pērdjangdjian lamoen geus ngalakonan doea pērtiōena tina hoekoemanana, tapi hoekoemanana noe geus kadialanan teh teu meunang koerang ti 9 boelan. Lamoen noe dihoekoem teh koedoe ingadjalankeun sabaraha roepa hoekoeman noe nasamboeng-samboeng, hoekoeman tea beunang digoenggoengkeun hae.

(2) Dina ngaleupaskeun djalma hoekoeman koedoe ditangtoekeun lilana pērtjobaan sarta ditētēpkeun pērdianodjian-nērdjangdijianana anoe koedoe ditoeroet di djero waktōe pērtjobaan tea.


(3) Lilana pērtjobaan sataoen, kadjaba lamoen sesa hoekoeman noe tatjan kadialanan tea leuwih lila ti sakitōe; dina hal ieu lilana pērtjobaan teh koedoe sarōea djeung lilana sesa hoekoeman noe tatjan kadialanan. Lilana dina djero tahanan teu asoep kana lilana pērtjobaan.

Apollinaris

TJAP ▲ MERAH

teh nja eta erwalandanda anoe pangsaesaena dileueut koe noe teu damang, djalaran matak sęgęr kana salira.

Boh di noe hadjat, boh di noe salamętan, bir tjap „Koentji Satoe” mah tara tinggaleun.



Saręng oepami palaj ngaleueut teh anoe pangseungitna, kędah moendoet „Goalpara thee”

Oepami andjeun bade ngagaleuh mantega, kędah moendoet mantega tjap „Djantoeng Biroe”.

Mantega


▲
DJANTOENG BIROE

Libby's Corned Beef teh nja eta daging blek anoe pang-sae-saena.



Libby's evaporated milk teh nja eta tjisoesoë anoe geus dipitjeun tjaina; oepami koe oerang ditjampoeran koe tjai biasa, andjeun bakal ngaleueut tjisoesoë sapi anjar toer pangaosna katintjak mirah deuih.

Boeboeahan kaloearan pabrik Libby's noe diwadahan koe kaleng teh pohara raosna, sarëng ditanggël moal aja noe mapakan tina kasaeana.



Tjet Teolin teh kenging ngahadja dipidamël anggöëun di tanah panas, kareta mësın, parabot boemi atanapi boemina pisan, soepantën herang ngagënjäs këdah ditjet koe Teolin.

Artikël 15a.

(1) Anoe biasa didiangdikeun ka djalma anoe dileupaskeun, nia eta teu meunang ngalampahkeun kalakoean noe bisa dihoekoem, atawa teu meunang ngalakoekeun hidji hal sedjen noe teu hade.

(2) Sadiabana ti përdjangdjian noe biasa meunang oge diaiaan përdianëdjian sedien, asal oelah njëngkër kana bagbagan agama atawa poelitik.

(3) Anoe nalingakeun ditjoemponan-hënteuna sagala përdjangdjian, nja eta amtënar noe kasëboet dina alenia kahidji, pasal 14d.

(4) Sadjabana tina nalingakeun, eta amtënar teh koedoe ihtiar koemaha niakaleunana pikeun noeloeng-noeloeng djeung mantoe-mantoe eta dialma hoekoeman.

(5) Satatianna beak waktöe përtjobaan mah, përdjangdjian anoe sedjen — anoe teu biasa — beunang dirobah, atawa meunang marentah noe sedjen pikeun nalingakeun, lian ti noe geus kanapantjenan tea.

(6) Dialma anoe dileupaskeun kalawan përdjangdjian, dibere soerat pas verloh. Di diëro eta soerat ditataan hidji-hidjina noe geus didianëdikeun ka' manehna. Lamoen noe kasëboet dina alenia 5 didjalankeun, eta noe dihoekoem teh dibere soerat pas anjar.

Artikël 15b.

(1) Djalma noe dileupaskeun kalawan përdjangdjian, lamoen manehna ngalanggar salah sahidji përdjangdjian noe ditataan dina soerat pasna, iraha bae, beunang diasoepkeun deui ka diëro boei.

(2) Waktöe antara eta djalma dileupaskeun djeung ditangkëp deui teu dipake ngoerangan lilana hoekoeman.

(3) Dialma anoe dileupaskeun kalawan përdjangdjian beunangna ditangkëp deui teh ngan di sadjëro waktöe përtjobaan bae.

Artikël 16.

(1) Anoe maparin poetoesan ngaleupaskeun kalawan përdjangdjian nia eta Directeur Justitie kalawan panoehoenna Kapala plaatselijk bestuur noe djadjahanana ngawëngkoe tëmpat

doemoekna eta djalma hoekoeman tea, atawa sanggeus nampi pioendjoek ti eta kapala.

(2) Nja kitoe deui noe ngadamël besluit nangkëp deui anoe dileupaskeun kalawan përdjangdjian, nja Directeur Justitie kenah hae, sanggeus nampi poeroestel atawa pioendjoek Kapala plaatselijk bestuur noe wëwëngkonna ngawëngkoe tēmpat doemoekna noe dihoekoem tea.

(3) Djalma anoe dileupaskeun kalawan përdjangdjian lamoen ngarēmpak salah sahidji përdjangdjian noe kasëboet dina soerat pasna, beunang ditangkëp deui kalawan parentah Kapala plaatselijk bestuur noe wëwëngkonna ngawëngkoe tēmpat doemoekna eta djalma, tapi sanggeusna, eta kapala teh koedoe hoeroe-boeroe oendjoekan ka Directeur Justitie.

(4) Lamoen eta djalma sanggeus ditangkëp, soerat pasna ditiahoet, dianggapna geus ngalakonan deui hoekoemanana teh ti poëan manehna ditangkëp deui tea.

Artikël 17.

Blanco soerat pas verloh teh, nja kitoe deui atoeran noe sedjen-sedienna pikeun ngadjalankeun atoeran noe kasëboet dina Artikël 15, 15a djeung 16 ditëtëpkeun dina ordonansi.

Noeroetkeun oenina artikël-artikël noe kasëboet di loehoer, tetela pisan jen noe dihoekoem atawa noe dileupaskeun kalawan përdjangdjian teh koedoe ditalingakeun. Sabab lamoen teu kitoe saha noe bisa nganjahokeun dirēmpak-hēnteuna sagala përdjangdjianana. Saha biasana noe sok kapapantjenan koedoe nalingakeun teh?

Biasana mah Officier van Justitie. Tapi koe lantaran eta amtenar teh loba oeroesanana, loba deui padamēlanana, ngan oekoer bisa moetoeskeun, ēnja-hēnteuna aja përdjangdjian anoe dirēmpak sangeusna nampi laporan tina hal eta. Na saha atoeh noe koedoe nalingakeun teh? Poelisi kitoe? Eta oge lain, sabab lamoen ditalingakeun koe poelisi, ēngke eta djalma hoekoeman teh tangtoe hoga rasa dikëpoeng-këpoeng, dianggap djalma anoe gēde bahjana. Ana kitoe tangtoe nisan moehadir maksoed reclasseering teh, leuwih hade eta djalma diboei bae atawa diantëp di djëro boei.

Eta sababna noe matak eta pagawean teh koe hakim beunang dipasrahkeun ka amtēnar noe geus kapapantjenan ngadjalan-

keun reclasseering koe Pangagoeng atawa ka pakoempoelan noe maksoedna ngadeudeul oesaha reclasseering.

Tadi di lochoer geus didadarkeun jen djalma anoe ditalingakeun teh oelah boga rasa diintip-intip, dipandang djalma noe aja pibahjaeunana. Amtēnar atawa pakoempoelan reclasseering teh koedoe rikip pisan ngadjalankeun pagaweanana, sarta Pangagoeng teu gampang-gampang mērtjajakeun eta pagawean ka pakoempoelan lamoen tatjan katembong talna mah, boh koe pahamna, boh koe kanjahona kana maksoed reclasseering. Pakoempoelan anoe geus kapērtjaja pikeun ngadjalankeun eta pagawean, meunang mērtjajakeun deui ka salah saorang lidna. Oepama teu aja pakoempoelan anoe kitoe kakara Pangagoeng ngangkat amtēnar reclasseering saperti anoe geus kadjadian di d'eu, di Hindia.

Naha di oerang teu aja pisan pakoempoelan reclasseering? Ajeuna mah geus aja, tapi koe sabab anjar keneh, moen djalma tea mah tatjan sawawa, loba keneh kakoeranganana, loba atoeranana anoe tatjan sampoerna. Tambah-tambah kalolobanana tatjan ngarti bēnēr naon maksoed reclasseering teh, nēpi ka saajeuna mah kawas-kawasna eta oesaha Nagara teh soesah bisa meunangna bantoean noe saēnjana, noe satjoekoepti ti dialma rea.

Tapi moal boa, laoen-laoen mah loba djalma anoe ngarti kana maksoed reclasseering anoe sakitoe moeljana teh sarta loba deuih anoe daek oesaha babarēngan soepaja eta maksoed tinēkanan.

c. ATOERAN KAWIN DJEUNG NALAK.

Dina ordonansi tanggal 12 September 1929 (Staatsblad No. 348), nja eta noe disēboet „Ordonansi Kawin” tea, pangagoeng geus ngadamēl atoeran, anjar pikeun pagawe kaoem: naib djeung kalipah.

Koe saha diangkatna, koemaha ngatoer pangasilanana djeung naon kawadjibanana noe djadi naib, eta kabeh ditataan dina eta ordonansi. Soepaja teu matak kaliroe, oerang tjokot ringkēsna bae di dieu.

Eta ordonansi kieu oenina:

Anoe diwadjibkeun ngoeroes noe kawin noeroetkeun agama Islam djeung nampa talak atawa pangroedjoe, nja eta djalma anoe kapapantjenan koe Boepati pikeun eta kalawan noeroetkeun auat kabiasaan di satempat-satempatna. Pikeun eta pagawean eta djalma (naib) atawa wakilna (kal.pan) meunang menta bajaran ka djalma-djalma anoe boga kapërloean. Ari gëdena eta bajaran, pikeun naib noe doemoekna di djero wëwëngkon gemeente, teu meunang leuwih ti noe geus ditëtëpkeun koe Bopati anoe djadjahanana ngawëngkoe eta gemeente, sarta pikeun naib anoe tjitjingna di loear wëwëngkon gemeente, teu meunang leuwih ti noe geus ditangtoekeun koe Raad Kaboepaten.

Sabaraha gëdena ipëkah, ongkos nalak djeung ngarodjoe beunang d.kira-kira koe noe djadi naib, asal oelah leuwih ti noe geus ditangtoekeun tea bae, nja eta noeroetkeun kana kaajaanana djalma noe boga kapërloean atawa kana kahajangna, oepama aja pamenta hajang kawin, nalak atawa ngarodjoe di tempat noe teu biasa dipake tempat ngawinkeun, nalak atawa ngarodjoe.

Naib noe aja di wëwëngkon gemeente, tempatna ditëtëpkeun koe Boepati, noe di loear gemeente koe Raad Kaboepaten. Oepama Boepati atawa Raad Kaboepaten geus ngangkat naib atawa wakilna tea, hal eta tëroes dibewarakeun dina soerat kabar Provincie.

Oenggal-oenggal aja noe kawin, nalak atawa ngarodjoe, koe naib atawa wakilna ditjatëtkeun dina rëgistër talak atawa rëgistër roedjoe, anoe modelna geus ditangtoekeun koe Boepati. Sanggeus kitoe eta noe kawin, noe nalak atawa noe ngarodjoe teh koedoe dibere soerat kawin, soerat talak atawa soerat pangroedjoe hënteu koedoe majar deui, kadjaba ti bajaran anoe geus ditangtoekeun dina artikël 45 alenia 4 Zegelverordening mah. Dina eta soerat, koedoe ditoeliskeun gëdena ipëkah, ongkos nalak atawa ongkos ngarodjoe anoe katarima.

Noe djadi wali atawa noe kawin noeroetkeun papagon agama Islam, lamoen ngawinkeunana atawa kawinna teu kalawan pitoloengna naib atawa wakilna, baris dihoekoem dëngda panggëdena limapoeloh roepia. Nja kitoe deui djalma anoe teu boga hak pikeun ngawinkeun, tapi manehna wani-wani ngadjalankeun pagawean naib atawa wakilna tea, baris ditibanan

hoekoeman hectenis (koeroengan), panglilana tiloe boelan atawa dëngda panggëdena saratoes roepia.

Djalma anoe ngaragragkeun talak atawa anoe ngaroe-djoe, lamoen di djëro saminggoe ti saëntasna hënteu mere bedja ka naib atawa wakilna, baris dihoekoem dengda panggeuena lima roepia.

Naib atawa wakilna teu meunang menta bajaran leuwih gëde ti noe geus ditetepkeun koe Boepati atawa Raad Kaboepaten. Lamoen ieu larangan teh dilanggar, tangtoe baris keuna koe hoekoeman toetoe (hechtenis) panglilana tiloe boelan atawa dëngda panggëdena saratoes roepia.

Lamoen aja noe ngawalian atawa kawin teu kalawan pitoe-loeng naib, atawa teu kalawan noe boga hak ngadjarankeun pagawean naib, atawa lamoen aja anoe nalak atawa ngaroe-djoe teu mere tërang ka naib dina djëro saminggoe, sarta djalmana geus dihoekoem koe Landgerecht, salinan vonnis eta Landgerecht teh koe Fiscaalgriffier dikirimkeun ka naib noe boga hadas. Sanggeus eta salinan vonnis teh katarima, naib koe-doe noeliskeun dina rëgistër-kawinna, rëgistër-panalakanana atawa rëgistër-pangroedjoena eta djalma make katërangan jen eta teh meunang njoetat tina salinan vonnis.

d. PADJËG BOEMI.

Naon ari noe disëboet padjëg boemi teh?

Noeroetkeun noe kaoeni dina Staatsblad 1927 No. 163 noe disëboet padjëg boemi teh nja eta padjëg anoe dikeunakeun kana tanah anoe dipiboga koe djalma, noe teu kasëngkër hak verponding atawa hak verponding Priboemi, djeung koe hak erpah oerang Timoer Asing anoe pikeun salalawasna tea, sarta lain tanah anoe keuna koe padjëg anoe dikeunakeunana noe-roetkeun oenina ordonansi 4 Juni 1901 (Staatsblad No. 215).

Anoe teu keuna koe padjëg boemi:

a. sawah anoe kakara diboeka.

Sakabeh sawah anoe kakara diboeka dina djëro tiloe taoen, diitoeng ti taoen rengsena moeka eta sawah.

Pikeun tanah anoe lain sawah mah, lamoen kakara di-boeka, osok oge dibere tempo sakitoe lilana atawa koe-rang pikeun teu majar padjég boemina, kitoe soteh lamoen koe Kapala Gewest katimbang moekana eta tanah katjida terahaina atawa geue onkosna.

b. tanah desa.

Sakaven tanah pangangonan, pakoeboeran djeung sabangsana. Djaba ti eta tanah anoe dipake pikeun adégan atawa djidjeunan desa pikeun kaperoean oemom.

c. tanah „desa perdikan”.

Tanah anoe kabogaan koe „desa perdikan” anoe aja berendelanana dina régistèr, noe ditetepkeun koe Toean Bésar. Nja kitoe deui tanah noe sedjen-sedjen, noe ti baheulana teu keuna koe padjég boemi, kadjaba lamoen Kapala Gewest nimbang teu perloe deui ngiwankeun eta tanah tina padjég boemi kalawan ngemoetkeun anggèr-anggèr noe ditetepkeun koe Toean Besar.

Babagian tanah.

Tanah anoe keuna koe padjég boemi teh dibagi djadi doea golongan, *sawah* djeung *tanah darat*. Siteo djeung kēbon nipah, kaasoeup kana tanah darat.

Sarerea oge moal aja noe bireuk, jen sawah djeung tanah darat teh padjégna tara saroea, noeroetkeun kelas-kelasan. Geuning oerang sok rēmēn ngadenge: sawah kelas hidji, sawah kelas doea djeung sadjaba ti eta; nja kitoe deui padjégna oge teu saroea, padjég kelas hidji sakitoe, sawah kelas doea mah sakieu. Na koemaha sababna noe matak kitoe? Koemaha ngelas-ngelasan djeung nētēpkeun padjégna?

Biasana di oenggal desa oge noe keuna koe padjég boemi teh sok dioekoer sapērsil-sapērsil koe pagawe noe uiwoeng-koelkeun pikeun toekang ngoekoer noeroetkeun atoeran noe geus ditētēpkeun koe katangtoean. Lamoen dina hidji pērsil aja sawah anoe teu saroea hasilna atawa aja tanah darat, siteo djeung kēbon nipah anoe teu saroea hargana, eta persil teh koe pagawe landrente dibagi-bagi deui djadi sababaraha bagian anoe saroea hasil sawahna atawa harga tanah daratna. Dina waktōe ngadjalankeun eta pagawean pagawe landrente

GEURA

NJIMPĒN

DI

D. E. N. I. S.

Reutĕnna agĕng nganggo
atoeran coöperatie
BATI LOEAR BIASA

Sim koering majar djalma³
anoe njarimpĕn ti tahoen
1918 sarta geus 120 boelan
lilana pada salĕtor f 4.17
saboelan atawa f 500.—
djoemlahna, dipoelangkeu-
nana rata-rata

f 828,59

Oepami andjeua aja maksad
bade ngingkeun poetra
sina djarah ka Mĕkah,
enggal geura njengtjele-
ngan di sim koering

Geura maroendoet prospectus ka
D.E.N.I.S. DI BANDOENG



R. A. Tjindarboemi geb. R. R. Siti Soemeni, poeteri Hindia jang moela-moela mendapat Hoofdakte, sekarang onderwijzeres H. I. S. di Sidoardjo.



R. A. Soedarmi, poeteri Hindia jang moela-
moela memperoleh akte gymnastiek, sekarang
goeroe sekolah „Het Javaansche kind” di Ka-
lisosok (Soerabaja).


PASANGGIRI

SADAJA OGE MOAL AJA NOE
BIREUK KANA FLIT TEH.

Nja eta obat kanggo maehan taga, noe diwadahan koe blik ko-
neng nganggo polet
hideung sarěng
gambar soldadoe.



Anoe ngarintoen-
keun poedjian tina
pěrkawis goenana
FLIT noe salěrsna,
hartosna satjerewe-
lena, oelah diwoe-
woehan koe kara-
hoelan sarěng pa-
moedjina tea di-
dangding koe basa
naon bae, noe pang-
saena baris dihatoe-
ranan artòs f 25. ,
minangka prijs no.
1; sahandapeun eta
f 15,—, minangka
prijs no. 2; prijs
no. 3 f 10.— sarěng
5 prijs à f 2,50.



KINTOENAN-KINTOENAN KĒDAH DIADRESKEUN KA:
POSTBOX 26 — BATAWI

koedoe ngingëtkeun kana atoeran anoe geus ditëtëpkeun koe Toean Bësar.

Përsil djeung babagianana koedoe digambarkeun dina kaart desa sarta ditoeliskeun dina legër distrik anoe diwoengkoelkeun pikeun njatëtkeun kaajaan tanah di oenggal desa kalawan disëboetkeun lëgana. Sanggeus kitoe përsil djeung babagian përsil dina oenggal-oenggal desa di djëro wëwëngkon hidji distrik — noe meh saroea hasilna — dikoempoelkeun djadi sababaraha groep (golongan) sarta eta golongan-golongan teh ditjatëtkeun dina sëtat. Ieu pagawean didjalankeunana koe pagawe landrente kalawan ngingëtkeun atoeran noe geus ditëtëpkeun koe Toean Bësar, sarta djeung moepakatna kapala-kapala Priboemi katoet oerang Priboemina.

Nëtëpkeun hasil sawah dina sagolongan-sagolonganana.

Kapala Gewest nëtëpkeun hidji angka anoe noedoehkeun gëdena hasil sabaoe sawah dina hidji-hidjina golongan. Ari nëtëpkeunana koe ngabandingkeun beubeunanganana sawah përtjobaan dina moesim panen noe biasa sarta lamoen aja, noe-roetkeun katërangan-katërangan sedjen. Sawah anoe lain ngan sok dipëlakan pare woengkoel, sok disëlang koe palawidja, beubeunanganana beunang ditaksir leuwih loehoer, tapi sanadjan kitoe teu meunang sakama-kama, koedoe noeroetkeun atoeran anoe geus ditëtëpkeun koe Toean Bësar.

Noe kapapantjenan noengkoelan miboetan sawah përtjobaan teh nja eta kapala onderdistrik. Nimbangna beubeunanganana eta sawah koe timbangan kagoengan Nagara noe beunang ngahadja disadiakeun pikeun eta. Barang-barang atawa ongkos-ongkos, boh pagawean noe përlöe pikeun mariksa hasilna përtjobaan tea, tapi teu përlöe pikeun djalma noe boga sawah, dibajar koe Nagara.

Ngitoeng pihargaeunana hasil sawah.

Harga pare diitoengna noeroetkeun harga pare noe sëdëng di pasar, sapërti noe geus ditëtëpkeun koe Directeur Financiën kalawan moepakatna Kapala Gewest pikeun hidji-hidjina golongan sawah. Dina nëtëpkeunana harga pare tea Directeur koedoe noeroetkeun atoeran noe geus diajakeun koe Toean Bësar, djeung ngemoetkeun harga pangdjoealan biasa dina sawatara tahoen, noe ka toekang di eta tëmplat, atawa lamoen di dinja djalma teu biasa ngadjoeal pare loba-loba, koedoe

noeroetkeun harga pare di distrik atawa wëwëngkon distrik anoe deukeut ka dinja.

Babagian hasil noe keuna koe padjég.

Koe lantaran Nagara teh nimbang jen njawah teh aja modalna, ngeunakeun padjégna oge hënteu tina djoemlahna sakabeh hasil, tapi tina oenggal-oenggal baoe teh aja noe teu dikeunakeun, nja eta 10 pikoel. Saleuwihna kakara keuna koe padjég, nja eta noe diséboet hasil bërésih anoe keuna koe padjég tea. Hasil bërésih anoe keuna koe padjég teh sakoerang-koerangna koedoe sahargaeun doea pikoel pare.

Gëdena padjég.

Dëmi gëdena padjég anoe dipoengoet tina hasil bërésih tea, sakoerang-koerangna koedoe 8 % djeung panggëde-gëdena 20 % tina pangadjina. Gëdena eta padjég pikeun oenggal-oenggal desa djeung pikeun samoesim-samoesunna landrente, beunang ditaekkeun, tapi teu meunang leuwih ti 25 % tina gëdena padjég noe geus dikeunakeun. Lamoen naekkeunana tea leuwih ti 25 %, koedoe aja paidinna Toean Bësar, nadjan nambahanana hënteu rek saharita oge, tapi rek ditoengtoet saeutik-saeutik, misilna heuleut lima tahoen sakali.

Biasana kakoeatan aanslag padjég sawah teh pikeun sapoe-loeh taoeneun, kadjaba oepama aja kadjadian saperti noe kaséboet di loehoer atawa Directeur ngamanah përløe kakoeatan aanslag ditambah atawa dikoerangan lilana.

Koepasan padjég.

Padjég boemi beunang disoehoenkeun koe noe boga tanah soepaja dikoepas koe Nagara. Ari noe maparin idin pikeun ngoepasna, nja eta Directeur Fianciën kalawan pioendjoekna Kapala Gewest sarta noeroetkeun anggër-anggër anoe geus ditëtèpkeun koe Toean Bësar.

Sawah anoe beunang dikoepas padjégna nja eta:

A. noe teu dipëlakan.

1. Lamoen eta sawah teu dipëlakan sataoen tjamplëng sarta dina taoen eta teu dipëlakan naon-naon deui, padjégna dikoepas sama sakali.

(Oepama eta sawah digarap dina katompernakeun taoen, tapi teu kapiboeatan dina taoen eta keneh, dianggap teu dipélakan bae sabab teu ngadatangkeun hasil).

2. Lamoen dipelakan palawidja samemeh digarap dina katompernakeunana taoen, padjegna dikoepas pang-saeutik-eutikna sapëröpatna djeung panggede-gedena tiloe peröpatna noeroetkeun beubeunanganana pelak palawidja tea bae.

B. SAWAH NOE GABOEG SARTA TEU BEUNANG DIPÉLAKAN PALAWIDJA.

1. Dikoepas padjegna sama sakali:
 - a. lamoen sawah ten noeroetkeun noe geus ditëtépkeun pikeun golonganana, beubeunanganana leuwih ti 20 pikoel, tapi harita beubeunanganana koerang ti hasil noe teu keuna koe padjég tea.
 - b. lamoen eta sawah teh noeroetkeun noe geus ditangtoekeun pikeun golonganana, beubeunanganana doeapoeioen pikoel atawa koerang tapi harita beubeunanganana teu aja satengahna ti noe geus ditangtoekeun tea.
2. Dikoepas padjegna sakoerang-koerangna sapëröpatna djeung panggede-gedena tiloe peröpatna, noeroetkeun koemaha kaajaanana bae, nja eta lamoen beubeunanganana dina sabaoena satengahna atawa koerang tina hasil sabaoe-sabaoena noe geus ditangtoekeun pikeun eta golongan, tapi leuwih tina hasil anoe teu keuna koe padjég tea.

C. SAWAH NOE GABOEG, TAPI BEUNANG DIPÉLAKAN PALAWIDJA.

1. dikoepas padjegna sama sakali:
 - a. lamoen eta sawah noeroetkeun noe geus ditëtépkeun pikeun golonganana beubeunanganana leuwih ti doeapoe-loeh pikoel, tapi harita sanggeus ditambah koe hasil palawidja beubeunanganana masih koerang ti noe teu keuna koe padjég tea.
 - b. lamoen eta sawah noeroetkeun noe geus ditangtoekeun beubeunanganana doeapoeloh pikoel atawa koerang tapi

harita sanggeusna ditambah koe hasil palawidja, beubeunanganana henteu leuwih ti satengahna ti noe geus ditangtoekeun tea.

2. Dikoepas padjegna sakoerang-koerangna sapëröpatna djeung panggède-gèdena tiloe pèröpatna, noeroetkeun koe-maha kaajaanana bae, nja eta lamoen beubeunanganana sanggeusna ditambah koe taksiran beubeunanganana palawidja leuwih ti beubeunangan noe teu keuna koe padjég, tapi dina sabaoe-sabaoena rata-rata henteu leuwih ti satengahna tina beubeunangan anoe geus ditangtoekeun pikeun golonganana.

Koepasan padjég dina aja kadjadian noe sedjen-sedjen noe pènting.

Padjég sawah atawa tanah darat, dina aja kadjadian-kadjadian noe teu kaséboet di loehoer, tapi pènting, beunang dikoepas padiëgna boh sama sakali, boh sabagianana, noeroetkeun koe-maha kaajaanana bae. Dina hal ieu noe kawasa maparin idin ngoepas eta padiëg teh nja Directeur Financiën keneh bae.

Djaba ti eta lamoen aja panoehoenna dialma, padjég boemi noe kaséboet dina kohir desa beunang dikoepas koe Kapala Gewest, panglilana pikeun tiloe tahoeneun, nja eta lamoen eta tanah keur diomean sarta bangga migawena atawa gède ongkosna.

Narikna padjég.

Ari noe kapapantjenan narik padjég boemi, nja eta kapala desa. Pikeun eta pagawean kapala desa meunang pangasilan 8% tina padiëg boemi noe geus dibayar koe somahna. Saban taoen samemeh tanggal 20 December, somah teh koe-doe geus loenas majar padiëg tanahna.

Gèdena padiëg boemi di hidii-hidiina desa geus beunang ditaksir ti awalna sabab anoe ditètèpkeun teh lain padiëg sawah bae, padiëg tanah oge non kitoe keneh. Nètèpkeunana padjég teh teu noeroetkeun hasilna, tapi noeroetkeun harga tanah dieung lègana sawah noe aja di dinja. Padjég boemi nikeun tanah darat pangsaeutik-eutikna teu meunang koerang ti f 0.25 sbaoena.

Padiëg boemi diganti koe Inlandsche verponding.

Di sawatara témpat di oerang, di Poelo Djawa, tanah anoe

kapiboga koe oerang Priboemi noe kasëngkër koe hak milik atawa hak eigendom Priboemi' noe kaoeni dina wet 1870 (Staatsblad No. 55), mimiti ti taoen 1923 padjëgna teu disëboet padjëg boemi atawa padjëg eigendom deui, tapi Inlandsche verponding (verponding Priboemi). Ari nëtëpkeunana ieu padjëg kieu patokanana:

1. Pikeun tanah pakarangan noe aja adëganana: 3 % tina harga sewa eta adëgan katoet wawangoenanana dina sataoen; ditëtëpkeunana koedoe dina samemehna waktoc nganslah.
2. Pikeun tanah noe sedjen-sedjenna, nja kitoe deui pikeun sitoe djeung këbon nipah: 7½ % tina bërësihna hasil eta tanah ditaksir noeroetkeun kaajaanana samemeh waktoc nganslah. Taksiran hasilna eta tanah teu meunang koerang ti f 10.— dina sataoen.

Anslah Inlandsche verponding ditëtëpkeun koe Resident dina lima taoen sakali. Lamoen aja djalma ngabogaan tanah sababaraha loewock, padjëgna teu ditëtëpkeun dina hidji anslah, tapi dina sababaraha anslah noeroetkeun lobana loewoekna tanah bae.

Resident meunang njaboet atawa ngoerangan anslah, lamoen sanggeusna anslah ditëtëpkeun, djalma noe boga tanah kakara bisa njanggakeun kabeuratna, atawa barang anoe keuna padjëg tea leungit sama sakali atawa sabagianana atawa teu koedoe keuna deui koe padjëg. Nja kitoe deui lamoen eta barang teh koe sabab kahoeroe atawa roeksak koe lini atawa koe naon bae noe saroepa kitoe, hargana ngoerangan leuwih tina 1/4-na, padjëgna oge beunang dikoerangan.

e. RAAD DJEUNG BESTUUR PROVINCIE.

Dina artikël 67a R.R. (Regeerings-Reglement) nja eta noeroetkeun oenina Wet taoen 1922 (Staatsblad Hindia No. 216), djeung ajeuna sanggeus R.R. dirobah, dina artikël 119, alenia 1, I. S. (Indische Staatsregeling) aja katëranan kieu: „Hal ngabagina Hindia Nederland djadi sababaraha provincie djeung gewest teh diaatoerna koe Ordonnansi. Noeroetkeun oenina eta artikël Pangagoeng Hindia dina taoen 1924 geus ngadamël

hidji ordonansi anoe ngatoer adëganana provincie. Eta ordonansi disëboetna Ordonansi-Provincie sarta dibewarakeunana dina Staatsblad taoen eta keneh No. 78. Dina taoen 1925 kalawan Staatsblad No. 378 dikaloearkeun ordonansi anoe ngadëgkeun *Provincie Pasoendan*, nja eta provincie anoe mimiti aja di Hindia-Nederland. Tiloe taoen sanggeus eta diadëgkeun deui provincie noe kadoea. *Provincie Djawa-Wetan*. Ari *Provincie Djawa-Tëngah* diadëgkeunana dina boelah Januari taoen 1930.

Bestuur Provincie, hak-hakna djeung kawadjibanana, nja kitoe deui hal oeroesan djeung tanggoengan doeit Provincie diatoerna dina Ordonansi-Provincie noe kasëboet tadi. Ari noe ngoeroes, noe djadi bestuur Provincie nja eta: Raad Provincie, Gouverneur djeung lamoen aja, College Gedeputeerden. Di Poelo Djawa mah provincie teh, tiloeanana oge, ngabogaan College Gedeputeerden. Sigana lamoen rek aja oge provincie noe teu boga College Gedeputeerden ngan di tanah Sabrang bae, kitoe oge tatjan poegoeh, sabab kadjadian anoe saroepa kitoe teh, noeroetkeun katëranan Pangagoeng oge, hidji kadjadian anoe beunang dianggap loear biasa. Naon noe disëboet College Gedeputeerden teh, naon pagaweanana djeung kakawasaanana, ëngke di handap rek ditërangkeun. Ajeuna mah oerang nërangkeun heula Raad Provincie, adëganana, pagaweanana djeung kakawasaanana.

RAAD PROVINCIE.

Adëganana.

Ari noe djadi lid Raad Provincie teh dipilihna koe lid-lid Raad Kaboepaten djeung Gemeenteraad noe aia dina djëro wëwëngkon eta Provincie. Djoemlahna lid ditëfëpkeun koe Ordonansi, nja kitoe deui lobana anoe dipilih. Sesana diangkat koe Toean Bësar. Noe dipilih atawa diangkat djadi lid tjitjingna koedoe di djëro eta Provincie, oemoerna geus 25 taoen djeung ngarti bënëh kana basa Walanda. Dieung dina eta ordonansi disëboetkeun deui jen noe djadi lid Raad Provincie teh koedoe lalaki, djadi saajeuna mah, sata-tianna eta Ordonansi dirobah, awewe teu meunang djadi lid eta Raad. Djaba ti eta noe teu meunang deui djadi lid teh: vice-president atawa lid Raad Hindia-Nederland. Algemeen Secretaris, kapala departement algemeen bestuur, gouverneur, voorzitter atawa lid Algemeene Rekenkamer djeung pagawe

kapiboga koe oerang Priboemi noe kasëngkër koe hak milik atawa hak eigendom Priboemi' noe kaoeni dina wet 1870 (Staatsblad No. 55), mimiti ti taoen 1923 padjëgna teu disëboet padjëg boemi atawa padjëg eigendom deui, tapi Inlandsche verponding (verponding Priboemi). Ari nëtëpkeunana ieu padjëg kieu patokanana:

1. Pikeun tanah pakarangan noe aja adëganana: 3 % tina harga sewa eta adëgan katoet wawangoenanana dina sataoen; ditëtëpkeunana koedoe dina samemehna waktoc nganslah.
2. Pikeun tanah noe sedjen-sedjenna, nja kitoe deui pikeun sitoe djeung këbon nipah: $7\frac{1}{2}$ % tina bërësihna hasil eta tanah ditaksir noeroetkeun kaajaanana samemeh waktoc nganslah. Taksiran hasilna eta tanah teu meunang koerang ti f 10.— dina sataoen.

Anslah Inlandsche verponding ditëtëpkeun koe Resident dina lima taoen sakali. Lamoen aja djalma ngabogaan tanah sababaraha loewock, padjëgna teu ditëtëpkeun dina hidji anslah, tapi dina sababaraha anslah noeroetkeun lobana loewockna tanah bae.

Resident meunang njaboet atawa ngoerangan anslah, lamoen sanggeusna anslah ditëtëpkeun, djalma noe boga tanah kakara bisa njanggakeun kabeuratna, atawa barang anoe keuna padjëg tea leungit sama sakali atawa sabagianana atawa teu koedoe keuna deui koe padjëg. Nja kitoe deui lamoen eta barang teh koe sabab kahoeroe atawa roeksak koe lini atawa koe naon bae noe saroepa kitoe, hargana ngoerangan leuwih tina $\frac{1}{4}$ -na, padjëgna oge beunang dikoerangan.

e. RAAD DJEUNG BESTUUR PROVINCIE.

Dina artikël 67a R.R. (Regeerings-Reglement) nja eta noeroetkeun oenina Wet taoen 1922 (Staatsblad Hindia No. 216), djeung ajeuna sanggeus R.R. dirobah, dina artikël 119, alenia 1, I. S. (Indische Staatsregeling) aja katëranan kieu: „Hal ngabagina Hindia Nederland djadi sababaraha provincie djeung gewest teh diatoerna koe Ordonnansi. Noeroetkeun oenina eta artikël Pangagoeng Hindia dina taoen 1924 geus ngadamël

hidji ordonansi anoe ngatoer adëganana provincie. Eta ordonansi disëboetna Ordonansi-Provincie sarta dibewarakeunana dina Staatsblad taoen eta keneh No. 78. Dina taoen 1925 kalawan Staatsblad No. 378 dikaloearkeun ordonansi anoe ngadëgkeun *Provincie Pasoendan*, nja eta provincie anoe mimiti aja di Hindia-Nederland. Tiloe taoen sanggeus eta diadëgkeun deui provincie noe kadoea. *Provincie Djawa-Wetan*. Ari *Provincie Djawa-Tëngah* diadëgkeunana dina boelah Januari taoen 1930.

Bestuur Provincie, hak-hakna djeung kawadjibanana, nja kitoe deui hal oeroesan djeung tanggoengan doeit Provincie diatoerna dina Ordonansi-Provincie noe kasëboet tadi. Ari noe ngoeroes, noe djadi bestuur Provincie nja eta: Raad Provincie, Gouverneur djeung lamoen aja, College Gedeputeerden. Di Poelo Djawa mah provincie teh, tiloeanana oge, ngabogaan College Gedeputeerden. Sigana lamoen rek aja oge provincie noe teu boga College Gedeputeerden ngan di tanah Sabrang bae, kitoe oge tatjan poegoeh, sabab kadjadian anoe saroeapa kitoe teh, noeroetkeun katërangan Pangagoeng oge, hidji kadjadian anoe beunang dianggap loear biasa. Naon noe disëboet College Gedeputeerden teh, naon pagaweanana djeung kakawasaanana, ëngke di handap rek ditërangkeun. Ajeuna mah oerang nërangkeun heula Raad Provincie, adëganana, pagaweanana djeung kakawasaanana.

RAAD PROVINCIE.

Adëganana.

Ari noe djadi lid Raad Provincie teh dipilihna koe lid-lid Raad Kaboepaten djeung Gemeenteraad noe aia dina djëro wëwëngkon eta Provincie. Djoemlahna lid ditëtëpkeun koe Ordonansi, nja kitoe deui lobana anoe dipilih. Sesana diangkat koe Toean Bësar. Noe dipilih atawa diangkat dijadi lid tjitjingna koedoe di djëro eta Provincie, oemoerna geus 25 taoen djeung ngarti hënër kana basa Walanda. Dieung dina eta ordonansi disëboetkeun deui jen noe djadi lid Raad Provincie teh koedoe lalaki, djadi saajeuna mah, sata-tjanna eta Ordonansi dirobah, awewe teu meunang djadi lid eta Raad. Djaba ti eta noe teu meunang deui djadi lid teh: vice-president atawa lid Raad Hindia-Nederland, Algemeen Secretaris, kapala departement algemeen bestuur, gouverneur, voorzitter atawa lid Algemeene Rekenkamer djeung pagawe

noe dibawah koe eta Raad atawa anoe boga tanggoengan oeroesan doeit (rekenplichtig) ka eta Raad. Lilana djadi lid 4 taoen, kadjaba lamoen dipilihna atawa diangkatna pikeun ngaganti anoe sedjen; dina hal ieu djadi lidna teh salila noe tatjan kadjalanan koe lid noe eureun tea bae.

Pagaweanana.

Pagawean Raad teh, aja doea roepa: Kahidji „ngatoer djeung ngoeroes roemah tangga gewest; kadoea ngabantoe ngadjalankeun pamarentahan”. Dina hal ngatoer roemah tangga Provincie, nja Raad Provincie noe pangkawasa-kawasana. Tapi naon anoe kaasoe kana „roemah tangga” Provincie, soesah nérangkeunana. Dina ordonansi ngadégkeun Provincie, pagawean eta Raad teh teu ditérangkeun sakoemna. Ordonansi ngadégkeun Provincie Pasoendan misilna ngan nérangkeun sababaraha pasal bae tina pagawean Raad saperti: nētépkeun atawa ngarobah watës-watësna gemeente-kota; ngatoer pakoeboeran, ngoeroes wahangan, rawa, solokan djeung sabangsana; nembok sisi wahangan anoe beunang didjalanan parahoe atawa rakit; mere idin pikeun ngali barang tambang, ngajakeun soemoer bor ngatoer pangdjoelan oejah. Djaba ti eta ngadjalankeun pagawean Raad-Raad Gewest anoe geus leungit koe ngadégna eta Provincie, kadjaba lamoen eta pagawean Raad-Raad Gewest teh geus katjangking koe Raad Kaboepaten di satempat-satempatna.

Ngabantoeana ngadjalankeun pamarentahan.

Ari anoe kapapantjenan ngabantoe ngadjalankeun pamarentahan mah biasana College Gedeputeerden, kadjaba lamoen dina oendang-oendangna ditérangkeun jen anoe koedoe ngabantoe ngadjalankeunana teh Raad Provincie atawa Gouverneur koe andjeun. Soepaja bisa ngabantoe ngadjalankeun pamarentahan kalawan hadena, Provincie kawasa njeun verordening pikeun eta papatjen.

Kakawasaanana.

Raad kawasa narik padjég. asal besluitna disahkeun heula koe Toean Bësar. Djeung kawasa deui nētépkeun hoekoeman pikeun djalma anoe ngalanggar verordeningna, panglilana tilo boelan atawa dëngda panggédana saratoes roepia, boh

kalawan ngarampas barangna, boh hēnteu. Lamoen pikeun ngadjalankeun besluit, Provincie pērloe make bantoean poelisi, pērtoeloengan poelisi meunang dipenta koe Provincie sarta ongnosna koedoe dibajar koe djalma anoe ngadjalankeun palanggaran.

COLLEGE GEDEPUTEERDEN.

Adēganana.

Lid College Gedeputeerden pangloba-lobana 6 sarta sakoe-rang-koerangna 2. Anoe dipilih djadi lid eta College teu koedoe lid Raad Provincie bae, ti loear oge meunang. Tapi lamoen noe djadi lid eta College teh dipilih tina lid Raad Provincie, di mana eureun tina djadina lid Raad Provincie koedoe eureun deui tina djadina lid College Gedeputeerden. Saratna pikeun djadi lid eta College saroea bae djeung pikeun djadi lid Raad Provincie.

Lid College Gedeputeerden meunang gadjih, gēdena sakoe-maha anoe ditētēpkeun koe Raad Provincie kalawan disahkeun koe Toean Bēsar. Nja kitoe deui pagawean djeung kawadjiban eta College ditētēpkeunana koe Raad Provincie keneh.

Pagaweanana.

College Gedeputeerden dipasrahan ngadjalankeun besluit-besluit Raad Provincie djeung koedoe njadiakeun sagala pēr-kara anoe rek dirēm-poegkeun dina vergadering eta Raad. Djabha ti eta, koedoe nalingakeun pagawean gemeente-kota djeung kaboepaten.

Anoe koedoe didjaga, tēgēsna disahkeun koe College Gedeputeerden nja eta:

1. begrooting gemeente atawa kaboepaten djeung robahanana;
2. verordening hoekoeman anoe dikaloearkeun koe Raad Gemeente atawa Raad Kaboepaten;
3. besluit pikeun ngindjeum doeit goena gemeente atawa kaboepaten;
4. pērdjandjian kaboepaten atawa gemeente djeung noe sedjen-sedjen, misilna pērdjandjian antara kaboepaten djeung gemeente atawa sabalikna.

Salianna ti eta, College Gedeputeerden teh koedoe nalingakeun panarikan padjēg Gemeente-kota djeung Kaboepaten sarta koedoe njeun verslag tina verordening padjēg anoe geus di-

sahkeun pikeun disanggakeun ka Pamarentah. Lamoen aja besluit (verordening) Gemeenteraad, College Burgemeester djeung Wethouder, atawa besluit (verordening) Raad Kaboepaten atawa College Gecommitteerden anoe soelaja djeung verordening oemoem atawa djeung verordening Raad Provincie atawa djeung kapërloean oemoem, College Gedeputeerden aja hak pikeun njoehoenkeun ka Pamarentah soepaja eta besluit (verordening) teh oelah meunang didjalankeun atawa dileungitkeun.

Kakawasaanana.

Lamoen oerang nilik kana pagawean College Gedeputeerden noe ditërangkeun di loehoer, kakawasaan eta College teh tërang pisan gëdena. Sadjabana ti ngadjalankeun pingpinan sapapoë teh djeung sakabeh pagawean noe sedjen-sedjen, eta College koedoe ngadjalankeun pagawean anoe geus dipoetoos koe Raad Provincie deui.

Djeungna deui eta College koedoe djadi wakil Provincie pikeun ngoeroes përkara anoe baris dipariksa koe hakim, boh dina waktoe Provincie aia noe ngadawa, boh dina ngadawa, sarta koedoe djadi wakil ngoeroes përkara anoe sedjen noe teu koedoe dipariksa koe pangadilan. Pikeun ngadjalankeun pagaweanana meunang njeun verordening sakoemaha Raad Provincie bae, sarta koedoe mantoe-mantoe ngadjalankeun pamarentahan, misilna sakoemaha noe kaoeni dina artikël 6 djeung 7 Ordonansi ngadëgkeun Provincie. Di dinja disëboetkeun jen College Gedeputeerden koedoe tjampoer dina ngoeroes kaajaan desa sarta dina milihna anoe djadi kapala desa. Djeung saajeuna mah dina oeroesan përkara anoe koedoe diatoer koe Raad Provincie oge, saperti tina hal mere idin ngali barang tambang, diatoerna geus tjoekoe koe College Gedeputeerden bae. Dina Staatsblad 1926 No. 226 College Gedeputeerden dibere kakawasaan pikeun moetoeskeun naon noe geus dipoetoos koe Burgemeester djeung Wethouder atawa koe College Gecommitteerden, lamoen djalma anoe menta soerat idin noe kasëboet di dinja hënteu narima kana poetoesanana Burgemeester atawa Gecommitteerden.

Gouverneur.

Gouverneur djadi voorzitter tina Raad Provincie djeung College Gedeputeerden sarta kapasrahan ngadjalankeun besluit eta Raad atawa College. Lamoen noeroetkeun timbanganana,

eta besluit teh soelaja djeung verordening oemoem atawa djeung kapërloean djalma rea, kalawan asmana Toean Bësar eta besluit tea beunang teu didjalankeun atawa ditjaboet deui koe andjeunna, teu koedoe didjalankeun. Timbanganana kitoe teh koedoe hoeroe-boeroe ditjarioskeun ka Raad atawa College. Lamoen sanggeus tiloe boelan hënteu ditjaboet keneh bae atawa dipiwarang ditahan koe Toean Bësar, andjeunana wadjib ngadjalankeun eta besluit.

Vergaderingna Raad Provincie.

Vergadering Raad Provincie diajakeunana sarta dipimpinna koe Gouverneur. Waktoe vergadering teu ditangtoekeun, koe-maha katimbangna përloe bae koe Gouverneur atawa College Gedeputeerden. Lid oge meunang njoehoenkeun soepaja diajakeun vergadering, tapi njoehoenkeunana koedoe koe soerat noe nërangkeun sabab-sababna noe matak përloe diajakeun vergadering, sarta eta soerat teh koedoe ditanda sakoerangkoerangna koe sapërlimana tina djoemlahna lid.

Biasana vergadering Raad Provincie beunang dilaladjoan (openbaar), kadjaba lamoen katimbang koe voorzitter atawa koe sapërlimana tina djoemlahna ëlid-ëlid atawa leuwih, përloe koedoe ditoetoep. Tapi lamoen vergadering ditoetoep Raad teu meunang moetieskeun përkara-përkara saperti: begrooting atawa robahanana; ngajakeun, ngarobah atawa ngaleungitkeun padjég; ngindjeum doeit; ngadjoeal, njewakeun atawa ngëpakeun barang; ngadëgkeun atawa ngaroeag adëgan pikeun kapërloean oemoem djeung loba-loba deui. Lamoen Raad rek njieun poetiesan, koedoe noeroetkeun sora noe loba; oepama noe rëmpeog djeung noe teu rëmpeog saroea lobana, eta përkara koedoe dipandang hënteu karëmpeogan koe vergadering. Përkara noe patali djeung djëlëma, misilna përkara bënnoeman, distemna koedoe make soerat. Eta soerat stem teh koedoe ditoetoep sarta teu meunang ditanda. Lamoen lobana soerat anoe panoedjoe djeung noe teu panoedjoe saroea, dipoetiesna koe dilotre.

Lid College Gedeputeerden anoe lain lid Raad Provincie meunang noengkoelan vergadering sarta mere timbangan di dinja.

f. TAMBAHAN BOEKOE OENDANG-OENDANG HOEKOEMAN.

Pikeun ngadiaga kasalametan oemoem.

Dina taheun 1926, Pangagoeng geus ngaloeurkeun oendang-oendang panambah Boekoe Oendang-oendang Hoekoeman (B. O. H.), anoe maksoedna pikeun nalingakeun kasalametan oemoem kalawan nangtajoengan djalma noe meunang hoekoeman djeung ngahadean kaajaanana koe djalan:

1. ngagantoengkeun hoekoeman kana roepa-roepa përdjangdjian, tęgësna djalma noe meunang hoekoeman teh teu koedoe ngalakonan hoekoemanana, kadjaba lamoen manehana henteu nohonan kana djangdjina dina waktue noe geus ditëtëpkeun;
2. ngaleupaskeun djalma samemeh toetoep hoekoemanana kalawan make përdjangdjian.

Koe ajana eta oendang-oendang teh djol bae aja atoeran, nja eta atoeran reclasseering (batja karangan tina hal ieu, dina katia 172 maksoedna soepaja eta djalma hoekoeman anoe teu koedoe ngalakonan hoekoemanana djeung djalma anoe dileupaskeun kalawan përdjangdjian tea, didjaga djeung diping soepaja kalakoeanana oelah njasab deui, dirodjong-rodjong dieung dibantoe-bantoe soepaja bisa neangan kipajah djeung bisa njitjangan kaloenggoehanana noe bareto samemeh meunang hoekoeman tea, djeung kaakoe deui dina hiroep koemboeh.

Ma'loem, oerang tjiiting teh dina hiroep koemboeh, hiroep teh henteu sorangan, babarëngan dieung noe lian. Lamoen masing-masing dialma tęgtrëm pikiranana, kaajaan hiroep koemboeh tangtue tęgtrëm. Katęgtrëman hiroep koemboeh teh bisa kaganggoe koe kalakoean oerang keneh, teu koedoe koe loba-loba, koe sa oerang atawa doeaan oge geus matak tagajoer. Koe sabab eta, kalakoean atawa kaajaan dialma anoe bisa ngaganggoe katęgtrëman pikiran, djalma rea teh koedoe ditjégah atawa dihadean.

Koemaha niégahna atawa ngahadeanana?

Kahidji koedoe ngahargaan kasopanan oemoem, noe koe oerang sok disëboet adat tea. Kadoea koe djalan ngamoeljakeun agama. Katiloe koe ngadjoengdjoeng kakawasaan Pangagoeng, nja eta kakawasaan pikeun njingkirkeun djalma anoe ngagang-

goe kana katèngtrèman oemoem atawa kakawasaan pikeun ngajakeun atoeran anoe sapagodos djeung pikiran djalma rea.

Ari tanggoengan Pangagoeng pikeun katèngtreman nagara aja doea roepa: kahidji ngadjaga kaperloean djeung katèngtreman djalma rea, nja eta npingkirkeun djalma anoe kakuasaanana atawa kaajaanana ngaganggoe katèngtreman oemoem. Misilna djalma djawat dihoekoem, noe katerap koe panjakit noe sok tepa diasoepkeun ka roemah sakit, noe gelo dikirinkeun ka roemah gila.

Kadoea ngadjaga kasalamètan andjeunna, tègèsna koedoe ngajakeun atoeran pikeun moelasara kamoeljaanana. Misilna djalma noe ngalinakeun amtenar Nagara atawa kapala Nagara koedoe dihoekoem, soemawonna djalma anoe ngalawan ka Pamarentah mah atawa anoe rek ngaroentagkeun.

Poegoeh pisan ari pondok tea mah ieu boeboeka teh, moal sabarana terangna, tapi tjek rarasaan geus tjoekoep pikeun nerangkeun beuana ihuar Pangagoeng dina ngadjagana katèngtreman oemoem djeung kamoeljaan salirana mah. Tina hal pangriksa Pangagoeng pikeun katèngtrèman oemoem saperti „reclasseering” tea, moal dibedjer-beaskeun deui di dieu. Noe rek diterangkeun teh tina hal ihtiar Pamarentah dina ngariksa kamoeljaanana koe andjeun, nja eta noe patali djeung tambahanana B. O. H. noe tatjan sakoemaha lilana geus ditètèpkeun dina Staatsblad tahoen 1930 No. 31; eta atoeran anjar teh mimitina djalan ti tanggal 15 April tahoen 1930.

Robahan djeung panambahna B. O. H. teh nja eta pikeun ngahoekoem djalma anoe boga niat rek ngaroentagkeun Nagara koe djalan barontak atawa njieun hoeroe-hara. Ihtiar Pamarentah kitoe teh lain pikeun moelasara kamoeljaanana bae, tapi djeung pikeun ngariksa katèngtrèman djalma rea deuin. Ari sababna noe matak Pangagoeng ngajakeun eta wet anjar, koe kadjadian karoesoehan dina tahoen 1926/27 tea, nja eta karoesoehan kominis. Waktoe eta pèrkara dipariksa djeung dina waktoe Pangadilan rek nibankeun hoekoemanana, aja sawatara djalma noe sok soemawon dihoekoem tea, ieu mah teu beunang dipariksa-pariksa atjan, lantaran teu aja hidji pasal dina B. O. H. noe dilanggar, nadjan moal aja noe njèboetkeun jen eta djalma teh teu pantes teu meunang hoekoeman oge.

Ieu hal koe Pangagoeng katjida pisan dimanahanana djeung diihtiaran pisan soepaja oelah bisa kadjadian deui. Lila-lila nja

kapanggih sarta toeloej didjieun rarantjang oendang-oendang anoe dipasrahkeun ka Volksraad dina boelan Augustus tahoen 1929 tea. Maksoedna eta rarantjang ordonansi teh pikeun ngarobah sawatara pasal noe geus kaseboet dina Boekoe Oendang-oendang Hoekoeman.

Soepaja oerang bisa ngarti pisan kana maksoedna eta roban, oerang koedoe njaho heula eusina pasal-pasal anoe rek dirobah tea, kieu oenina:

Pasal 87. Aanslag (panaradjang) geus aja, lamoen geus aja djalma noe njoba-njoba ngalakoekeun kadjahahatan sarta panjoba-njobana tea beunang dihoekoem.

Pasal 107. Aanslag anoe dilakoekeun kalawan niat rek ngaroentagkeun soesoenan pamarentahan anoe sah mitoeroet grondwet atawa rek ngaroentagkeun giliran djadi radja boh rek ngarobah eta atoeran make djalan noe teu sah, dihoekoem pandjara panglilana limawelas tahoen.

Pasal 108. Aanslag anoe didjalankeun kalawan niat rek ngaroentagkeun atawa ngarobah soesoenan pamarentahan Hindia Nederland make djalan anoe teu sah, dihoekoem pandjara panglilana limawelas tahoen.

Pasal 109. Baris dihoekoem pandjara panglilana limawelas tahoen lantaran barontak (ngalawan Pamarentah) nja eta:

1. saha-saha noe ngadjak noe sedjen make pakarang kalawan niat rek ngalawan kakawasaan anoe geus ngadeg di Hindia-Nederland;
2. saha-saha noe kalawan make pakarang ngalawan kakawasaan anoe geus ngadeg di Hindia-Nederland.

Pasal 110. Rarageman pikeun ngalakoekeun salah sahidji kadjahatan anoe kasēboet dina pasal 104 — 109 dihoekoem pandjara panglilana gēnep tahoen.

Pasal 160. Saha-saha noe ngasoet (ngitjoek²) di hareupeun djalma rea, boh koe lisan boh koe toelisan pikeun ngadjalankeun hidji kalakoean noe beunang dihoekoem, atawa noe ngasoet soepaja djalma oelah daek noeroet atoeran oendang-oendang atawa parentah noe sah noe diparentahkeunana kalawan noeroetkeun atoeran oendang-oendang, dihoekoem pandjara panglilana gēnep tahoen atawa dēngda panggēdena tiloe ratoes roepia.

Pasal 161. Saha-saha noe njēbarkeun, mintonkeun atawa nempelkeun soerat noe eusina ngasoet soepaja djalma ngadja-

lankeun hidji kalakoean noe beunang dihoekoem, atawa noe eusina ngasoet, soepaja djalma oelah noeroet kana salah sahidji noe geus ditěrangkeun dina pasal noe di loehoer kalawan niat soepaja eusina eta soerat pangasoet tea dikanjahokeun atawa sangkan katjida dikanjahokeunana koe djalma rea, dihoekoem pandjara panglilana opat tahoen atawa děngda panggědena tiloe ratoes roepia.

Tah kitoe oenina B. O. H. noe patali djeung kadjahatan barontak, ngaroentagkeun Nagara, ngasoet pikeun ngajakeun hoeroe-hara djeung sadjaba ti eta teh, malah nja eta pisan pasal-pasalna anoe djadi loeloegoe pikeun ngahoekoem djalma anoe ngadjalankeun salah sahidji kadjahatan anoe kasěboet di dinja oge. Noe dikeunakeun ka djalma-djalma anoe njieun karoesoehan dina tahoen 1926/27 oge nja eta pisan pasal-pasalna teh.

Di dieu di hadja teu ditěrangkeun kakawasaan Pamarentah pikeun ngaboelang djalma, noe sok disarěboet „ngadigoelkeun” tea, nja eta kakawasaan Pamarentah anoe disěboet „exorbitante rechten” noe kaoeni dina pasal 35, 36 djeung 37 l. S. Ngarranna oge geus **exorbitant**, djadi tetela ajana di loear oeroesan hakim.

Na koemaha ari kakawasaan hakim?

Kakawasaan hakim mah boh dina hal mariksa djalma boh dina hal ngahoekoemna, kawěngkoe koe atoeran oendang-oendang, djadi hakim mah koedoe paham pisan kana atoeran oendang-oendang teh, sarta teu meunang soelaja ngadjalankeun kawadjibanana ti noe geus ditětěpkeun dina atoeran oendang-oendang tea. Tapi ari kakawasaan „ngadigoelkeun” mah goemantoeng kana timbangan Pangagoeng woengkoel, anoe moetoesna sanggeus ngadangoe timbangan adviseurna. Tapi nadjan ieu kakawasaan Pangagoeng teu goemantoeng kana anggěranggě Nagara oge, ngadjalankeunana mah moal salah tangtoe kalawan kaadilan.

Koe lantaran Pamarentah njangking eta hak, djadi salawasna kawasa pikeun njieuhkeun djalma anoe dianggap aja matakna pikeun kasalamětan oemoem, tapi nadjan kitoe eta kakawasaan teh aranglangka pisan dianggona koe Pamarentah teh, ngan oepama dina geus kapeped bae, geus teu aja djalan sedjen deui, sapěrti dina sanggeusna aja roesoeh dina tahoen 1926/27 tea.

Eta sababna noe matak eta kakawasaan Pangagoeng teu

O E P A M I kadjëtit, misalah, njëri
di djëro toelang dj. s. t.
këdah dilandongan koe

SLOAN'S LINIMENT



STUVE
NEK
?

Niets helpt
beter e vlugger dan -
SLOAN'S kills pain!

N. V. B. | G. STIBBE'S, Export Mij. Batawi




Sebagian dari pegawai redaksi Balai Poestaka.

PENGARANG KITAB BALAI POESTAKA



Toe an R. Memed Sastrahadiprawira,
pengarang „Pengeran Kornel”, „Mantri
Djéro” dll.



Toe an M. Jitnasastra al. Hardjawiraga,
pengarang „Patokaning njekaraken”,
„Bajan Boediman” dll.




Toe an Mh. Roesli,
pengarang „Sitti Noerbi


Himalaya Bouquet Paling Haroem



Minjak wangi




*Gemcek
ramboet*



*Minjak.
Ramboet*

Tni merk sadja jang Toelen!



*Laboen
baik*

ERASMIC-LONDON

ditjaritakeun di dieu, ngan sakadar pikeun mærtelakeun jen geus teu aja djalan sedjen deui bae pangna Pamarentah loba pisan „ngadigoelkeunana” djalma teh. Ari pangna teu aja deui djalan sedjen nja eta lantaran dina B. O. H. teu aja hidji pasal noe bisa ngahoekoem djalma² noe loba tea ari koc djalan oeroesan hakim mah.

Djadi tetela pisan dina B. O. H., ihtiar Pamarentah teu tjoe-koep pikeun moelasara kamoeljaanana, lain pikeun kapërloear andjeunna bae tapi loeloegoena mah pikeun kapërloean soe-soenan hoekoem noe geus aja djeung pikeun katengtrëman djalina rea. Kamoeljaan Pamarentah koedoe diriksa djeung diraksa, sanadjan di nagara atawa karadjaan anoe koemaha oge boh anoe demokratisch, boh anoe make dasar aristocratie atawa dictator.

Koe sabab geus tetela jen kamoeljaan Pamarentah teh teu bisa karaksa lamoen ngagoegoeloeng bae oendang-oendang noe geus aja, noe koerang tea, djadi ajeuna mah koedoe ihtiar deui pikeun njoekoepan kakoeranganana.

Dimana atoeh watesna kakawasaan Pamarentah lamoen kitoe? Djawabna teh gampang pisan. Pamarentah koedoe ngaraksa kamoeljaanana koe sagala ihtiar noe sapagodod djeung kaajaan nagara dina hidji waktue, asal oerang daek ngakoe bae jen Pamarentah kagoengan hidji kawadjiban, nja eta kawadjiban pikeun neangan ihtiar noe halal djeung asoep kara akal soepaja oelah aja kadjadian pabarontakan anoe moel salah deui tangtoe ngaroeksak katengtrëman oenoem djeung njoesahkeun ka djalma rea. Hidji djalan pikeun Pangagoeng soepaja eta pamaksoedan teh hasil, nja koedoe ngajakeun atoeran noe digantoengan koe hoekoeman, tégësna saha-saha noe ngalanggar atawa noe njoba-njoba rek ngalanggar eta atoeran, éngke baris ditibanan hoekoeman.

Sagala hal oge teu aja noe sampoerna, nja kitoe deui ieu ihtiar Pamarentah ari sampoerna mah meul, meureun. Djeung deui apan tadi di loehoer oge geus diséhoetkeun „hidji djalan”, djadi hartina aja deui djalan sedjen. Dina boeboeka geus ditérangkeun jen patokan katengtrëman hieup koemboeh teh aia sababaraha roepa, misilna adat kasopanan, agama djeung roepa-roepa atoeran atawa kasenangan oemoem anoe sapagodod djeung kahajangna djaman. Tapi nadja kitoe ari teu citoeroet mah atawa dianggap teu përloe, salah ieu atoeran teh.

Rēmēn pisan kadenge aja·noe ngomong kieu: Eta ihtitar Pamarentah kitoe teli teu pērloe, sabab mōal njoemponan kaia maksoedna.

Ka noe ngomong kitoe sok hajang nanja kieu:

„Koemaha ari artikel noe aja dina B. O. H. anoe ngantjam baris ngahoekoem djalma anoe maling, pērloe atawa hēnteu?”

Tjindekna nadjan koemaha oge tangtoengna djalma tina hal ieu, pērloe B. O. H. mah ditambahan koe sababaraha pasal deui noe sapagodōs djeung kaajaanana djaman, nja eta kaajaan Hindia dina waktōe-waktōe ieu. Sabab geus tetela pisan jen di dieu ajeuna geus aja heab-heab karēp djalma noe rek njoban-joba ngareboet kakawasaan, malah geus kadjadian pisan geuning aja noe njeun kariboetan, ngalawan ka Pangagoeng.

Pikeun ngadjaga soepaja oelah aja kadjadian kitoe deui, atawa pikeun ngadjaga soepaja djalma oelah rek njoban-joba ngarēboet kakawasaan Pangagoeng, pērloe pisan B. O. H. ditambah koe pasal-pasal anoe pibisaeun ngahoekoem djalmdjalma anoe boga pamaksoedan kitoe. Tah kitoe sababna noe matak Pangagoeng ngadamēl ordonansi anoe geus kasēboet di loehoer teh. Ajeuna B. O. H. geus dirobah deui nja eta nambahan kakoeranganana tea, kieu dirobahna teh.

Pasal 87. Aanslag pikeun hidji kalakoean geus dianggap kadjadian lamoen geus tetela jen aja pamaksoedanana, sabab geus dimimitian ngadjalankeun eta kalakoean noeroetkeun noe kaoeni dina pasal 53 *).

Pasal 88 bis. Ngaroentagkeun Nagara (omwenteling) hartina ngabaroentakkeun atawa ngarobah kalawan hēnteu sah: soesoenan pamarentahan mitoeroet grondwet, atoeran giliran djadi radja atawa soesoenan pamarentahan noe sah di Hindia-Nederland.

Pasal 107, 108 djeung 109 ditjaboet, diganti koe doea pasal anjar, nja eta:

Pasal 107. (1) Aanslag anoe dilakoekeun kalawan niat rek ngaroentagkeun Nagara, dihoekoem pandjara panglilana limawelas taoen.

(2) Pamimpin (panoentoen) djeung noe boga alpoekah nga-

*) Pasal 53 teh kieu oenina: „Njoba-njoba ngalakoekeun kadjabatan teh koedoe dihoekoem, oepama pamaksoedanana ngalakoekeun eta kadjabatan geus tetela sabab geus dimitian, ngan teu bisa anggeus bae sarta pang-teu-anggeusna teh lain koe karēpna sorangan.”

roentagkeun Nagara saperti noe kasěboet dina alenia 1, dihoekoem pandjara panglilana doea poeloeh taheen.

Pasal 108. (1) Noe dihoekoem pandjara panglilana limawēlas taheen sabab barontak, nja eta:

1. saha-saha noe kalawan make pakarang ngalawan kakawasaan noe geus ngadėg di Hindia-Nederland;
2. saha-saha noe kalawan aja niat rek ngalawan kakawasaan noe geus ngadėg di Hindia-Nederland, miloe atawa aseop kana koempoelan djalma noe marawa pakarang rek ngalawan eta kakawasaan.

(2) Pamingpin pabarontakan djeung anoe boga alpoekah barontak, dihoekoem pandjara saoemoer hiroep atawa panglilana doea poeloeh taheen.

Pasal 110. (1) Raragėman pikeun ngalakoekeun salah sahidji kadjahatan anoe kasěboet dina pasal 104 — 108 dihoekoem pandjara panglilana gėnėp taheen.

(2) Ieu hoekoeman teh keuna oge ka djalma anoe aja niat rek njadiakeun atawa anoe ngagampangkeun kana salah sahidji kadjahatan anoe kasěboet dina pasal 104 — 108:

1. ngadjak noe lian pikeun ngadjalankeun, nitah ngadjalankeun atawa miloe ngadjalankeun eta kadjahatan atawa pikeun mere tempo, daja oepaja atawa katėrangan pikeun ngadjalankeun eta kadjahatan;
2. ihtiar soepaja meunang atawa pikeun ngajakeun (geusan noe lian) waktoe, daja oepaja atawa katėrangan pikeun ngadjalankeun eta kadjahatan;
3. njimpėn barang sarta manehna njaho, jen eta barang teh pikeun ngadjalankeun eta kadjahatan;
4. njadiakeun atawa ngabogaan atoeran pikeun ngadjalankeun eta kadjahatan anoe rek dioearkeun ka djalma sedjen;
5. oesaha pikeun njėgah, ngahalang-halang atawa teu ngagoegoe ihtiar Pamarentah pikeun nolak atawa ngeureunkeun djalma ngadjalankeun eta kadjahatan.

(3) Barang anoe kasěboet dina alenia 2, sub 3 beunang dirampas.

(4) Djalma anoe maksoedna tetela ngan arek njadiakeun atawa ngagampangkeun parobahan atoeran Nagara teu beunang dihoekoem.

(5) Oepamana bae dina salah sahidji hal anoe kasěboet dina alenia 1 djeung 2, pasal ieu, eta kadjahatan teh nėpi ka

kadjadianana, hoekoeman anoe dipake ngantjam dina eta doea alenia beunang dilipët doea.

Pasal 111 bis. Dihoekoem pandjara panglilana gënëp tahoen:

1. saha-saha noe aia patalina djeung djalma atawa badan di loear Hindia Nederland kalawan aja niat rek ngadjak eta djalma atawa badan pikeun mere bantoean dina njadiakeun, ngagampangkeun atawa ngajakeun pabarontakan, atawa kalawan niat pikeun ngoeatkeun maksoed eta djalma atawa badan ngadjalankeun eta kadjahatan, atawa kalawan aja niat rek mere bantoean atawa djangdji rek ngabantoe eta djalma atawa badan tea, atawa aja niat rek njadiakeun, ngagampangkeun atawa ngajakeun pabarontakan;
2. saha-saha noe ngasoepkeun ka ieu nagara barang noe beunang dipake mere bantoean noe katembong pikeun njadiakeun, ngagampangkeun atawa ngajakeun pabarontakan, sädëng manehna niaho atawa bisa ngira jen eta barang teh diaiakeunana pikeun eta pisan;
3. saha-saha noe neundeun atawa djangdji ngajakeun barang noe beunang dipake mere bantoean noe katembong pikeun niadiakeun, ngagampangkeun atawa ngajakeun pabarontakan sarta njaho atawa bisa ngira jen eta barang teh pangdiajakeunana pikeun eta djeung eta barang atawa barang pikeun ngagantina teh diasoepeunana ka ieu nagara pikeun eta, atawa geus ditangtoekeun pikeun eta, koe djalma atawa badan noe ajana di loear Hindia-Nederland

Barang noe dipake pikeun ngalakoekeun kadjahatan noe kasëboet dina sub 2 djeung sub 3, alenia 1 teh djeung barang noe aja patalina djeung eta kadjahatan beunang dirampas.

Pasal 160. Saha-saha noe ngasoet di hareupeun djalma rea boh koe lisan boh koe toelisan pikeun ngadjalankeun hidji kalakoean noe beunang dihoekoem atawa noe ngasoet pikeun barontak ngalawan Kakawasaan oemoem atawa ngasoet soe-naia djalma-djalma oelah daek noeroet kana atoeran oendang-oendang atawa parentah anoe diparentahkeunana kalawan noeroetkeun atoeran oendang-oendang, dihoekoem pandjara panglilana gënëp tahoen atawa dëngda pangloehoerna tiloe ratoes roenia.

Pasal 161. Saha-saha noe njëbarkeun, mintonkeun atawa nempelkeun soerat noe eusina ngasoet soepaja djalma nga-

roentagkeun Nagara saperti noe kaséboet dina alenia 1, dihoekoem pandjara panglilana doea poeloeh tahoen.

Pasal 108. (1) Noe dihoekoem pandjara panglilana limawelas tahoen sabab barontak, nja eta:

1. saha-saha noe kalawan make pakarang ngalawan kakawasaan noe geus ngadég di Hindia-Nederland;
2. saha-saha noe kalawan aja niat rek ngalawan kakawasaan noe geus ngadég di Hindia-Nederland, miloe atawa asoep kana koempoelan djalma noe marawa pakarang rek ngalawan eta kakawasaan.

(2) Pamingpin pabarontakan djeung anoe boga alpoekah barontak, dihoekoem pandjara saoemoer hiroep atawa panglilana doea poeloeh tahoen.

Pasal 110. (1) Raragëman pikeun ngalakoekeun salah sahidji kadjahatan anoe kaséboet dina pasal 104 — 108 dihoekoem pandjara panglilana gënëp tahoen.

(2) Ieu hoekoeman teh keuna oge ka djalma anoe aja niat rek njadiakeun atawa anoe ngagampangkeun kana salah sahidji kadjahatan anoe kaséboet dina pasal 104 — 108:

1. ngadjak noe lian pikeun ngadjalankeun, nitah ngadjalankeun atawa miloe ngadjalankeun eta kadjahatan atawa pikeun mere tempo, daja oepaja atawa katërangan pikeun ngadjalankeun eta kadjahatan;
2. ihtiar soepaja meunang atawa pikeun ngajakeun (geusan noe lian) waktoe, daja oepaja atawa katërangan pikeun ngadjalankeun eta kadjahatan;
3. njimpën barang sarta manehna njaho, jen eta barang teh pikeun ngadjalankeun eta kadjahatan;
4. njadiakeun atawa ngabogaan atoeran pikeun ngadjalankeun eta kadjahatan anoe rek dioearkeun ka djalma sedjen;
5. oesaha pikeun njëgah, ngahalang-halang atawa teu nga-goegeue ihtiar Pamarentah pikeun nolak atawa ngeureunkeun djalma ngadjalankeun eta kadjahatan.

(3) Barang anoe kaséboet dina alenia 2, sub 3 beunang dirampas.

(4) Djalma anoe maksoedna tetela ngan arek njadiakeun atawa ngagampangkeun parobahan atoeran Nagara teu beunang dihoekoem.

(5) Oepamana bae dina salah sahidji hal anoe kaséboet dina alenia 1 djeung 2, pasal ieu, eta kadjahatan teh nëpi ka

kadjadianana, hoekoeman anoe dipake ngantjam dina eta doea alenia beunang dilipët doea.

Pasal 111 bis. Dihoekoem pandjara panglilana gënëp tahoen:

1. saha-saha noe aia patalina djeung djalma atawa badan di loear Hindia Nederland kalawan aja niat rek ngadjak eta djalma atawa badan pikeun mere bantoean dina njadiakeun, ngagampangkeun atawa ngajakeun pabarontakan, atawa kalawan niat pikeun ngoeatkeun maksoed eta djalma atawa badan ngadjalankeun eta kadjahatan, atawa kalawan aja niat rek mere bantoean atawa djangdji rek ngabantoe eta djalma atawa badan tea, atawa aja niat rek njadiakeun, ngagampangkeun atawa ngajakeun pabarontakan;
2. saha-saha noe ngasoepkeun ka ieu nagara barang noe beunang dipake mere bantoean noe katembong pikeun njadiakeun, ngagampangkeun atawa ngajakeun pabarontakan, sädëng manehna niaho atawa bisa ngira jen eta barang teh diaiakeunana pikeun eta pisan;
3. saha-saha noe neundeun atawa djangdji ngajakeun barang noe beunang dipake mere bantoean noe katembong pikeun niadiakeun, ngagampangkeun atawa ngajakeun pabarontakan sarta njaho atawa bisa ngira jen eta barang teh pangdiajakeunana pikeun eta djeung eta barang atawa barang pikeun ngagantina teh diasoepeunana ka ieu nagara pikeun eta, atawa geus ditangtoekeun pikeun eta, koe djalma atawa badan noe ajana di loear Hindia-Nederland.

Barang noe dipake pikeun ngalakoekeun kadjahatan noe kasëboet dina sub 2 dieung sub 3, alenia 1 teh djeung barang noe aja patalina djeung eta kadjahatan beunang dirampas.

Pasal 160. Saha-saha noe ngasoet di hareupeun djalma rea boh koe lisan boh koe toelisan pikeun ngadjalankeun hidji kalakoean noe beunang dihoekoem atawa noe ngasoet pikeun barontak ngalawan Kakawasaan oemoem atawa ngasoet soenaia dialma-dialma oelah daek noeroet kana atoeran oendang-oendang atawa parentah anoe diparentahkeunana kalawan noeroetkeun atoeran oendang-oendang, dihoekoem pandjara panglilana gënëp tahoen atawa dëngda pangloehoerna tiloe ratoes roepia.

Pasal 161. Saha-saha noe njëbarkeun, mintonkeun atawa nempelkeun soerat noe eusina ngasoet soepaja djalma nga-

djalankeun hidji kalakoean noe beunang dihoekoem, atawa noe eusina ngasoet soepaja djalma barontak ngalawan Kakawasaan oemoem, atawa noe eusina ngasoet soepaja djalma oelah noeroet salah sahidji noe geus ditérangkeun dina pasal noe di loehoer, kalawan niat soepaja eusina eta soerat pangasoet teh dikanjahokeun atawa leuwih dikanjahokeunana koe djalma rea, dihoekoem pandjara panglilana opat tahoen atawa dëngda pangloehoerna tiloe ratoes roepia.

Lamoen ajeuna eta atoeran nagara noe anjar teh prak dihandingkeun dieung noe heubeul, tetela pisan jen koe eta robahan teh, Nagara, nja eta Hakim, leuwih laloesa pikeun nangkëp djeung ngahoekoem djalma anoe boga dosa ngalawan ka Nagara. Soepaja leuwih etjes naon kakoeranganana B. O. H noe kanjahoan sanggeusna aja kariboetan kominis dina tahoen 1926/27 tea djeung koemaha njoekoeapanana eta kakoerangan koe parobahan anoe anjar, kieu katëranaganana.

Mimiti ocrang tërangkeun naon kakoerangan B. O. H. bareto. Ari kakoeranganana teh nja eta:

- a. lamoen aja kadjadian pabarontakan, djalma ngalawan ka Pangagoeng make pakarang, rëmën pisan kadjadian Nagara (hakim) teu bisa ngahoekoem kékëntongna, nja eta djalma noe ngaloearkeun pikiran pikeun barontak, djalma anoe ngatoer sagala-sagalana noe koedoe disadiakeun pikeun ngajakeun pabarontakan, djeung djalma anoe mingpin eta pabarontakan. Eta djalma teh teu beunang dihoekoem lamoen teu miloe sorangan kana eta pabarontakan, sëdëng nja manehna pisan anoe diadi loeloege ngaroeksak katëngtrëman oemoem teh. Dihoekoem noeroetkeun oenina pasal 109, alenia 1 noe heubeul teu bisa, sabab di dinia disëboetkeun „noe ngadjak noe sedjen”, barang pikeun ngaboektikeun „pangadjakna” tea katjida hesena. Nja kitoe deui pikeun ngeunakeun pasal 55 ka manehna teh keneh-keneh bae teu bisa, sabab koe eta artikël dipenta boektina anoe bisa netelakeun, jen eta djalma ngajakeunana pabarontakan kalawan ngahadja.
- b. Djeungna deui sanadjan manehna miloe ngalampahkeun eta pabarontakan djeung bisa ditarik ka pangadilan, lantaran ngalanggar pasal 109, tapi rërëmënna hese pisan pikeun ngajakeun boektina. Djadi dibisana oge hakim ngahoekoem manehna, hoekoemanana teh saroea bae

djeung pikeun djalma sedjen anoe miloe kana eta karoesoehan, nja eta panglilana 16 tahoen, sanadjan dina eta karoesoehan teh nēpi ka aja djalma anoe nēmahan pati oge, noe djadi kēkēntongna teh teu bisa dihoekoem leuwih ti sakitoe.

c. Ajeuna oerang oepamakeun bae hakim bisa mariksa djalma noe barontak, boh noe djadi kēkēntongna boh noe mariloena, tapi pikeun ngahoekoem mah tatjan poegoeh pibisaeunana, sabab soesah ngaboektikeunana jen eta djalma-djalma waktōe ngaroesoehkeun teh mawa pakarang. Tēgēsna lamoen djalma ngalawan teu make pakarang, teu bisa disalahkeun ngalanggar pasal 109, alenia 2, sabab di dinja disēboetkeun djalma noe beunang dihoekoem teh nja eta noe ngalawan kalawan make pakarang. Djadi pokona: **ngalawan dieung make pakarang.**

d. Koemaha ari pasal 108 djeung 107, hese deui bae kitoe ngadialankeunana noe matak diganti teh? Nja kitoe pisan, teu beda djeung noe geus ditērangkeun dina a djeung b.

Tah kitoe kakoeranganana B. O. H. bareto, samemeh ditambahan teh. Ari nambahanana, Pangagoeng teh teu sawajah, dioedji djeung ditimbang-timbang heula, dibandingkeun djeung pasal-pasal dina B. O. H. di nagri Walanda tina pēr-kara noe saroepa kitoe. Ari noe dipake batōe pangoedjianana, noe dipake lantaran pang diajaanana eta robahan, nja eta kajaan noe geus ditērangkeun tadi di loehoer. Geus aja taoenna Pangagoeng ngamanahan koemaha piakalaeunana, sangkan iasa ngadjaga kasalamētan djeung katēngtrēman nagara, sabab tetela pisan geus aja — nadjan saajeuna mah tatjan loba — anoe rek njoba-njoba ngarēboet kakawasaan kalawan paksa piroesa, malah geus kadjadian aja roesoeh ngalawan ka Nagara. Koe sabab eta koedoe dihihtiaranana teh, soepaja oelah kadjadian aja djalma noe njeun roesoeh, rek ngaroentagkeun Nagara. Kahidji atoeh koe ajana roesoeh (revolutie) teh apan sakitoe sok sangsarana, sok loba djalma anoe paeh langlajeuseun, sadjabana ti noe djadi parab pakarang teh. Kadōea pisakoemahaun teuing katalajahna djalma, da moal salah deui tangtōe ajana kēkēntong noe sawēnang-wēnang, lantaran kajaan nagara keur koesoet tea nēpi ka djalma² bisa sakamakama. Katiloe oeroesan nagara oge tangtōe awoet-awoetanana, nja kitoe deui kaajaan hiroep koemboeh.

Tah kitoe sababna noe matak Pangagoeng geus ngadamël hidji pasal panambahan B. O. H. teh, nja eta pasal 88 bis, noe nêrangkeun, naon ari hartina pabarontakan (revolütie); pasal 107, 108 djeung 109 diganti koe doea pasal anjar, nja eta pasal 107 djeung 108, djadi pasal 109 mah leungit bae. Loelogoena anoe dimaksoed mah nja eta soepaja bisa nga-hoekoem djalma noe djadi djadjadoeg tina pabarontakan djeung noe boga alpoekah. Pangtetelana aja maksoed kitoe koe kêtjap-kêtjap dina alenia 2, pasal 107 djeung 108. Dina pasal 107 diajaan hoekoeman pandjara 15 taoen pikeun djalma anoe ngalakoekeun aanslag kalawan niat rek ngaroentagkeun nagara. Ari dina pasal 108 hoekoeman noe aja di dinja pikeun djalma anoe barontak teh — nja eta anoe ditêrangkeun noe koemaha-koemahana noe beunang disêboet barontak — sakoemaha anoe kaoeni dina sub 1 djeung 2 alenia 1. Pikeun noe djadi djadjadoeg djeung noe boga alpoekah mah, hoekoemanana teh leuwih beurat, nja eta bisa nêpi ka 20 taoen lilana.

Tah kitoe pangna Pangagoeng ngadamël pasal 88 bis sarta ngarobah pasal 107, 108, 109, 160 djeung 161 B. O. H. teh.

Ari noe disêboet „pamingpin” aanslag teh — dina ieu karangan mah disêlang-sêlang bae koe kékêntong atawa djadjadoeg — nja eta djalma noe ngoeroes djeung noe noedoeh-noedoehkeun sagala hal noe pêrlœ didjalankeun, sakoer noe patali djeung aanslag, nja eta pikeun njadiakeun eta aanslag.

Noe boga alpoekah nja eta djalma noe mimiti pisan nembongkeun boga pikiran pikeun ngajakeun aanslag, sanadjan manehna teu milœ ngalakoekeun eta kadjahatan oge.

Ngaroentagkeun Nagara hartina ngalawan kakawasaan noe sah mitoeroet oendang-oendang.

Barontak (roesoeh) hartina ngaganggoe katêngtrêman oemoem, anoe dilantarankeun koe panggawe djalma sakoempoelan anoe ngaroeksak kasalametan djalma sedjen atawa barang, atawa sakoempoelan djalma anoe babarêngan hênteu ngadjalankeun kawadjibanana noe diparentahkeun koe oendang-oendang atawa noe ngalanggar hak djeung kakawasaan Pamarentah kalawan paksa piroesa.


Pakarang hartina sagala parobot pêrang, sagala barang anoe sok dipake ngabelaan diri atawa mêrgasa djalma dina waktœ pêrang.



Eta d
 lëma t
 sañjar
 mah t
 koedoe gëri
 djeug sëm
 lalësoe kit
 Oepama da
 dahar boebo
 Duryea's Maizer
 mah, tangt
 djagdjadg de

Saha anoe ngintën eta
 toean anoe sakitoe se-
 hatna djeung bėdasna,
 kamari ieu mah koeroe
 nakër. Tapi koe Duryea's
 Maizena tiasa djadi koe-
 at kitoe. Enggal geura
 ngagaleuh,

DURYEA'S



NGADAMEL BOEBOER MAIZENA DURYEA

$\frac{1}{2}$ tjisoesoë entjer, oejah saeutik, Maizena Duryea 2 sendok: Tjisoesoë tea koedoe ditaheurkeun sing nëpi ka ngagolakna, sanggeusna kakara didjait. Maizena noe 2 sendok tea koedoe ditinjoeh koe tjisoesoë tiis, sanggeusna kakara ditjitjikeun kana tjisoesoë panas tea saeutik-saeutik bari tēroes dikotjekkeun. Sanggeusna Maizena noe beunang ninjoeh tea beak, tēgēsna geus kabeh ditjampoerkeunana kana tjisoesoë noe panas tea, eta tjisoesoë teh koedoe ditagogkeun deui, tapi kade bisi seuneuna gēde teuing. Dimana geus ditagogkeun kakara beunang digoelaan, boh koe goela pasir boh koe goela beureum atawa koe sirop paneli oge saroea bae. Eta boeboer kakara beunang didjait dimana geus kēntēl pisan djeung dimana bae tipoengna tea geus leungit. Eta boeboer beunang oge ditjampoeran koe beubeureum ēndog beunang ngopjok, kitoe oge oepama hajang.

Poděng Maizena Duryea (pikeun gēnēp oerangeun)



2 kaleng tjisoesoë entjer, $\frac{1}{2}$ boengkoēs Maizena noe gēde atawa $\frac{2}{3}$ boengkoēs noe leutik, goela $2\frac{1}{2}$ sendok makan, ēndog 1, paneli, (koelit sitroen, koelit djēroek poeroet dj. s. b.).

Lolobana soesoë teh koedoe ditaheurkeun dibarēngan koe paneli djeung goela. Dimana geus asak, kakara ditjampoer koe Maizena Duryea noe beunang ninjoeh koe tjisoesoë sesana noe ditaheurkeun tea djeung beunang njampoeran koe ēndog noe beunang ngopjok, bari tēroes digoelis. Ari njampoerkeunana, dimana, eta adonan geus dalit pisan. Dimana tjisoesoë noe beunang naheur geus diabroekan koe adonan, ditaheurkeunana koedoe tēroes nëpi ka Maizena Duryeana asak, djeung ngagoēisna oelah arek eureun-eureun. Dimana eta poděng geus sēdēng kēntēlna, kakara beunang ditjitjikeun kana tjitakan poděng noe beunang ngabērēsihan djeung beunang ngoembah koe tjai tiis, sanggeusna koedoe ditiiskeun di tēmpat noe lindoek.

Eta poděng baris leuwih ngeunah didaharna, lamoen disajagikeunana disaoesan koe tjai boeah-boeahan.

Poděng Ganas (pikeun gēnēp oerangeun)

$1\frac{1}{2}$ kaleng tjisoesoë entjer, goela 2 sendok makan, Maizena Duryea $\frac{1}{2}$ boengkoēs leutik, ēndog 3 djeung ganas 1 beunang ngoeloeb koe tjigoela.

Eta ganas koedoe dikeureutan parasagi kawas dadoe. Njieun „poděng Maizena” djeung ēndog saperti tadi. Dimana geus meudjehna kēntēlna, eta poděng

KOEËH-KOEËH BASEUH

Koeëh talam



Tipoeng Maizena Duryea 4 sendok makan, toeloej tinjoeh koe tjai kalapa $\frac{1}{2}$ hoeloe djeun tjipati, kékëntélna koedoe dipisahkeun, goela beureum sameudjeulmana, daoen pandan 3 lambar. Tjipati, Maizena, goela beureum djeung pandan koedoe ditahurkeun bari digoeis népi ka këntélna rata; ari lilana kira-kira 10 ménit. Sanggeusna, kakara ditjitjikeun kana tjitakan.

Kékéntél tjipati tea koedoe dioejahan saeutik djeung ditipoeng-Maizenaan 1 sendok, toeloej tahurkeun deui sing népi ka rada kéntél, nja eta kira-kira sanggeus 10 ménit lilana. Sanggeusna koedoe ditjitjikeun kana

tjitakan noé beunang ngeusian koe adonan anoe ti heula tea, minangka keur bobodasna. Dimana geus tiis kakara dikeureutan.

Ongol-ongol

Njokot tipoeng Maizena Duryea, toeloej tinjoeh koe tjipati entjer; geus kitoe toeloej diabroekan goela beurem anoe bérésih, toeloej tahurkeun; sok daoen pandanan djeung dioejahan saeutik. Dimana geus asak sendokan koe sendok sasendok-sasendok, toeloej goelanggoelingkeun dina kalapa beunang maroed djeung beunang ngoejahan saeutik.



Anoe ditérangkeun di dieu ngan oekoer sawatara roepa koeëh bae, tapi saénjana „Maizena Duryea” teh beunang didjieun roepa-roepa kadaharan anoe ngareunah djeung sabangsana. Sakoer anoe maroendoet koe sim koering baris dlkintoenan boekoe pasakan.

GEO WEHRY & Co.

Batawi, Samarang, Soerabaja, Tjirébon, Tjilatjap, Makasar, Padang,

NGADAMĒL BOEBOER MAIZENA DURYEA

$\frac{1}{2}$ tjisoesoē entjer, oejah saeutik, Maizena Duryea 2 sendok: Tjisoesoē tea koedoe ditaheurkeun sing nēpi ka ngagolakna, sanggeusna kakara didjait. Maizena noe 2 sendok tea koedoe ditinjoeh koe tjisoesoē tiis, sanggeusna kakara ditjitjikeun kana tjisoesoē panas tea saeutik-saeutik bari tēroes dikotjekkeun. Sanggeusna Maizena noe beunang ninjoeh tea beak, tēgēsna geus kabeh ditjampoerkeunana kana tjisoesoē noe panas tea, eta tjisoesoē teh koedoe ditagogkeun deui, tapi kade bisi seuneuna gēde teuing. Dimana geus ditagogkeun kakara beunang digoelaan, boh koe goela pasir boh koe goela beureum atawa koe sirop paneli oge saroea bae. Eta boeboer kakara beunang didjait dimana geus kēntēl pisan djeung dimana baeo tipoengna tea geus leungit. Eta boeboer beunang oge ditjampoeran koe beubeureum ēndog beunang ngopjok, kitoe oge oepama hajang.

Podēng Maizena Duryea (pikeun gēnēp oerangeun)



2 kaleng tjisoesoē entjer, $\frac{1}{8}$ boengkoes Maizena noe gēde atawa $\frac{2}{8}$ boengkoes noe leutik, goela $2\frac{1}{2}$ sendok makan, ēndog 1, paneli, (koelit sitroen, koelit djēroek poeroet dj. s. b.).

Lolobana soesoē teh koedoe ditaheurkeun dibarēngan koe paneli djeung goela. Dimana geus asak, kakara ditjampoer koe Maizena Duryea noe beunang ninjoeh koe tjisoesoē sesana noe ditaheurkeun tea djeung beunang njampoeran koe ēndog noe beunang ngopjok, bari tēroes digoeis. Ari njampoerkeunana, dimana eta adonan geus dalit

pisan. Dimana tjisoesoē noe beunang naheur geus diabroekan koe adonan, ditaheurkeunana koedoe tēroes nēpi ka Maizena Duryeana asak, djeung ngagoēisna oelah arek eureun-eureun. Dimana eta podēng geus sēdēng kēntēlna, kakara beunang ditjitjikeun kana tjitakan podēng noe beunang ngabērēsihan djeung beunang ngoembah koe tjai tiis, sanggeusna koedoe ditiiskeun di tēmpat noe lindoek.

Eta podēng baris leuwih ngeunah didaharna, lamoen disajagikeunana disaoesan koe tjai boeah-boeahan.

Podēng Ganas (pikeun gēnēp oerangeun)

$1\frac{1}{2}$ kaleng tjisoesoē entjer, goela 2 sendok makan, Maizena Duryea $\frac{1}{8}$ boengkoes leutik, ēndog 3 djeung ganas 1 beunang ngoeloeb koe tjigoela.

Eta ganas koedoe dikeureutan parasagi kawas dadoe. Njieun „podēng Maizena Duryea” djeung ēndog saperti tadi. Dimana geus meudjuehna kēntēlna, eta podēng djeung ganas teh koedoe dieurihkeun kana tjitakan podēng dibagēntikeun. Lapisan

KOEËH-KOEËH BASEUH

Koeëh talam



Tipoeng Maizena Duryea 4 sendok makan, toeloej tinjoeh koe tjai kalapa $\frac{1}{2}$, hoeloe djeun tjipati, kékéntělna koedoe dipisahkeun, goela beureum sameudjehunnana, daoen pandan 3 lambar. Tjipati, Maizena, goela beureum djeung pandan koedoe ditaheurkeun bari dlgoeis něpi ka kěntělna rata; ari lilana kira-kira 10 mēnit. Sanggeusna, kakara ditjitjikeun kana tjitakan.

Kékéntěł tjipati tea koedoe dioejahan saeutik djeung ditipoeng-Maizenaan 1 sendok, toeloej taheurkeun deui sing něpi ka rada kěntěł, nja eta kira-kira sanggeus 10 mēnit lilana. Sanggeusna koedoe ditjitjikeun kana

tjitakan noé beunang ngeusian koe adonan anoe ti heula tea, minangka keur bobodasna. Dimana geus tiis kakara dikeureutan.

Ongol-ongol

Njokot tipoeng Maizena Duryea, toeloej tinjoeh koe tjipati entjer; geus kitoe toeloej diabroekan goela beurem anoe bėřsili, toeloej taheurkeun; sok daoen pandanan djeung dioejahan saeutik. Dimana geus asak sendokan koe sendok sasendok-sasendok, toeloej goelang-goelingkeun dina kalapa beunang maroed djeung beunang ngoejahan saeutik.



Anoe ditěrangkeun di dieu ngan oekoer sawatara roepa koeëh bae, tapi saėnjana „Maizena Duryea” teh beunang didjieun roepa-roepa kadaharan anoe ngareunah djeung sabangsana. Sakoer anoe maroendoet koe sim koering baris dikintoenan boekoe pasakan.

GEO WEHRY & Co.


Batawi, Samarang, Soerabaja, Tjirėbon, Tjilatjap, Makasar, Padang,

Dakalant, Pontianak, Bandjarasin, Medan



Eta boedak p̄rloe pisan dibere boeboer Duryea's Maizena, tapi lantaran kolotna teu njahoëun, nja n̄pi ka ajeuna oge tatjan dipangmeur likeun keneh bae.

Eta boedak saparantosna dibere boeboer Duryea's Maizena dja-di sehat kabina-bina. Noe mawi p̄rjogi enggal bae ngagaleuh keur poetra,



DURYEA'S

MAIZENA

18. TATANEN — DAGANG — KARADJINAN

MĒLAK KĒMBANG BOEKET. *)

Di dieu babakoena anoe rek didadarkeun teh tina hal mĕlak kĕmbang boeket bae, minangka toedoe djalan ka noe rek aroe-saha ngĕbon kĕmbang. Tapi samemeh nĕrangkeun koemaha prakprakanana mĕlak kĕmbang noe panghade-hadena pikeun boeket, rek make boeboeka heula saeutik, sabab sadjabana tina pĕrkara mĕlakna teh aja deui sababaraha pasal anoe pĕrloe dikanjahokeun lamoen oerang hajang hasil maksoed.

Naon atoe anoe pĕrloe dikanjahokeun teh?

Kahidji: „Di mana oerang nja koedoe ngĕbon?” Ari sababna noe matak oerang pĕrloe njaho di mana pitĕmpateunana oerang koedoe ngĕbon, lantaran ĕnja oge kalolobaanana kĕmbang bisa hiroep di sagala tĕmpat bae, boh di pagoenoengan boh di padataran, tapi ari kĕmbang boeket mah rata-rata koedoe dipĕlak di pagoenoengan bae. Malah aja sawatara bangsa kĕmbang boeket, sarta anoe kaasoep pangpajoena deuih, tara daekeun kĕmbarigan-kĕmbangan atjan lamoen dipĕlak di padataran teh. Aja radjeun djadi sarta kĕmbangan, tapi eta gagang kĕmbangna sok leuleus, goreng didjieunna boeket atawa kran. Ngan bangsa Orhidi (Orchidee) anoe teu kitoe teh, malah kalolobaanana leuwih aloes kĕmbanganana di tĕmpat panas ti batan, di tĕmpat tiis. Tapi lantaran kalolobaanana bangsa Orhidi dipĕlakna beda ti noe rek ditĕrangkeun, djadi teu pĕrloe didadarkeun di dieu.

Tĕmpat anoe hade pikeun ngĕbon kĕmbang boeket sakoerangkoerangna koedoe tĕmpat anoe loehoerna ti basisir 1500 kaki, ari noe panghadena pisan koedoe 3500 nĕpi ka 4000 kaki loehoerna teh. Ieu katĕrangan pikeun sakoemna bangsa kĕkĕmbangan boeket, ari pikeun saroeпа-saroeпаna mah ĕngke di handap ditĕrangkeun deui, sakalian bari mĕrtelakeun koemaha prakna mĕlak.

Kadoea: „Koemaha taneuhna djeung kaajaanana tĕmpat”. Taneuh likĕt teu hade dipĕlakan kĕkĕmbangan. Hadena kĕmbang boeket teh dipĕlakna koedoe dina taneuh bear anoe lendo. Ngan bangsa Chrysanth (saroni nagri) djeung bangsa lelie bae anoe

Kintoenan toean G. A. Noteboom, Tuinbouwkundig ambtenaar di Tjiandjoer.

aloes dipělak dina taneuh likēt teh, tapi dina taneuh bear noe lendo oge hade djadina. Ari noe pangäloes-aloesna dipëlakan këmbang mah nja eta tanah sawah, tapi tanah tégalan oge teu goreng, komo lamoen hade pangrawatna djeung ngagëmoekna mah.

Koemaha ari kaajaan tanah noe hade? Ari kaajaan tanah noe hade teh kahidji koedoe ngabogaan kamalir keur djalan tjai boh di sisina boh di têngah-têngahna, soepaja dina moesim halodo aja tjai pikeun njebor taneuhna atawa njiram pëpëlakanana, sabab di këbon teh përloe pisan aja tjai pikeun njiram pëpëlakan dina moesim halodo; geura moen teu kitoe, anoe boga këbon teh kapaksa koedoe ngala tjai ti noe djaoeh, ongkosna oge tangtoe gëde. Dina moesim panas sakabeh pëlak këmbang anoe masih disaoengan mah disiramna sapoë teh koedoe doea kali, nja eta isoek-isoek djeung pasosore. Lamoen tatjan këmbangan njiramna koedoe make embrat anoe liangna laleutik pisan. Dimana geus këmbangan mangka'de këmbangna bisi kasiram, sabab lamoen kasiram eta këmbang bisa dajdi baris keuna koe kasakit. Ari toetoe embratna tea koedoe mëlëntoeng tjara doedoekoej pëlëntoeng, ari liangna koedoe laleutik djeung kërëp. Saënjana lamoen pëlak këmbang masih aja keneh dina pangipoekan mah hade-gorengna pihasilleunana teh nja goemantoeng kana njiramna tea. Eta sababna noe matak dina waktoe njiram koedoe gantjang ngoepat-ngapitkeunana embrat teh, soepaja tjaina walatra, oelah aja noe ngëjëmbëng. Ipoekan anoe kakara diaradi disiramna koedoe koe tjeret, ari embrat gëde koedoe diwoengkoelkeun pikeun njiram noe geus galëde bae. Sadjabana ti eta tjaina oge koe oerang koedoe didjaga teu meunang tiis teuing. Koe sabab eta di deukeut kamalir teh përloe oerang koedoe njeun empang atawa balong tëmplat ngëmbëngkeun tjai soepaja bisa kapanasan koe panonpoë.

Kadoea koedoe gampang meunang gëmoek, babakoena nja eta gëmoek kandang. Ari sababna noe matak koedoe kitoe, lantaran pëlak këmbang boeket mah përloe pisan digëmoek koe gëmoek kandang teh, lantaran lamoen teu kitoe hamo bisa ngadatangkeun kaoentoengan. Ari noe pangäloesna didjieun gëmoek nja eta kokotor sapi atawa koeda. Kokotor ëmbe, domba atawa haiam oge hade dipake, tapi hese, langka bisa meunang loba. Gëmoek teu meunang, tëroes bae dipake, koedoe diëndëkkeun heula, sabab kokotor koeda anoe anjar

keneh mah koerang hade, panas teuing, matak perang kana pëpëlakan. Ka-beh-dieunakeun geus loba noe make gëmoek djeunan ditjampoer djeung gëmoek kandang. Eta teh katjida pisan hadena komo pikeun bangsa këmbang anoe koedoe digëmoek pohara mah. Éngke di handap rek ditataan sabaraha lobana gëmoek kandang djeung gëmoek djeunan pikeun saroe-pa-roepana këmbang dina oenggal rr². leu katërangan teu pikeun ngagëmoek taneuh anoe meudjehna hadena, hartina hade pisan hënteu, goreng teuing hënteu; lamoen manggih taneuh anoe goreng atoeh tambahan lobana gëmoek teh saeutik, lamoen manggih anoe hade, koerangan ti sakitoe.

Katiloë: koedoe deukeut kana tëmpat ngadjoealna. Lamoen eta tëmpat djaoeh teuing ti këbon, tangtoe pisan ongkos mawana këmbang ka dinja, gëde. Koe sabab eta (djeung bisa djadi deuih koe lantaran këmbangna lajoe sabab lila teuing di djalan), moal bisa paoenggoel-oenggoel harga djeung toekang dagang këmbang noe këbonna dareukeut ka dinja. Saroe-pa-roepana këmbang djeung atoeran mëlakna.

Chrysanth, anoe koe oerang sok disarëboet Krisan atawa Saroni.

Soepaja këmbangna araloes Krisan mah dipëlakna teh koedoe dina tëmpat noe loehoerna sakoerang-koerangna 2400 kaki ti laeet, malah ari hadena pisan mah dina tëmpat anoe loehoerna antara 2600 djeung 3600 kaki. Taneuhna koedoe katjida pisan lendona, tapi oelah bear teuing. Koe lantaran eta anoe panghade-hadena dikëbonan nja eta sawah. Dina taneuh tégalan oge bisa hade, tapi koedoe hade pisan pangrawatna djeung ngagëmoekna, koe sabab kitoe kaoentoenganana tangtoe koerangna, lantaran gëde teuing ongkos miarana tea. Lamoen Krisan dipëlak di tëmpat anoe leuwih handap ti noe kasëboet di loehoer, këmbangna tangtoe laeutik sarta pareang.

Ari noe sok diliarkeun, anakna. Atoeranana kieu: Anakna anoe masih leutik keneh sarta djaoehna sakoerang-koerangna ti tangkal indoengna 10 cm, dikeureut; ari ngeureutna koedoe deukeut pisan kana tangkal indoengna tea. Djadi areujna anoe ngarambat dina taneuh, pandjangna 10 nëpi ka 15 cm kabawa djeung anak Krisan anoe koe oerang rek dipëlak. Sanggeusna dikeureut beunang tëroes bae dipëlakkeun sarta areujna anoe tadi ngarambat tea koedoe kakoeboer kabeh, ngan bagian anoe daenan bae anoe oelah kakoeboer teh. Pëtana mëlak dina

heuleuranana koedoe dihoentoe-kalakeun, tjarangna kira-kira 35 cm. Dina ngagěmoek noe mimiti lobana gěmoek: 2 pikoel gěmoek kandang ditjampoer djeung 3 kati Ammophos 20/20, atawa 2 pikoel gěmoek kandang, 2 kati zwavelzure ammoniak djeung 2 kati dubbel-superfosfaat dina 1 RR pasagi. Sanggeus 2 boelan oemoerna koedoe digěmoek deui koe 4 pikoel gěmoek kandang djeung 4 kati Ammophos 20/20 atawa 4 pikoel gěmoek kandang ditjampoer koe 3 kati zwavelzure ammoniak djeung 3 kati dubbel-superfosfaat. Ęngke dimana geus ngamimitian kěmbangan tapi kěmbangna tatjan beukah, digěmoekna saminggoe sakali koe gěmoek entjer, nja eta tjai gěmoek atawa oepama teu aja tjai gěmoek, koe Ammophos 20/20 lobana 5 sendok tesi (pantji) dina saembrat gěde. Dina waktōe njiramkeunana eta gěmoek teh koedoe didjaga pisan soepaja daoen kěmbang oelah kasiram, sabab lamoen kasiram tangtōe pisan toetoeng. Ngagěmoekna koedoe satangkal-satangkal dipoetěr sakoerilingna, tjeret embratna koedoe diboeka.

Krisan teu meunang sina kěmbangan leuwih ti hidji, kěmbangna djeung siroengna noe djaradi dina kelek daoenna, nja kitōe deui siroengna noe djadi dina taneuh koedoe dipitjeunan. Ngan pikěmbangeun noe gěde bae noe koedoe diantěp teh djeung hidji deui pikěmbangeun baris pigantieunana eta kěmbang anoe gěde tea, niangkiran bisi paeh. Ęngke dimana geus tetela jen eta pikěmbangeun anoe gěde tea baris djadi, kakara noe hidji deui dipitjeun.

Krisan koedoe kapanasan, tapi kěmbangna mah oelah, sabab lamoen kapanasan sok toeloej bae lajoe; nja kitōe deui koe oerang koedoe didjaga soepaja eta kěmbang teh oelah kahoe-djanan. Koe sabab eta lamoen pikěmbangeunana tea geus gěde, heuleuranana koedoe geuwat disaoengan. Heuleuran² salawasna koedoe ngoedjoer ngaler, soepaja pěpėlakanana ari isoek-isoek bisa kapanasan. Tihang saoengna noe ti hareup loehoerna koedoe 1.50 m, ari noe ti toekang 1.20 m, nja eta soenaja saoengna tea rada monteng.

Dina waktōe ngagěmoek mindo, mintěloe dj.s.t. taneuhna teh koedoe sina poeraj, ari moerajkeunana koe sikoep. Oenggal² tangkal sakoerilingna koedoe dikamalirankeun, roebakna kira-kira 10 cm djeung djěrona 7 cm. Eta kamalir koedoe di-eusian koe gěmoek tjampoeran tea, sanggeusna kakara di-oeroeg koe taneuh pangalianana tadi. Tangkalna koedoe di-

bĕrĕsihan, „d i k e p e l” tĕk toekang pangĕbonan mah.

Anoe djadi hama noe panggĕde-gĕdena pikeun Krisan, nja eta anoe disĕboet koe oerang hama boeloek, „Ramularia” tĕk oerang koelon tea mah. Daoen Krisan noe keuna koe eta hama sok barodas, soepaan. Pangpangna eta hama ngagaksakna teh dina oesoem ngidjih, nĕpi ka radjeun kadjadian 80% lobana pĕlak Krisan anoe tara kapoeloek hasilna. Tangkal kĕmbang noe keuna koe eta hama, daoenna sok tarotol beureun. Lamoen geus rosa katĕrapna, roepa daoenna teh sok beureum kolot, teu lila deui toeloelj moerag; tangkaina merketete sarta kĕmbanganana oge teu bĕnĕr, tara galĕde. Panoelakna taja deui kadjaba ti koedoe boeroe-boeroe daoen noe geus katĕrap koe boeloek teh koedoe dipitjeunan toeloelj didoeroek. Aja oge noe sok njoba-njoba dioebaran koe Bordeaupap, disĕmprotkeun kana tangkal noe aja panjakitan tea, tapi eta tarekah teh nĕpi ka ajeuna oge tatjan aja tapakna.

Kadoea noe djadi hamana teh hileud laleutik. Pikĕmbangeun anoe dihakanan koe eta hileud tara kapoeloek deui, koe sabab eta lamoen manggih hileud laleutik, dina pĕlak kĕmbang oerang, koedoe boeroe-boeroe vae dipĕtik toeloelj didoeroek.

Kĕmbang Krisan noe ilahar dipĕlak, nja eta: Daisy (bodas), Daisy toelen (bodas), Mikado (bodas oedat-oedat gading), Merah djamboe, Kampaka (koneng), Koening tambaga.

Anjelir. *Dianthus Caryophyllus* (Caryophyllaceae), koe oerang mah disĕboetna anjĕlir bae atawa krudnagel.

Loehoerna tĕmpat pikeun ieu kĕmbang sakoerang-koerangna koedoe 3000 kaki ti laoet. Lolobana anoe dipĕlak di oerang, Anjelir Prantjis djeung Chaboud. Anoe gampang dipĕlakna Anjelir Chaboud djeung kĕmbangna oge leuwih loba, tapi aloesna teu sabaraha, nja kitoe deui hargana lamoen dibandingkeun djeung Anjelir Prantjis. Daoen kĕmbangna ipis djeung sisina reregean, ari daoen kĕmbang Anjelir Prantjis mah kandĕl, hipoe djeung teu reregean deuih sisina teh.

Noe diliarkeunana sĕtekanana; ari noe disĕtekna siroengna noe djadi dina kelek daoenna, nja eta siroeng noe geus galĕde, noe pandjangna oelah koerang ti 5 à 7 cm. Sanggeusna disĕtek daoenna dipitjeunan, sesakeun satĕngahna bae. Mĕlakna dina pangipoekan, lamoen dina moesim panas koedoe disaoengan, tapi dina moesim ngidjih mah teu koedoe. Dina waktoe teu aja hoedjan koedoe disiram. Djĕrona nantjĕbkeunana

koedoe satengahna, ari tjarangna 7 cm. Dimana eta sétékan teh geus akarana loba, kakara diliarkeun. Heuleuranana koedoe digémoekeun heula koe gémoekeun kandang noe geus lila. Lobana gémoekeun dina 1 RR pasagi: 8 pikoel gémoekeun kandang ditjam-poer koe 4 kati Ammophos 20/20. Lamoen samemeh dipélakan kēbon teh geus digémoekeun, éngke lamoen digémoekeun deui tjoe-koep koe gémoekeun djeunan atawa tjai gémoekeun bae. Ari ngagémoekeunna doea boelan sakali, lobana pikeun hidji tangkal 5 gr ammophos.

Pētana mēlak Anjelir Chaboud koedoe dihoentoe-kalakeun ari tjarangna 40 cm. Anjelir Prantjis tjarangna dina djadjaran 40 cm, ari anggana ti hidji djadjaran ka djadjaran sedjen 50 cm. Loba pisan noe ngēbon kēmbang tjarangna mēlak leuwih ti sakitoe, tapi saēnjana mah hēnteu pērloe. Dina sakoe-rilingna oenggal-oenggal tangkal koedoe ditantjēban toetoeroes noe pandjangna 80 cm. Anggana nantjēbkeunana koedoe 25 cm sarta koedoe sina njangsaja nantjēbkeunana teh nēpi ka anggana di loehoer mah 35 cm. Eta toetoeroes teh koedoe dipantēngan kawat, loehoerna noe panghandapna 15 cm tina taneuh, noe kadoea 30 cm djeung noe katiloe 45 cm. Djadi eta tangkal kēmbang teh kakoeroeng koe kawat, pangdjaga soepaja tangkalna oelah bengkok djadina atawa oelah roeboeh oepama aja hoedjan gēde.

Pēlak kēmbang koedoe katjida dimoemoelena, lain dina keur kēmbangan bae, tapi ti barang tjēb dipēlak oge taja bedana. Siroengna djeung pikēmbangeunana anoe djaradi dina kelek daoenna koedoe dipitjeunan, ngan anoe diantēp teh pikēmbangeun anoe dina poetjoekna bae djeung pigantieunana bisi pikēmbangeun anoe gēde tea paeh. Nja kitoe deui siroengna, ngan doea tiloe bae anoe koedoe diantēp teh, nja eta anoe djadina deukeut kana taneuh. Pikēmbangeun pigantieun kēmbang anoe dina poetjoek tea dipitjeunna éngke dimana geus tetela jen eta pikēmbangeun anoe gēde teh tangtoe baris djadina.

Koemaha ari siroeng anoe tadi disesakeun tea, teu aja noe koedoe dipitjeun? Eta mah goemantoeng kana kakoeatanana tangkal bae djeung kana djadina eta siroeng. Lamoen dina hidji tangkal misilna aja 4 siroeng anoe galēde ngarioeng deukeut akarna, teu koedoe aja noe dipitjeun. Tapi lamoen noe di handap teh ngan aja 2 atawa 3, noe sedjen noe beh loehoer koedoe dipitjeun. Dimana kēmbang anoe disesakeun

tea geus ligar, neukteukna teh koedoe deukeut pisan kana siroeng anoe pangloehoerna. Ieu siroeng engkena bakal kembangan, sarta lamoen geus kembangan, ngoeroesna nja kitoe deui bae sakoemaha anoe geus ditérangkeun di loenoer. Djadi sakabeh siroeng-siroengna iwal ti noe rek sina téroes ujau koedoe dipitjeunan, nja kitoe deui pikembanganunana, iwal noe aja dina poetjoekna djeung pigantieunana tea. Tah kitoe prakprakanana ngoeroes Anjelir teh, népi ka tangkalna galède ngarandakah, gagang kembangna parandjang. Djeung sing ingét dimana kembangna diala, ngeureutna koedoe deukeut pisan kana siroeng anoe pangloehoerna. Geura moen noeroet kana ieu papatah pelak kembang oerang moal tereh-tereh moegoeran.

Anjelier mah beunang dipélak sikina, asal pangipoekanana disaoengan. Tapi saénjana koerang hade lamoen oerang mëlak siki teh, sabab biasana pëlak kembang anoe tina siki kembangna sok goréng didjieunana boeket atawa krans.

Pelak kembang anoe hade dioeroesna bisa mere kaoentoengan ka oerang doea tahoen saténggah lilana. Dina moesim hoedjan, kembang teh koedoe boeroe² diala, oelah ditoenggoekeun népi ka ligarna pisan, komo Anjelier Prantjis mah oelah talangke deui, sabab gantjang moeragna dina moesim hoedjan mah.

Gladiolus hybridus (Iridaceae). Ieu kembang koe oerang mah disèboetna teh Kladiol. Lamoen hajang pajoe pikeun boeket, mëlakna koedoe dina témpat noe loehoerna leuwih ti 1500 kaki. Di padataran oge kembangna teh sok raajeun ataraloes, tapi gagangna biasana sok leuleus, koerang hade pikeun boeket, katoeroeg-toeroeg beutina tara beunang dipélakkeun deui. Koe sabab eta lamoen arek babaten mah oelah bae mëlak ieu kembang dina témpat noe loehoerna koerang ti 1500 kaki teh. Oentoengna tangtoe moal aja, sabab oenggal-oenggal rek mëlak kapaksa koedoe meuli bibit (beuti) deui.

Kladiol henteu kaasoeup kana kembang noe pilihan, ieu mah dina taneuh koemaha bae oge bisa djadi, asal hade ngomena djeung ngagëmoekna. Koe sabab kembangna beunang diala samemeh kembang anoe panghandapna beukah, Kladiol mah kaasoeup kana bangsa kembang anoe beunang dipélak dina moesim ngidjih. Kembang anoe saroeupa kieu, langka, henteu loba bangsana.

Ari ngagëmoekna: 3 pikoel gëmoek kandang ditjampoer



Klok gamblok

UNGHANS
J
UNGHANS
JUNGHANS
tjap
Bintang

Pangkiatna,
djalanna pangakoerna



Dr. Eckener (X), Komandan kapal terbang „Graf Zeppelin”, bersama anak boeahnja, waktoe kapal terbang itoe hendak berangkat dari Berlijn ke Amérika dan teroes mengelilingi doenia.




Kapal terbang „Graf Zeppelin”, jang soedah mengelilingi doenia.
Komandannya Dr. Eckener.

BATIKHANDEL ENGROS EN DETAIL

H. BILAL

NGABEANSTRAAT 21
— DJOGJAKARTA —
TELEFOON No. 580



Sajagi SIND'ANG BATIK DJOGJA. SOLO sarĕng PAKALONGAN, ti noe kasarna doegi ka noe pĕtinganana. Ke-ning moendoet dikintoenan koe reimbours atanapi ngintoenan artos ti pajoen

PANGAOS SAPOTONGNA

BATIK TJAP

Sindjang kĕbat ti . . f	1.50
doegi ka "	10. —
Sindjang ti "	1.25
doegi ka "	7 —
Oedĕng ti "	0.75
doegi ka "	3.—
Kĕkĕmbĕn "	1.—
doegi ka "	4.—
Lantjangan ti "	1.25
doegi ka "	2.—

SĔRATAN

Sindjang kĕbat ti . . f	5.—
doegi ka "	40.—
Sindjang ti "	4.—
doegi ka "	50.—
Oedĕng ti "	2.50
doegi ka "	15.—
Kĕkĕmbĕn ti "	3.—
doegi ka "	25.—

MOEGI DIEMOETKEUNI

Sasanesna ti noe parantos kasĕbat di loehoer, sajagi SAWITAN deuih ti pangaos f 7. doegi ka f 50.— Pĕsĕnan noe pangaosna kirang ti f 10.— moal dikintoenan oepami teu ngintoen artos ti pajoen mah

djeung 3 kali Ammophos 20/20 atawa gëmoek djeunan noe sedjen dina 1RR pasagi.

Noe dipëlak koedoe beutina, pëtana koedoe dihoentoe-kalakeun, ari tjarangna 15 cm, djërona 8 cm. Dina deukeut oenggal-oenggal lubang noe dipëlakan tea koedoe ditoetoeroesan koe awi anoe pandjangna sametër. Oepama eta pëlak këmbang teh geus djadi, tangkalna koedoe ditalian kana toetoeroes tea. Ari ngalana koedoe dimana doea këmbang anoe panghandapna geus ngamimitian beukah. Mangka hade daoenna anoe aja dina beutina oelah pisan kakeureut. Pikeun ngadjaga soepaja oelah kakeureut, daoenna teh koedoe ditjêkahkeun, geus kitoe kakara këmbangna dikeureut. Sanggeus diala këmbangna eta tangkal këmbang teh koedoe beutian deui, noe matak daoenna teu beunang kakeureut oge, sabab lamoen kakeureut, bisa djadi toeloej paeh, lantaran teu bisaun ngambëkan, da tatangkalan mah minangka ngambëkanana teh koe daoen. Njirikeunana beuti noe anjar geus kolot, dimana daoenna geus ngalaras. Ti dinja kakara dibongkar (dikali), beutina dipoë dina tëmplat anoe panas; sanggeusna toehoer, diteundeun di djëro goedang noe tiis djeung bisa kaanginan. Dimana geus mimiti djadi deui atawa di sabeulah handapna geus aja noe sëmoe-sëmoe barodas laleutik (piakareun) ti dinja mah koedoe boeroe-boeroe diliarkeun. Lilana dina djëro goedang teu tangtoe, bangsa Prins of Wales djeung Venus dina djëro 4 boelan oge geus beunang dipëlakkeun deui, tapi ari bangsa anoe rada leuir mah saperti White giant djeung White city koedoe 7 á 8 boelan diteundeunna teh. Hal ieu koedoe diingëtkeun koe oerang dina rek meuli bioit. Djaba ti eta aja deui noe koedoe diingëtkeun, nja eta leubeutna këmbang; bangsa këmbang ieu ngan saleundjeur bae këmbanganana, ari bangsa këmbang noe sedjen mah nëpi ka aja tiloe-opatna. Tangkal këmbang anoe aja tiloe-opatna këmbanganana taja ngcentoengkeunana, sabab këmbangna teu pati pajoe, gagangna sok leuleus, goreng pikeun boeket. Lamoen oerang ngabogaan bibit këmbang anoe kitoe, samemehna dipëlak mata holangna anoe teu përloe koedoe ditjotjogan koe peso anoe seukeut.

Beutina dina hidji-hidjina tangkal, loba, hidji atawa doea noe galëde djeung sawatara siki anoe laleutik. Eta beuti anoe laleutik beunang oge didjieun bibit dina djëro 2 tahoen. Ari pëtana ngabibitkeunana kieu: Beuti anoe laleutik koedoe di-

teundeun dina djero pēti ditjampoer djeung taneuh; pētina oelah ditoetoep. Sanggeus kitoe dikoeboer di kēbon, diangkat-angkat sanggeus 6 boelan. Ti dinja kakara dipēlak dina heuleuran.

Kladiol anoe galēde kēmbangna nja eta: Odin, Prins of Wales, L' Immaculee, White city djeung White giant (bodas), Venus (bodas soesoe), Baron Hulot (woengoe kolot), Schwaben (koneng), Chris djeung Red Emperor (beureum), Liebesfeuer, Mr. Mark (boelao ngora), Marchal Foch djeung Panama (kasoemba). Eta anoe kasēboet di loehoer kaasoe kana Gandavensis anoe ngan woengkoel pajoe pikeun boeket. Dina golongan Primulinus oge loba anoe aloes warna kēmbangna, tapi koe lantaran laeutik teu sabaraha dipikarēsēpna.

Aronskelk. *Calla aethiopica*, syn. *Richardia africana* (Araceae), koe oerang mah disēboetna *Calla* bae.

Kēmbangna bodas sarta aloes pisan. Dipēlakna koedoe dina tēmpat noe loehoerna hēnteu koerang ti 3000 kaki. Ngoeroesna gampang pisan, tapi koe sabab kaasoe kana kēmbang rawa dipēlakna oge koedoe dina tēmpat anoe bēsēk, saperti dina sisi balong, koelah djeung sabangsana. Lamoen dipēlak di tēmpat anoe kitoe teu koedoe digēmoe-gēmoe atjan. Tapi lamoen dipēlak di tēmpat noe kēri koedoe bae digēmoe. Eta kēmbang teh beutian sarta noe diliarkeunana nja eta beubeulahan beutina.

Kēmbangna babari pisan roeksakna, koe sabab eta lamoen dikirimkeun djaoeh-djaoeh koedoe diboengkoes koe kērētās ipis.

Viooltjes. *Viola tricolor*. *Violaricae*, koe oerang mah disēboetna kēmbang *Pense*.

Ieu kēmbang djadina ngan di pagoenoengan bae, noe loehoerna teu koerang ti 3000 kaki, malah nadjān di pagoenoengan oge lamoen teu leuwih ti 4000 kaki loehoerna mah koedoe bae disaoengan. Leuwih ti sakitoe loehoerna teu koedoe make sae deui sarta aloes pisan djadina.

Ari noe dipēlak sikina, tapi koedoe diipoek heula sarta ipoe-kanana koedoe disaoengan. Soepaja ēngke dina mindahkeunana bisa dipoetēr koedoe tjarang ngipoekna teh. Ari ngaliarkeunana dimana tangkalna geus 3 cm djangkoengna. Heuleuranana samemeh dipēlakan koedoe digēmoe koe gēmoe kandang noe geus heubeul, lobana 4 pikoel dina 1 RR pasagi. Pētana mēlak biasa bae, nja eta dihoentoe-kalakeun, tjarangna 20 cm. Oerang koedoe ati-ati pisan dina waktōe mindahkeunana. *Pidoea-tiloe*

djameun deui kana dipindahkeun, ipoekanana koedoe disiram, soepaja taneuhna bisa napél pageuh kana akarna sanggeusna dipoetér. Nja kitoe deui dina waktoe tjéb mëlakkeunana koedoe didjaga pisan soepaja eta taneuh noe aja dina akarna tea oelah kadédétkeun teuing népi ka padét. Koe sabab eta njaurna teh tjoekoe koe dioeroeg bae, taneuhna oelah didédét.

Viola odorata, *Pense leuweung*, koe oerang mah disēboetna Anata, bisa djadi di tēmpat noe leuwin nandap ti noe geus kasēboet di loehoer. Noe diliarkeunana beutina, sanggeusna meunang motongan.

Agapanthus umbellatus (Liliaceae) koe oerang mah disēboetna Lelie Boelao. Mëlakna gampang pisan, tapi lamoen dipélak dina tēmpat noe loehoerna koerang ti 2000 kaki, moal daekeun kēmbangan. Ieu kēmbang teh katjida pisan pajoena, sabab kēmbangna aloes pisan warnana, boelao, djeung gangna parandjang népi ka aja noe 80 cm. Sadjaba ti noe boelao aja deui noe bodas kēmbangna teh, tapi ari noe bodas mah rada roedjit oge mëlakna djeung rada leuir deuih kēmbanganana teh, nja eta sanggeus doea-tiloe tahoen ti barang tjéb dipélak.

Lelie boelao bisa dipélak sikina, tapi leukleuk népi ka aja tahoenna, kakara kēmbangan. Anoe biasa diliarkeun mah beutina, dina tēmpat noe geus meunang ngagēmoek. Tjarangna mëlakkeunana 60 cm. Ieu kēmbang dioeroesna gampang pisan, ari moesimna kēmbangan biasana, dina boelan November — December atawa samemehna. Soepaja kēmbangna araloes, dina boelan September eta pélak kēmbang teh koedoe digēmoek, lobana 3 pikoel gēmoek kandang ditjampoer koe 3 kati Ammophos 20/20 dina 1 RR pasagi.

Kerklelie. *Lilium longiflorum* (Liliaceae) koe oerang oge disēboetna Kerklelie bae. Noe panglobana diparélak nja eta bangsa *Longiflorum* djeung *longiflorum giganteum*. Oelah bae oerang ngēbon ieu kēmbang dina tēmpat noe loehoerna koerang ti 2000 kaki, sabab moal aja hasilna. Ari noe dipélak nja eta beutina. Lamoen hade mëlakna, beutina tea bisa anak baranahan, biasana aja tiloe-opatna noe galēdena djeung sawatara siki noe laleutik. Oepama oerang hajang mëlak loba tapi bahanna ngan saeutik, misilna ngan ngabogaan doea-tiloe beuti bae, bisa oge, kieu akalna: Eta beuti kēmbang teh koe oerang disisit, koelitna tea koedoe diangin-angin di tēmpat noe ioeh

soepaja toehoer; dimana geus rada toehoer tēroes diipoek, tjarangna 5 cm. Eta ipoekan teh oelah aja pangioeh-ioehna, tapi koedoe rēmēn disiram soepaja salawasna baseuh. Geura eta sisit teh bisa djadi, sarta lamoen geus 5 cm loehoerna koedoe boeroe-boeroe pindahkeun.

Taneuh noe aloes pikeun Kerklelie sadjabana ti lendo teh koerloe sarang deuih. Tēgalan anoe bear taneuhna (tjampoer djeung keusik) katjida pisan hadena. Gēmoečna dina 1 RR pasagi koedoe 8 pikoel gēmoeč kandang noe geus lila, ari mēlakna koedoe dihoentoe-kalakeun, tjarangna 40 cm, ari tjarangna djadjaran koedoe 50 cm. Ngoeboerna koedoe rada djēro, kira-kira 10 cm, ari sababna noe matak kitoe, lantaran Kerklelie mah beda ti noe sedjen. Anoe sok akaran teh lain ngan beutina bae, tapi sabagian tina tangkalna oge, nja eta anoe kakoeboer koe taneuh sok alakaran. Eta sababna noe matak koedoe djēro ngoeboerna soepaja loba akarna, djadi eta tangkal kēmbang teh koeat toer djadina moal kēri. Sanggeus doea-tiloe tahoen, heuleuranana geus rēmbēt pinoeh koe tangkal djeung beutina geus narondjol ka loear. Lamoen geus kitoe eta pēlak kēmbang teh koedoe tēroes dibongkar sarta beutina anoe araloes dipēlakkeun deui.

Oepama oerang rek ngirimkeun kēmbang ka tēmpat noe dja-
oeh soepaja oelah parotong di djalan, samemehna dikirimkeun koedoe ditjorokkeun heula doea-doea. Kēmbang noe geus ligar, bēnang sarina koedoe dipitjeunan, sangkan tipoeng sarina oelah amoeratēl kana daoen kēmbang, bisi matak roeksak.

Lathyrus odoratus (Leguminosae). Pronkerwt atawa Sweet Pea, koe oerang mah disēboetna Katjang Kēmbang.

Dina tēmpat noe loehoerna koerang ti 3000 kaki mah ieu kēmbang tara djadi lamoen dipēlak teh. Mēlakna hadena pisan mah, dina moesim halodo, nja eta dina awal boelan Mei nēpi ka boelan Augustus katompernakeun, sabab lamoen kagējēr teuing koe hoedjan sok goreng djadina. Ari pēta mēlakna koedoe tjara mēlak katjang kapri, djadi koedoe make seseg; ari noe dipēlakna sikina. Heuleuranana koedoe digēmoeč, tapi oelah loba teuing ngagēmoečna hidji satēngah pikoel gēmoeč kandang oge dina 1 RR pasagi geus tjoekoep. Engke lamoen geus djadi sarta katembongna eta pēlak kēmbang teh teu pati soeboer, koedoe digēmoeč deui koe tjai gēmoeč.

Katjang Kēmbang anoe panghadena nja eta anoe sok kēm-

bangan dina katompernakeun taheen atawa dina moesim tiis. Anoe sok kembangan dina awal taheen atawa dina moesim halodo, kembangna sok saeutik djeung tara koeat lila. Ieu kembang kakara bisa kembangan lamoen dipelak di tempat anoe loehoerna teu koerang ti 4000 kaki, pikeun di oerang mah.

Dahlia variabilis (Compositae), koe oerang diseboetna Dalia bae Ari Dalia teh aja doea roepa, nja eta Dalia gede djeung Dalia leutik, diseboetna koe Walanda mah Dahlia Decoratief djeung Dahlia Pompon. Dalia gede kembangna oge galde, nja kitoe deui daoen kembangna, ari Dalia leutik kembangna laleutik, daoen kembangna rada lentjop ka djero. Atoeran melakna, boh Dalia gede boh Dalia leutik saroea bae. Di padataran oge Dalia mah bisa djadi, asal taneuhna oelah liket teuing bae djeung beuti noe dipelakna koedoe noe gede. Dina taneuh bear heuleuranana koedoe digemoek koe 3 pikoel gemoek kandang noe geus lila djeung 2 kati Ammophos 20/20 dina 1 RR pasagi. Tapi lamoen oerang ngëbon dina tempat noe taneuhna liket digemoekna koedoe koe kotoran koeda djeung hampas, soepaja djadi rada bear.

Melakna Dalia biasa bae koedoe dihoentoe-kalakeun, pikeun Dalia gede tjarangna 1 m, Dalia leutik 80 cm.

Lamoen oerang rek melak Dalia, bibitna koedoe dipilih pisan, hadena lamoen oerang milih Dalia anoe dipoedji koe prijs-courant tina kakoeatan tangkalna, aloes djedjerna djeung lempeng tangkalna. Kembang noe gagangna leuleus nepi ka ngoelapes, biasana tara pajoe. Soepaja oelah leuleus gagang kembangna, anoe koedoe diantep djadi teh ngan siroengna noe djadi tina beutina bae. Siroeng noe djadi tina kelek daoen mah koedoe dipitjeunan.

Dalia diliarkeunana gampang pisan. Oerang bisa melak beutina atawa setekanana. Ari noe disetek nja eta siroengna noe ngora noe panghadena sarta pangheulana djadi tina beutina. Siroeng anoe djadi dina kelek daoen oge beunang disetek, tapi tangkalna koedoe geus kolot; ngan bae koe sabab siroeng noe djadi dina tangkal mah sok parandjang roeasanana, saeutik pisan arëp-arëpeunana kana hade djadina. Lamoen oerang teu boga bibit sorangan, koedoe meuli ti nagara deungeun; ari atoeran melakna sangkan rekah koedoe kieu: Mimiti bibit (beuti) anoe meunang meuli ti nagara deungeun teh koe oerang koedoe dipelak sakoemaha biasa bae, oepama tangkalna geus da-

oenan, koedoe dikabiri, loehoerna motongna tina taneuh kira-kira satampah. Geus kitoe heuleuranana koedoe digëmoek deui. Heuleut sawatara lilana ti ëntas dikabiri, eta Dalia teh tangtoe siroengan deui. Eta siroeng noe anjar lamoen geus 10 cm pandjangna koedoe disëtek toeloej dipëlak dina pangipoekan noe ioeh. Samemeh dipëlak, eta siroeng koedoe diteukteuk heula poetjoekna sarta daoenna dibeulah. Soepaja indoeng Dalia anoe disëtek siroengna tea oelah paeh, koedoe aja noe disesakeun sahidji mah siroengna teh.

Oepama anoe rek diliarkeunana teh lain sëtekanana tapi beutina, tangkalna anoe rek didjieun bibit koedoe sina këmbangan heula doea kali. Loba pisan boekoe noe nërangkeun jen Dalia koedoe dibongkar sanggeus këmbangan sakali, djadi dina mimiti rek moegoeran, ari beutina koedoe diteundeun di djëro goedang nëpi ka siroengan deui. Tapi saënjana ieu atoeran teh teu hade. Noeroetkeun pamanggih mah beuti Dalia noe diteundeun sanggeus kakara këmbangan sakali teh sok boeboek; dina doea-tiloe boelan oge beak djadi kawas tipoeng; tapi lamoen dibongkarna sanggeus këmbangan doea kali, dimana geus moegoeran kadoea kalina, lamoen beutina diteundeun di djëro goedang kakara moal roeksak. Samemeh dipëlak, eta beuti Dalia teh koedoe dibeulahan heula, djeung oenggal beulah koedoe aja bagian tangkalna. Beuti anoe teu aja pisan siroengan moal aja mata holangan, djadi moal djadi masih dipëlak oge.

Aster (Compositae). Herfstaster. Koe oerang mah disëboetna Astër Boelao atawa Astër Bodas.

Koe sabab mëlak Astër mah saroea bae, teu aja beda-bedana, djadi pëtana mëlak saroea-saroeana maol didadarkeun di dieu.

Astër teh aloes pisan djadina lamoen dipëlak dina tëmpat noe loehoerna leuwih ti 2000 kaki. Ngoeroesna teu hese ka-toeroeg-toeroeg noe diliarkeunana teh beutina. Ngagëmoekna teu koedoe loba-loba, asal daek ngadjaga soepaja gagang këmbang anoe eus moerag këmbangna koedoe boeroe-boeroe dipitjeunan, sabab lamoen diantëp, tangkalna tangtoe djadi goreng sarta këmbanganana beuki lila beuki koerang.

Gëmoekna dina mimiti mëlak: 4 pikoel gëmoek kandang dina 1 RR pasagi. Sanggeusna dipëlak koedoe digëmoek deui dina opat atawa lima boelan sakali.

Astër noe loba di oerang nja eta:

Aster cordifolius. Ieu këmbang tangkalna pëndek djeung nga-

ronjok, kembangna oge ngaronjok laleutik, ari warnana boelao. Pandjangna gagang kembangna 25 nepi ka 30 cm. Lamoen oerang mēlak ieu kembang, pētana koedoe dihoentoe-kalakeun, tjarangna 20 cm.

Aster incisus. Ieu mah kembang teh leuwih pandjang gagangna ti *Aster cordifolius* djeung teu pati ngaronjok teuing, djadi bisa rada galēde oge, ari warnana woengoe. Mēlakna saroea bae dihoentoe-kalakeun, tjarangna 35 cm, ari anggangan djarangan koedoe 40 cm.

Aster multiflorus, gagang kembangna 1 m pandjangna. Kembangna ngaronjok laleutik, warnana barodas; dina sahidji-hidji gagang teh kembangna loba pisan nepi ka katembongna ngahidji siga gēde. Mēlakna dihoentoe-kalakeun, tjarangna 40 cm.

Gerbera Jamesoni (Compositae). Gember tjek oerang mah.

Ieu kembang teh geus katjēloek pisan. Mēlakna gampang, tapi lamoen dipēlak di tēmpat noe loehoerna koerang ti 1000 kaki, tara loba kembangna djeung sok laleutik deuih kembangna teh. Ieu kembang hēnteu tampikan, dipēlak di tanah koemaha bae oge daekeun djadi, nja kitoe deui ngagēmoekna oge teu hese. Ngan dipēlakna koedoe dina tēmpat noe negla sarta radjeun digēmoek. Ari noe dipēlak beutina, ngan kapantrangna teh oelah djēro teuing bae mēlakna, sabab lamoen djēro teuing, sok tēroes boeroek.

Polianthus tuberosa (Amaryllideae), koe oerang mah disēboetna Sēdēp Malēm. Ieu kembang teh dipēlak di mana oge djadi bae, boh di pagoenoengan boh di padataran. Ari noe biasa dipēlak beutina. Kembangna barodas sarta gagangna parandjang. Ieu kembang teh katjida seungitna, komo lamoen ti peuting, noe matak disēboetna oge koe oerang mah Sēdēp Malēm. Mēlakna teu hese, beutina babari pisan anak baranahanana, djadi oerang gampang pisan boga pibibiteun. Lamoen oerang mēlak Sēdēp Malēm, tjarangna koedoe 20 cm, ari anggangan djarangan 30 cm. Taja lian noe koedoe dioeroes ngan soepaja heuleuranana koedoe baseuh salawasna. Lamoen geus koerang kembanganana, eta nēlak kembang teh koedoe boeroe' dibongkar, beutina disēmplekan sarta toeloelj dipēlakkeun deui.

Kembang Sēdēp Malēm aja doea roepa, aja noe kembangan sakali aja noe doea kali satahoen. Ari noe pajoe nja eta noe kembangan doea kali satahoen tea.

b. KONINKLIJKE PAKETVAART MAATSCHAPPIJ.

Ajana K. P. M. (Koninklijke Paketvaart Maatschappij) di Hindia teh geus tjampleng 40 taoen lilana. Kapal-kapalna noe mimiti dipake dina mimiti moeka palajaranana — dina boelan Januari 1891 — ngan 28 lobana katoeroeg-toeroeg laleutik deuih.

Lamoen kaajaanana K. P. M. di djero 40 taoen tea koe oerang ditalingakeun, eta pisan, jen eta maskape teh madjoe, nja kitoe deui pitoeloengna pikeun kamadjoean tanah Hindia djeung pangeusina oge katjida gedena.

Beuki lila tambah loba bae kota noe beuki galède djeung tambah rame lantaran kadatangan koe kapal-kapal K. P. M. teh. Beuki lila tambah loba bae kapal-kapal noe balawiri di Hindia moeat barang atawa djalma teh. Geura moen oerang ngilikan kaart Hindia Nederland, katendjona mani pasoeriwèt koe goerat-goerat noe noedoeheun djalanna kapal-kapal K. P. M.

Di loehoer geus diséboetkeun jen eta maskape teh mimitina mah ngan ngabogaan 28 kapal. Barang ajeuna sanggeus 40 taoen lilana, reana kapal teh teu koerang 150, aja noe didjalankeun koe stoom djeung aja oge anoe didjalankeun koe motor, nja kitoe deui gedena panta-panta, teu saroea. Eta kapal-kapal teh sakabelna oge araloes, nadjan anoe geus heubeul oge; ari lantaranana taja lian, koe sabab K. P. M. mah ana njeun kapal teh tara sok sagawajah, da sok katjida ngingétkeunana kana kasalametan pimomoteunana, nja kitoe deui pangrawatna, tara eleh koe noe lian.

Sakoer noe geus balajar make kapal K. P. M., moal aja saerang-oerang atjan anoe teu nerangkeun jen kapal-kapal K. P. M. teu hade djeung teu bararésih. Koe sabab eta katjida pisan pajoena. Dina sataoen-taonna leuwih ti samalioen djalma anoe balajar make kapal K. P. M.

Koe lantaran ajana kapal-kapal K. P. M., pangeusi poelo-pelo di Indonesia anoe sakitoe pabaréntjajna teh, noe baheula mah soemawon moen wawoeh tea, njaho ge henteu jen aja poelo sedjen djeung pangeusina teh, ajeuna mah bisa hiroep koemboeh, tjampoer pagaliwota, babarëngan oesaha, malah noe patjorok laki-rabi oge teu koerang.

Ieu di handap berendelanana poë balajarna kapal-kapal K.P.M. sakoer noe katimbang perlöe di Hindia Nederland.

Batawi — Padang	:	Oenggal poë Rëbo (sneldienst) djeung minggoe ieu: poë Sënen djeung Këmis, minggoena deui poë Rëbo.
Padang — Batawi	:	„ „ Ahad (sneldienst) djeung minggoe ieu poë Sënen djeung Djoemaah, minggoena deui poë Këmis.
Batawi — Tëloek Bëtoeng:	„	„ Sënen, Rëbo djeung Djoemaah.
Tëloek Bëtoeng — Batawi:	„	„ Salasa djeung Saptoe.
Batawi — Palembang	:	„ „ Sënen, Salasa djeung Rëbo.
Palembang — Batawi	:	„ „ Sënen, Djoemaah djeung Saptoe.
Batawi — Balawan Deli :	„	„ Saptoe (sneldienst) djeung 14 poë sakali, dina poë Sënen.
Balawan Deli — Batawi :	„	„ Këmis (sneldienst) djeung 14 poë sakali, dina poë Saptoe.
Batawi — Singapoer :	„	„ Sënen, Djoemaah djeung Saptoe; djeungna deui 14 poë sakali, dina poë Këmis.
Singapoer — Batawi :	„	„ Djoemaah djeung Ahad, djeung minggoe ieu poë Sënen djeung Këmis, minggoena deui poë Saptoe

Batawi — Pontianak	:	„	„	Rēbo djeung Saptoe.
Pontianak — Batawi	:	„	„	Kėmis djeung Saptoe.
Soerabaja — Makasar	:	„	„	Kėmis (sneldienst) djeung minggoe ieu poë Ahad, minggoena deui poë Saptoe.
Makasar — Soerabaja	:	„	„	Saptoe (sneldienst) djeung minggoe ieu poë Ahad, minggoena deui poë Sėnen.
Soerabaja — Mėnado	:	„	„	Ahad 14 poë sakali.
Mėnado — Soerabaja	:	„	„	Ahad 14 poë sakali.
Soerabaja — Tarakan	:	„	„	Kėmis.
Tarakan — Soerabaja	:	„	„	Sėnen.
Soerabaja — Balikpapan	:	„	„	Salasa djeung Kėmis.
Balikpapan — Soerabaja	:	„	„	Sėnen djeung Djoemaah.
Soerabaja — Balawan Deli	:	„	„	Kėmis (sneldienst).
Balawan Deli — Soerabaja	:	„	„	Kėmis (sneldienst).
Samarang — Balawan Deli	:	„	„	Djoemaah (sneldienst) djeung 14 poë sakali oenggal poë Saptoe.
Balawan Deli — Samarang	:	„	„	Kėmis (sneldienst) djeung 14 poë sakali dina poë Saptoe.
Palembang — Djambi	:	„	„	Rēbo.

Djambi — Palembang : „ „ Djoemaah

Těloek Bětoeng — Měrak: oenggal poë.

Měrak — Těloek Bětoeng: oenggal poë.

Saban taoen K. P. M. sok ngaloearkeun boekoe atoeran balajarna kapal-kapalna. Bisa djadi katěrangan noe di loehoer teh bakal dirobah, tapi sanadjan kitoe, ari lobana kapal-kapal noe arindit mah moal dikoerangan, ari noe pibisaeun geseh teh — kawasna — ngan oekoer poëna djeung waktoena bae.

MAHABHARATA SERIE

Boekoe Mahabharata teh nja eta hidji boekoe-soetji oerang Hindoe, minangka Koeränna di bangsa oerang. Ari koe kitoe tea mah pantěs nadjan leuwih ti kitoe oge diaranggapna koe maranehna, lantaran Mahabharata teh beunang disěboetkeun roepoeton babonna kaoetamaan.

Eta boekoe koe Bale Poestaka ditimbangan disoendakeun djeung didangding koe djoeragan M e m e d S a s t r a h a d i p r a w i r a, noe ngarang Pangeran Kornel tea.

Anoe parantos kaloear:

- 1 Loeloehoer Pěndawa f 0.20
- 2 Pěndawa Djadjaka f 0.25
- 3 Ekalaja „ 0.20
- 4 Pěndawa Papa . . „ 0.25
5. Pěndawa Ngaděg Radja (keur ditjitak).

19. PANGAWERŌEH AWEWE

KAOLAHAN *)

1 Pindang tētēi

Daging sapi atawa moending anoe tjampoer djeung gadjih ngora, keureutan sagēgēde peureup, meunang ngoembah bē-rēsih toeloej toeoeskeun. Sanggeusna toeoes, digalej djeung oejah, asēm sing meudjehna, make goela kawoeng saeutik.

Oepama dagingna sapon atawa sakati, boengboena:

Sabrang hedjo atawa sabrang beureum 2 londjor dibeulah doea sarta pitjeunan sikina, bawang beureum 5 goeroentoel disiksik, bawang kap (bawang bakoeng) diteukteukan rada parandjang, ladja 5 keureut ipis, daoen salam salambar, sok tjampoerkeun kana daging anoe tadi. Wadahan koe pantji, toeroeban sing rekep, toeloej tagēnkeun dina anglo noe beunang njeuneuan koe arēng, tapi oelah waka ditjaian, sina bidjil tjaina koe maneh. Kira² satēngah asak baikkeun. Oepama tjaina geus rada saat, tapi dagingna tatjan hipoe keneh bae, beunang ditjaian sarta toeloej godogkeun sing nēpi ka hipoenana djeung tjaina rada saat. Oepama njeunna loba, pindang tētēl mah beunang disimpēn nēpi ka tiloe poē, asal isoek-sore dihaneutkeun.

2 Lapis boengboe.

Daging sapi atawa moending beunang ngoembah bē-rēsih, dikeureutan aripis tjara pikeun kereēun, roebakna kira² opat ramo, pandjangna kira² satēngah djeungkal. Sabeulah ditjatjag meueusan, tapakna sing siga toerih wadjit parasagi. Boengboena:

Oepama dagingna $\frac{1}{2}$ kati, sabrang beureum 1 anoe leutik, disiksik sarta dipitjeunan sikina, bawang beureum 3 anoe rada galēde disiksik, bawang bodas sasihoeng, ladja 2 keureut ipis disiksik, tjēngkeh 2 dipekprek sing gepeng, pēdēs bodas beunang nipoeng kira² $\frac{1}{2}$ sendok teh, pala beunang maroed $\frac{1}{2}$ sendok teh, ketjap sasendok makan, oejah saeutik, tjoeka $1\frac{1}{2}$ sendok makan, salam salambar, goela saeutik. Oepama hēnteu aja mantega, minjak kalapa oge hade keur njampoeran sasendok makan. Eta boengboe² tjampoerkeun kabeh kana dagingna sarta digalējkeunana dina katel (panggorengan), toeloej toe-

*) Pangdeudeul Raden Ajoe Abdoerachman, Boepati Meester Cornells.

roeban koe oengkēb sing boeni, tagogkeun dina seuneu arēng, sina bidjil tjaina koe maneh, dimana geus madjoe ka saat bandjoer koe tjipati herang saeutik, sarta lamoen geus rek saat deui bandjoer koe tjipati anoe kēntēl, sarta sing mindēng dikotjek soepaja tjipatina oelah peupeus. Didjaitna oepama tjipatina kari saparona deui.

3. Ēmpal garing.

Daging sapi atawa daging moending, hadena mah daging pingping — diboeroengkoelkeun bae — sanggeusna meunang ngoembah bērših, koeloeb dina pantji, njaianana asal dagingna kakeueum.

Boengboena: ladja kira² sagēde indoeng leungeun dipekprek asal gepeng bae, oejah, asēm, goela kawoeng sameudjeuhana, asoepkeun, kabeh kana koeloeb daging. Eta koeloeb daging koedoe tēpi ka hipoe, kakara didjait. Sanggeus tiis, keureutan sing aripis meueusan, tapi oelah ipis tjara deēng, toeloej pekprekan dina talēnan koe batoe atawa liundjing, pekprek meueusan bae, toeloej goreng koe minjak anoe panas.

4. Pais laoek boengboe roedjak.

Laoek tjai anoe raos diboengboe roedjak ngan nilēm, tawes atawa beunteur, ari laoek laoet mah naon bae. Sanggeus laoekna meunang ngoembah bērših, tooeskeun dina ajakan, toeloej digalēj koe oejah djeung asēm sing sēdēng. Toeloej anoe rek olah pēpēta njeun boengboena dina piring atawa dina tjoēt, soepaja poegoeh goendoekna, saeutik-lobana boengboe, koedoe noeroetkeun lobana anoe bakal diasakan.

Boengboena: sabrang beureum, bawang beureum, ladja saeutik, koentji saeutik, koneng saeutik, moentjang paling saeutik 3, oejah, asēm, goela kawoeng sing saroea saeutik. Kabeh ditoe-toean atawa direndos sing nēpi ka lēmboet pisan, toeloej dibaloerkeun kana laoekna anoe arek dipais. Diboengkoesanana koe daoen tjaoe, boengboena sing naplok kandēl kana laoekna, toeloej disēlapan daoen salam djeung sereh sateukteuk, geus kitoe daoenna loeloenkeun sarta toengtoengna koedoe disemat. Diasakanana beunang diseupan heula, atawa toeloej diboeboejkeun bae.

Eta boengboe beunang dipake ngaboengboean pais pēda, tapi pikeun pais pēda mah oelah make ladja, koneng djeung goela.

5. P i n d a n g s a r a n i.

Laoet tjai anoe raos dipindang sarani oepama laoek balong, goerame, oepama laoek laoet kakap bodas atawa kakap beureum. Boengboena:

Sabrang beureum anoe gēde hidji, dpiitjeun sikina toeloej disiksik sing lēmboet, bawang beureum 3, bawang bodas sasahoeng, bawang kap satangkal, ladja 3 keureut ipis, djahe 2 keureut, koneng 5 à 6 keureut ipis; kabeh koedoe disiksik sing ipis sarta dipandjangkeun. Ngeueuman oejah, asēm, tarasi kira² sagēde siki asēm djeung goela kawoeng sagēde kitoe, sanggeus beukah galēj sing rata.

Boengboe anoe beunang njiksikan, toemiskeun koe minjak kalapa, oepama geus pareot, toeloej bandjoer koe tjai oejah-asēm tea, tidinja bandjoer deui koe tjai tiis, kira² sakobokan atawa sakahajang anoe olah. Sok daoen salam salambar, sereh sateukteuk beunang mekprek. Oepama geus ngagolak, laoekna asoepkeun sarta godogkeun sing nēpi ka asak.

6. K a k a p a t a w a g o e r a m e d i a t j a r b o d a s.

Kakap atawa goerame oepama anoe leutik teu koedoe dipotongan deui, oepama gēde diteukteukan kira 3 à 4 ramo roebakna; sanggeus dikoembah bērsih, tooeskeun sing nēpi ka tooes pisan, tidinja digalēj koe tjoeka djeung oejah; meunang ngagalēj ditoeroeban sing lila, toeloej tooeskeun deui, sanggeusna tooes, digoreng sing nēpi ka garing. Boengboena: sabrang hedjo 1 à 2 londjor dibeulah opat, pitjeun hatena katoet sikina, bawang 3 à 4 anoe galēde, disiksik, djahe 5 keureut ipis, kabeh ditoemiskeun koe minjak kalapa saeutik, sanggeus madoe ka koneng katingalina, toeloej bandjoer koe tjoeka Walanda anoe geus meunang njampoeran tjai, oejahan sing sēdēng bae, asoepan bawang beureum anoe laleutik beunang mēsek 10 atawa 15 goerocntoel.

CHICAGO EXPOSITION



IEU SOEROETOE DAMELAN EROPA

Eta margina noe mawi teu kinten raosna oge; soeroetoe noe sae teh sanes moeng kedah sae bakona woengkoel sareng dipidamelna kedah koe noe parantos tabah bae, nanging eta bako teh kedah sina kawak heula, lami di djalanna waktos dikintoenkeun ka Eropa, soepanten seungit kaangseuna sareng oenggoel raosna.


Eta margina noe mawi soeroetoe damelan di dieu teu tiasa njamian soeroetoe.

CHICAGO EXPOSITION

sedajana aja tiloe roepi, nja eta Regalia de non plus, Media Victoria sareng Victoria Chica

1 2 3

Oepami di tempat tjalk andjeun, teu aja noe ngaging-sikeun soeroetoe CHICAGO, langkoeng oetami njerran bae ka GEO WEHRY & Co. ald. PROPAGANDA di Betawi soepados sim koering tiasa milari djalas kanggo njoemponan kapala.



Setasioen S. S. jang baroe di Betawi.



Sakolah A. M. S. baroe di Solo.

LĒSOE ATANAPI ENGGAL TJAPE

Oepami andjeun noedjoe teu raos salira, lalĕsoe sarĕng teu nangan atanapi salamina sok ngaraos tjape bae, tangtos andjeun moal kagoengan kakoeatan kanggo didamĕl, doegi ka moal iasa ngaraoskeun kani'matanana hiroep. Nanging oepami ladjĕng noeang

SANATOGEN,

tangtos andjeun bakal enggal ngaraos djagdjang waringkas langkoeng ti noe parantos-parantos; kalĕsoe, kateunangan sarĕng katjape teh tangtos kasinglar, kagĕntos koe kasehatan.

Noe mawi tiasa kitoe, djalaran ratjikan SANATOGEN mah sadajana oge woengkoel moeng noe matak djagdjang salira sarĕng pikasehateun bae.

SANATOGEN hĕnteu kintĕn bĕrĕsihna, margi salamina tara katoĕl-toĕl koe leungeun, sanaos ti awit dipidamĕlna doegi ka diwadahanana di pabrik oge.

Tiasa ngagaleuh di sadaja roemah obat sarĕng di toko².

Oepama geus ngagolak, goreng laekna asoepkeun, kira² geus rada beukah, disimpĕn dina wadah anoe aja toeroeban soepaja beunang disimpĕn rada lila.

9. Bobotok pĕda.

3 à 4 pĕda Siĕm pitjeunan hoeloena djeung boentoetna, koembah sing bĕrĕsih, toeloej dibagi doea² sarta baloeran koe asĕm beunang ninjoeh.

Njiksik daoen tjangkoedoe anoe ngora 6 à 7 lambar, sing lĕmboet tjara rampe, toeloej koelob make oejah sing nĕpi ka asak, toeloej toeoškeun.

Boengboena: katoentjar sasendok makan, sabrang beureum 2 pitjeun sikina, bawang beureum 6 goeroentoel, bawang bodas sasihoeng, ladja, tjikoer sakeureut² leutik, moentjang 5 siki, oejah, asĕm.

Kadjaba ti asĕm, kabeh ditoetoean lĕmboet, ditjampoeran koe kalapa ngora meunang maroed tjara keur kabiri paria tapi kira² satjanggeum bae, bandjoer koe tjai asĕm saeutik, toeloej galokeun djeung daoen tjangkoedoe tea. Njadiakeun daoen tjaoe pikeun noeom; daoen tjangkoedoe anoe meunang ngaboengboean amparkeun, tidinja sok pĕdana di tĕngah² boelĕn koe eta boengboe, toeloej toeoškeun hidji² sarta diseumatan; ngasakeunana diseupan.

10. Angeun mĕnir.

Anoe sari diangeun mĕnir ngan bajĕm, ditjampoeran koe djagong ngora, atawa koe waloeh beureum, waloeh Djĕpang atawa koekoek. Ngagolakkeun heula tjai dina pantji anoe rek dipake ngangeun, sok teundeuneun salam salambar djeung beunjeur anoe meunang njeun tina beas² kira² sasendok peres.

Boengboena: bawang beureum 3 goeroentoel, moentjang 3 siki, koentji saeutik, oejah, tarasi, kalapa meunang maroed, kabeh ditoetoean sing lĕmboet, toeloej tinjoeh koe tjai atah. Ngasoepkeunana kana pantji barĕng djeung waloehna, dimana geus madjoe ka asak sok bajĕmna tjampoerkeun, tidinja oelah lila deui toeloej djait.

11. Kimlo.

Daging dada hajam meunang ngoelob ditjiwitan tjara keur aboneun, sooen satjanggeum dileob toeloej diteukteukan, ebi atawa hoerang baseuh dileob, soepa lembar djeung kembang gedang kira² rega 5 seneun dileob, toeloej dikeureutan laleutik, daoen engkol 3 à 4 lambar disiksik, saledri 2 gagang, disiksik badag, koetjap atawa bawang daoen dikeureutan rada pandjang; bawang beureum 5 goeroentoel, bawang bodas 2 siloeng, djahe 2 keureut ipis disiksik. Toeloej eta boengboe 3 roepaanana digoreng koe minjak kalapa atawa koe mantega sing nepi ka koneng, toeloej djait, tidinja laek hajam anoe meunang njiwitan tea goreng koe minjak oeroet bawang, oepama geus madjoe ka koneng, sok daoen engkolna djeung saledri, daoen bawang tjampoerkeun ka dinja, dimana eta geus peot, toeloej bandjoer koe tjai kaldoe oeroet ngoelob laek hajam tea, toeloej sooen djeung soepa lembar. Boengboena: ketjap saeutik, soepaja kaolahanana katingal koneng, pèdès, oejah sing saroea saeutik, oepama rek didjait goreng bawangna tjampoerkeun toeloej goearkeun sing rata. Masak kimlo koedoe saat tjara masak émi. Didaharna koedoe haneut² sarta dikëtjéran djeroek mipis.

12. Boendoe² hajam.

Laoek hajamna dirétjah tjara keur angeuneun, boengboena: bawang beureum 6 goeroentoel, djahe 3 à 4 keureut ipis, moentjang 4 siki, oejah, pèdès saeutik, kabeh ditoetoean sing lèmbuet, toeloej digaléjkeun djeung laek hajamna, sok kana pantji, diteundeunan daoen djeroek poeroet salambar djeung pandan seungit sateukteuk. Digodog koe tjipati herang heula, toeloej ditambahan koe tjipati kèntél^{na}, godogkeun sing nepi ka hipoe laekna, tjaina meh saat sarta kaloe^{ar} minjakna.

KOEËH-KOEËH.

1. Koeëh prol.

Doewëgan anoe loemeho keneh meunang meulah sarta dipitjeun tjaina, këroekan koe sendok tapi oelah kabawa batokna.

Sadia piring batoe anoe koeat dibakar, oelasan koe mantega sing rata, sok doewëgan anoe rek diasakan teh tjampoerkeun dina eta piring batoe. Oepama piringna gëde, takëran pikeun eusina kieu:

6 ëndog hajam.

6 sendok moetjoeng (sendok makan) goela pasir.

1 sendok moetjoeng mantega.

3 „ „ tipoeng tarigoe.

1 gëlas tjisoesoë atah.

1 panili diarah sikina bae.

Ëndog beubeureumna sanggeusna meunang misahkeun tina bobodasna dikopjok djeung goela sing nëpi ka koneng. Tipoeng na ditinjoeħ koe tjisoesoë, tapi patjoean oelah peperehelan. Sok tjampoerkeun kana kopjokan ëndog. Mantegana dihentjerkeun heula (dideang) sanggeus rada tiis, tjampoerkeun kana adonan, panilina nja kitoë oge. Ëndog bobodasna anoe meunang ngopjok ditjampoerkeun pangpandeurina. Sanggeusna gallo kabeh, toeloej eta adonan bandjoerkeun kana doewëgan sarta toeloej dibakar dina pangbakaran.

2. Agër² goela bakar.

2 leundjeur agër² sanggeus dikeueuman sarta dikoembah bë-rësih, toeloej godogkeun sing nëpi ka lëjoer kabeh, tjaina 4 gëlas paranti ngaleueut, sanggeus asak toeloej saring.

Goela pasir satjatjangkir teh anoe boeleud koedoe moetjoeng, sok teundeun dina katel, toeloej sangraj sing nëpi ka djadi noga, oepama geus hentjer kabeh, sok agërna tjampoerkeun ka dinja, oelah eureun dikotjek-kotjek, dimana geus rata, toeloej wadahan. Sangeusna tiis, didaharna djeung saos ëndog.

Njieun saosna:

3 ëndog beubeureumna woengkoel dikopjok sing nëpi ka koneng, toeloej dibandjoer koe tjisoesoë atah sagëlas, ditjampoeran panili, goela pasir sasendok peres, tipoeng maisina sasendok peres, sok kana pantji, ditagogkeun dina seuneu arëng sing leutik bae. Nëpi ka asak oelah eureun dikotjek-kotjek djeung oelah nëpi ka ngagolak, sabab sok peupeus saosna.

3. Poděng djěroek mipis.

2 leundjeur agěr, sanggeus meunang ngoembah běrěsih, toeloei koeloeb koe tjai 2 gėlas sarta ditjamboer koe goela pasir satjatjangkir moetjoeng, sangeus ngagolak toeloej saring koe lamak bodas anoe běrěsih.

Ngopjok ęndog beubeureumna woengkoel 6 sing tēpi ka koneng, toeloej bandjoer koe 2 gėlas tjisoesoehentjer, tjampoeran koe panili djeung tjai djěroek mipis satjoekoepona, sok baerkeun kana godogan agěr tea. Tagogkeun deui dina seu-neu aręng sarta oelah eureun² dikotjek. Dimana rek madjoe kana ngagolak djait sarta toeloej wadahana dina panjitakan agěr.

SERIE No.
887 — 887 b.

TI NOE POĚK KA NOE TJAANG I-III

sęsęratan Raden Adjęng Kartini disoendakeun koe
R. SATJADIBRATA

Anoe parantos kawęntar kalasaanana tina pěrka-
wis njalin boekoe-boekoe hasa Walanda.

Eusina woengkoel sęrat² ti R. Adjęng Kartini ka sobat-sobatna, nęrangkeun kęrsana palaj ngamadjęngkeun istri² oerang Priboemi. Sadaja djalma pěrloe maos ieu boekoe, sangkan oenęga kana djasa R. Adjęng Kartini anoe sakitoe agęngna ka bangsa oerang, margi nja andjeunna pisan anoe naratas pidjalaneun kama-djoean di Indonesia teh.

Pangaos djilid I f 0.75, djilid II f 0.75, djilid III f 0.50

BALE POESTAKA — WELTEVREDEN.

20. ROEPA-ROEPA KANJAHO

a. NJIPOEH.

Njipoeh batre (batterij).

Pakakas anoe sok dipake njipoeh batre teh nja eta:

1. sikat kawat koeningan, gawena pikeun njikat barang anoe rek disipoeh;
2. batre pikeun nĕrapkeun sipoehan kana barang anoe rek disipoeh;
3. gĕlas atawa kelĕr tĕmpat neundeun tjai sipoehan;
4. gĕlas leutik sarta ipis, pikeun tĕmpat ngalĕboer ĕmas atawa perak anoe rek didjieun, tjai sipoehan;
5. voltmeter pikeun mariksa kaajaan batre.


Ari bangoenna pakakas anoe kasĕboet di loehoer teh hĕnteu beda djeung noe digambarkeun dina gambar I.

Koemaha njeunna tjai sipoehan ĕmas?

Mimitina koedoe njadiakeun hidji gĕlas anoe roepana siga gambar no. 3., toeloej dieusian tjai 200 cc., ngoekoerna koedoe make takĕran (b) dina gambar I, sanggeus kitoe tjujian potas (cyaankalium) \pm 8 gr. Tidinja oerang njokot ĕmas $\frac{1}{2}$ gr. Soepaja eta ĕmas teh gampang antjoerna, samemehna dilĕboer koedoe dipekprek heula nĕpi ka ipis, toeloej goentingan, meunang ngagoentingan kakara diasoepkeun kana gĕlas panglĕboeran (gambar I no. 4) sarta toeloej tjitjian erkĕras ĕmas (koningswater) 3 cc lobana. Tidinja toeloej teundeun dina anglo noe geus meunang njeuneuan. Eta anglo ti loehoerna koedoe ditoetoep sabeulah koe toeroeb anoe didjieunna koe taneuh, oepamana koe kĕnteng atawana koe naon bae, asal noe rata, soepaja pitjisipoehunana tea oelah tamplok. Nja di dinja gĕlas panglĕboeran teh koedoe diteundeunna (ilikan gambarna).

Dimana eta ĕmasna tea geus antjoer sarta tjaina geus rek saat, gĕlasna koedoe diangkat sarta tĕroes ditiiskeun. Lamoen geus tiis kakara diasoepkeun katoet gĕlas-gĕlasna kana gĕlas potas tea. Mangka hade, oelah pisan njokot gĕlas panglĕboeran tina djĕro gĕlas potas koe leungeun, sabab potas teh ratjoen anoe matak bahla.

Tjai potas anoe patjampoer djeung lĕboeran ĕmas djadi tjai sipoehan anoe beunang dipake njipoeh sagala barang noe laleutik, kajaning: rante erlodji, geulang, kongkorong djeung



Gambar I.

sadjaba ti eta. Eta tjai sipoehan anoe sakitoe teh kapake pikeun sapoeloeh kali njipoeh.

Njieun tjai sipoehan perak.


Njieun tjai sipoehan perak oge meh saroea hae djeung njieun tjai sipoehan emas, ngan sacutik-sacutik hae bedana. Lobana tjai anoe dinake ninjoeh potas 500 cc djeung potasna lain 8 gr. tapi 24 gr. Perakna 2 gr. sarta erkeras perakna (salpeter-zuurna) pikeun panglëboerna koedoe 10 cc. Lamoen erkeras perak panglëboerna tea sanggeusna dinanaskeun dina loehoer anglo rek saat, tapi perak noe rek dilëboer tea tatjan antjoer bënëer koedoe didjait hula soenaja tiis. Sanggeus tiis kakara dititjian erkeras rerak deui kira-kira 5 cc lobana, toeloej dipanaskeun sakoemaha tadi. Nja kitoe deui njampoerkeunana dieung tjai potas tea oge saroea hae dieung noe geus ditërangkeun tadi di loehoer, dina bab njieun tjai sipoehan emas tea.

Batre panjipoeh.


Batre anoe beunang dipake njipoeh, nja eta batre anoe bisa ngaloeuarkeun stroom sakoerang-koerangna $2\frac{1}{2}$ volt. Ari nganjahokeunana gedena stroom koe voltmeter (gambar I no. 5). Lamoen teu aja voltmeter koe lampoe hae oge geus tjoe-koep (gambar I aksara a). Oepama eta lamnoe teh hoeroeng sanggeus d'pasangan eta batre, eta djadi hidji tanda jen eta batre teh beunang dipake njipoeh. Lampoe noe digambarkeun teh lampoe kareta mesin anoe dihoeroenkeunana koe dynamo Berko. Lucifer dieung sadjaba ti eta. Batre aja doea roepa, nja eta batre baseuh dieung batre këring, sakoemaha noe digambarkeun dina gambar II.

Noe kahidii gambar batre baseuh, noe kadoea gambar batre këring. Batre këring roepa-roepa pisan bangoenna, aja noe boeleud, aja noe pasagi dieung aia oge noe gëpeng.


Babakoena anoe didjieun batre teh ngan doea roepa barang, nia eta senoe anoe kawatna tiirina koe (—) dieung kool noe kawatna ditjirian koe (+). Ari bedana batre baseuh dieung batre këring: batre baseuh mah seng djeung koolna teh sok diwadahan koe gelas gëde parantina sarta tiaina ditiampoer salmiak, ari dina batre këring, sengna dipake pamoengkoes koolna.




1



2



2



Gambar II.


Pētana njipoeh.

Barang anoe rek disipoeh teh koedoe dikoembah heula koe tjai rērėk, lamoen tjaina sakobokan rērėkna koedoe tiloe siki. Sanggeusna dikoembah, koedoe disikat nēpi ka bėrėsih. Tidi-
nja tēroes dikoembah deui koe tjai biasa bae.

Sanggeusna, kakara njokot kawat tambaga sapotong, noe meudjeuhna pandjangna. Toengtoengna eta kawat teh doea beulahana koedoe dikėrik nēpi ka bėrėsih. Barang noe disipoeh ditalian koe eta kawat, ari toengtoengna eta kawat noe sabeulah deui ditapėlkeun mangka pageuh koe sėkroep kana kool batre tea. Sanggeus kitoe oerang njokot ěmas $\frac{1}{2}$ gr. toeloej dipekprek sina djadi pandjang, tapi oelah ipis teuing. Eta ěmas teh koedoe dipatrikeun kana kawat tambaga anoe meunang mērėsihan sapėrti tadi tea bae. Toengtoengna eta kawat anoe sabeulah deui koedoe ditapėlkeun kana seng batre. Sanggeus kitoe ěmas anoe meunang matri tea djeung barang anoe rek disipoeh diantjilomkeun kana tjai sipoehan, tapi ari ěmasna oelah nēpi ka kalėm kabeh, asoepna kana djėro tjai sapotong bae (ilikan gambar II beulah handap).

Sanggeus 5 mēnit lilana tēroes angkat sarta disikat deui sing nēpi ka bėrėsihna make tjai rērėk. Lamoen geus bėrėsih pisan, toeloej dikoembah deui koe tjai sipoehan, lilana saroea bae, 5 mēnit. Lamoen sanggeusna dikoembah, katembongna geus ngėmpoer beureum, nja geus tjoekeop, tapi lamoen tatan mah koedoe disipoeh deui. Dimana geus rengse eta barang teh koedoe boeroe-boeroe dilap sarta diganggang sakeudeung soepaja toehoer pisan. Tah kitoe pētana njipoeh ěmas make batre teh. Koemaha ari njipoeh perak? Meh saroea bae. Bedana ngan saeutik pisan. Kahidji pikeun njipoeh perak mah lain ěmas anoe dipatrikeun kana kawat teh, tapi perak djeung erkėrasna lain erkėras ěmas tapi erkėras perak. Kadoea sanggeusna disipoeh dikoembahna koedoe koe tjai kapoer, lain koe tjai rērėk, sangkan bėrėsih. Sadjabana ti eta mah saroea bae.

Koemaha akalna lamoen teu aja batre noe stroomna tjoekeop $2\frac{1}{2}$ volt? Lamoen teu aia batre noe stroomna tjoekeop doea satėngah volt, meunang dipake doea batre oge. Tatjan tjoekeop keneh bae doea batre, pake tiloe. Leuwih loba batre noe dipake leuwih gėde stroomna. Koemaha nēpoeng-nēpoengkeunana kakoeatanana batre-batre, ilikan gambar III.



Gambar III.

Pangling-ngeling.

Masing ingët, samemeh tjai sipoehna dipake, koedoe diha-neutkeun heula. Koedoe didjaga pisan soepaja kawat batre noe dipake nalian ěmas djeung noe dipake ngantilomkeun barang anoe rek disipoeh tea oelah paantĕl, sabab lamoen paantĕl tangtoe pisan batrena roeksak hamo beunang dipake deui. Koe sabab eta, hadena pisan kawat batre koedoe diboengkoes, soepaja oelah kontak nadjan paantĕl oge.

Ngomean batre.

Batre anoe geus rĕmĕn dipake, stroomna laoen-laoen mah tangtoe ngoerangan. Ari sababna, nja eta lantaran „oebarna”, eusina, beak atawa sengna roeksak. Katarana sengna geus roeksak, lamoen tina eta seng kaloeur noe tingpĕlĕndoeng barodas.

Batre noe geus roeksak, beunang diomean deui, ngomeanana kieu: Sengna diganti koe seng noe anjar, nia kitoe deui tia-ina, sabisa-bisa ngagantina koedoe koe tjihodian meunang njampoeran salmiak 3 sendok makan pikeun hidji batre.

Eta noe ditĕrangkeun di loehoer, pikeun ngomean batre baseuh. Ari pikeun ngomean batre kĕring mah kieu:

Eta batre kĕring teh koedoe didjieun batre baseuh (ilikan gambar II). Sengna koedoe ditiaboet. Kĕrĕtas atawa tai raga-dii noe aia di dinya dieung arĕngna (bruinsteen) koedoe dibĕrĕsihan, kokotorna koedoe dipitieu. Arĕngna tea koedoe dihoengkoes koe lamak sing rapat djeung koeat, tĕroes asoepkeun kana solohong. Tidinia oerang niokot seng anjar noe roebakna 5 cm dieung pandiangna saroea djeung diangkoenana batre. Eta seng koedoe diasoenkeun kana gĕlas gĕde parantina tea. Satĕroesna mah saroea bae djeung ngomean batre baseuh.

Njipoeh biasa.

Njieunna tiisipoehan saroea hae dieung njieun tjai sipoehan batre, nja kitoe deui mĕrĕsihanana barang anoe rek disipoeh. Sanggeus kitoe toeloej nĕagoenting seng ipis sarta leuleus roebakna $\frac{1}{2}$ cm. dieung pandiangna 30 cm. Eta seng teh koedoe dikĕrik sing bĕrĕsih nĕpi ka herang. Lamoen geus herang toeloej pake nalian barang noe rek disipoeh tea, dibeulit-beulit nĕpi ka

eta barang teh meh katoetoep. Geus kitoe boes aboeskeun kana djero kelér atawa naon bae parantina njipoeh. Hadena mah tempat paranti njipoeh teh didjieunna koe gëlas, malar bisa katembong barangna lamoen keur disipoeh. Tjoer tjtjikeun kana djero eta keler tjai sipoehan, oelah loba teuing, asal bisa walatra ngabaseuhan barang anoe rek disipoeh tea bae. Sanggeusna dibandjoer koe tjai sipoehan kcedoe tēroes dikotjokkeun nepi ka eta barang teh sinarna saroea djeung tjai sipoehan. Ti dinja toeloej diangkat sarta diboeka tina beungkeutna. Meunang ngoembah bërēsih toeloej beungkeut deui koe seng, tapi oelah koe seng noe oeroet tadi, koedoe diganti koe noe anjar. Koe tloe kali njipoeh oge eta barang teh geus aloes katembongna. Lamoen geus anggeus disipoeh toeloej dikoembah mangka bërēsih sarta deangkeun sakeudcung soepaja toehoer.

Tjai sipoehan anoe geus dipake koedoe teundeun dina botol oelah ditjampoerkeun djeung tjai sipoehan anoe tatjan dipake. Lamoen pèrloe njipoeh barang sedjen anoe mimiti dipake teh tjai sipoehan noe oeroet tea, ti dinja kakara koe tjai sipoehan anoe weuteuh. Sabaraha kali tjai sipoehan beunangna dipake, teu beunang ditangtoekeun, koemaha beakna ěmasna bae. Tjai sipoehan anoe pangrēmēna dipakena koedoe diheulakeun makena. Katjirina tjai sipoehan geus teu aja ěmasna, lamoen dipake geus teu makan, tēgēsna lamoen barang noe disipoeh ten hēnteu djadi koneng.

Njipoeh lapis.

Barang anoe beunang disipoeh lapis nja eta anoe didjieunna koe tambaga, perak atawa koeningan, tapi oelah noe aja pèrmatana, saperti intēn, jakoet djeung sadjaba ti eta.

Ari noe dipake njipoehna ěmas, biasana ěmas parada, ditjampoer djeung erperak. Tatadinganana eta tjampoeran teh 2 kana 8, hartina lamoen ěmasna 2 gr. erperakna koedoe 8 gr. Mimitina eta erperak koedoe ditaheur, dimana geus panas boes aboeskeun ěmasna meunang ngagoentingan laleutik. Oepama eta ěmas teh geus antjoer, kakara didjait, toeloej ditiiskeun. Meunang niiskeun ditjampoeran tjai djeroek.

Djeroekna doea siki sarta koedoe dipesek heula sing bërēsih. Engke koe oerang katembong jen eta tjai djeroek teh moal bisa tjampoer djeung erperak tea.

Samemeh eta barang teh disipoeh koedoe disikat neula, tapi oelah koe sikat anoe sok dipake njikat barang anoe rek disipoeh batre atawa disipoeh biasa. Lamoen, geus disikat toeloelj dikoembah koe tjai rërëk. Sërëbet sing nëpi ka toehoer pisan, kakara las oelasan koe tjai djëroek djeung aer perak, sing rata sarta walatra. Toeloelj ganggang nëpi ka leungit sama sakali roepana meunang moelasan erperak teh. Sanggeus meunang niiskeun koedoe toeloelj disikat deui, dikoembah, disërëbët, dioelasan, tjai djëroek djeung erperak sakoemaha tadi bae. Kitoe prakprakanana njipoeh lapisan teh. Ari ngoelasanna koe koelit djëroek anoe meunang mërës tea, atawa koe sendok tambaga anoe hoeloenana rata, teu tjëkoeng saperti sendok biasa. Lamoen noe dipake ngoelasan teh sendok tambaga, teu përlöe make tjai djëroek deui, geus tjoekoe koe tjai sipoeahan bae. nja eta tjampoeran erperak djeung ëmas.

Njipoeh kolot.

Ëmas ngora beunang disipoeh djadi kolot, ari noe dipake njipoehna nja eta: 10 gr. hampo, 5 gr. taroesi djeun 5 gr. oejah, ditjampoerkeun tëroes dirieus, tjoer tjitjian tjai 10 cc. Sanggeus ditjaian dirieus deui nëpi ka lëmboet siga leutak. Pëtana njipoeh saroea bae djeung njipoeh lapis tea.

Njipoeh sëndawa.

Anoe disipoeh sëndawa ngan barang anjar. Geuning oerang lamoen njieun ali ëmas, tara oedjoeg-oedjoeg herang saperti ëmas asal, sok roemëk. Oepama hajang oedjoeg-oedjoeg tjekas, koedoe disipoeh koe sëndawa. Ari babagianana sipoeahan kieu: 2 gr. tëwas, 10 gr. oejah, 10 gr. sëndawa djeung 10 cc. tjai, ditjampoer sing entjer. Sanggeusna barang anoe rek disipoeh teh disikat, toeloelj diasoepekeun kana tjai sipoeahan, noe sedjen-sedjen mah saroea bae djeung njipoeh lapis tea.

Njipoeh boengkoes.

Anoe beunang disipoeh boengkoes nja eta barang-barang noe didjieunna koe beusi atawa ëmas, sarta anoe rata djeung teu mataan. Tjai sipoeahanana didjieunna tina pangikiran ëmas

djeung arpoes paranti matri ěmas, diadoek něpi ka siga boe-boer. Lamoen beuratna barang anoe rek disipoeh teh 3 gr beuratna ěmas pangikiran, anoe rek dipake moengkoes 1 gr sarta arpoesna koedoe saroea beuratna djeung ěmas pangikiran tea.

Ari prak-prakan njipoehna kieu:

Sanggeus eta barang anoe rek disipoeh tea disikat, toeloj dioelasan, tjai sipoehan sing rata sarta walatra, ti dinja toeloj gantoengkeun di noe panas. Di handapna teundeunan hidji wadali pikeun nandean, tjai sipoehan anoe njaktjlakan. Eta tjai anoe meunang nandean teli beunang keneh dipake njipoeh. Lamoen eta barang geus toehoer, toeloj disipoeh deui, kitoe bae něpi ka lima kali. Sanggeus disipoeh lima kali, diboengkoes koe gips těroes dipoě. Meunang moě dibeuleum dina naon bae, hadena dina anglo, ti loehoerna diteundeunan arěng roehaj, něpi ka eta gips teh beureum siga seuneu. Lamoen geus kitoe mah koedoe boeroe-boeroe bae angkat sarta tiiskeun. Dimana geus tiis, gipsna boeka. ěmas pangikiran tea geus ngalakop pageuh kana eta barang tea, tapi teu rata. Pikeun ngaratakeunana koedoe dikikir sarta pangikiranana koedoe dikoempoelekeun pikeun ěngke njipoeh deui.

Njipoeh tambaga.

Biasana anoe sok disipoeh tambaga teh, barang anoe didjieunna tina beusi, seng, kaleng, timah djeung sabangsana, pambrilna nja eta s-epaja roepna siga tambaga. Ari pětana njipoeh teu beda djeung noe ditěrangkeun tadi mimiti, sabab saroea bae koedoe make batre. Ngan bedana anoe ditalian koe kawat kool batrena lain ěmas, tapi tambaga. Babakoena barang anoe disipoeh tambaga teh anoe teu beunang atawa hese disipoeh ěmas atawa perak. Lamoen eta barang geus disipoeh tambaga mah gampang pisan uisipoehna ěmas atawa perak teh sarta sok leuwih koeat deuih sipoehanana. Dibisana oge disipoeh biasa teu koeat sarta teu aloes tjara disipoeh tambaga heula. Njieunna tjai sipoehan kieu: potas 10 gr, taroesi 8 gr, dubbelzwavelzurě soda 8 gr kooizuur soda 10 gr djeung tjai 350 cc, diadoek sakoemaha biasa. Lamoen geus galo sarta entjer beunang dipake.



WETTIG GEDEPONEERD


TJET EMAIL ANOE ENGGAL TOEHOERNA SAFĒNG GILAP

TJAP „KOEDA”
sablikna eusina $\frac{1}{4}$ kilo


Di sakoeliah Hindia tiasa ngagaleuh,
margi di mana-mana aja noe
ngagingsirkeun

REGNAULT'S VERFFABRIEKEN

teu aja deui noe ngadamĕl tjet noe saroe pi
kieu kadjabi ti di pabrikna di SOERABAJA
kantor alitna di: SAMARANG, Paradeplein 13
DJOGJA, Oengaranlaan 4



Pasar lama di Solo, sebelum diganti dengan jang baroe. (Lihat gambar
disebelah ini).



Pasar baroe di Solo.



HATOER OENINGA

JOYCE BISCUIT LTD.

wédalan

TOKO GEO. WEHRY & Co.,

Importeur ROTI CABIN noe pangägëngna,
parantos mashoer tina koealitetna sarëng
raosna. Koe margi eta, oelah moendoet
merëk sanes iwal ti BISCUITS JOYCE.

KANGGO NGADJAGI SANGKAN OELAH
KALIROE, KĒDAH TĒNGĒT KANA GAMBARNA



No. 1 gambar pongpok kaleng noe masih diboengkoes
No. 2 gambar gigirna sarëng toeroebna kaleng noe
parantos teu nganggo pamoengkoes, ari No. 3 pong-
pok eta kaleng parantos teu nganggo boengkoes.

b. ATIKAN *)

I b o e

Aja hidji pamĕgĕt geus garwaan tapi teu atjan poetraan. Iboena parantos poepocs dina joeswa 70 taoen. Ajeuna kantoen potretna, dipigoeraan disae-sae. Sĕpoeĥ loetjoe poepocdjaning poetra-poetoe. Tjahja pameunteuna ngagĕbraj, tandaning noe saleh manah.

Saoer eta pamĕgĕt: „Aneh pisan singhoreng ari ka indoeng, lamoen koering hoedang isoek-isoek, heug ngareret kana potretna, naha bolbol karasa bae, raraosan teh aja noe mariksa: „Koemaha Oedjang, tibra sare teh?”

Oepama keur digawe toelas-toelis, heug manggih noe pika-poesingeun, tidinja heg ngareret kana potret indoeng, naha oedjoeg-oedjoeg ngeng bae asa aja noe sasaoeran kieu: „Djamak Oedjang manggih kasoelah mah, ĕngke ge 'mo boeroeng beunang.”

Waktoe gĕring goeling-gasahan, sapeupeuting teu daek sare, heug ngareret kana potret indoeng, naha bĕt ngadak-ngadak mĕndingan, asa aja noe ngoesapan, asa aja noe ngabĕberah: „Reup geura sare Oedjang, moal lila oge tjageur.”

Naon sababna noe matak kitoe?

Tjatjakan kari potretna, pangaroehna tĕtĕp aja. Ka poetra masih ngadjaga, sasat iboe poetra teu papisah.

Hih, ari sababna mah taja lian ngan koe pedah djadi iboe tea bae. Sakabeh istri anoe parantos djadi iboe pada kagoengan pangaroeh kitoe ka poetra-poetrana, kitoe soteĥ moen tiasa njoemponan kana kaiboeanana, tiasa ngalampahkeun naon-naon anoe djadi kawadjiban iboe ka poetra.

Seueur pisan iboe anoe ngantoenkeun kaiboeanana. Seueur iboe anoe langkoeng rĕsĕp ngadangoekeun sora gamĕlan, tinimbang ngadangoekeun gĕntra poetra noe keur batjeo. Seueur deui noe leuwih kairoet koe maos boekoe kabirahian, tinimbang maos hatena moerangkalih. Roa deui noe teu ngaraos loegina ngan koe ngalampahkeun kaiboean woengkoel, reh pangadjak hate lain ka dinja losna, da tjeuk tĕrĕtĕt hate mah koedoe di-

*) Kintoenan djoeragan Soerapoetra, Meester-Cornelis.

gawe neangan doeit atawa goegoeroe deui nambahan elmoe, kadjeun moerangkalih dibaboেকেun, disēsēpan koe tjisoesoে sapi (didot).

Soegri anoe kitoে panganggonana, eta teh ngantoenkeun kaiboenanana. Baloekarna itjal pangaroehna ka poetra-poetrana, hamo langgēng patjantelna iboe reudjeung poetra sareng moal djadi pangreugreug manah ka poetra anoe ēnggeus sawawa, moen iboe parantos sirna, moelih ka djati moelang ka asal.

Rōepina geus moal tiasa soemingkir deui, moen seug ditē-
tēpkeun jen istri teh moal djadi iboe, lamoen ngan saekoer
ngalantarankeun gēlarna poetra ka alam doenja bae mah, da
papagon noe djadi iboe mah koedoe soemērah, koedoe roemasa,
jen pangna andjeunna goemēlar teh kapapantjenan ngoeroes
poetrana. Koe sabab eta, ioe koedoe boengah mērwata soeta,
moen seug poetrana roemakēt ka salirana. Moen seug oerang
ngintip-ngintip, nilik kadjēmbaranana alam, mēlēng kaloetjoe-
anana, njērēpkeun atjining sari anoe kajoengjoen, ana breh
teh bēt kapēndakna di iboe anoe keur tjalik njēsēpan poetrana.
Eta koe sieup, koe nēmbak, singhoreng eta djirimna noe disē-
boet iboe teh. Ana heug deuih ngingētkeun kana kadjēmbara-
nana alam, mani plong bae hate teh boengangang koe kanoe-
hoenan. Eta geura pedah moerangkann geus goebrag ka doe-
nja, pedah koedoe dipaparin tēdaeunana, naha pinareup iboe-
na bolbol toemawon bae, atoe si poetra teh ngan kari golojoh
bae kana pangkonan iboena, njot njēsēp, ngahenen, estoe sir-
na laloegina bari rarat-reret kana pameunteu iboena, toeng-
toengna reup bae koelēm tibra.

Koe sabab eta, estoe teu matak kaharti koe istri noe teu kērsa
njēsēpan poetrana, padahal andjeunna teu koea-kieu, djagdjad,
sehat, taja kapetolanana. Para istri anoe teu kērsaeun njēsēpan
poetrana, sami bae hartosna sarēng nilar doenja kaistrianana,
atanapi bēdang wangkēlang kana timbalan Pangeran, teu
njoemponan kana kawadjibanana noe toemiba ka salirana, pa-
dahal taja hesena, ieu mah ngan kari prak milampah, da sagala
geus sadia. Lain ngan toeangeunana bae anoe mēdal njarēngan
goebragna moerangkalih ka alam doenja teh, tapi djeung diba-
rēngan koe roepa-roepa rasa, anoe ngadjak ngamemenan ka
poetrana. Moenggoeh pikeun anoe djadi iboe estoe ngan kari
toemoet kana pangadjak rasa, taja kaheseanana. Komo deui kē-
dah dilampahkeunana teh, moen seug iboe kagoengan maksad,

hajang tētēp langgēng patali sarēng poetrana, koe lantaran ajeuna moerangkalih geus ngantjik di alam lahir, sarēng iboe geus patoeraj, misah njawa, misa badan.

Aja deui istri² noe kagoengan manah kieu: „Njaah teuing koe topek aing, lamoen seug katoenda pedah koe boga anak. Hēnteu pira ngan koedoe njeboran, ngaganti pakeanana, njoesoean djeung njarekeun. Pērkarā kieu mah atoeħ noe sedjen oge 'mo boeroeng bisaeun, malah boa leuwih pintēr ti batan aing. Katoeroeg-toeroeg orok mah da moal njahoēun sahasaha noe ngoeroes manehna, ēngke oge dimana geus gēde sabatae, koe aing arek diatik. Ajeuna mah mēnding ngantekkeun kahajang aing arek nēroeskeun diadjar.”

Soegri iboe anoe teu kabengbat, teu oenggoet kalidoean, hēnteu gēdag kaanginan, djēdjēm tēngtrēm majoenan kaiboeanana, kērsa koe andjeun njeboran poetrana, ngagēntos popokna koe noe bērēsih, njēsēpan bari ngajoen ngaming, noelatenan poetrana dj.s.t., tah nja ieu anoe disēboet soemērah, kagoengan roemasa, jen andjeunna pangna gēlar di doenja kapapantjenan ngabajoean poeta teh. Satingkah saparipolah iboe, dina ēnggoning ngamoemoele poetrana, dina antēlna panangan kana salira moerangkalih, ngengna gēnta, dina ngadjak tjarios ka poeta, dina kēkna mangkon, dina gēlējoe ngadjak imoetna, eta kabeh pada mawa atjining rasa katjintaan iboe ka poeta, tēroes loemēbēt njērēp kana ērohna moerangkalih. Tah nja ieu anoe ngalanggēngkeun patokna katjintaan, iboe sarēng poetra teh. Djadi iboe djeung poeta pakait deui, moal rēnggang pedah geus misah njawa misah badan, lantaran kahidjikeun deui koe tali gaib, noe teu katingal koe sotja, tapi wēdēl taja papādana, moen tatjan doeanana moelih ka djadi moelang ka asal mah, hamo bisa pēgat.

Iboe anoe dirioeng koe para poeta, anoe panta-panta gēdena, bēda-beda oemoerna, taja bedana ti radja istri noe marentah hidji nagara, lēngkēp saponggawana. Kawasa njeun, djeung ngadjalankeun sagala atoeran. Malah aja keneh leuwihna ti batan eta sasaroeanana teh. Anoe keuna dipapandēkeun kana kagoengan iboe, taja deui anoe sieup anoe pantēs kadjaba ti lir sarangenge noe njaangan doenja leutik.

Iboe teh teu koedoe ngahajoh bae ngangasoeħ poeta. Mangga bae tjalik masing gēnah toemaninah, tjara sarangenge anoe

mëntjarkeun tjahjana, njaangan sakoeliah doenja. Koe ajana oge iboe di boemi, geus matak haneuteun, matak rĕsmi galih moerangkalih, noengtoen madjoe ka noe djoenoen, meuseuh ka poetra anoe oesaha, dĕkal-dĕkoel njiar pangarti, meuseuh salira, mĕrih diri ngasah pikir, memeres lakoe lampahna.

Noe djadi iboe teu kĕdah ngagalantang woewoeroek bae. Teu koedoe tjoeroem-tjaram teuing, tapi koedoe njontoan. Njontoan kanjaahan ka pada djalma, kasabaran, karadjinan, kagĕtolan, kaboemelaan djeung katjintaan. Koe panganggo iboe kieu, poetra-poetra teh kagojangkeun, sanadjan tjeuk wiwilanganana iboe teu njaoer sakĕmek. Moal boa imoet ngagĕlĕnjoena, rama ningalikeun, rengkak polah poetra, kasipoeh koe pangawĕroeh iboe. Lain para poetra bae anoe kaasoeuh teh, tapi boedjang-boedjang oge kaadjar, tjindĕkna saeusi boemi.

Hĕnteu kaharti koe akal, madjar maneh indoeng mah toekang bĕbĕtĕk. Katambah-tambah hĕnteu kaanggap koe djalma-djalma, hĕnteu tjara istri anoe kagoengan gadjih koe andjeun. Reup peuting, braj heurang kitoe keneh-kitoe keneh bae tjabakna teh, matak bosĕn.

Panjangka kieu katjida lĕpatna. Sanadjan jaktos sakali-kalieuun osok riweuh, malah tjeuk paripaos mah hĕnteu bisa malik emok-emok atjan koe tina seueur-seueurna lĕrĕskeuneun, hĕnteu pisan-pisan hal ieu teh kenging didamĕl patokan, margi sadajana anoe tjĕpĕng damĕl hĕnteu tiasa soemingkir tina eta karepotan teh. Kadjeun teuing Toean Bĕsar, kadjeun teuing Propesor, kadjeun teuing Boepati atawa Panghoeloe djeung salianna, saroea bae pada boga karĕrĕpĕt kitoe. Malah oepama diantĕban dilĕnjĕpan mah, hĕnteu aja deui pagawean anoe torodjogan noengtoen oentoeng, narik rĕsmi, kadjaba ti pagawean anoe djadi indoeng. Saeusi boemi tjangkinganana, beunang disĕboetkeun sabagian tina salirana koe andjeun. Djadi pagawean anoe djadi indoeng mah lain diparentah, tapi marintah. Ngagolangkeun kagoenganana koe andjeun, loeas teu haringhang.

Matak bosĕn? Oeloekoetĕk bae di imah?

Manah kieu oge lĕpat keneh bae. Hidji iboe noe kagoengan noetra opat, soemawontĕn moen langkoeng mah, parantos tjĕkap pikeun njieuhkeun kakĕsĕl. Malah sakapeurĕg mah sok ngarasa teu kaelmoean, toena koe pangabisa, ana gok djeung anoe

tatjan kapaham. Geura mangga manah ! Eta poeta anoe sakitoe teh pada boga adat sorangan, beda-beda kahajangna, beda-beda kabisana, satopekna-satopekna. Oenggal-oenggal boedak koedoe diaping, koedoe diatik, noeroetkeun kaajaan noe njampak dina dirina. Indoeng teu wéleh-wéleh ngalukeunan, ngararampa. Teu hasil koe djalan kieu, atoch koe djalan kitoe, népi ka toengtoengna si indoeng waspada kana kaajaan seuweu-seuweuna. Adat tabeat djalma teh tara daekeun kaloeur, tara daekeun nembongan, moen henteu kaeupanan. Ari eupan noe pangbangan-bangenna taja deui ngan koedoe sina tjatjampoeran djeung pada djalma. Sanggeusna si tabe'at tea njanggoet eupan, éngke eta tabe'at teh njeung soeka reudjeung doeka, kangeunah reudjeung kanjéri, djadi kaoedji. Témahna bisa wédél bisa koeat. Tah nja ieu anoe ngadjadikeun adég-pangadég pangawasa dina hidji-hidji djalma teh.

Moenggoeh di baroedak, daekna tjatjampoeran teh ngan djeung djalma anoe geus loma djeung maranehanana bae. Ana kitoe tjing saha atoch pidjélmacunana? Henteu aja deui anoe pangwanoh-wanohna ka eta baroedak kadjaba ti saindoengna-saindoengna. Eta sababna noe matak wéleh teu kaharti koe anoe koerang anggapanana ka anoe djadi indoeng.

Sawatawis iboe seueur kench anoe kagoengan manah, jen éngke mah dimana poeta-poetra énggeus arageung, sabatae seueur waktoe anggoëun andjeunna koe mantén. Emoetan kieu roepina lépat deui bae. Margina eukeur leutik koe leutikna, énggeus gède koe gédena, osok aja-aja bae noe nalikeun indoeng reudjeung anak teh. Meueus-meueus djol ka iboe teh tataros: „Boe, ieu sindjang rereng teh soeroep kana badjoe abdi, anoe taylor asin?” saer poeta istri.

Koemaha panarosan poeta paméngt, joeswa 15 taoen, saparantosna ngatja nilik salira, kira-kira saparapat djam lilana „Boe, mangga tingali, sieup abdi make dasi ieu?”

Naon margina noe mawi eta para poeta teh ngan tataros bae ka iboe?

Iboe tara miwarang koedoe make ieu, koedoe make itoe, tapi diantép sakarépna, sakarésépna. Henteu diharoc-biroc boh dasina boh djinisna. Keun bae sina njahoëun sorangan, sina boga pamilih sorangan. Nja kitoe deui dina milih pirabieunana.

Koe lantaran dikitoekeun djadi manehna elekesekeng bae, moen teu atjan naros ka iboe. Baloeakarna ieu djadjaka teh toe-

moet soedjoed kana piwédjang iboe. Sabalikna 'moen seug koe iboe dikoedoe-koedoe, osok ngalawan.

Koe lantaran iboe nimbang sarta ngaraoskeun kana kasoekana poetra, djadi koe si poetra oge karasaeun, toemalina katjintaan iboe kana dirina teh, malah boga rasa katjangtjang pisan. Tah ana kieu sidik pisan, jen taja waktoe anoe teu pěrloe pikeun anoe djadi iboe, sanadjan baroedak ěnggeus galède. Iboe teh salawasna koedoe tjaringtjing djeung taki-taki sarta sasadiaan, bilih kasoempingan poetra anoe kapeped, doe-meuheus njoehoenkeun dibongbolongan.

∴

Djaba ti roepi-roepi akal tarekah iboe ěnggoning ngatik poetrana, aja deui noe pěrloe dikaoeningakeun nja eta hartosna tjinta sarěng koemaha ngalarapkeunana. Mangga těngětan ieu tjarios:

Aja hidji iboe kagoengan poetra istri sahidji, joeswana 6 taoen; djadi parantos ninggang kana mangsana disakolakeun. Pisaminggoeěun deui kana boeka sakola, iboe teh parantos liwoeng bae, soeka pabaoer djeung doeka. Ari kasoekaanana atoech da kitoe koedoena, děmi kasoesianana eta koe deudeuh ka moerangkalih. Saoerna dina manahna: „Moal aja hidji djalma anoe bisa nalingakeun hate boedak kadjaba ti indoengna.” Ari koe kitoe tea mah sajaktosna ieu iboe moerangkalih teh totomplokanana, ngamoemoele poetrana, ti barang goebrag ka doenja dongkap ka ajeuna mangsana disakolakeun. Saniskantěn anoe matak djadi kasehatan, karěsěpan poetra, diajakeun. Kaaměngan moerangkalih kajaning: kakaretaan, boneka, korsi leutik, medja leutik didjagrag-djagragkeun. Koe lantaran kitoe, atoech si poetra teh teu kintěn bae rěsěpeunana goembirana ana disarěngan koe iboena teh.

Katjaritakeun ieu iboe, barang dongkap kana mangsana boeka sakola, poetrana didangdanan, ladjěng ditjandak koe andjeun ka sakola. Sadjalan-djalan dibebendjokeun, ditingaltingalkeun kana saroepaning anoe matak pikarěsěpeun, sangkan poetra paler ka iboena, margi tjeuk dina manahna: „Eh, tangtloe bae si Njai moal bětaheun di sakolana, něpi ka poekoel sawělas koedoe dioek bae dina bangkoe, katoeroeg-toeroeg kamarna leutik, katambah tjatjampoeran djeung djalma noe tatjan wawoeh. Leuheung meueus moen goeroena matak pi-

kaloetjoeëun, koemaha lamoen seug barangasan, teu matak pikarësëpeun, geus tangtoe bae si Eulis ingëteun ka indoeng, hajang balik ka imah, hajang geura oelin kakaretaan, hajang geura barang dahar noe ngareunah, anoe koe aing oenggal poë disadiakeun."

Sadjéroning kagoengan manah kitoe, djol andjeunna soem-ping ka sakola. Geus kitoe mah rët bae marëkëtkeun andjeun; tjisotja ditahan, pok sasaoeran bari doemareuda: „Los Njai, Eulis, ka ditoe asoep bae koe maneh, da Eulis mah wanian." Tërëlëng moerangkalih loempat, teu isin, teu oendoer toekang, tapi sonagar matak pikaloetjoeëun.

Barang ret iboe ningali kana taladjak poetrana kitoe, euleuh wani boengangang manahna teh, tëras bae moelih goera-giroe ka boemina. Ana djol ka boemi, naha teu poegoeh-poegoeh sor njongkeun kakaretaan, sap ngoesapan boëka, tjoeroetjoed tjisotja rambaj. Neng poekoel salapan, neng poekoel sapoeloeh, geus teu talangke deui, rap bae dangdos, djoet loengsoer sëdja mapagkeun poetra; tjeuk manahna: „Beu, geus tangtoe si Njai kësëleun, moal rësëpeun di sakolana, da taja noe ngënod, taja noe moepoedjoehkeun tjara di imah, tangtoe ingëteun ka indoeng, da poegoeh ge atoe taja deui noe bisa matja hate boedak lian ti indoengna."

Barang neng poekoel sawëlas, andjeunna geus djagrag, ngantos pajoeneun sakola. Ana braj panto diboeke, barabaj pameunteuna hegar, bingah ningali poetra kaloeur ti djëro kamar. Nja kitoe deui barang ret teh si poetra ningal ka iboena, bërebët bae loempat, njampeurkeun bari alewoh: „Iboe! Iboe!"

Koe iboena dirangkoel, ditjioeman: „Koemaha Eulis, rësëp di sakola teh?"

„Kantënan bae iboe rësëp mah; rësëp teh!"

„Teu ingët kana kakaretaan?"

„Hënteu da rësëp loba batoer."

„Koemaha ari ka iboe ingët?"

„Hënteu Iboe; djoeragan Goeroe njarios, aja rësëp teh! ab-di mah bëtah di sakola."

Barang iboena ngadangoe poetrana tjatjarios kitoe, tjisotja rambaj, kagagas, palaoer reudjeung nalangsa.

Naon sababna noe matak nalangsa?

Sababna noe matak nalangsa, taja lian ngan koe lantaran rasa katjintaan iboe ka poetra anoe sakitoe poharana, teu ka-

lawan. Moen tjeuk oerang mah iboena teh kagoengan raos nogentjang.

Katjintaan iboe saroepa kieu, lain sadjatining tjinta.

Tjinta noe sadjatina mah henteu maksa menta dibalës koe katjintaan deui, tapi boengangang raos manah, moen seug ningali anoe dipikatjinta teh salamët, loeloes rahajoe, teu aja balangbengsalna. Geuning saer sěpoe h oge: „Baroedak! kolot mah ngan mihapekeun tjeuli djeung mata. Tjeuli sing ngeunah ngadenge, mata sing ngeunah nendjo.”

Geura mangga lěnjėpan, saopama poeta geus bisa mawa diri, bisa digawe sorangan, nėpi ka iboe henteu salėmpang ngěntjarkeun, sanes ieu teh hidji kasoegėmaan anoe agěng pisan, moenggoeh pikeun noe djadi iboe?

Koe margi eta hiroepkeun ieu sadjatining katjintaan teh dina manah para iboe.

MANAHANEUN, EMOETKEUN, HARIRINGKEUNEUN.

1. Kinanti pangemoet-ngemoet,
kana roepi-roepi siki,
anoė parantos dipėlak,
ajeuna eukeur mimiti,
mėlěntoeng arek daoenan,
menta pangdjaga ki tani.

Oelah talangke nja ngoeroes,
kena-kena masih leutik,
ditoenggoekeun ka gėdena,
sabab tjeuk pahaman pikir,
orok mah teu sakoemaha,
mėrėdihna kana diri.

2. Maksoed sok rėmėn katoeroet,
koe lėmah lėmboet djeung lantip,
ajėm sarta lalaoenan,
ěntong loba saer teuing,
oesapan bae sirahna,
pok sakětjap anoe manis.

3. Seueur anoe koekoeloetoes:
„Naha bět teu sangka teuing,
koe boedak eta teu njana,
beda djeung pahaman pikir.”
Margina bongan salira,
ngan emoet ka elmoe ngatik.

Ari pokona dikantoen,
noe djadi pagëring diri,
dina ënggoning milampah,
ngamemenan poetra-poetri,
gëlar rasa kamanoesan,
noe oelah dilali-lali.

4. „Doeh adoeh koemaha atoe,
boedak mana lower teuing,
teu marosea panjaram,
mani ënggeus djengkel ati,
sora mani ënggeus sërak,
bakating koe djërat-djërit.

Na koedoe koemaha atoe,
hajang oelah kitoe teuing,
sieun beuki tambah bëndang,
koemaha teuing sim koering!”
Ih atoe eta mah gampang,
oelah tjoeroem-tjaram teuing.

Moenggoeh boedak ge koelanoen,
dina sadjëro moedigdig,
mësät ngageungan saiira,
karëpna pikirna deui,
pada menta kaloeasan,
dek toemoet djalan noe pasti.

Sagala noe hajang madjoe,
eta teh geus teu soemingkir,
koedoe oesik koedoe obah,
kari-kari bět dikikis,
dipëgat teu meunang djalan,
atoeh paingan teh teuing.

Tangtoe moal kaoer madjoe,
da bongan katjida teuing,
koe loba teuing pamaksa,
kawas andjeun teu tingali,
kana hiroep tatangkalan,
geuning loeas teu bĕrĕwit.

Poetra teh asa diringkoes,
ditjangtjang koe roepi-roepi,
kamistian djeung larangan,
dipagĕr disĕngkĕr pikir,
ari kitoe mah paingan,
geus gĕde montjor ngabĕtjir.

Djadi atoeh ana kitoe,
ajeuna tangtos kasoerti,
lēpatna sanes di boedak,
nanging aiana di boemi,
ewĕdna ngan ngaheureujan,
koe panjaram warni-warni.

5. Lamoen koe andjeun kasoerti,
rĕjĕm-rĕjĕm katingalan,
aja karĕp rek norodjol,
karĕp kana pagawean,
koedoe geuwat dipapag,
disambat dihajoe-hajoe,
heug bawa kana pĕrnahna.

Ēnggeus hĕnteu salah deui,
boedak tangtoe katalian,
kapintjoet tambah djeung pogot,
digawe rĕsĕp djeung soeka,
sasatna eta boedak,
noe bangor ajeuna taloek,
ka andjeun reudjeung iklasna.

6. Ka sadaja moegi-moegi,
soegri noe kagoengan, poetra,
moegi kĕrsa rada olok,
moedji kabisana poetra,

nadjan teu sakoemaha,
aloesna da poegoeh atoeh,
nĕmbean lĕbĕt sakola.

Noelis ge teu atjan tapis,
tatjan bĕnĕr samistina,
noelis A ge bĕt djiga O,
roel-reol hĕnteu rata,
keun bae heulaanan,
pok bae kitoeh koe aloes,
tangtoe boedak soeka boengah.

Matak ngawoewoehan radjin,
ka iboe ngadjadi tanda,
lantip boedi lĕmĕs hate,
ka poetra hĕnteu ngakaja,
reh andjeunna oeninga,
kahadean hĕnteu soewoeng,
anoe aja di poetrana.

Ngan sakapeung tatjan sidik.
boeboehaning manoesa mah,
hĕnteu lowong ti kakagok,
aia bae toenana mah,
ngan jakin di andjeunna,
tjinta poedji sok ngadjoengdjoeng,
sok ngoerangkeun kagorengan.

7. „Naha bĕlĕt-bĕlĕt teuing,
boedak-abu; mah koe teuas,
hĕnteu aja entjer-entjer.”
Ih peupudjeuh oelah taak,
pinangguh djeung kasoelah,
tjonto itoe noe keur njoegoe.
papan kasar dilĕmĕsan.

Tjĕnah eta kasar teuing,
pek atoeh njokot asalan,
soegoena diasah bae,
sina ramping ngagoerilap,

geus kitoe prak dihantja,
teu boeroeng djadi samaksoed,
papan kasar djadi rata.

BOEDAK BODO.


8. Mimitina gawe djsim koering,
noedoeh-noedoeh ka kabeh baroedak,
nérangkeun dietjes-etjes,
sanggeusna kitoe toeloej,
diomongkeun deui baganti,
koe hidji-hidji boedak,
tjeuk emoetan tangtoe,
minggoe hareup bakal bisa,
tatapina boektina mah sanes deui,
lapoer taja tapakna.

KIEU SABABNA.

9. Karaosan teh koelanoen,
ngontjrang, përtengtang keur moerid,
singhoreng adjang djoeragan,
koe salira teu kasoerti,
këlas didjieun pakakas,
parabot djoeragan ngoelik.

PAPATAH MOERAH.

10. Lamoen Oedjang hajang bisa,
leumpang gantjang, gadag-gidig,
hëmpek atoe geura leumpang,
oelah diëngkekeun deui,
sabab hamo ngadjadi,
moen saekoer dina saer,
hënteu kalawan prakna,
djëdjërih inggis koe bisi,
atoeh lapoer Oedjang moal kataekan.
11. Aja moerah sing horeng ieu piwoeroek!
dengekeun geura koe indji,
toeh boedak lelengkah haloe,
bloeg laboeh neut hoedang deui,
ëntong loba teuing omong.



Ti mana asalna eta parahoe noe angkleung-angkleungan di tĕngah sagara teh? Hamo aja noe tĕrang. Geus lawas pisan kabawana koe aloen, katĕbakna koe ombak, hĕnteu poegoeh noe didjoegdjoeg hĕnteu aja noe disĕdja. Geus lila patoerajna djeung paniatanana, niat neangan rĕdjĕki: ngala laock. Ueu-ning poĕan maranehanana arindit ti saimah-saimahna teh leur meudjeuhna hade pisan poĕna.

Hĕnteu lila ti sanggeusna beber lajar ngangkat djangkar, lĕs basisir teu katembong deui ngan kari goenoeng-goenoengna bae lapat-lapat sĕmoe biroe. Barang nĕpi ka tĕngah, oedjoeg-oedjoeg gĕr bae hoedjan-angin! Teu talangke lajarna tĕroes digoeloengan, parahoenana diboseh, tapi beu geuning lain boseh-boseheun, angin djeung lambak leuwih gĕde tanagana ti batan djalma, tinimoang ka sisi parahoe teh anggoer beuki tĕngah-beuki tĕngah bae. Sanggeusna hoedjan raat, angin lĕlĕr, parahoe teh, moen djalma tea mah ngan kari rorongkongna bae, sagala roepana geus roeksak. Djalmana geus teu barisaeun walakaja, beak bĕkĕl, beak tanaga, ngan kari pasrah noe aja.

Poreret panonpoë bidjil, mimitina poegoeh noe aja dina parahoe teh asa mojan haneut-mojan, tapi lila-lila mah asa direrab, panas hareudang-bajeungjang. Ras ingët ka lëmboerna, ingët kana tatangkalanana, tjoertjor tjaina, herang ngagënjas matak pikabitaen, komo harita mah da keur hanaang tea

Ngaloengsar teu daja teu oepaja tina koe bawaning lësoe djeung lapar, ngan Pa Kolot, djoeroe moedi, noe pangdjagdjagna teh, sok radjeun keneh toempa-tëmpe, ngilikan soegan aja kapal noe ngaliwat. Tapi ngan sakeudeung pisan sigana boga harëpan kitoe teh, toeloejna mah nja tjara batoer-batoerna deui bae, toengkoel sëmoe noe bingoeng, bari ngomong sorangan: „Sing horeng ari manoesa, dina keur soesah ingëtna ka Noe Sahidji teh.”

Naon itoe anoe ampoel-ampoelan kabawa koe ombak? Gantjang bae diboro, parahoena diboseh ka lëbah dinja. Ana diangkat teh geuning kalapa. Kalapa? Atoeh aja tjai inoemeun djeung aja dahareun! Kabeh moedji soekoer ka Noe Kawasa. Tapi barang eta kalapa rek dibeulah, Pa Kolot noendjoek bari ngomong, kieu pokna: „Ilikan baroedak, geuning eta kalapa teh geus beulah, meureun geus kaasoeapan tjai laet.”

Barang ngadenge omongan kitoe taja saerang-oerang atjan noe ngomong deui, toeloej darioek ngahoeroen baloeng, kalapana loer bae digolerkeun, teu diparosea deui.

Pitoeloeng Jang Widi, teu lila aja deui kalapa kabawa koe ombak, toeloej ditjarokot, sarta kabënëran ajeuna mah hade, hënteu beulah. Tapi barang braj dibeulah taja pisan araheunana, kalapana boeroek, tjaina bae. Teu kira-kira bae harandeueuleunana noe aja dina parahoe teh, leuwih-leuwih ti tadi basa nimoe kalapa barang mimiti tea. Naha aja kadar awak goreng-goreng teuing! Pa Kolot teu lemek teu njarek ngahoelëng bae meunang sadjongdjongan mah. Tapi ngahoelëngna teh hënteu siga anoe soesah, ieu mah siga djalma anoe tas kedatangan wahjoe karagrangan ilham bae. Ari kitoe tea mah lain siga deui, ënja bae Pa Kolot karagrangan ilham, boektina manehna meunang pikiran hade dina lëbah eukeur meunang karërepët anoe sakitoe poharana. Tjeuk hatena: „Eta kalapa anoe mimiti kapanggih, siga kakara ploek moerag, djadi meureun moal sa-

OELAH MOENDOET ANOE SANES IWAL TI

ROTTI CABIN

TJAP MĒRAK



Ieu teh nja eta gambar kaleng wadah
ROTTI CABIN TJAP MĒRAK, koealitetna
pangsaena ti antawis biskoeit bangsaana mah;

wédalan

TOKO GEO. WEHRY & Co.
IMPORTEURS ROTTI CABIN NOE PANGÄGĒNGNA




Sekoempoelan anak-anak jang dibawa dengan autobus akan menonton gambar hidoep, propaganda keséhatan. (Lihat moeka 204, Gezondheids-Brigade).



Tempat mempertunjukkan gambar hidoep, propaganda bagi memperkatakan keséhatan 'oemoem. Letaknja ditanah lapang Gambir di Betawi. (Lihat moeka 204, Gezondheids-Brigade).

SOEPAJA WAOS ANDJEUN SALAMINA



NGĚPLAK BODAS
SARĚNG HERANG
KĚDAH NGANGGO

TANDPASTA **TJAP**



IASA NGAGALEUH DI MANA-MANA

baraha djaoehna ti dinja tangtoe aja poelo. Tjatjakan lamoen teu sieun poelona tea teu kapanggih mah, wani hajang igël-igëlan bawaning atoh, ngan tada teuing pihandeueuleunana babatoeran lamoen seug aing nembongkeun kaboengahan kari-kari poelona henteu kapanggih. Koe sabab eta leuwih haé aing rek tjitjing bae moal rek haliwoe.”

Tidinja pek manehna mēnērkeun kamoedina. Parahoe njolojong ka beulah wetan

Daratan! Sakoemaha piatoheunana djalma-djalma noe aja dina eta parahoe sanggeus naringal daratan, geus lain tjaritakeuneun. Oeroet sakitoe lilana angkleung-angkleungan di laoet, sasat aja di sagara kasangsaraan, toer teu aja pangharēpan kana baris meunang pitoeloeng, ari ajeuna oedjoeg-oedjoeg breh bae ningal daratan. Daratan anoe sakitoe hedjo lemokna, pinoh koe tangkal kalapa, daonna siga tinggaroepaj ngahiapihapih anoe anjar datang. Barang breh oge katembong aja poelo, leuleus lēsoe teh dadak sakala leungit, tjara noe dibanjoe koe tjihoeripan bae; soemawonna sanggeus handjat mah, geus nginoem tjai kalapa, poelih deui sakoemaha baheula biharina. Maranehanana nganoehoenkeun ka Noe Maha Soetji rehna geus salamēt, didjait tina balai.

Reup peuting maranehna karo mpoel ngarioeng piroenan, tjarita sabatoerna, ari noe ditjaritakeun taja lian ngan lēmborna, radjeun oge Pa Kolot sok ngadongeng, njaritakeun koemaha noe matak kadjadian di tēngah-tēngah laoet sok radjeun aja poelo. Kitoe oge bedja deui tjēnah, eta poelo teh asalna tina karang. Ari noe njeunna sasatoan laleutik, noe sok njeun ēnggon koe batoe karang. Tina loba-lobana eta sato sarta koe lila-lilana, nēpi ka aja riboean tahoenna, lila-lila mah eta karang teh nēpi ka manggoenoeng-goenoeng, mapakan atawa ngaloehoeran koelit tjai. Ari geus kitoe mah eta goenoeng karang teh leuwih gampang ngaroebakanana, sabab katambahan koe papalidan kokotor, malah loba tatangkalan noe djaradi di dinja. Nja boektina di eta poelo atawa di poelo lēmborna tea hamo kabilang roepana tatangkalan teh. Pa Kolot njaritakēun deui koemaha pangājana kēbon kalapa di dinja. Omongna moal salah tangtoe pisan kalapa noe djadi bibit di dinja, asalna kalapa anoe kaaloenkeun sarta njangsang di dinja.

Babatoeranana sarēgēp pisan ngadarengkeunana tjarita Pa

Kolot bari ngarioeng piroenan. Di dinja karasa djeung katembong koe maranehanana kaanehanana alam djeung kaagoengnana Noe Kawasa.

∴

Teu beda djeung kalapa anoe mawa hiroep djeung hoerip di poelo noe tadi ditjaritakeun tea, 22 taohen ka toekang di hidji poelo noe djaoeh pisan ti oerang, nja eta poelo Inggris djoel aja hidji poepoeton, noe kabawa koe aloen panēmoe, kagojoe koe pangaweroeh. Lord Baden Powell of Cilwell anoe harita joeswana geus 50 taohen ngadégkeun hidji pakoempoelan, Pakoempoelan Padvinderij, poepoeton oerang ajeuna, noe mawa hiroep reudjeung hoerip ka djalma rea teu beda ti kalapa noe kabawa koe lambak njangsang dina poelo karang tea, sarta di dinja manggih gēmoek.

Minutina mah nja tjara eta kalapa tea bae, noenggēlis, ngan sorangan angkleung-angkleungan di sagara, ngan ieu mah sagara sirik pidik djeung moenapek, sipat manoesa noe ngalaladjoer napsoe. Tapi nadjan lambak sirik sagēde goenoeng, parantjah noe teu soeka ngēloen ngēboel taja eureunna oge da tjēbna mēlak dina taneun noe lendo, noe bērēsih sēpi keneh tinaratjoen reudjeung hama, nja eta hama sirik djeung moenapek tea, eta kitri teh teu boeroeng hade djadina, teu boeroeng ngarandakah.

Teu sabaraha lilana ti harita, eta kalapa teh — Pakoempoelan Padvinderij tea — geus gēue loehoer, palapahna ngaroembaj ka mana-mana. Mangriboe-riboe baroedak noe arasoep kana eta pakdempoelan, digoegoeloekeun koe kolot-kolotna, noe njarahōēun kana mangpa'atna eta pakoempoelan anoe teu ngabedakeun menak djeung koering. Pakoempoelan Padvinderij dina djēro 22 taohen hiroep hoerip di oenggal nagara sabab manggih taneuh noe lendo, nja eta hate baroedak anoe masih keneh soetji, tatjan kaeunteupan sirik pidik, anoe masih keneh nganggap batoer oelin kapada kaoela, batoer heureuj, batoer hiroep babarēngan.

Geus dalapanwēlas taohen lilana ti barang eta kalapa poepoeton kaaloenkeunana koe lambak ka oerang, djadi geus dalapanwēlas taohen lilana ajana di Hindia teh.

∴

Saénaj anoe diséboet tadi teu aja bedana teh nja aja oge katiékna mah, malah géde deui. Kalapa mah moal njahoëun ti mana asal-moeasalna, ari djalma mah moal kitoe, sabab koe Jang Widi geus dipaparin pikiran, ingétan, dipaparin deui rasa roemasa djeung silih asih. Kébon kalapa mah moal njahoëun di mana pantjërna, nja eta tangkal kalapa noe ngaroendajkeun manehna, tapi ari „kébon” (Pakoempoelan) Padvinder mah di mana bae ajana moal pégat toeroenanana, kabeungkeut pageuh koe kadoeloeran, kaséngkér koe papanggéran pamaksoedan, maksoed ngahoedangkeun deui sipat silih asih tea, adil ka papada kawoela, ngaleungitkeun sipat rongkah djeung hawék.

Dina waktoe di Volkenbond ngabadamikeun koemaha pikaleunana sangkan djalma bisa ngahidji doedeloeran, dina boelan Augustus tahoen 1929, Pakoempoelan Padvinder geus ngajakeun koempoelan géde, *Jamboree* diséboetna. Noe datang ka eta koempoelan aja 50.000 Padvinder, beda² bangsana djeung warna koelitna. Eta koempoelan anoe sakitoe gédena teh tangtoe pisan dihormat koe sakoeliah doenja. Noe aja di dinja diadjak soepaja ngamoeljakeun masing-masing agamana djeung adatna tapi maranehna koedoe ngahidji djadi doeloer, djeung samaksoed pikeun ngajakeun doenja anjar, doenja noe pangeusina silih pértjaja, silih toeloengan djeung pada mikarép kana kahadean, karép pikeun ngajakeun kaadilan djeung katréngtréman oemoem. Di dinja, di témpat noe sakitoe djaoelma teh oerang Islam saralat, oerang Nasrani ka garedja, nja kitoe deui noe njangking agama sedjen masing-masing ngamoeljakeun agamana. Itoe ieu silih hormat, pada ngahormat agamana masing-masing, sabab ajeuna mah hěnteu kaliroe deui jen noe Kawasa teh ngan sahadji.

Dina keur ngamoeljakeun agamana, nja eta salat sambahjang témpatna misah-misah, tapi dina waktoe ngajakeun kampvuur djeung demonstratie mah koempoel ngahidji, rémpoe djoekoeng hěnteu pakia-kia pagirang-girangtampian. Waktoe eta lain pagawean Padvinder bae anoe dipintonkeun teh, poesaka karoc-hoenna oge hěnteu diloeli-loeli, kajaning: pakean, basa, roeparoepa kamonesan, sport djeung sadjaba ti eta, kabeh dipintonkeun. Moal lila deui oge tangtoe noe djadi wawakil Padvinder di Hindia baris bisa mintonkeun ka baroedak ti sakoeliah

doenja titinggal karoehoenna, nja eta cultuurna anoe sakitoe maherna.

∴

Jamboree harita geus nembongkeun atoeran ngatik baroedak anoe geus didjalankeun koe Pakoempoelan Padvinder dina djero 21 tahoen. Koe sabab Padvinder mah djalma „leuweung” tjaritjingna oge dina himah bae. Di dinja maranehanana roentoet pisan, lain roentoet lantaran sieun koe parentah saperti sêrdadoe di djero tangsi, tapi roentoet koe djorodjojna hate teu beda ti bangsa cowboy, karësêp sakabeh baroedak. Karêp toetocloeng ka batoer di dinja ebreh katembong, teu beda djeung keur di lêmboerna oepama pêrloe mere pitoeloeng pikeun kapêrloe an oemoem. Tapi noe etjes pisan mah Padvinderij teh nja eta hidji *kaelinan* noe mangpa'at. Sagala mahloek oge ana keur leutik keneh mah, sok rarêsêp *oelin*. Ari Padvinderij hidji kaelinan anoe teu meunang pisan katjampoeran koe sagala hal anoe moeskil, anoe ngan hade pikeun kolot bae. Sabab lamoen kitoe lain kaelinan deui, djeung tangtoe leungit mangpaatna.

Aja lid Volksraad bangsa Priboemi anoe sasaoeran kieu: „Baroedak bangsa Priboemi teu pati aroelin; koe sabab malikir teuing, malah ngomongna oge geus tjara kolot, êngkena teh ana geus sawawa moal tangginas tjara bangsa sedjen. Lantaran eta tjing atoe baroedak teh bere waktoe keur oelin, geura êngke oerang bakal djadi hidji bangsa anoe leuwih hade.”

Eta kasaoeran lid Volksraad teh bënë pisan, sapagodos djeung atoeran ngatik baroedak anoe geus didjalankeun koe Padvinderij sarta anoe beunang dipake pikeun sagala bangsa, asal bae makena kalawan ngingêtkeun kaajaanana sahidji-hidjina bangsa. Djeungna deui pangna Padvinderij gantjang pisan nêrêkabna ka sakoeliah doenja teh, lantaran atoeran ngatik anoe dipake koe Pakoempoelan Padvinderij diadjarkeunana di „Gilwell-Leidersschool” anoe diadêgkeun koe Baden Powell koe andjeun sarta ajeuna geus nêrêkab aja di mana-mana. Di dinja sagala hal bisa dipintonkeun, koe lantaran eta Padvinderij gantjang pisan nêrêkabna sarta bisa ngalampahkeun kahadean pikeun kasalametan nagara djeung pangeusina. Tangtoengna Padvinder mah kieu: boedak teh tjalon kolot, djadi nadjan sakoe-

maha hadena anoe djadi panoengtoen oge, saénjana tatjan tjoekoep keneh bae, pěrloe keneh bae dihadéan.

∴

Kitoe mangpaatna „kěbon” Padvinder anoe geus ditembongkeun di Jamboree ka sakoeliah doenja teh, nja eta ngahadean doenja koe djalan ngatik baroedak soepaja djalma daek digawe babarėngan, daek doedoeloeran, silih oepama sarta adil. Tapi nadjan teu dipintonkeun di Jamboree oge saénjana mah moal teu katembong koe djalma anoe seukeut paningalna mah, sa-pėrti Pa Kolot tea. Geuning barang breh ge nendjo kalapa anoe katimoe mimiti anoe geus beulah tea, Pa Kolot toeloelj bae njahoėun jen eta kalapa teh geus teu aja poepoerieunana. Moal hėnteu tangtoe koe saliwat oge, lamoen awas mah oerang bisa tėrang jen Padvinderij teh batinna lain rek ngipoek pi-sėrdadoeėun, atawa ngamoemoele sipat djalma anoe goreng tea: sirik pidik djeung moenapek.

Djeung teu beda ti bėdog anoe dipake meulah kalapa noe boeroek tea, panon noe seukeut mah bisa ningal ka djėro raga Padvinderij ngawas² pėrbawana, nja eta karoekoenan hajang doedoeloeran, hajang silih toeloengan djeung digawe babarėngan. Lamoen teu aja eta sipat nja lain Padvinder tea.

Hade-gorengna boeah, goemantoeng kana tangkalna. Gueuning kalapa anoe ngahiroepan djeung ngahoeripan djalma anoe langlajuseun, oge asalna ti leuweung noe sakitoe arioehna. Mangpaatna Padvinderij oge ditembongkeunana koe boeah (hasil) oesahana, nja eta roekoen, silih asin, silih oepama teu ngabeda-beda harkat djeung martabat atawa bangsa. Tah eta pėrbawana Padvinder mah, sarta eta pėrbawa leuwih bėdas leuwih koeat ti dangiang doenja sirik pidik tea. Ari larapna ka oerang ti peuting dina keur ta'at djeung nganoehoenkeun ka Noe Mahasoetji bari ngadago-dago isoek, waktoena nėroeskeun lalampahan hiroep kalawan maksoed: Kasalamėtan pikeun sorangan djeung pikeun sarerea.

FEUILLETON.

BABAD TJIREBON *)

(Samboengan Volksalmanak Soenda 1930).

Asmarandana.

Barang Sang Pangeran ngoeping, kasaoeran SANG HIDAJAT, olohok bawaning bĕngong, SJARIF HIDAJAT mariksa: „Naon margina kakang, mindĕl hĕnteu kĕrsa njaoer, naha teu sapoek djeung manah?

Atanapi diri rai, masih dina kapĕtĕngan? soemangga geura njarios, oetamina dipiwĕdjang, sangkan kang rai paham,” PANGERAN PANDJOENAN njaoer: „Mĕnggah emoetan kang mah.

Tĕbih kana bisa hasil, lantaran koerang saratna, sahadat goenana naon? pikeun djalma noe geus paham, teu soesah djeung sahadat, poesa salat teu pĕrloe, pikeun noe ma'rifat mah.”

SOENAN DJATI njaoer deui: „Atoeh oepami kitoe mah, masdjid-masdjid tangtos lowong, teu aja deui goenana, moenggoehing keur djalma 'am, sarĕng rai nĕda maphoem, mĕnggan anoe salĕrĕsna.

Koema tekad noe sadjati, anoe ditjĕpĕng koe kakang, rai mah teu atjan ngartos, tjing soemangga geura dadar,” teu lila SANG PANDJOENAN, misaoer jen elmoe loehoeng, koedoe kaloeur ti sjara.

Hĕnteu nganggo hoekoem sjar'j, mĕnggah kaoem Djabariah, SANG SJARIF ngandika alon: „Djadi oepami kitoe mah, mĕnggah itikad kakang, kawoela teh tanpa dapoer, mangeranana ka saha?

*) Disoendakeun djeung didangding deui koe R. BRATAKOESOEMA.

Moen kawoela tanpa Goesti, naon pingaraneunana? disébat Allah pon sanes, moen kawoela koedoe njata, tangtoe aja goestina, oepami kitoe teu poegoeh, nja goesti nja kawoelana."

SANG PANDJOENAN njaoer aris: „Har ari rai koemaha, tekad rai noe sajaktos, tjobi tĕrangkeun ka kakang, noe mawi kitoe manah!" SJARIF HIDAJAT soemaer: „Mĕnggahing tekad rai mah.

Taja sanes amoeng hidji, nja eta anging Jang Soekma, anoe kawasa waspaos, teu kaalangan-alingan, kawoela tanpa daja, sadaja kĕrsa Jang Agoeng, noe kagoengan kabeh sifat.

Mĕnggah kawoela mah laip, hĕnteu daja teu oepaja, soemawon moen miboga teh, tapi mĕnggahing kakang mah, djiga sanes nja tekad, kapan ngagĕm elmoe loehoeng, tapi boetoe koe noe gĕlar.

Mĕnggah pikeun anoe tohid, 'mo boetoe koe wadyabalad, harkat, pangkat pikeun naon?" PANGERAN PANDJOENAN heran, ngadangoe SANG HIDAJAT, bangĕt manahna panoedjoe, kana kabĕnĕranana.

Ngaraos sisip pribadi, tina tekad Djabariah, koedoe bari mi-tjeun maneh, tĕgĕsna nja mati raga, teu boetoe koe sagala, atawana koedoe njingkoer, oelah pagaoel djeung djalma.

SANG PANDJOENAN njaoer aris, ka SJARIF HIDAJATOE'LLAH: „Poen kakang bade soemeren, ngahatoerkeun wadyabala, sadaja mangga tjandak, margi kakang bade njingkoer, niat bade mati raga.

Moeng bae poen kakang titip, DATOEK HAPID, RARA BAGDAD, nja kitoe deui noe sanes, paparinan kahiroepan, kintĕn noe sakadarna, mangga rai madĕg ratoe, mĕntjarkeun agama Islam.

Kakang mah rek nĕpis wiring, rek loenta ka pasisian, bade ngawoe!aan maneh, rek mĕdar hal Djabariah, kakang rek mi-leuweungan, ngadjoegdjoeg Waringin Pitoe, 'mo wangsoel doegi ka adjal."

SOENAN DJATI njaoer aris: „'Mo sae lamoen kitoe mah, langkoeng sae rai bae, anoe bade mileuweungan, kakang noe maděg radja.” SANG PANGERAN teu ngawangsoel, toeloej angkat mēdal sila.

Angkatna kadoea istri, moedoen ti Goenoeng Amparan, koelon noe didjoegdjoegna teh, teu kotjap koema tēroesna, tjatoer bae enggalna, aja istri anoe tjoendoek, seba diri rek djariah.

Istri geulis djeung patitis, djēnēngan GĒDENG TĒPASAN, endahna taja noe nēndeng, koe SOENAN DJATI ditampa, la-djēng dianggo garwa, nja kantos noeroenkeun soenoe, SANG PANGERAN PASAREAN.

Anoe kadoea mah istri, RATOE AJOE katēlahna, sakalangkoe geulisna teh, ngala ka iboe ka rama, endah tanpa papada, loetjoe teu ngagehan batoer, ajoena dalit djeung ngaran.

Reudjeung deui SOENAN DJATI, kagoenganeun doea poetra, ti garwana anoe sanes, PANGERAN KĒLANAMOELJA, reudjeung SEDANG LAOETAN, ari noe mēntjarkeun ratoc, Tjirēbon SANG PASAREAN.

Tjatoerkeun SOESOENAN DJATI, toeloej njēbarna agama, sapasoendan lēgana teh, taja nagara kaliwat, nadjan anoe karoeat, saperti Talagamanggoeng, Radjagaloeh djeung Koeningan.

Nja kitoe deui Tjiamis, sadaja geus dipērangan, djeung arasoep Islam kabeh, loba anoe andon soeka, pada sērāh bongkokan, saperti Soemēdang, Bandoeng, Tjiandjoer, Bogor, Djakētra.

Oedjoeng sarēng Bantēn, sami, toendoek ka HIDAJATOE'LLAH sapasoendan taloek kabeh, lila-lila katjarita, loba djalma daroegal, anoe goejoer matak iboer, ngabantah agama Islam.

Koe hal eta SOENAN DJATI, enggal ngintoenkeun prawarga, meh ka oengggal nagri bae, RADJA LAHOET ka Djakētra, RADEN HADJI DZOE'LIMAN, dipērnahkeun di noe singkoer, miwoelang di Padjadjaran.

SANG PANGERAN SEBAKINGKIN, di Bantèn dipernahkeunna, djeung ngabawah Oedjoeng Koelon, ari SANG RADJA-SĒNGARA, kĕdah di Tĕgal Loear, sadaja pada ditangtoe, koe-doe ngagĕlarkeun Islam.

Kotjap teu antara lami, radja-radja di Pasoendan, geus djaradi moeslim kabeh, taja saerang noe baha, teu noeroet kana kĕrsa, barang teu lami katjatoer, SOENAN AMPEL DĒNTA hilang.

Para wali sami soemping, karoempoel di Ampel Dĕnta, baris moelasara lajon, sanggeus beres moelasara, ladjĕng sami boe-bran, rek ngabarĕmpoegkeun elmoe, di kraton SANG GIRI GADJAH.

Wali sanga sapoek galih, sadaja silih djangdjian, jen teu kenging nganggo kĕdok, tĕgĕsna nja koedoe bloekblak, nĕm-brak teu dipindingan, soemawon soempoet-salindoeng, koedoe diboeka sing njata.

Teu beunang didingding kĕlir, oelah arek koe siloka, tapi koedoe ebreh kabeh, tina pĕrkara 'aliman, reudjeung moetakalliman, sanggeus sadajana roedjoek, prak ngawitan moesawarah.

Dangdanggoela.

SOENAN BONANG sasaoeran aris: „Ari moenggoeh iman djeung tohid mah, hĕnteu koedoe ditjaris, dĕmi Allah satoehoe, ĕnja eta Allah sadjati, lain dat anoe njĕbat, tapi noe disĕboet, djadi sadjatining Allah, ĕnja eta kabeh pangawasa abdi, noe teu daja oepaja.

Eta kitoe sababna noe pasti, anoe matak aja basa lafad, ari moenggoehing Allah teh, teu deukeut hĕnteu djaoeh, tah sakitoe katĕrang koering.” SJECH MADJAGOENG ngandika: „Allah noe saestoe, anoe satoehoena toenggal, tah nja ieu, moenggoeh sanjatana Goesti, tapi lain kaoela.”

Pok ngalahir SOENAN GOENOENG DJATI: „Moenggoeh Allah anoe sañjana, eta teh teu aja sanes, anging Goesti Jang Agoeng, tara bakti tara dibakti, tah ieu sanjatana, moenggoehing noe estoe, tatapi lain kaola.” SOENAN KALI teu lami ladjëng ngalahir: „Dëmi noe ngaran Allah.

Hënteu beda loear-djëro sami, moenggoeh mahloek teu aja noe tërang, kitoe soteh noe bolostong, tapi pikeun noe loehoeng, lir oepama beurang djeung peuting, bedana natrat tërang, poegoech aloer galoer, njatana moenggoeh Pangeran, noe ditingal djeung noe ningal eta sami, kitoe pamëndak koela.”

Pok ngalahir SJECH BËNTONG djeung aris: „Moenggoeh anoe dingaranan Allah, nja eta Goesti Jang Manon, tatapi lain itoe, ngan njatana eta noe boekti,” MOLANA MAGRIB njabda: „Moenggoeh noe saestoe, ari Allah teh nja koela, ngan toehoena lain badan djisim koering, tapi moen taja eta.

Tangtoe taja anoe sedjen deui, lian eta Noe Moerba Wisesa, kitoe tekad dina hate.” SJECH LËMABANG sroe njaoer: „Moenggoeh Allah njatana kami, sabab taja noe lian, teu doea teu tiloe, lian ti koela sorangan.” SJECH MOLANA MAGRIB pok ngandika aris: „Sanes, eta mah djasad.”

SJECH LËMABANG pok ngalahir deui: „Bisa djadi pikeun arandika, ngan pikeun koela mah sedjen, pan tadi geus barëm-poeg, moal arek didingding këlir, tapi ari boektina, teu koekoeh ka saer, saroelaja ti soebaja, kawas boedak teu palanggër kana djangdji, ingkar ti kaoetaman.”

Ngawalonan SANG MOLANA MAGRIB: „Ënggeus oelah sok katëtëroesan, sabab noe tekad kitoe teh, tangtoe bakal dihoekoem,” SJECH LËMABANG pok njaoer deui: „Teu sieun koe hoekoeman, moen geus tjoendoek waktue, Allah mah taja bedana, ëngke, isoek, djaga, ajeuna pon sami.” djeung toeloelj mëdal sila.

Saënggeusna SJECH LËMABANG bidjil, SOENAN GIRI noe loejkeun ngandika: „Ari moenggoehing Allah teh, lir oepama Ki Gamboeh, noe ngadalang toekangeun këlir, oerang 'mo bisa tërang, lamoen teu disëboet, saha ngaranna Ki Dalang, seug ajeuna koe koering arek dilandi, ngaran PRABOE SASMATA.”

SANG PANGERAN KOEDOES pok ngalahir: „Děmi anoe ngaran Allah tea, lir ibarat sarangenge, noe sore djeung noe isoek, toenggal tapi hěnteu ngahidji, beda tapi teu beda, kawan-toe sawoedjoed, malah djinisna sabarang, bedana teh disěboetna lain deui, kitoe tekad kaoela.”

Sanggeus kabeh pada mědal lahir, para wali arangkat ka Bonang, doemeh rek ngadjoengdjoeng katong, SOENAN BONANG ngaratoe, maděg adji di Toeban nagri, sanggeusna diistrenan, para wali toeloej, ka Tjirěbon ararangkat, sababna rek ngadjěngkeun SOENAN DJATI, djěng ratoe pandita.

Reudjeung arek ngadaraměl masdjid, pěrěnahna di Těgal Pangalang, di těngah dajeuh Tjirěbon, katělah Masdjid Agoeng, masdjid agěng sarěng oetami, ngaranna *Tjiptarasa*, bahanna geus koempoel, aja kai ti djaoehna, tihang goeroe noe opat kai tarěbih, ti Měsir djeung ti Djidah.

Aja anoe ti Bani Israil, djeung noe hidji ti nagara Iraq, těroes diaděgkeun bae, sanggeusna masdjid rampoeng, toeloej pada angkat prawali, ngadjoegdjoeg nagri Děmak, rek ngadjoengdjoeng ratoe, RADEN PATAH maděg radaja, radja Islam di Djawa anoe mimiti, baris ngalindih rama.

RADEN PATAH sasaoeran děmit, barěmpag djeung para walijoellah, pasal ngorojok Sang Katong, SANG BRAWIDJAJA Praboe, doemeh hěnteu kěrěsa njangking, agama Rasoeloellah, kěrsana Sang Soenoe, arek noempěs Radja Boeda, Madjapait tangtoena diboerak-barik, lamoen teu asoep Islam.

Ari anoe djadi senapati, SOENAN OENDOENG noe kongas digdjaja, kasohor Pandita kahot, pinoeh elmoe paněmoe, para wali mantoe pradjoerit, tamtama noe oetama, noe geus mas-hoer poendjoel, pangbantoe SOESOENAN BONANG, opat poeloh pěrđjoerit anoe sarakti, kabeh asal ti Tjěmpa.

Kitoe deui SJECH MADJAGOENG Wali, ngabantoean opat poeloh djaima, djago Poelo Pinang kabeh, SOENAN DJATI pat poeloh, paradjoerit Bani Israil, dipilih noe garagah, djeung noe toeman taroeng, ari SOENAN KALI DJAGA, ngabantoeana koe opat poeloh pěrđjoerit, senapati ti Toeban.

Aja deui toedjoeh senapati, noe biasa tara ngitoeng lawan, pangbantoena ti SJECH BĒNTONG, djeung aja deui toedjoeh, paradjoerit MOLANA MAGRIB, ti Andĕlis nagra, SJECH LĒ-MABANG toedjoeh, pradjoerit oerang Malaka, noe geus kongas bararisa pĕrang tanding, ti SOENAN GIRI GADJAH.

Opat poeloeh djoemblahna pĕrdjoerit, noe biasa toekang nang-kĕp radja, sakabehna oerang Paseh, pangbantoe SOENAN KOEDOES, opat poeloeh pamoek ti Mĕsir, Dĕmak geus tata balad, djoemblahna bareboe, saĕnggeusna saradia, toeloej indit ngadjoegdjoeg ka Madjapait, baris ngagĕmpoer Boeda.

SANG PARABOE BRAWIDJAJA Adji, geus oeninga jen RANGGA BINTARA, bogā niat rek ngorojok, toer andjeunna geus maphoem, jen DEN PATAH poeta pribadi, malah kagoengan sangka, Boeda baris lĕboer, 'mo beda ti Padjadjaran, SILIWANGI PRABOE ngan kari wawangi, wantoe ĕnggeus ngahiang.

BRAWIDJAJA nimbalan papatih, mĕpĕk balad keur ngajonan lawan, ngĕmpĕlkeun para dipatos, ari anoe kapĕtoe, pikeun djadi kapala djoerit, saderek RADEN PATAH, DIPATI TĒTĒROENG, anoe kongas gagah rongkah, kawĕntarkeun sakti manggoelang-manggoeling, digdjaja mandragoena.

Koe kĕrsana Sri Maha Narpati, diadoekeun reudjeung saderekna, sangkan pĕrangna teu ragot, wantoe ngingĕtkeun doeloe, moal tega nĕpi ka pati, atawa sangkan bisa, ngomongan ka moesoeh, saĕnggeusna tata balad, paradjoerit Madjapait mapag djoerit, ngalawan oerang Dĕmak.

Teu katjatoer ramena ing djoerit, moesoeh-lawan geus hĕnteu kabilang, lobana anoe maraot, kotjapkeun SOENAN OĒNDOENG, ningal balad dibabad patjing, toeloej madjoe ka tĕngah, rea moesoeh roeboeh, sakoer noe kasorang rĕmpag, wadyabala Madjapait mangsar-mingsir, diamoek koe Pandita.

Balad Demak soerak tingdjarĕrit, tingarĕro nangtang menta lawan, kadangoe koe Sang Dipatos, ADIPATI TĒTĒROENG, senapati ti Madjapait, andjeuna madjoe nĕngah, moesoeh kalangkaboet, ditjatjar bolang koe pĕdang, djeung diambĕrg koe sakabeh paradjoerit, maloendoer oerang Dĕmak.

Hēnteu lila SOENAN OENDOENG soemping, kabēnēran am-prok reudjeung lawan, anoe satimbang sabobot, saroea pada pamoek, teroes bae parērang tanding, taja anoe kasoran, ngan koe eleh sépoe, lila-lila Sang Panuita, kalempohan teu iasa nahan deui, doemoegi ka toelisna.

Koedoe poepoes dina medan djoerit, ditēlasan koe Tēroeng Dipatya, teu lami geus djadi lajon, baiaad Demak aliboer, iowa anoe barela pati, sawareh baroeriak, maroeboes njalingkoer, naringgalkeun medan pērang, djeung teu koerang pradjoerit noe menta hoerip, pasrah djadi babandan.

Toenda heula lampahna noe djoerit, kakotjapkeun prawali di Dēmak, pada mētakeun djadjaten, keur njeun Masdjid Agoeng, hidji tihang sahidji wali, dibantoe patoekangan, djoemblah tiloe ratoes, ari ngaranna noe nēlah, eta masdjid djeung noe di Tjirebon meh sami, *Rasa Tjipta* ngaranna.

Sanggeus anggeus ngadamēlna masdjid, para wali salia pamēndak, ngaler teuing tjeuk sawareh, kiblatna masdjid agoeng, tjeuk sawareh mah ngidoel teuing, aja oge noe nyebat, jeli ngiblatna tjoekoep, teu lami pok SOENAN BONANG, njaoer alon: „Asana langkoeng oetami, oerang nētēpan hadjat.

Antos bae doemoegi ka wēngi, oerang tingal kiblatna koe-maha, ēngke ge tangtos katembong, koe kērsa Maha Agoeng, tangtos oerang tiasa jakin, lērēs-hēnteuana kiblat.” enggama katjatoer, wēngi taboeh doeawēlas, narētēpan hadjat kabeh para wali, barang sabada salam.

Baetoe'llah katingali sidik, sagalana tetela katjida, para wali gēndoe raos, tapi keukeuh teu sapoek, pamēndakna hēnteu ngahidji, masih pasalingsingan, aja anoe njēboet, koerang ngaler tjeuk saerang, koerang ngidoel saer wali hidji deui, tjeuk SOENAN KALI DJAGA.

„Nadjan nēpi ka isoekan deui, moen kieu mah mo aja toengtoengna, sakitoe ēnggeus katembong, Baetoe'llah geus djoegroeg, masih keneh soelaja galih, teu bisa ngoekoer kiblat, koe koela dipoetoes, ajeuna soemangga tingal, koe sadaja saksian masingna sidik.” ngadēg SANG KALI DJAGA.

Toeloej njépëng patakana masdjid, Rasa Tjipta koe panangan kiwa, noe tengën ka Baetoe non, Sang Wan majoen ngidoel, doea masdjid toeloej ditarik, diadëkkeun sapisan, tidinja pok njaoer: „Tjoba tingal koe sadaja, masing awas tilik kalawan sing sidik, bënërhënteuna kiblat!”

Saoer manoek kabeh para wali, njarëbatkeun jen ënggeus sampoerna, masdjid dioetjoelkeun bae, ka aba ge pon kloe, malah ënggeus teu katingali, harita geus meudjehna, mandjing wantji soeboeh, prawali toeloej nëtëpan, sabadana nëtëpan koempoelan deui, ngabarëmpagkeun përang.

K i n a n t i.

Ajeuna SOESOENAN KOEDOES, noe kapilih madjoe djoerit, noe djadi kapala përang, dibantoe koe SOENAN DJATI, reudjeung SOENAN GIRI GADJAH, baris nëmpoeh Madjapait.

Mépëk balad rewoe-rewoe, tjampoer santri djeung përdjoerit, ditata galoedra ngapak, djangdjang kentja SOENAN DJATI, SOESOENAN KOEDOES awakna, katoehoe SOESOENAN GIRI.

Ari noe djadi gëgëdoeg, balad nagri Madjapait, nja eta SANG ADIPATYA, TËTËROENG tjoetjoeking djoerit, kadoea poetra Nalendra, noe tjalik di Madjapait.

Katiloë RADEN TOEMËNGGOENG, Sang Panaragga Dipati, toenggal poetra Maha Radja, baladna bakëti-këti, ditata boeaja mangap, sanggeus sadaja tarapti.


Moesoeh-lawan geus patëpoeng, geus mimiti përang djoerit, roekët tjampoeh teu katara, loba noe nëmahan pati, balad Islam geus meh roeksak, toeloej bae SOENAN DJATI.

Ngoëdar bënten tjinde woeloeng, djeung dikëboetkeun sakali, broel beurit mangjoeta-joeta, ngaroeksak bëkël pradjoerit, bahoe toembak, perah pëdang, pendek sakoer bangsa kai.

NAHA

ANDJEUN PALAJ NGA-
GALEUH ERLODJI
ANOE DITANGGĒL
KASAEANANA TOER
PANGAOSNA MIRAH?

Geura milari tjap ieu bae:



ERLODJI

ENIGMA (tjap Oetjing)

nja eta erlodji anoe pangmirah-
mirahna, nanging djalanna tjotjog
djeung sae deuih.

Iasa ngagaleuh di mana-mana.

SING EMOET KANA TJAPNA



ENIGMA

Komo deui noe aroedoe, barang-barang bangsa koelit, sa-
perti epok djeung sela, kabeh disisil koe beurit, soemawonna
papakean, loba wadya ngaboeligir.

Oerang Madjapait iboer, teu koerang anoe ngalatjir, rea balad
noe laloempat, teu lila SOESOENAN GIRI, ngawaték wang-
kinganana, kēris poesaka nagari.

Barang sanggeusna ditjaboet, brēng tiwoean bararidjil, reana
rewoean laksa, napoek oerang Madjapait, njeureudan anoe la-
loempat, noe tagēn pating djarērit.

Balad Madjapait goejoer, loba noe nēmahan pati, diseureudan
koe tiwoean, soekoena disisil beurit, keur kitoe katambah-
tambah, SOENAN KOEDOES moeka pěti.

Pěti poesaka karoehoen, djimat Palembang nagari, kagoengan
RAHADEN PATAH, barang moeka eta pěti, djoemēgoer di
awang-awang, tarik batan gēlap moeni.

Langit kakoeping goemoeroeh, angkeub djeg rek hoedjan
angin, ngadadak poëk ti beurang, poëk mongkleng boeta radjin,
balad Madjapait boebar, laloempatan bela diri.

Moenggoeh poetra Maha Praboe, BRAWIDJAJA Madjapait,
angkatna kaloenta-loenta, nJORANG djoengkrang mipir pasir, doe-
moegi ka pasisian, tēngah leuweung sirna sēpi.

Mantjat kana Goenoeng Lawoe, di dinjana toeloej njēpi, mi-
lampah pěta pandita, moedja-moedji ka Hyang Widi, panata
molah salira, hēnteu kēndat siang-wēngi.

Ari DIPATI TĒTĒROENG, loempatna moelih ka nagri, moe-
boes ka djēro nagara, kadipatenna pribadi, katoet sabaladna
pisan, hēnteu aja anoe kari.

Kotjap prawali noe tiloe, sanggeus balad Madjapait, maloend-
doer ti pangpērangan, nimbalan ka para santri, ngoempoelkeun
parabot pērang, anoe oerang Madjapait.

Balad Dëmak toeloelj madjoe, arasoep ka djëro nagri, oerang kota baroeriak, loba noe moeroe ka poeri, Maha Radja geus oeninga, Madjapait kawon djoerit.

Ladjëng ngëmpëlkeun sësëpoeh, reudjeung kabeh para wargi, barang kabeh geus sadia, BRAWIDJAJA njaoer aris: „Ajeuna oerang waktoena, geus nëpi ka titis-toelis.

Koedoe kalindih koe moesoeh, anoe rek ngarëboet nagri, anoe rek njalin agama, koe sadaja sing kaharti, saha noe rek asoep Islam, leuwih hade geura njingkir!”

Sang Praboe njandak tjoetjoepoe, reudjeung njere laki hidji, Tjoepoe Manik Astagina, njere dioelasan tjai, tina Tjoepoe Manik tea, ditantjëbkeun koe Sang Adji.

Dina tëngah aloen-aloen, noe aja di djëro poeri, ngadadadak pada harita, Sang Radja katoet prawargi, ilang moesna teu katingal, tanpa lëbih eusi poeri.

Bale bandoeng djadi soewoeng, pantjaniti djadi sëpi, pamëngkang taja dangiang, poeri djadi koerang sari, padalëman djeg kaloeman, wantoe dikantoen koe Goesti.

Teu lila broel moesoeh tjoendoek, arasoep ka djëro poeri, balad Islam ngararandjah, anoe kapanggih diringkid, noe katingal diampihan, nëpi ka taja noe kari.

Malah pëndopo ge katoet, ditjandak koe para wali, digotong koe balad Dëmak, baris didjarieun madjlis, emper masjid Rasa Tjipta, nëpi ka ajeuna masih.

Wali sasanga karoempoel, bade ngistrenan Sang Adji, nja eta RANGGA BINTARA, madëg Soeltan mangkoe poeri, ngagëntos Sang BRAWIDJAJA, soesoeloerna Madjapait.

Para ratoe kabeh toengkoel, taja noe baha sahidji, taroeloelj koemawoelana, pada njanggakeun oepëti, soemawon para dipatya, noe dibawah Madjapait.

Moeng ADIPATI TĒTĒROENG, noe tatjan toendoek babakti, lantaran roemasa manah, ěnggeus ngahoetangkeun pati, ka SOESOENAN OENDOENG tea, ramana SANG KOEDOES wali.

Manahna kalangkoeng paoer, sieuneun dibalĕs pati, oepama toendoek ka raka, SOENAN KOEDOES geus tingali, naon noe djadi halangan, seug andjeunna ngintoen toelis.

Disĕboetkeun kitoe-kitoe, jen teu aja pisan galih, rek malĕs pati ramana, sabab hal eta geus pasti, pada baroga bagian, titis-toelis masing-masing.

Disĕboet oelah timboeroe, sabab andjeunna teh wali, moal boga karĕp njidra, nipoe daja ka sasami, anggoersi geura ka Dĕmak, tjaos ka raka Narpati.

Barang nampi soerat kitoe, Sang Dipati tĕngtrĕm galih, kĕrsana sĕrah bongkokan, ngabakti ka Sang Narpati, ka rakana Soeltan Dĕmak, sĕrah raga katoet pati.

Sinom.

DIPATI TĒROENG pĕrsĕtya, ka raka moendoet aksami, barang sanggeus dihampoera, Soeltan Dĕmak njaoer aris: „Koe-maha daek adi, oepama didjoengdjoeng loenggoeh, djadi papatih Dĕmak, ngaping kakang ngolah nagri, sabab kakang tatjan tabah paparentah.

Adi mah nja sahĕnteuna, wantoe geus djadi dipati, meureun geus bisa marentah, ngarti tata ngoeroes nagri, tina ěnggeus maranti, ngadjalankeun dawoeh ratoe, djadi koe sabab eta, adi teh dipĕrih pati, tjik pikiran koemaha kira-kirana?”

Sang Dipati ngawalonan: „Koelanoen dawoeh Rakadji, rai Dalĕm hatoer sĕmbah, pangasih sangĕt katampi, ditampi asta kalih, rai Dalĕm sangĕt noehoen, nanging kana pangĕrsa, sanes rai Dalĕm nampik, dangĕt ieu rai gadoeh pamaksadan.

Nja eta bade pĕrtobat, ka Goesti Noe Maha Soetji, roemaos koe agĕng dosa, rai Dalĕm koemawani, njidra sahidji wali, nja eta SOESOENAN OENDOENG, rai Goesti ajeuna, nĕda widi Raka Adji, bade tobat njeuseuh diri ngoembah badan.”

‘ Saënggeusna kawidian, DIPATI TĒTĒROENG indit, diiringkeun koe baladna, njisi minggir nĕpis wiring, andjeunna njeun boemi, katoet pondok reudjeung tadjoeg, moelang agama Islam, miwĕdjang agama soetji, malah ĕnggeus djadi pandita oetama.

Samalah djĕnĕnganana, DIPATI TĒROENG dilandih, SANG PANGERAN PALAKARAN, rĕsi noe goenawisakti, kotjapkeun para wali, boebar ti Dĕmak ka Koedoes, sabab arek ngistrenan, SOENAN KOEDOES madĕg adji, molah nagri nĕroeskeun latjak ramana.

Sanggeusna djoemĕnĕng Nata, para wali pada moelih, ka tĕmpatna sewang-sewang, kotjap di Dĕmak nagari, Djĕng Soeltan aja galih, baris ngadamĕl kadatoen, nja njaoer patoekangan, anoe geus kongas binangkit, kamashoerkeun moenggoeh kapintĕranana.

DEN SĒPĒT djĕnĕnganana, patoekangan Madjapait, noe ditimbangan koe Soeltan, dipĕrih ngadamĕl poeri, karaton anoe asri, pantĕs linggihaneun ratoe, djeung kotjap Kangdjĕng Soeltan, geus be‘at ka SOENAN DJATI, ngalap bĕrkah goeroe ka SJARIF HIDAJAT.

Kangdjĕng Soeltan goegoeroena, lami ka SOESOENAN DJATI, malah bakating tarima, andjeunna rek malĕs asih, rek mangdamĕlkeun poeri, di Tjirĕbon djang Sinoehoen, ari noe ngadamĕlna, toenggal oerang Madjapait, ĕnja eta noe ngaran DEN SĒPĒT tea.

Dibantoe koe patoekangan, oerang Tjirĕbon nagari, djoemlah lima ratoes djalma, katoet kapalana hidji, pangkat Koewoe Dipati, minangka djadi pangoeroes, ngoeroes noe ngaladenan, patoekangan Madjapait, salamina nja doemoegi ka anggeusna.

Malah Kangdjĕng Soeltan Dĕmak, ngahatoerkeun poetra istri, ananging SJARIF HIDAJAT, teu kĕrsaeun mondong poetri, moeng bae Njai Poetri ladjĕngna didamĕl mantoe, diaprokkeun ka poetra, ka Sang Pangeran Dipati, noe djĕnĕngan PANGERAN GOENG ANOM tea.

Kotjap Sang Pangeran wapat, teu mangkoek sabraha lami, poepoes dikorojok badjag, di laoet waktue keur moelih, tas soan ti Ramadji, lajonna ngaloen ka Moendoe, gehger anoe manggihan, djalma riboet balawiri, malah SOENAN GOE-NOENG DJATI geus oeninga.

Nja kitoe deui garwana, ěnggeus ngadangoeĕun warti, jen rakana ěnggeus wapat, andjeunna nangis ngoerihit, ka SJECH HIDAJAT SJARIF, sasambat ngarawoe tĕkoe, njoeloenkeun ditoeloengan, rakana sing goegah deui, SOENAN DJATI njaoer alon ka mantoena.

„Poma HAWA sing wajahna, reudjeung koedoe tĕgĕr ati, KI ANOM teu atjan adjal, geura ěngke oge njaring,” sanggeusna SOENAN DJATI, njaoerkeun kitoe ka mantoe, majit teh toeloej tjĕngkat, sasaoeran ka Nji Poetri: „Sing tawĕkal, ěngkang geus tĕpi ka adjal.

Titis-toelis bagdja awak, takdir teu beunang dipoengkir, kadar teu beunang disinglar, papasten Goesti Jang Widi, ěnggeus tĕpi ka djangdji, nĕmahan pati di laoet, dikorojok koe badjag, sabab eta poma Eulis, masing bisa hiroep nja mawa salira.”

Saĕnggeusna sasaoeran, Sang Pangeran poepoes deui, nja tĕroes dipoelasara, koema biasa sasari, pĕta ngoeroeskeun majit, malah dipĕndĕm di Moendoe, sanggeus wapat katĕlah, djadi pada ngalalandih, katĕlahna PANGERAN SEDANG LAOETAN.

Dĕmi Poetri RATOE HAWA, nja toeloej digarwa deui, koe PANGERAN PASAREAN, toenggal poetra GOENOENG DJATI, sarta lami ti lami, noeroenkeun poetra Nji RATOE, ganti noe katjarita, SOENAN DJATI njeun boemi, dina lamping Goenoeng Sĕmboeng pĕrĕnahna.

Moenggoehing ari bahanna, asal ti tiloe nagari, ti Dĕmak ti Boedidjadar, djeung ti Padjadjaran deui, ari noe njeun boemi, sanes oerang Goenoeng Sĕmboeng, tapi oerang Karawang, anoe kasohor binangkit, patoekangan anoe ngaranna KI GOESA.

Dibantoean koe opatan, sanggeus anggeus eta boemi, dilinggihan SJECH HIDAJAT, sarěng Nji Poetri ANJONTIN, anoe ti Tjina nagri, moeng bae teu lambat-lamboet, lantaran Poetri Tjina, kaboeroe kapěgat pati, tjoemarita teu lana kapěgat adjal.

Sanggeus Poetri Tjina hilang SOENAN DJATI toeloej ngalih, ka Tjirěbon djěro kota, masih boemi Pakoengwati, dieusian Sang Wali, noe lěgana sakalangkoeng, kalereun Kali Krian, sakidoeleun Gědeng Kiring, koelon-wetan těpoeng reudjeung pasawahan.

Kota Tjirěbon harita, ngaranna teh lain deui, Eso ditělahkeunana, Tjiptarasa ngaran masdjid, Siroellah ngaran boemi, dalěm agoeng noe kamashoer, ganti noe katjarita, noe keur ngarěrěsik poeri, kakotjapkeun para wali noe dalapan.

Kěrsana rek magělaran, ngabarěmpagkeun hal 'ilmi, di poentjak Goenoeng Tjirěmaj, těmpatna anoe kapilih, kapětok para wali, ngababar raosing elmoe, wali anoe dalapan, sanggeus ka dinja saroemping, toeloej pada ngadadarkeun woedjoe-doe'llah.

Moenggoehing SJECH LĚMAH ABANG, tjětjěpěnganana masih, sakoemaha noe ti heula, geus hěnteu beunang digeuing, koe kabeh para wali, keukeuh kěrsana ngaběroeng, ari moenggoeh saोजना: „Koering 'mo geseh ti djangdji, sabab moenggoeh Allah mo aja bedana.

Bareto ge kapan Allah, ajeuna Allah sadjati, djaga Allah noc sanjata, taja bedana saeutik.” SJECH LĚMABANG digiring SOENAN GIRI njamboeng saer: „Koe emoetan ajeuna, sěděng ngangkat Loerah Wali, pikeun djadi panghoeloe para olia

Anoe katingal oetama, ěnja eta SOENAN KALI, sabab geus moengkoer kadoenjan, angkara moerka geus těbih, emoetar geus pěrjogi, andjeunna djadi panghoeloe, noengtoen para olia sabab sampoernaning galih, taja deui noe pantěs moenggoel di Djawa.”

Prawali sami moepakat, ka pamëndak SOENAN GIRI, KALI DJAGA ngawalonan: „Sing sabar sakëdap deui, mo lami oge soemping, wali noe langkoeng linoehoeng, olia noe oetama, përtjogi panghoeloe wali,” sanggeus njaoer kitoe SOENAN KALI DJAGA.

Djol soemping SJARIF HIDAJAT, Djëng Sinoehoen Goe-noeng Djati, prawali anoe dalapan, sami kageting panggalih, lantaran naringali, noerboeatna Sang Sinoehoen, ngagëbjar langkoeng tjaang, matak silo noe ningali, njirëp njilëp kabeh noe aja di dinja.

Bërkahna mëdal di Mëkah, djeung geus tëpang djeung Djëng Nabi, toeloej didjadikeun loerah, panghoeloena para wali, ti lahir tékeng batin, enggalna anoe ditjatoer, sanggeus sadaja rëmpag, maroelih ka Pakoengwati, arek njoba tjalon wali ah-loe'lqir'at.

PANGERAN MAQDOEM katëlah, tëmpatna di masdjid lami, ari noe djadi imamna, para wali sok bagilir, oenggal Djoemaah ganti, mëneran di hidji waktoe, giliran KALI DJAGA, ngimaman di eta masdjid, batjaanna soerat-soerat teu ngareunah.

Alah batan lagoe boedak, ngaosna teu make tadjwid, kademgena teu ngareunah, estoe matak getek tjeuli, djorodjoj aja galih, ngaganggoe PANGERAN MAQDOEM, njëmpad noe djadi imam, madjahkeun teh aja wali, hënteu njaho kana tadjwid-tadjwid atjan.

Kitoe kërëtëg manahna, SOENAN KALI geus tingali, kana manah anoe njëmpad, malah dihadja sakali, matak njasabkeun galih, moenggoeh ka PANGERAN MAQDOEM, amoemna djadi batal, bada nëtëpan prawali, ngararioeng MOLANA MAGRIH ngandika.

„Naha koe naon sababna, noe matak teu hoesoe pikir, aja salat ngarantjabang, teu tëtëp mantëp nja galih, andjeun kagoda iblis, njëmpad ka wali noe loehoeng, olia noe oetama, geus oengguh ka pangkat tohid, sagalana kalawan kërsa Pangeran.

Koe sabab eta ajeuna, andjeun boeroeng djadi wali, teu toeloes oenggah daradjat, sabab masih keneh ngantjik, dina kolom bĕrĕwit," walonna PANGERAN MAQDOEM: „Sim abd: nampi pisan, kana satimbangan wali, tina margi roemaos agĕng kalĕpat.

Etang-etang pangadjaran, ka diri abdi pribadi, gana-gana wantoen njĕmpad, wawalĕsna geus katampi, hĕnteu salamĕt diri, kasikoe koe Maha Agoeng, boektina anoe njata, djisim abdi tjalon wali, hĕnteu tjios oenggah daradjat koe njĕmpad.”

Kotjapkeun boelan Poeasa, para wali koempoel deui, kĕrsana rek magĕlaran, ngabarĕmpagkeun hal ‘ilmi, mĕnĕran Sĕneu Paing, di Masdjid Agoeng ngarioeng, harita tanggal opat, ta-oenna mah teu kawarti, para wali dalapan akoer pamĕndak.

Ananging SJECH LĒMAH ABANG, keukeuh koekoeh ka pamanggih, pageuh kajakinanana, teu robah nadjan saeutik, sĕmoe taja kagimir, nadjan digantoengan hoekoem, lamoen andjeuna njorang, ngadadar katiloe kali, geus diantjam tangtoe bakal ditĕlasan.

Midjil.

Tapi sabab harita teh sasih, Siam noedjoe waktos, ditanggoheun ngahoekoemanna teh, ditoenggoekeun saboelan deui, boelan Sawal djadi, anoe ĕnggeus poegoeh.

Pisaoerna SJECH LĒMABANG wali: „Hih oelah hawatos, moenggoeh kanggo noe tekadna njantel, goemoeloeng djeung siroe’llah djati, hamo ĕnja gingsir, Allah mah mo palseo.

Ēngke, djaga, Allah keneh pasti, pon kitoe bareto, ajeuna ge Allah mah teu geseh.” njaoer kitoe barina moelih, enggalna teu lami, poeasa geus toetoep.

Sabadana lĕbaran teu lami, di masdjid Tjirĕbon, para wali koempoel deui kabĕh, ngan saorang anoe teu soemping, nja eta Sang Wali, LĒMABANG noe estoe.

Kērēsana rek ngahoekoem pati, ka Sang Walijoelloh, LĒMAHĀBANG anoe ngakoe Sang Reh, doemeh ěnggeus nĕpi ka djangdji, toeloej para wali ngadjoeroengan njoesoel.

Ari noe didjoeroeng koe prawali, santri noe geus kahot, ngaran TANDADJOEPOE nĕlahna teh, tjatrik Goesti SANG KOEDOES wali, teu lila geus indit, malah ěnggeus tĕpoeng.

Sadatangna ka pajoeneun wali, Ki Santri njarios: „Ngĕmban dawoeh ti prawali sanes, ditimbangan ngangkir Sang Wali, moegi aja galih, ka Tjirĕbon rawoeh.”

SJECH LĒMABANG pok ngandika aris: „Balik bae hĕlos, djeung bedjakeun ka prawali kabeh, jen LĒMAHBANG taja di boemi, aja soteh Goesti, anoe keur maedjoed!”

Hĕnteu lila TANDADJOEPOE balik, oendjoekan alewoh, njaritakeun SJECH LĒMABANG aneh, pisaoerna teu aja tjalik, noe aja moeng Goesti, anoe keur maedjoed.

Barang pada ngadangoe prawali, sami arolohok, tina manah sami nandang kaget, SJECH LĒMABANG estoening tohid, nimbangan prawali, ka KI TANDADJOEPOE.

Kai Santri toeloej balik deui, baris njaoer Allah, hĕnteu lila geus djol deui bae, pioendjoekna ka para wali: „Hĕnteu aja Goesti, Lĕmabang noe modjoed.”

Eta santri ditimbangan deui, koe prawali mios, njaoer Allah, SJECH LĒMABANG kabeh, eta kitoe saor para wali, TANDADJOEPOE indit, hĕnteu lila djĕboel.

SJECH LĒMABANG soempingna diiring, koe Ki Santri kahot, barang djol ge tĕroes lĕbĕt bae, SOENAN DJATI ngaloegas kĕris, Kantanaga matih, sok ka SOENAN KOEDOES.

Sanggeus kĕris koe Soenan katampi, maksoedna kahartos, SJECH LĒMABANG dioengkoelan bae, djos ditodjos bae sakali, ngagondjrang lir beusi, ngaboerinjaj hoeroeng.

Garoemoedjēng kabeh para wali, njēbat: „Teu kahartos, aja Allah kawas batoe bae, badan teuas leuwih ti misti, teu pasrah ka pati, masih sieun poepoes.”

Sanggeus kitoe seug ditodjos deui, LĒMABANG dipindo, parat pisan lēbah dadana teh, SJECH LĒMABANG nēpi ka djangdji, toelis ti adjali, tjoendoek waktōe poepoes.

Tina tapak kēris bidjil gētih, gētih bodas njēbrot, digeuh-geujkeun koe prawali kabeh: „Moal ěnja Noe Mahasoetji, gētihna bēt poetih, kawas bangsa kajoe.”

Saharita roepa gētih salin, djadi beureum kolot, SJECH LĒMABANG djiga anoe loengse, malah ěnggeus moelih ka djati, djasadna lēs leungit, moesna teu poepoegoeh.

Para wali sasaoeran deui: „Naha matak helok, geuning kitoe anoe sampoerna teh, ilang moesna kawas dēdēmit, kawas pati iblis, djasadna teu woedjoed.”

Hēnteu lami djisim djirim deui, lajon ngadjolopong, sabiasa djalma loembrāh bae, eta lajon koe para wali, sanggeusna di-soetji, toeloejna diroeroeb.

Pangkoer.

Sanggeus salsc moelasara, aja sora kadangoe koe prawali, gērēndengna teh ti loehoer, pokna: „SJARIF HIDAJAT, Soeltan Tjērbon Radja pinandita loehoeng, anoe mērdika marentah, teu kabawah lian nagri.

Andjeun oelah leutik manah, lamoen djaga aja noe nagih djangdji, deungeun-deungeun njoro hiroep, andjeun oelah rek baha, djeungna deui bisi andjeun tatjan maphoem, kawasa njēpēng nagara, komarana bakal leungit.

Djaga moen geus aja tanda, aja moending boele anoe geus bidjil, anak-intjoe koedoe maphoem, nja di dinja waktoena, kawasana noe djadi ratoe karēboet!” SOENAN DJATI toeloej patrap, ngilēng ngintjlēng ka adjali.

Netra welan katingalan, hēnteu samar titis-toelisna sidik, poe-
goeh galoer ti lohmachfoed, SOENAN DJATI ngandika, nga-
wartosan ka para poeta djeung poetoe: „Masing ingēt heh
baroedak, djaga dina djaman ahir.

Toeroenan noe kasalapan, poma-poma masing arati-ati, oe-
lah rek ngandēlkeun batoer, sagala pagawean, prak matjakal
sorangan oelah rek ngēdoel, teangan kasapa'atan, koe djalan
bērēsih wēning.”

Para wali noe dalapan, sabadana narētēpankeun majit, pada
gēmpoengan ngarioeng, malēdar pamēndakna, hal patina SJECH
LĒMABANG naha aloes, atawa hēnteu sampoerna, pok njaoer
SOESOENAN GIRI.

„Ieu djalma matak heran, lamoen ningal tekadna sanes deui,
maloeloe lir anoe koepoer, tapi dina hilangna, bēt sampoerna
aloesna poendjoel ti batoer,” SOENAN BONANG sasaoeran:
„Ēnja lamoen ningal lahir.

Estoe sampoerna katjida, malah soesah neangan pikeun tan-
ding, ngan batinna tatjan poegoeh, wantoe taja noe tērang.’
pok ngandika SJECH BĒNTONG: „Naha tjan poegoeh? La-
moen dhohirna sampoerna, batinna ge kitoe deui.”

SJECH MADJAGOENG pok ngandika: „Lērēs saer SJECH
BĒNTONG eta sidik, taja bedana saramboet, dhohir-batinna
toenggal, SJECH LĒMABANG hilangna njoesoel rahajoe, ngoe-
dag djalan kasampoernan, moro patitising pati.”

Dawoehan SJARIF HIDAJAT: „SJECH LĒMABANG patina
geus patitis.” sanggeus prawali samioek, geus toenggal pamēn-
dakna, katingali lajon tjahjaan ngagēboer, nja harita disarēbat,
dilandi SJECH MOELJA ĒNING.

Teu lami aja noe datang, toekang ngangon ngadeuheus ka
prawali, santri wali noe geus poepoes, sadatangna oendjoekan
njēboet: „Ieu Allah alit bade toemoet, arek bela ka goeroena,
teu goena koering loemindjing.

Moen hěnteu djeung Sang Goeroe mah, koering hěnteu boga karingrang pikir, ajeuna Goeroe geus poepoes, koering noe sědja bela, rek noetoerkeun sědja arek miloe lampoes, koe sabab eta ajeuna, koering geura hoekoem pati!"

Gěrěnděng manjit njoara, pokna: „Geuwat didagoan koe kami, meungpeung lawang sawargagoeng, ajeuna noedjoe moeka!" TANDADJOEPOE tandang bari njaboet doenoeng, santri ĩnggeus diraponan, paeh hěnteu měnjat deui.

Sanggeusna dipoelasara, sok diteundeun direndengkeun 'na katil, kaget sakoer noe ngadangoe, doemeh aja soara, tinggěrěnděng majit santri reudjeung goeroe, kadenge salasaoran, estoening adjaib leuwih.

Tanda gěde karamatna, reh teu loembrah ti noe sedjen teh měntjil, hěnteu parok reudjeung batoer, tanda oenggoel elmoena, aja majit bisa tjatjatoer lir hiroep, kotjapkeun bae enggalna, majit dipětěk teu lami.

Dipěnděmna di noe negla, sabab kitoe pamoendoetna Sang Wali, basa samemehna poepoes, barang kira lawasna, ti sabarang dipěnděm, aja saminggoe, prawali aja kěrsana, ngaloe-dang koeboeran majit.

Nja eta baris mariksa, tina aja kapanasaran galih, palaj oeninga satoehoe, koema kadjadianna, doemeh toehoe SJECI LĚMABANG wali poendjoel, barang ngědoekna paragat, para wali heměng galih.

Doemeh lajon ganti roepa, majit-majit noe doea djadi leungit, salin roepa salin woedjoed, djadi kěmbang sapaasang, da boektina ngan malati noe katimoe, lantaran kitoe sababna, eta makam teh dilandi.

Kamalaten disěboetna, langgěng nělah toeg něpi ka kiwari, masih dingaranan kitoe, gantjangna katjarita, para wali dalapan geus pada moendoer, mariksana geus lěkasan, ti Kamalaten maroelih.

Moelih saboemi-boemina, noe ka Toeban ka Bonang djeung ka Giri, ka Karawang djeung ka Koedoes, ngaladjengkeun damelna, ngaliarkeun agama koe njébar elmoe, nérékab di manamana, meh sa-Djawa djadi moeslim.

Asmarandana.

Sigeug lampah para wali, kotjapkeun RAHADEN PATAH, anoe keur mangkoe kaprabon, sabar adil palamarta, radja kang pinandita, katoeroenan wahjoe loehoeng, kanti njébarkeun agama.

Radja Islam noe mimiti, soesoeloer BARA, IDJAJA, radja Djawa noe kasohor, ngabawah nagara sabrang, nagri moekti wibawa, djëmbar rahardja pinoendjoel, nagara Dëmak harita.

Moenggoehing watës nagari, beulah kaler Laoet Djawa, kelson tēpoeng djeung Tjirëbon, soesoeloerna Padjadjaran, gantina Radja Soenda, kotjapkeun Maha Paraboe, waktöe harita teu damang.

Malah hënteu lila deui, Kangdjëng Soeltan Dëmak wapat, dikërsakeun koe Jang Manon, geus nēpi kana mangsana, tjoendoek kana waktoena, titis-toelis ti lohmachfoed, dipoendoet koe Noe Kawasa.

Para wali pada soemping, rek moelasara noe wapat, sabadana toeloej bae, pēpēta djeung sasadia, baris ngadjoengdjoeng lënggah, ngaganti noe djënëng Praboe, djadi Soeltan nagri Dëmak.

Dëmi poetra noe kapilih, nja eta poetra noe tjikal, Kangdjëng PANGERAN SABRANG LOR, pinërsa ngolah nagara, djömënnëng Sri Nalendra, kagoentoeran wahjoe ratöe, kasinaran bagdja radja.

Ngan handjakal hënteu lami, Djëng Soeltan madëgna radja, kaboeroe keuna papasten, pëgat raratan koe wapat, teu këbat tjoemarita, wantöe geus tjoendoek ka woekoe, datang mangsa pëgat njawa.

Moen hěnteu djeung Sang Goeroe mah, koering hěnteu boga karingrang pikir, ajeuna Goeroe geus poepoes, koering noe sědja bela, rek noetoerkeun sědja arek miloe lampoes, koe sabab eta ajeuna, koering geura hoekoem pati!"

Gěrěnděng manjit njoara, pokna: „Geuwat didagoan koe kami, meungpeung lawang sawargagoeng, ajeuna noedjoe moeka!" TANDADJOEPOE tandang bari njaboet doeloeng, santri ěnggeus diraponan, paeh hěnteu měnjat deui.

Sanggeusna dipoelasara, sok diteundeun direndengkeun 'na katil, kaget sakoer noe ngadangoe, doemeh aja soara, tinggěrěnděng majit santri reudjeung goeroe, kadenge salasaieran, estoening adjaib leuwih.

Tanda gěde karamatna, reh teu loembrah ti noe sedjen teh měntjil, hěnteu parok reudjeung batoer, tanda oenggoel elmoena, aja majit bisa tjatjatoer lir hiroep, kotjapkeun bae enggalna, majit dipětěk teu lami.

Dipěnděmna di noe negla, sabab kitoe pamoendoetna Sang Wali, basa samemehna poepoes, barang kira lawasna, ti sabarang dipěnděm aja saminggoe, prawali aja kěrsana, ngaloe-dang koeboeran majit.

Nja eta baris mariksa, tina aja kapanasaran galih, palaj oeninga satoehoe, koema kadjadianna, doemeh toehoe SJECl LĚMABANG wali poendjoel, barang ngědoekna paragat, para wali heměng galih.

Doemeh lajon ganti roepa, majit-majit noe doea djadi leungit, salin roepa salin woedjoed, djadi kěmbang sapaasang, da boektina ngan malati noe katimoe, lantaran kitoe sababna, eta makam teh dilandi.

Kamalaten disěboetna, langgěng nělah toeg něpi ka kiwari, masih dingaranan kitoe, gantjangna katjarita, para wali dalapan geus pada moendoer, mariksana geus lěkasan, ti Kamalaten maroelih.

Moelih saboemi-boemina, noe ka Toeban ka Bonang djeung ka Giri, ka Karawang djeung ka Koedoes, ngaladjengkeun damelna, ngaliarkeun agama koe njébar elmoe, nérékab di manamana, meh sa-Djawa djadi moeslim.

Asmarandana.

Sigeug lampah para wali, kotjapkeun RAHADEN PA'AH, anoe keur mangkoe kaprabon, sabar adil palamarta, radja kang pinandita, katoeroenan wahjoe loehoeng, kanti njébarkeun agama.

Radja Islam noe mimiti, soesoeloer BARA, IDJAJA, radja Djawa noe kasohor, ngabawah nagara sabrang, nagri moekti wibawa, djembar rahardja pinoendjoel, nagara Dëmak harita.

Moenggoehing watës nagari, beulah kaler Laoet Djawa, koe lon tépoeng djeung Tjirëbon, soesoeloerna Padjadjaran, gantina Radja Soenda, kotjapkeun Maha Paraboe, waktue harita teu damang.

Malah hënteu lila deui, Kangdjëng Soeltan Dëmak wapat, dikërsakeun koe Jang Manon, geus nëpi kana mangsana, tjoendoek kana waktoena, titis-toelis ti lohmachfoed, dipoendoet koe Noe Kawasa.

Para wali pada soemping, rek moelasara noe wapat, sabadana toeloelj bae, pëpëta djeung sasadia, baris ngadjoengdjoeng lënggah, ngaganti noe djënëng Praboe, djadi Soeltan nagri Dëmak.

Dëmi poetra noe kapilih, nja eta poetra noe tjikal, Kangdjëng PANGERAN SABRANG LOR, pinërsa ngolah nagara, djomënëng Sri Nalendra, kagoentoeran wahjoe ratoe, kasinaran bagdja radja.

Ngan handjakal hënteu lami, Djëng Soeltan madëгна radja, kaboeroe keuna papasten, pëgat raratan koe wapat, teu këbat tjoemarita, wantoe geus tjoendoek ka woekoe, datang mangsa pëgat njawa.

Noe soemilir ngasta nagri, saderekna Kangdjëng Soeltan, diangkat djadi gëgentos, djënëngan RADEN TRËNGGANA, ngasta nagara Dëmak, nja eta noe moendoet mantoe, ka Dipati Padjang tea.

Noe djënëngan DJAKA TINGKIR, noe baris djoemënëng soeltan, di Padjang ngasta kaprabon, soesoeloer nagara Dëmak, sanggeusna Dëmak sirna, kaprabon toeroen ka mantoe, katëlahna SOELTAN PADJANG.

Ari moenggoeh Kangdjëng Goesti, Soeltan Dëmak anoe anjar, SOENAN KALI goeroena teh, samemeh djoemënëng Soeltan, waktoe poepoes rakana, goeroena diloengsoer loenggoeh, ditaran madëg soeltan.

Ngan handjakal SOENAN KALI, teu kërsa djënëng nalendra, ari moenggoeh saorna teh: „Pangbakti mah ditarima, handjakal di ejangna, geus teu boetoe koe noe kitoe, hënteu hajang kadoenjaan.

Moeng oepami loentoer galih, ejang teh aja panëda, djaga moen doegi ka waktos, nja moelih ka kalanggëngan, poma oelah rek lëpat, DJAKA TINGKIR djoengdjoeng loenggoeh, ngarajaan Poelo Djawa.

Ajeuna mah geura linggih, sing tetëp djoemënëng Soeltan, celah mëndag-majong raos, ari moenggoehing ejang mah, tjoe-koep koe diparinan, tanah desa Adilangoe, minangka keur padepokan.

Tanah rawa sarëng këri, teu aja pisan hasilna, wantoening taneuhna lëdok.” koe Djëng Soeltan kawidian, kieu timbalanana: „Boedjëng-boedjëng bangsa kitoe, sanaos nagara pisan.

Kapan djisim abdi tadi, parantos leah soemërah, sakahojong moal gapong.” „Nja noehoe ari kitoe mah, ejang rek nëda lillah, ngadëgkeun oebroeg djeung tadjoeg, keur salat djeung pangsarean.”

Hěnteu mangkoek lila deui, Kangdjěng Soeltan Děmak wapat, nja koe mantoena digěntos, djoeměněng Soeltan di Padjang, ari moenggoeh poetrana, teu ngagěntos djěněng ratoe, ngan oekoer djadi narpatya.

Boepati di Děmak nagri, hěnteu njěpěng Poelo Djawa, ngan oekoer sakaboepaten, katělah SOENAN PĒRWATA, koe djalma noe njarěbat, andjeunna kapěrnah poetoe, Kangdjěng Soeltan Děmak asal.

Ari moenggoeh DJAKA TINGKIR, anoe matak sok katělah, disěbat SOELTAN PADJANG teh, doemeh teu tjalik di Děmak, waktoena maděg Soeltan, ngawěngkoe kabeh praratoe, katoet sabawahana.

Nagarana loh djinawi, moerah sandang moerah pangan, ma'moer soeboer tambah rědjeh, koe kitoe mah sahanteuna, era ləmoen teu hardja, wantoe pamoendoet noe loehoeng, wali SOENAN KALI DJAGA.

Ngan handjakal hěnteu lami, andjeunna djoeměněng Soeltan, wantoe kaboeroe kadeseh, koe SENAPATI NGALAGA, pisoeltaneun Mataram, kantos doemoegi ka poepoes, Djěng Soeltan di pangpěranan *).

Sang PANGERAN SENAPATI, těroes djoeměněng nalendra, di Mataram nganarpatos, ngasta sakoeliah Djawa, ngabawah pranarpatya, ari noe didjoengdjoeng loenggoeh, djadi Dipati di Padjang.

Poetrana Sang DJAKA TINGKIR, noe poepoes di pangpěranan, SOENAN PADJANG nělahna teh, ngabawah sakadipatyan, djadi ganti ramana, teu djoeměněng Soeltan Agoeng, ngabawah sapoeloeh Djawa.

*) Tjeuk sakaol Soeltan Pandjang teh něpi ka poepoesna di pangpěranan, ari tieuk sakaol deui ngan oekoer kabolong, malah těroes djoeměněngna di Pandjang, ngan pangkatna katoet bawahanana dirorod sarta gělaranana ngan saekoer Adipati.

Kitoe kërsa para wali, karaton dipindah-pindah, njoesoel marga karahajon, ngoedag djalan kaslametan, wantoe teu sambarangan, ningali heula lohmachfoed, gërakna kërsa Jang Soekma.

Tapi moenggoeh SOENAN DJATI, nagrina teu pindah-pindah, tètëp anggër di Tjirëbon, kotjapkeun poetri Djëng Soeltan, randana Soeltan Dëmak, noe djënëngan RATOE AJOE, anoe diwaris gamëlan.

Ngaran gamëlan Soekati, ajeuna arek rendengan, ka djënëngan BAGOES FAÇEH, nja eta Wong Agoeng Sabrang, lami-lami poepoetra, istri geulis sakalangkoeng, djënëngan NAWATI RARAS.

Sanggeusna ageung Nji Poetri, direndengankeun ka warga, masih përenah saderek, poetrana SANG PASAREAN, SANG DIPATI PAKOENGDYA, lami-lami mëdal soenoe, PANGRAN AGOENG PAKOENG RADJA.

Kotjapkeun SOESOENAN DJATI, hënteu kantos lami wapat, dikërsakeun koe Jang Manon, nja moelih ka kalanggëngan, moelang ka alam baqa, soeloerna PANGERAN AGOENG, PANËMBAHAN katëlahna.

Anoe djadi Prameswari, poetrana SOESOENAN PADJANG, RATOEMAS djënënganna teh, istri kalangkoeng geulisna, mas-hoer satanah Padjang, loetjoena poendjoel ti batoer, endah meakkeun noe lian.

Reudjeung kasëboet lineuwih, pinoendjoel kaiasana, koemawoela ka tjaroge, SANG PANGERAN rada lila, tjalikna di mërttoa, meunang gënëpwëlas taoen, kakara moelih ti Padjang.

Di djalanna teu kawarti, kotjapkeun bae enggalna, geus saroemping ka Tjirëbon, RATOE EMAS toeloej babar, mëdalkeun hidji poetra, pamëgët loeloes toer moeloes, kasep taja koetjiwana.

Djënënganna moerangkalih, Sang Pangeran Adipatya, PAKOENGWATI nëlahna teh, sakalangkoeng diasihna, bakal ngasta nagara, teu lila Tjirëbon iboer, Masdjid Agoeng ka-hoeroean.

Patakana loentjat tēbih, mēlēsāt teu kanjahoan, nja di Bantēn ragragna teh, pangkitoe teu sambarangan, tapi djadi pērlambang, Bantēn rek madēg ti pajoen, djēnēng soeltanna ti heula.

Tjirēbon noe ti pandeuri, ngadjēnēngkeunana Soeltan, kitoe oedjaring tjarios, gantjang masdjid didangdanan, diome dihadēan, soehoenanana teu njoengtjoeng, tapi rata sēmoe dēmpak.

Ari anoe djadi awit, ditjēgah SANG KALI DJAGA, toer Panēmbahan ge sareh, tēgēsna nja ngarēmpagan, kitoe oesoel-asalna, anoe matak Masdjid Agoeng, kitoe nēpi ka ajeuna.

Dangdanggoela.

Kotjap hēnteu mangkoek lami deui, Panēmbahan ditimbalan seba, ka Mataram koedoe tjaios, kērsana SOELTAN AGOENG, Bantēn oge pon kitoe deui, koedoe sami ngawoela, oeloen pada taloek, sadaja sami kērēsa, tina sabab naringali ka Sang Wali, ka SOENAN KALIDJAGA.

Tapi barang poepoes SOENAN KALI, Panēmbahan Bantēn teh bahoela, mogok teu kērēsa tjaios, kalah ka angkat djaoeh, nja ka Mēkah rek moenggah hadji, samalah di ditoena, andjeunna teu nganggoer, ngadeuheus ka Radja Mēkah, nēda widi andjeunna rek madēg adji, di Bantēn djēnēng Soeltan.

Sanggeus Amir Mēkah sapoek galih, ngawidian baris madēg soeltan, Panēmbahan moelih bae, barang andjeunna rawoeh, tatan-tatan koema sasari, sadia sabiasa, noe rek djēnēng ratoe, malah hēnteu koesi lila, ngangkat andjeun djēnēng Soeltan njēpēng nagri, ngasta Bantēn nagara.

SOELTAN AGOENG hēnteu sapoek galih, Poelo Djawa aja doea soeltan, malah koesi pērang gēde, tapi papada tanggoeh, taja anoe eleh sahidji, moesoeh-lawan karoeat, wantoe pada pamoek, pērangna aja djamanna, silih gēboeg wantoe pada pilih tanding, pada poendjoel apapak.

Sanggeus SOELTAN AGOENG ngraos sisip, moendoet toe-
loeng ka bangsa Walanda, tina geus ngaraos wěleh, bangsa
Walanda sanggoep, ngan marenta keur paroeroegi, saorang
sěwoe real, dimana kasamboet, paraeh di pangpěrangan, djang-
dji kitoe koe SOELTAN AGOENG ditampi, sarta baris dibajar.

Kaboektian sanggeus pěrang djoerit, rea balad Walanda para-
gat, kapaksa Kangdjěng Soeltan teh, majar poeloehan rewoe,
tapi ari pěrang teu hasil, toer balad tambah roeksak, kěrsana
nalapoeng, barang hěnteu koesi lila, datang Djendral PIETER
BOET (?) karěpna njapih, ngadeuheus ka Djěng Soeltan.

Koe Djěng Soeltan Bantěn nja ditampi, kieu moenggoeh pi-
oendjoekna Djendral: „Noen Kangdjěng Soeltan noe saleh, oen-
djoek^o sewoe bėbėndoe, sarěng tobat sanes njasami, sanes loe-
kak djapakan, tjoemonggah ka Ratoe, ieu mah oendjoek oe-
ninga, kitoe oge oepami bahan katampi, sapoek manah Djěng
Soeltan.

Saoepami Goesti ladjěng djoerit, sahěnteuna wadya tangtos
rěsak, noe maot ge tangtos ewon, nagara tangtos boeboed,
toekang tani 'mo kenging hasil, padagang pada ringrang, moal
djaraoenoen, hariwang koe anoe pěrang, hararengheng 'mo
tėbih tina karisi, sieuneun dongkap bahja.

Anoe tangtos roegělna mah Goesti, nagri rěsak abdi salang-
sara, toer pěrang teu atjan tangtos, oentoeng oepami oeng-
goel, jasa woewoeh djadjahan nagri, nanging lamoen kasoran,
tangtos matak boentoeng, kawoewoeh měnggah pěrang mah,
oengoel-kawon estoe teu kenging dipilih, sami pada rěsakna.

Eta kitoe margina noe mawi, abdi Goesti tjoemonggah oen-
djoekan, hawatos rajat Pagoesten, oepami Goesti sapoek, lang-
koeng sae moen lajeut deui, sarěng Soeltan Mataram, sapėrtos
kapoengkoer, abdi Goesti sanggěm pisan, moen dioetoes ka
Mataram malar rapih, amoeng aja paněda.

Moegi Goesti loentoering panggalih, maparinan abdi Goesti tanah, satjangkewok keur rorompok, djeung nĕda aob pajoeng, nangtajoengan ka abdi Goesti, wantos maksad teh dagaŋ, tah eta sakitoe, sarĕng sadjabi ti eta, abdi Goesti nĕda djĕmbaring panggalih, oelah rek njoengkĕrĕtan.

Saoepami Sang Mataram Adji, sapoek manah kana ieu rĕmpag, Goesti pomi rek hawatos, abdi Goesti mananggoeng, samoedaja rĕrĕpĕt galih," pisaoer Kangdjĕng Soeltan: „Moen kitoe mah soekoer, kaola lilah katjida, naon bae kahajang tangtoena hasil, asal hardja nagara.”

(Baris disamboeng).

SERIE No. 854 — 854 a

SADJILIDNA f 0.45

SALAH ATIKAN I-II

: KARANGAN :
ABDOEL MOEIS

DISOENDAKEUN KOE
R. SATJADIBRATA

Koe maos titĕlna woengkoel oge, oedjoeg-oedjoeg breh bae katingali pisaeĕunana ieu boekoe diaos oe sadajana; koe noe sĕpoe koe noe anom sami bae mangpa'atna, lĕnteu aja kapitjeunna.

Eusina njarioskeun nonoman Indonesia anoe lĕpat atikanana, doegi ka noekang ka bangsana, njanghareup ka bangsa deungeun noe ĕmboengeun ditjampoeran koe manehna. Eta nonoman kaboengboelĕngan koe nona Indo oeroet batoer sakolana Langkoeng oetami diaos boekoena bae, soepaja oeninga kana sadjarahna.

BALE POESTAKA

WELTEVREDEN

ERRATA

Noeroetkeun tarip pos anjar.

KATJA 30

Kartoe pindah noe tadina kolom 2, 3, 4: 1, —, — ajeuna: 2, 2, 2.
Soerat noe lolong noe tadina dina kolom 2, 3, 4, 5: 3, 3, 3, 3; bobotna 3 kg.
ajeuna: 2, 2, 3, 3; bobotna 5 kg.
Sahandapeun Monster ditambah koe:
Boengkoesan (pakjes). Oenggal-oenggal 50 gram, kolom 2—5: 7½, 7½,
10, 10; sakoerang-koerangna: 25, 25, 30, 30; panggédena: 80, 80, —, —; bo-
botna teu meunang leuwih ti 1 kg.

Katëranganana: Beunangna ngirim pakjes ngan ka nagara noe geus ditangtoekeun bae.

KATJA 31

Oekoeran Does-does noe make pangadji. Pandjangna teu meunang leuwih ti 30 cm, roebakna 20 cm, kandélina 10 cm. Ongkosna koedoe ditambah koe ongkos aangeteekend djeung koe ongkos tanggoengan pangadjina, tina oenggal f 150.—, 10 sen.

Katërangan I a ditambah, oenina djadi kieu: Kartoe pos rangkep, soerat kabar, drukwerk, document, soerat-soerat noe lolong, monster djeung pakjes, dipoelangkeunana ka noe ngirimkeun.

Il dirobah djadi kieu oenina: Lamoen anoe kaséboet dina I b tères ka-kirimkeun, koedoe majar seperti noe kaséboet dina I a.
il a djeung il b dileungitkeu.

KATJA 32

(Postpakket)

Ka nagara Walanda koe pos laet, noe tadina dina kolom: 2, 3, 4, 5: f 1.37½, f 1.87½, f 1.87½, f 3.25; ajeuna: f 1.25, f 1.75, f 1.75, f 2.85.

Handapeunana ditambah koe: Ka nagara Walanda koe kareta api ti Genua atawa ti Marselle nepi ka Den Haag. kolom 2—5: f 2.10, f 3.05, f 3.05, f 4.97½.

Ka djadjahan Walanda di Hindia-Koelon (Amerika) koe pos laet, noe tadina dina kolom 2, 3, 4, 5: f 1.82½, f 2.52½, f 2.72½ f 4.80 ajeuna: f 1.70, f 2.30, f 2.60, f 4.40.

KATJA 33

Katërangan noe aja di handapeun: Ongkos wissel ka loear Hindia, ditambah, oenina djadi kieu: Pikeun atawa ngaliwat Australië, tanah Inggris djeung Noord Ierland, Ceylon, Afrika-Sarikat, Straits-Settlement, Hongkong, Sarikat Karadjaan-karadjaan Malajoe, Philipina djeung Amerika Sarikat: 15 sen oenggal f 10.— atawa sabagianana.

Postwissel-postwissel anoe dikirimkeun ti atawa ka hulppostkantoor, noe tadina teu meunang leuwih ti f 250 — teh ajeuna djadi teu meunang leuwih ti f 500.—

KATJA 37

TARIP POS OEDARA ANJAR.

Kiriman	Ongkosna make itoengan sen			Katërangan
	Di Hindia Nederland	Ka loear Hindia- Nederland		
		Singapoer ¹⁾	Nederland	
a. Soerat², drukwerk, soerat kabar, document, monster, pakjes, soerat noe lolong; oenggal 20 gram	10	20	75	Ongkos ¹ anoe kasëboet di dieu teh nja eta panambah ongkos biasa. Kiriman ² anoe hënteu ditempelan koe parangko pos oedara, baris dikirimkeun koe pos biasa, tapi lamoen kiriman ³ tea geus ditempelan koe parangko pos oedara, nadjan parangko biasana kakara dibajar saparo atawa tatjan diparangkoan pisan oge, baris toeloej dikirimkeun koe pos oedara.
b. Kartoepos sahidjina	10	20	40	
c. Oenggal postwissel	10	20	40	
d. Does² noe make pangadji; oenggal 20 gr.	10	teu meunang		

¹⁾ Kiriman-kiriman pikeun di Hindia oge kakoeroeng kenéh koe ieu kolom; oepamana bae: soerat-soerat ti Pontianak keur ka Poelo Djawa noe dibawa koe pos oedara ti Singapoer.

ERRAIA

Noeroetkeun tarip pos anjar.

KATJA 30

Kartoe pindah noe tadina kolom 2, 3, 4: 1, —, — ajeuna: 2, 2, 2.

Soerat noe lolong noe tadina dina kolom 2, 3, 4, 5: 3, 3, 3, 3; bobotna 3 kg. ajeuna: 2, 2, 3, 3; bobotna 5 kg.

Sahandapeun *Monster* ditambah koe:

Boengkoesan (pakjes). Oenggal-oenggal 50 gram, kolom 2—5: 7½, 7½, 10, 10; sakoerang-koerangna: 25, 25, 30, 30; panggédena: 80, 80, —, —; bobotna teu meunang leuwih ti 1 kg.

Katëranana: Beunangna ngirim pakjes ngan ka nagara noe geus ditangtoekeun bae.

KATJA 31

Oekoeran Does-does noe make pangadji. Pandjangna teu meunang leuwih ti 30 cm, roebakna 20 cm, kandélna 10 cm. Ongkosna koedoe ditambah koe ongkos aangeteekend djeung koe ongkos tanggoengan pangadjina, tina oenggal f 150.—, 10 sen.

Katëranan I a ditambahan, oenina djadi kieu: *Kartoe pos rangkep*, soerat kabar, drukwerk, document, soerat-soerat noe lolong, monster djeung pakjes, dipoelangkeunana ka noe ngirimkeun.

Il dirobah djadi kieu oenina: Lamoen anoe kasëboet dina I b tëroes ka-kirimkeun, koedoe majar seperti noe kasëboet dina I a.

Il a djeung Il b dileungitkeu.

KATJA 32

(Postpakket)

Ka nagara Walanda koe pos laoet, noe tadina dina kolom: 2, 3, 4, 5: f 1.37½, f 1.87½, f 1.87½, f 3.25; ajeuna: f 1.25, f 1.75, f 1.75, f 2.85.

Handapeunana ditambah koe: *Ka nagara Walanda koe kareta api ti Genua atawa ti Marselle nepi ka Den Haag*. kolom 2—5: f 2.10, f 3.05, f 3.05, f 4.97½.

Ka djadjahan Walanda di Hindia-Koelon (Amerika) koe pos laoet, noe tadina dina kolom 2, 3, 4, 5: f 1.82½, f 2.52½, f 2.72½ f 4.80 ajeuna: f 1.70, f 2.30, f 2.60, f 4.40.

KATJA 33

Katëranan noe aja di handapeun: *Ongkos wissel ka loear Hindia*, ditambahan, oenina djadi kieu: Pikeun atawa ngaliwat Australië, tanah Inggris djeung Noord Ierland, Ceylon, Afrika-Sarikat, Straits-Settlement, Hongkong, Sarikat Karadjaan-karadjaan Malajoe, Philipina djeung Amerika Sarikat: 15 sen oenggal f 10.— atawa sabagianana.

Postwissel-postwissel anoe dikirimkeun ti atawa ka hulppostkantoor, noe tadina teu meunang leuwih ti f 250 — teh ajeuna djadi teu meunang leuwih ti f 500.—

KATJA 37

TARIP POS OEDARA ANJAR.

Kiriman	Ongkosna make itoengan sen			Katërangan
	Di Hindia Nederland	Ka loear Hindia- Nederland		
		Singapoer ¹⁾	Nederland	
a. Soerat², drukwerk, soerat kabar, document, monster, pakjes, soerat noe lolong; oenggal 20 gram	10	20	75	Ongkos ³ anoe kasëboet di dieu teh nja eta panambah ongkos biasa. Kiriman ² anoe hënteu ditempelan koe parangko pos oedara, baris dikirimkeun koe pos biasa, tapi lamoen kiriman ² tea geus ditempelan koe parangko pos oedara, nadjan parangko biasana kakara dibajar saparo atawa tatjan diparangkoan pisan oge, baris toeloej dikirimkeun koe pos oedara.
b. Kartoepos sahidjina	10	20	40	
c. Oenggal postwissel	10	20	40	
d. Does² noe make pangadji; oenggal 20 gr.	10	teu meunang		

¹⁾ Kiriman-kiriman pikeun di Hindia oge kakoeroeng keneh koe ieu kolom; oepamana bae: soerat-soerat ti Pontianak keur ka Poelo Djawa noe dibawa koe pos oedara ti Singapoer.

N. V. BANDOENGSCHĒ APOTHEEK

Groote Postweg 9 J. A. ROBORGH BANDOENG

TIPOENG MOLENAAR

KANGGO MOERANGKALIH

Nja eta tipoeng anoe pangsaena, djalaran nja ieu pisan katoengan anoe matak koeat ka TOEANG POETRA TEH. Ti kapoengkoer dongkáp ka ajeuna hěnteu kirang anoe parantos aroeninga-eun, sarěng sadajana parantos sami ngaraosan koemaha raosna sarěng kasaeana.



Moegi djadi ka-oeningaan para IBOE sadaja! Mangpa'atna teu kintěn agěngna.

Parantos dipoedji koe doktor²
Tiasa ngagaleuh di mana-mana.
Pangaosna 1 kaleng . . . f 1.25.

Geura moendoet daptar pangaos, ěngke dikintoenan pěrtjoemah sarěng diparangko.

N. V. Pharmaceutische Handelsvereniging
J. VAN GORKOM & Co.

Djogjakarta — Samarang — Magělang — Bandoeng — Batawi

N. V. BANDOENGSCHE APOTHEEK

Groote Postweg 9 J. A. ROBORGH BANDOENG

LANDONG RAMBOET GORKOM

Landong ramboet anoe digingsirkeun koe sim koering. sadaja dipidamelna noemoetkeun recept anoe palintër para ahli përkawis ramboet. Parantos bataoen-taen ieu landong diparodjina sarëng dipikarësëpna koe djalma², djalaran ti asa njoemponan kana kahojongna. Poedjian² ti noe parantos ngagaraleuh. teu kintën seueurna, sadajana sami nërangkeun kasaeana eta landong.

Landong soepantën gomplik ramboet	f 2.50
Landong soepantën oelah moerag ramboet	" 2.—
Landong kanggo nolak totombe sarëng soepantën ramboet lëmës.	" 1.—
Landong kanggo ngaleungitkeun boeloe	" 1.25
Landong kanggo ngaleungitkeun totombe.	" 2.—
Landong kanggo ngaleungitkeun koetoe	" 1.50
Landong soepantën ramboet hideung mèlës	" 2.50
Landong soepantën roembahan	" 1.50



WOLF'S HOEST- en KINKHOEST SIROOP

1 botol pangaosna f 2.—

LANDONG GOHGOJ KANGGO MOERANGKALIH.

teu nganggo oekoeran joeswa, gampil saena, ngirangan njëri toer raos deuth.

geura moendoet daptar pangaos anoe kening ngagambaran, ëngke baris dikintoenan përtjoemah.

N. V. Pharmaceutische Handelsvereniging
J. VAN GORKOM & Co.

Djakakarta — Samarang
Magëlang — Bandoeng — Batawi.

N.V. BANDOENGSCHE APOTHEEK
 Groote Postweg 9 **J. A. ROBORGH** Bandoeng



**DOKTOR K. HOLMS
 STAAL-ELIXER**

Ieu landong disébatna Dr. K. Staal- Elixer, matih pisan keur dongan pias atanapi gétih kirang sa deui sae ditoeang koe nonoman². Ieu sêpoh-anom, sae pisan toeng ieu. Nja kitoe deui anoe ngaracs m padamelan, perloe dilandongan Staal-Elixer.

Démi métakeunana: boedak 3 dintén 1/2 sendok makan oenggal dahar Kolot 3 kali sadintén 1 sendok oenggal méntas dahar. 1 be ngaosna.

Farantas nampl sêrat poedjian p anoe parantos nyanggo ieu landong dajana damang saréng djadi kias deui para Doktor Walanda sami

OBAT KOEKOEL.
 (Landung ewateun=
 Sproetenzalf)

Saban wéngi kédah digosok koe ieu salép, salépna saeutik bac. 1 gotjikaanggo sasasiheun, pangaosna f 2,50

SACHET.

pangaosna sahidji, f 1 —
 Ieu sachet oepami diteundeun dina lamari panganggo, sadaja panganggo, noe aja di dinja mélébér seungit,

**N. V. Pharmaceutische
 Handelsvereniging
 J. VAN GORKOM & Co.**

Djokjakarta — Samarang
 Magelang — Bandoeng — Batawi

